

Serie No. 478.

Hargana f 1. 0.7

VOLK SALMANAK

SOENDA 1921

TAHOEN KA III.



DRUKKERIJ

WE

No. 478.

Elargana f 0.75

VOLKSALMANAK SOENDA

□ 1921 □

TAHOEN KA III.



LANDSDRUKKERIJ WELTEVREDEN

EUSINA.

	Katja.	
		131
		132
		133
		134
		134
		134
1. Pihatoer	1	134
2. Dintĕnan dibabarkeunana radja-radja djeung pangagoeng	2	135
3. Hari besar	2	135.
4. Roepa-roepa ltoengan tahoen	3	135.
5. Samagaha	3	136
6. Almĕnak ringkĕs tahoen 1921 (1339—1340)	4	133
7. Kapala Pamarentah Priboemi	28	139.
8. Volksraad	31	144
9. Aksara-aksara noe aja hartina	32	151
10. Lobana tjatjah djiwa nagara-nagara di Hindia Walanda.	33	152.
11. Pamarentah Agotĕng	35	153.
12. Tina hal rentĕn	37	154
13. Tina hal oekoeran djeung timbangan	38	154
14. Beuratna barang dina 1 d.M. ^o	39	156.
15. Post djeung telegraafdienst	39	156.
16. Postspaarbank	41	156.
17. Tina hal hoedjan	43	
18. Goedang boekoe Goepĕrnemen djeung goedang Bale-Poestaka	46	166
19. Pandjang oemoer	47	168
20. Lilana reuneuh	48	170.
21. Lilana ĕndog nĕpi ka mĕgar	48	175
22. Balajar make kapal Koninklijke Paketvaart-Maatschappij	49	179
23. Atoeran kareta, api	53	184
24. Boekoe doktor	54	188.
a. Tina hal katjang	54	191
b. Tjabe	58	194
c. Kawoeng	61	209
d. Ganas	63	234
e. Gĕdang	65	235
f. Kalapa	66	236.
g. Pala	67	137
h. Soepa	68	139.
i. Roepa-roepa lalab djeung boeboeahan anoe sok dipake oebar-oebaran (andewi — senggang — boeloestroe — bonteng — djaat — tjabe — lobak — sasawi lĕmah — saledri — solasih — goela tiwoe — terong — wortel — djamboe — doekoeh — djoewĕt atawa djambanglang — dalima — manggoe — salak — sawo manila	69	40. 46. 48. 55. 52.

	Roepa-roepa kasakit noe sok tjageur koe dangdaenan djeung akar-akaran: bisoel — mēngi — dipatjok oraj djeung sapapadana — koe seuneu — gondongeun — nglsing gētih djeung mentjret — kasoera — kesang meuting djeung sabangsana — hileudeun — intjok — batoek — rjeut — radang — njēri hoentoe — moe- riang — beukah kawaja — salatri — malaria — njēri tjeuli — hapoer — patek — koeris — rhumatiek — koerap — hoedoeg — batoek gangsa — raheut — tjatjingenn — tjatjing pita	73
	Tamba patek	85
25.	Hal pangaweroeh awewe	86
	a. Hal ngatik boedak	86
	b. Ngabérésihan: marmēr — pigoera — eunteung — wadja — tambaga — gading — bangsa perak — gédah — bōtol — (toembilla — beurit — laléur). Tarekah dina waktōe kahoeroean — ngaleungitkeun tarotol tina lāmāk (tai hiang — mangsi) — pakean anoē katjitjian anggoer atawa kageutahan koe boeah — katjitjian kopi — koe tjet — tjimeuting ..	89
	c. Kabērsekaan	96
	d. Njieun koeroepoek koelit djeung koeroepoek oerat ..	97
	e. Njieun doēpa	97
	f. Sop hoerāng — sop tirēm — lalawar — sambēl goreng — sambēl badjag — kari djépang — bobotok iwoeng — toge — atjar iwoeng — podēng soekoen ..	98
26.	Kapērloean djoeroe tani	102
	a. Mēlak karet	102
	b. Tatanen oerāng Priboemi	103
	c. Palawidja	103
	d. Mēlakan lalamping	104
	e. Pikoel dikilogramkeun djeung sabalikna	104
	f. Oekoeran lēgana	105
	g. Miara djeroek	105
	h. Ngabibit koeda	105
	i. Atoeran ngampihan pare	108
27.	Hal katangtoean-katangtoean djeung atoeran-atoeran ..	115
	a. Tina hal panjakit-panjakit-hewan anoē sok tepa	115
	b. Segēl	117
	c. Rinkésan bab padjēg	120
	d. Njadiakeun kadaharan noe djadi tatali hoerip	124
28.	Roepa-roepa kanjaho	130
	a. Bandera Walanda	130
	b. Sireum	130

Karja

e.	Mamalana laleur	131
d.	Baraja bangsa manoesa anoe landès	132
c.	Ngétjet beusi	133
f.	Ngétjet batoe	134
g.	Ngéter kai	134
h.	Ngadèmpoel kai	134
i.	Tembokan.	134
j.	Ngétjet kai	135
k.	Panolak kana boeboek	135
l.	Ngadjar koeda	135
m.	Bab hoedjan	136
n.	Baroeng manoesa	138
o.	Intèn.	139
p.	Barometer.	144
q.	Soealan	151
r.	Loehoerna goenoeng	152
s.	Woelang oetama	153
t.	Njaroeakeun waktoc.	154
u.	Nganjahoekun madhab	154
v.	Gantjängna boemi djeung salian ti eta	156
w.	Djérona laoetan	156
x.	Gogodong kérés	156

Mangle.

29.	Babad Tjirèbon	166
30.	Sakola Insinjoer di Bandoeng	168
31.	Nji Dewi Rarakidoel	170
32.	Babad Wajang poerwa	175
33.	Nji Poeniandjoeng djeung monjet mandah	179
34.	Korontjong.	184
35.	Dongeng sakadang koengkang	188
36.	Tina hal djapati	191
37.	Sadjarah Tjikoendoel	194
38.	Babad Soemèdang	209
39.	Dajeuh Madjapait	234
40.	Endog anoe aneh	235
41.	Tjinjoesoe oejah di Grobogan	236
42.	Hal kapèrtjajaan ka doktor	237
43.	R. A. Poedjaningrat	237
44.	Dangdanggoela Laoet Kidoel	240
45.	R. A. Aria Koesoema di Ningrat	246
46.	Tjadoe atawa boejoet	246
47.	Aksara W.	255
48.	Tjatjandran.	256

	Katja
49. Dongeng warna-warna	259
a. Sasambatna galatik	259
b. Maehan tjaktjak	263
c. Hajam adoe djeung oetjing	264
50. Doea potret beunang milih noe ngagaraueuh	268
51. Mas Pirngadi	269
52. Hikajat nganggo dangding basa Soenda Bantën Parahi- ang, tjarios kaajaan di kabupaten Lëbak sarëng Serang, didjënngkeun: Asmara Sri Angga	273
Nërangkeun lëpatna Volksalmenak 1919	293



Kangdjeng Ratoe Iboe sarèng Poetoe dalèh RATOE POETRI JULIANA.

PIHATOER.

Ieu alménak kaloeatan Bale Poestaka anoe kutiloe. Dina oenggal tahoen anoe ngagaraleuh alménak ti Bale Poestaka tambah-matambah bae lobana, datang ka dina tahoen poengkoer mah kapaksa kédah njitak deui, doemeh alménak geus seep, ari anoe ngagaraleuh moeroeboel keneh bae. Soepaja oelah kadjadian tjara tahoen poengkoer, népi ka kapaksa njitak doea kali, dina tahoen ieu njitakna dilobaan.

Ngahatoeranan pakemoet ka sakoer anoe bade ngagaraleuh alménak ti Bale Poestaka, soepaja kérésa pésén ti walna, margi anoe pésén pangpajoenna dloeroesna ti pajoen, noe ti poengkoer, ti poengkoer deui.

Démi pakeun eusina alménak tahoen 1922, panéda Bale Poestaka ka sadaja boedjanga Pasoendan, moegi² karérésa ngaduceul koe karangan anoe sarae saréng mangpaat, noe ngéng pedahna keur nambahan kamadjoean orang Priboemi saréng pangwoewoeh kanjaho bab kaajaan kapeloan Hindia-Wetan. Oepadi gambar saréng potret palataran Tanah Hindia anoe rarésml, tan wande dipérloekeun dilébbétkeun kana alménak 1922.

Ari potret djéléma anoe baris dilébbétkeun ngan potret djalma² anoe galéde jasa bae, atawa sakoerangna oge anoe aja tjaritakeuneunana. Gambar djéléma anoe katjida pisan kolotna atawa aja kaanehanana salla ti eta, beunang oge diasoepkeun kana Volksalmanak.

Kadjabi ti eta, pérloe ditjarioskeun di dieu, margina ieu alménak hénteu patos kandéi sapertos alménak tahoen 1920, nja eta sapérkawis pangaos kértas beuki mahal bae, ongkos njitak woewoeh loehoer, kawoewoeh deuih boeroehan anoe karoeli beuki dieu beuki agéng bae, doepi paniatan Bale Poestaka hénteu bade naekkeun pangaos alménakna ti f 0.75, pambrihna ngarah kabédag koe djéléma noe teu garadoeh, noe rarésép nambahan kanjahona.

Salam
Bale Poestaka.

2. DINTENAN DIBABARKEUNANA RADJA-RADJA DJEUNG PANGAGOENG.

31 Augustus 1880.	Sri Maharadja WILHELMINA.
19 April 1876.	Z. K. H. Prins HENDRIK tjarogena Sri Maharadja.
30 April 1909.	H. K. H. Prinses JULIANA, LOUISE, EMMA, MARIA, WILHELMINA, poetra (istri) Sri Maharadja.
2 Augustus 1858.	H. M. Adelheid EMMA, WILHELMINA, THE-RESIA, iboena Sri Maharadja.

3. HARI-BESAR.

I. BANGSA NASARANI.

Tahoen-baroe	1 Januari.
Goede Vrijdag (Wapatna K. N. Isa)	25 Maart.
Paschen (Goegahna K. N. Isa tina koeboeran) ..	27—28 Maart.
Hemelvaartsdag (Miradna K. N. Isa)	5 Mei.
Pinksteren (Toeroenna Rch 'Oelkoedoes)	15—16 Mei.
Kerstmis (Dibabarkeunana K. N. Isa)	25—26 December.

II. BANGSA ISLAM.

Miradna K. N. Moehamad	27 Radjab	6 April.
Mimiti Poeasa	1 Ramalan	9 Mei.
Lëbaran	1 Sawal	8 Juni.
Lëbaran hadji	10 Zoe'Inidjah	15 Augustus.
Asoera	10 Moeharram	13 September.
Moeloed.	12 Rabi'oe'lawal	13 November.

III. BANGSA TJINA.

Tahoen-baroe	1 Januari	
Pasar malëm.	5—6 Februari	28 Tjap Dji Gwik.
Tahoen-baroe (heubeul)	8 Februari	1 Tjia Gwik.
Tjap-Gomeh	22 Februari	15 Tjia Gwik.
Wapatna Sang Boediman K. H. T. 27	Maart	18 Dji Gwik.
Tjing Bing	5 April	14 Loen Dji Gwik.
Pek-Tjoen	10 Juni	5 Go Gwik.
Tijjoko	18 Augustus	15 Tjit Gwik.
Dibabarkeunana Sang Boediman		
K. H. T.	28 September	27 Pek Gwik.
Tang-Tjeh	22 December	13 Tjap It Gwik.



Kangdjeng Tocan Běsar Goepěrhoer-Djendrat
Mr. J. P. GRAAF VAN LIMBURG STIRUM.

4. ROEPA-ROEPA ITOENGAN TAHOEN.

TAHOEN WALANDA 1921 TJOTJOG DJEUNG.

Itoengan Jahoedi,	tahoen 5681—5682.
Itoengan Tjina,	tahoen 4557—4558.
Itoengan Djawa,	tahoen 1851—1852.
Itoengan Arab (Hidjrah)	tahoen 1339—1340.





5. SAMAGAHA.

Dina tahoen 1921 baris' aja doea kali samagaha panonpoé djeung doea kali samagaha boelan.

Samagaha panonpoé hénteu katembong ti Tanah Hindia. Ari samagaha boelan anoe mimiti, nja eta tanggal 23 April, nêpi ka beak, katembongna ngan ti Tanah Hindia berlah Wetau bae (Nieuw-Guinea); samagaha boelan kadoea-kalina tanggal 17 October, katembongna ngan ti Poelo Scemetra bae.

Pirang² kasangsaraan anoe lantaranana tina gagabah, djeung tina s'ok poho nimbang², naha koemaha lampah oerang teh keunana ka batoer.

6. ALMENAK RINGKES TAHOEN 1921 (1339—1340).

Boelan Walanda.	Boelan Islam.	Tjatëtan.
JANUARI	RABI'OEL-ACHIR	
1 Saptoe	Paing	20
2 <i>Ahad</i>	Fon	21
3 Sënen	Wage	22
4 Salasa	Kaliwon	23
5 Rëbo	Lëgi	24
6 Këmîs	Paing	25
7 Djoemaah	Pon	26
8 Saptoe	Wage	27
 9 <i>Ahad</i>	Kaliwon	28
10 Sënen	Lëgi	29
	DJOEMADIL-AWAL	
11 Salasa	Paing	1
12 Rëbo	Pon	2
13 Këmîs	Wage	3
14 Djoemaah	Kaliwon	4
15 Saptoe	Lëgi	5
16 <i>Ahad</i>	Paing	6
 17 Sënen	Pon	7
18 Salasa	Wage	8
19 Rëbo	Kaliwon	9
20 Këmîs	Lëgi	10
21 Djoemaah	Paing	11
22 Saptoe	Pon	12
23 <i>Ahad</i>	Wage	13
 24 Sënen	Kaliwon	14
25 Salasa	Lëgi	15
26 Rëbo	Paing	16
27 Këmîs	Pon	17
28 Djoemaah	Wage	18
29 Saptoe	Kaliwon	19
30 <i>Ahad</i>	Lëgi	20
 31 Sënen	Paing	21

TJATETAN JANUARI.

18. GOEDANG BOEKOE GOEPERNEMEN DJEUNG GOEDANG BALE-POESTAKA.

Sakabeh boekoe² anoe dikaloearkeun koe Goepërnemen didjoealna koe Administrateur „s Lands Depôt van Leermiddelen" di Weltevreden. Ari boekoe² kaloearan Bale-Poestaka bisa peuseun ka kantor Volkslectuur (Bale-Poestaka) di Weltevreden atawa ka sub. depôthouderna.

Saha-saha anoe rek barangbeuli ka Depôt van Leermiddelen, hade ngirimkeun doeit bae ka toean Administrateur 's Lands Depôt van Leermiddelen djeung soerat menta anoe dipikahajang tea. Engke ti ditoe dikirimkeun koe dienst ka oerang.

Depôt van Leermiddelen nja kitoe deni Bale-Poestaka tara nampa beubeulian anoe doeitna teu kontan, salawasna koedoe doeitna heula bae. Sanadjan oerang ngirimkeun paranko oge, tara ditampa eta paranko tangtue dikirimkeun deul ka oerang. Koe sabab eta doeitna koedoe make postwissel bae. Ongkosna ngawesélkeun la-moen koerang ti f 25, 12½ sen. Postbon hargana pikeun 50 sen ½ sen, sakoerang-koerangna sasen; leu postbon hade dihidjikeun djeung soerat bae.

Bale-Poestaka boga catalogus pribadi, sarta henteu koedoe dibeuili, saha bae anoe menta dikiriman.

Dëmi eta Agent² teh ajana meh di oenggal kota bae, di sakoellah Tanah Hindia, leu di handap ditoelefskeun:

K A R E S I D E N A N :

B a n t è n.

M. Antawidjaja, Laboean.
R. Haerani, Pandeglang.
Sadid, Serang.

B a t a w i.

Drukkerij Favoriet, Senen 59.
M. Awal, Buitenzorg.
H. Moh. Saleh, Pasardjoem'ah (Krawang).
M. Soemantapoera, Krawang.
Tan Thian Soe, Pantjoran 427.
Kho Tjeng Bic, Batavia.
N. V. Uitgevers Mij. Evolutie, Senen 60.
Moechammad Toha, Tanabang.



LID-LID KOEMISI VOLKSLECTUUR (BALÉ POESTAKA)
 Mr. A. NEIJTZELL DE WILDE — L. Th. J. WOLTERBEEK MULLER
 G. VAN DER VEEN — J. H. ZIESEL — R. Dr. HOESEIN DJAJADININGRAT
 R. T. WIRANATA KOESOEMA — R. M. A. A. DHIPOKOESOEMO.



Dr. D. A. RINKES — A. F. FOLKERSMA.
 Prof. P. C. FLU — L. F. VAN GENT — H. C. H. DE BIE
 A. DE GEUS — T. HELLWIG

Priangan.

M. Prawirawinata, Soekaboemi.
H. Abdoerrachman, Tjandjoer.
Aricham & Co., Bandoeng.

Tjirëbon.

R. B. Kartadirëja, Tjirëbon.

Hargana boekoe-boekoe di dieu oge, di Agent, saroe.1 bae djeung di Depôt, ngan di dieu mah koedoe make ongkos keur ngirimkeun ka oerang, sabab ieu mah teu meunang ngirimkeur make dienst. Pikeun noe salëmboer djeung Suo-depôthouder mah, gampang pisan iamoen rek meuli boekoe-boekoe teh, teu koedoe make ongkos naon-naon deui.

19. PANDJANGNA OEMOER.

Laoek paes	800 taboen,	Koeda	49 taheun.
Gadjah.	350 "	Djoelang	40 "
Koeja	250 "	Lentah	27 "
Heulang	150 "	Babi	25 "
Sijowa (dëndang)..	110 "	Sapi 20 à	25 "
Tjoetjah	105 "	Andjing	24 "
Kalde	105 "	Baroeang	20 "
Manoek Radjawali.	100 "	Kapiting	20 "
Onta	100 "	Hajam djago 15 à	20 "
Gagak	100 "	Oetjing	18 "
Soang	100 "	Domba	15 "
Laoek tambëra . . .	100 "	Tjarsuh	15 "
Laoek alau	100 "	Sireum	15 "
Ekek	100 "	Embe	12 "
Tirëm moetiara 50		Koepang 12 à	14 "
à	100 "	Laoek emas . . . 10 à	12 "
Djëlëma 80 à	100 "	Langkong hedjo ..	10 "
Ponggok	75 "	Tjatjing	10 "
Singa	70 "	Njiroean (radjana).	5 "
Bango	60 "	Lantjah 1 à	2 "
Badak	50 "	Njiroean	40 powà.

20. LILANA REUNEUH.

Koeda	307—412 poë; biasana	340 poë.
Sapl.	204—311 " ;	284 "
Domba	146—157 " ;	152 "
Babi	113—120 " ;	116 "
Kalde	360—370 " ;	365 "
Embe	150—160 " ;	154 "
Këlëntji.	29— 31 " ;	30 "
Andjing.	58— 63 " ;	60 "
Oetjing	62— 68 " ;	65 "

21. LILANA ENDOG NEPI KA MEGAR.

1. Toke, tjaktjak	50 à 60 poë.
2. Soang gède	38 "
3. Mèrak, soang	28 "
4. Kalkoen	26 à 28 "
5. Mèri	24 à 28 "
6. Toeweuw	24 "
7. Tjangehgar	24 "
8. Bango	23 "
9. Hajam	21 "
10. Oraj	21 "
11. Manoek boeah	21 "
12. Djapati	14 "
13. Koekoepoe	14 "
14. Bangkok	4 "
15. Njiroean	2 "
16. Laleur	1 "

Dina pèrkara adil djeung teu adil koedoe koekoeh batan goenoeng, dina pèrkara lianna koedoe landoeng nja aisan.

22. BALAJAR MAKE KAPAL KONINKLIJKE PAKETVAART MAATSCHAPPIJ.

a. NGABADAMIKEUN TEMPAT.

Saha² noe rek lajar make kapal K. P. M., oepama hajang meunang tempat anoe hade, pidoea-poëeun deui koedoe geus mere njaho djeung geus meuli kartjis ka Agent kapal.

Lamoen lajarna henteu make kapal anoe geus dibadamikeun (dipenta), oepamana noempang kana kapal sedjen, panoempang di-dengda gëdena satengahna tina harga kartjis anoe geus dibeuhi, anging lamoen gering atawa aja sabab anoe sah.

Di djero kapal toean kapten kawasa mindahkeun tempat panoempang ti tempat ieu ka tempat itoe atawa ti ditoe ka dieu, tapi teu beunang mindahkeun ka kelas sahandapeun kelas anoe kasiboet dina kartjis.

Djëlëma anoe boga kasakit anoe sok tepa, atawa anoe gelo, teu beunang dibawa koe kapal anoe bijasa ditaroempakan koe djëlëma.

Ngëtok kawat ka kapal, beunang; tapi ngan baris meunang djawaban, lamoen eta telegram keur djawabna geus dibajar ti heula.

b. BAJARANANA.

Tarif kapal geus ditëtëpkeun djeung geus disaroeakeun pikeun panoempang noe oemoerna geus leuwih ti 12 taoen.

Baroedak anoe oemoer 3—12 taoen majar saparo.

Baroedak anoe tatjan oemoer 3 taoen, teu majar. Doea boedak anoe tatjan oemoer 3 taoen, meunang hidji tempat-tidoer, tapi koedoe majar $\frac{1}{4}$ bajaran kolot; 3 boedak ti hidji „familie” (saoempi) meunang doea tempat tidoer, majarna $\frac{1}{2}$ kolot.

Anoe meunang koerang majarna:

(1) Bajar saparo, di kelas I djeung di kelas II, baroedak sakola anoe tatjan oemoer 21 taoen noe rek ka sakola atawa tas kaloeur ti sakola, nja kitoe deui anoe balik djeung madjoe dina waktos vacantie. Eta moerid koedoe mawa katëangan ti kapala sakola; lamoen teu kitoe koedoe majar djëdjëg.

Moerid² S.t.o.v.l.a. djeung N.I.A.S. mah anoe oemoerna geus leuwih ti 21 taoen oge, meunang majar saparo bae.

(2) Moerid² sakola ambtenaar bangsa Priboemi, oepama meulina kartjis kelas 4, beunang noempang di kelas 3, kadjaba ti eta meunang potongan bajaran deulih, 15%. Goeroe² agama djeung oempina, lamoen aja soerat katëangan, bajaranana beunang disaroeakeun djeung moerid².

(3) Oerang Priboemi, Arab djeung Tjina anoe henteu mlloe dalahar dina medja gëde, ngan di kelas II bae, meunang potongan

bajaran 20%. Maranehanana meunang sangoe tiloe kali sapoë, tji-panas djeung tjilatah sakarép-karép.

Kartjis poelang-pégi make tempo 6 boelan ngan pikeun kelas I djeung II bae, hargana 17 kali kartjis biasa.

Samemeh balajar rek balik, eta kartjis koedoe ditanda heula koe Agent.

Panoempang anoe henteu make kartjis poelang-pégi, anoe balik deui sadjéro 6 boelan, dina balajar balikna meunang potongan bajaran 15%, cepama noempangna di kelas I djeung II. Tapi lamoen make djalan sedjen, henteu make deui djalan bareto, meunangna potongan, ngan 7½%.

Di kapal, panoempang² mareunang dahar. Tapi lamoen kapal eureun dina hidji palaboean leuwih ti 24 djam, sakabeh panoempang koedoe taroeroen ka darat; beunang oge tjaritjing di kapal bae, tapi koedoe nambah bajaran:

klas I, f 6; — klas II, f 4.50; — klas III, f 2; — klas IV, f 0.75 dina sapoë.

Panoempang anoe ngabedjaan, jen teu rek dahar, dina waktoe pitiloe-djameun deui kana waktoe dahar, eta teu koedoe majar oeanng dahar.

Pagawe Nagara anoe noempang di klas I atawa di klas II, meunang përe hidji boedjang di klas IV; djeung lamoen eta ambtenaar boga anak doea, anoe tatjan oemoer 3 taioen atawa anak tiloe, anoe geus oemoer leuwih ti 3 taioen, meunang mawa 2 boedjang, noempang di klas IV, përe.

c. SASATOAN.

Bangsa manoeek djeung sato sedjen teu beunang dibawa ka kamar, koedoe diasopkeun kana kandang atawa tjarangka. Sasatoan koedoe ditimbang saperti barang² bae, sabab di kapal mah dianggap bagage (bahaseu). Ari ngadjagana djeung marabanana koedoe noe boga pribadi.

Andjing, oetjing djeung monjet henteu ditampa koe kapal.

d. BARANG² (BAGAGE).

Sagala barang² anoe beunang dibawa ka kamar, djeung korsi sahidji pakëeun dina dek, eta henteu koedoe majar. Pëti² anoe galède djeung bangsa boeboeahan henteu beunang dibawa ka kamar. Bagage² noe sedjen koedoe diteundeun di tempatna, di kapal; anoe bogana, dibere récu, nja eta soerat katérangan.

Bagage² koedoe dibawa ka kapal, sabeunang-beunang pi-24-djameun deui kana mangkatna kapal. Ongkos mawana ka kapal djeung mawana ti kapal, eta kabeh tanggoengan anoe boga barang.

Sakabéh babawaan (bagage) koedoe ditalian sing pageuh sarta diadresan sing tĕrang. Lamoen teu kitoe, dimana eta barang leungit, noe boga teu meunang ganti.

Lantaran teu noeroetkeun eta atoeran, mindĕng pisan aja kasoer atawa tĕmpat-tidoer anoe leungit.

BARANG² ANOE TEU MAJAR ONGKOS.

OEMOER.	Pegawo Gouvornement.		Particulier.		
	Kl. I djeung II.	Kl. III djeung IV.	Kl. I.	Kl. II.	Kl. III djeung IV.
12 taheen djeung leuwih.	1 M ³ .	1/4 M ³ .	150 KG.	75 KG.	40 KG.
3-12 taheen	1/4 M ³ .	1/8 M ³ .	75 KG.	37 1/2 KG.	20 KG.
1 boedak koerang ti 3 taheen	—	—	—	—	—
2 boedak, koerang ti 3 taheen	1/4 M ³ .	1/16 M ³ .	—	—	—
3 boedak, koerang ti 3 taheen	1/4 M ³ .	1/8 M ³ .	—	—	—

Bagage anoe leuwih beurat ti batan anoe geus ditangtoekeun, di-itoeng djeung ditimbang hidji² atawa diitoeng eusina, noeroetkeun kahajang Maatschappij.

Lamoen barang² anoe kasĕboet dina reĕu aja anoe koerang, anoe boga koedoe gantjang bebedja ka Commandant atawa ka Agent. Emas, perak, doelt, pĕrmata djeung barang² anoe marahal kitoe, beunang dipangngampihankeun koe Commandant, lamoen aja pamentana noe boga. Commandant teu kawadajiban noelateran, lamoen eta barang dibawa koe noe boga pribadi.

Saha² anoe di kapal njeun obat bĕdil, patrom, benzin djeung sallon ti eta sakoer anoe matak balai, hĕnteu kalawan idin kapal, eta djĕlĕma didĕngda f 500.—

Lamoen barang² oerang hajang didjaga hade², koedoe njarita hal eta ka Agent, atawa lamoen teu aja Agent, ka Commandant, menta soepaja barang² oerang didjaga hade², toeloej majar noeroetkeun noe kasĕboet dina tarief.

Saha² noe hajang njaho tambangar kapal, koedoe nanja ka Agent. Ieu di handap ngan ditoeliskeun tambangan ka sawatara tĕmpat bae, hĕnteu kabeh.

Ti Soerabaja

ka	kl. 1	kl. 2	kl. 3	kl. 4
Bandjarmasin	55	30	15.—	6.50
Bawean	15	9	4.50	1.90
Singapoera	140	84	42.—	17.5
Stagen	50	48	24 —	10.—
Kotta Baroe	82	49	24.60	10.30
Balikpapan	106	64	31.30	13.30
Samarinda	125	75	37.60	15.60
Donggala	157	94	47.10	19.60
Tarakan	190	114	57.—	23.80
Berouw	212	127	63.60	26.50
Marabahau	60	36	18 —	7.50
Amoentai	84	50	25.20	10.50
Moeara Tewo	67	40	20.10	8.40
Poeroek tjahoe	91	55	27.30	11.40
Boeleleng	30	18	9.—	3.80
Makasar	180	78	39.—	16.30
Ampanan	41	25	12.30	5.10
Seombawa	60	36	18.—	7.50
Endeh	117	70	35.10	14.60
Koepang	140	84	42.—	17.50
Atapoepoe	161	97	48.30	20.10
Timoer Dehli	169	101	50.70	21.10
Bima	86	52	25.50	10.80
Savoë	150	90	45.—	18.80
Roti	102	97	49.60	20.30
Ambon	202	121	60.60	25.30
Boeton	149	89	44.70	18.60

Ti Tandoeng Prioeik

ka	kl. 1	kl. 2	kl. 3	kl. 4
Teloekbotoeng	22	13	6.60	2.80
Kroë	50	30	15.—	6.30
Bengkoelen	79	47	23.70	9.90
Padang	117	70	35.10	14.60
Sibolga	160	98	48.—	20.—
Sinabang	182	109	54.60	22.80
Oelée Lheué (Sa- bang)	205	123	61.50	25.60
Pontianak	87	52	26.10	10.90
Singkawang	102	61	30.60	12.80
Pemangkat	106	64	31.30	13.30
Sambas	112	67	33.60	14.—
Hintoehan	62	37	18.60	7.80
Singaporo	95	57	28.50	11.90
Penang	259	155	77.70	32.40

Ti Tandoeng Prioeik

ka	kl. 1	kl. 2	kl. 3	kl. 4
Sigli	216	130	64.80	27.—
Mentok	67	40	20.10	8.40
Blinjoe	82	49	24.60	10.30
Pangkalpinang	100	60	30.—	12.50
Cheribon	20	12	6.—	2.60
Tégal	25	15	7.50	3.10
Pekalongan	30	18	9.—	3.60
Samarang	40	24	12.—	5.—
Soerabaja	60	36	18.—	7.50
Bandjarmasin	120	72	36.—	15.—

Ti Makasar

ka	kl. 1	kl. 2	kl. 3	kl. 4
Balikpapan	66	34	16.50	7.—
Donggala	72	43	21.50	9.—
Paleleh	116	70	34.50	14.50
Amoarang	198	82	40.80	17.—
Menado	142	85	42.60	17.80
Toli-toli	96	57	28.50	11.90
Boeton	44	26	13.20	5.50
Kolonedale	94	56	28.20	11.80
Banggai	131	70	39.30	16.40
Gorontalo	192	115	57.00	24.—
Bonthain	14	8	4.20	1.60
Salajer	24	14	7.20	3.—
Palopo	65	39	19.50	8.10
Mali	72	43	21.50	9.—
Bima	39	23	11.70	4.90
Waingapoe	72	43	21.50	9.—
Endeh	91	55	27.80	11.40
Savoë	109	65	32.70	13.60
Rotti	123	73	36.60	15.90
Koepang	132	79	39.60	16.50
Larantoeika	96	53	28.80	12.—
Atapoepoe	141	85	42.80	17.60
Koepang	164	98	49.20	20.50

Ti Ambon

ka	kl. 1	kl. 2	kl. 3	kl. 4
Saparoea	10	6	2.50	1.—
Amahai	15	9	4.50	1.90
Banda	26	16	7.80	3.30
Fakfak	121	73	36.80	15.10

Ti Ambon

Ti Padang

ka	kl.1	kl.2	kl.3	kl.4	ka	kl.1	kl.2	kl.3	kl.4
Wahaai	182	97	49.09	20.50	Ajor Bangis.	18	11	5.40	2.90
Piroe.	12	7	3.60	1.50	Natal.	27	16	8.10	3.40
Dobo.	85	51	25.50	10.60	Siboiga.	84	50	25.20	10.50
Merauké	172	108	30.50	21.50	Baros	90	54	27.—	11.50
Batjan	69	41	20.70	8.60	Goenoeng Sitoli	70	42	21.—	8.30
Ternate.	94	56	23.20	11.80	Singkel.	97	58	29.10	12.10
Galela	124	73	34.80	15.10	Sinabang.	115	69	34.50	14.40
Monokoewari	241	145	27.80	30.10	Tapa Toeang.	127	78	38.10	15.90
Humboldsbaai.	321	198	93.30	40.10	Meulaboh.	141	85	42.80	17.30
					Tjalang.	146	88	43.80	18.30
					Deléh Lheue (Sa- bang).	156	94	46.30	19.50
					Poeloe Tello	40	24	12.—	5.—
					Telok Dalam	47	28	14.10	5.50

23. ATOERAN KARETA-API (1).

Djéléma-djéléma koedoe noeroet kana atoeran ponggawa kareta-api, karana eta teh, pang diparentahkeun, pikeun kasalametan.

Lamoen aja noe patjogregan djeung ponggawa kareta-api, oepama di station, dirjoatoesna koe sep station; oepama dirja kareta-api noe keur madjoe, koe Hoofdconductor.

Dilarang pisan naek kana kareta atawa njoba-njoba rek asoep, oepama tanda nginditkeun enggeus disada, nja eta lotjeng tiloe.

Djéléma anoe pahili naekna kareta, henteu meunang karoegian naon-naon.

Larangan:

a. Di djero kareta-api teu boga kaartjis; tatapi meunang oge, asal eta djéléma sanggoep majar harga kaartjis ditambah f 1.— pikeun kelas 1 djeung kelas 2, ari pikeun kelas 3 ditambah f 0.50.

Lamoen aja djéléma waktos dipariksa kaartjis ke ponggawa kareta-api, teu aja kaartjisna, atoeranana tjara tadi. Lamoen noe teu boga kaartjis teh boedak oemoer koerang tina 10 taon, noe koedoe majar teh noe mawana eta boedak.

Lamoen eta noe mawa lea, sangeusna naek kana kareta api, geuwat bebedja ka Controleur kareta, jen eta boedak teu boga kaartjis, bajaranana ngan ditambah f 0.50 pikeun klas 1 djeung klas 2; ari pikeun klas 3 ngan f 0.25.

Djéléma noe emboeng majar koedoe diteroenkeun.

(*) Lantaran waktos ieu sagala mahal, tarif kareta api oge ditaekkeun.

- b. Naek kareta kelasna keda djeung noe diséboet dina kaartjis.
- c. Tjitjing bae dina kareta, padahal geus tépi ka station noe didjoegdjoeg.
- d. Naek kareta henteu noeroet sakoemaha parentahna ponggawa kareta api.
- e. Asoep kana kareta, atawa njoba-njoba asoep, atawa mangngasoepekeun batoer kana kareta, atawa moeka panto, atawa ka loear tina kareta, vaktoe kareta leumpang keneh, atawa tatjan eureun bener.
- f. Toeroen tina kareta, kaloear tina panto, lian ti noe diboeka koe ponggawa kareta api.
- g. Oedoed dina kareta anoe aja toelisanana, jen dilarang oedoed.
- h. Lalaki asoep kana kareta, anoe dibakoekeun pikeun awewe bae.
- i. Njidoeh dina djero kareta.

Pangagoeng kareta api dikawasakeun menta karoeglan ka djéléma-djéléma, anoe ngotoran atawa ngaroeksakkeun naon-naon, atawa anoe njowehkeun koelamboe djeung sabangsana; eta karoeglan tea koedoe dibajar harita keneh.

Djéléma-djéléma meunang mawa barang-barang kana kareta, tapi koedoe noe leutik, noe beunang diteundeun di handapeun atawa di loehoereun tempat dieok, asal henteu njoesahkeun ka batoer.

Hal mawa barang-barang noe kitoe teu koedoe make soerat, tapi koedoe didjaga koe noe boga sorangan.

Dilarang mawa barang-barang anoe sok bitoe, atawa anoe matak njoesahkeun atawa njalémpangkeun, bisi ngaroeksak kana kareta koma deui sasatoan, bédil dieusi djeung sabangsana.

Djéléma noe ngalanggar ieu atoeeran, misti ngaganti sagala karoeglan djeung dihoekoem, sakoemaha noe kaséboet dina reglement kareta api.

Lamoen ponggawa kareta manggihan barang-barang noe kitoe, eta barang koedoe dipindahkeun kana kareta barang, atawa ditoeoenkeun tina kareta, di station boh halte anoe pangmimitina kaluwatan.

24. BOEKOE DOKTOR.

TINA HAL KATJANG.

Katjang pandjang atawa k. toeroes. Sarerea oge geus moal aja noe bireuk kana katjang pandjang mah, da meh di sakoelianna aja bae pélak katjang pandjang teh, népi ka tempat anoe loehoerna ti laeet 2000 kaki mah, oerang sok manggihan bae kébon katjang pandjang.

Katjang ngora dipikabeuki koe sarerea, aja anoe didahar atah bae didjieun lalab, aja anoe dikoeleob atawa diseupan heula didjieun

pasak sajoer, diangeun atawa didjieun gado-gado; aja oge anoe sok ngoerab katjang: lamoen oerang arek ngoerab katjang, seupan katjang koe oerang koedoe diteukteukan parondok, toeloj dioejahan sarta dikalapaan beunang maroed, diboengboean koe bawang beureum beunang ngarendos, bawang-bodas, tjikoer saboekoer djeung ditjidjeroek-mipisan saeutik. Di Djawa-Wetan siki katjang panjang anoe geus asak, dina oesoem: paila, sok digodog, pek dioejahan djeung dikalapaan beunang maroed, koe oerang dina diséboetna k r a w o n; eta sok diparake minangka panjélang. Kadjaba dikitoe, sok dipake njampoeran kétéan atawa tjère make kalapa diparoeed, diseupan didjieun leupeut. Daoen katjang noe ngora sok didjarleun lalab, boh atah boh seupanna. Awewe anoe keur njoesoean sok dahar seupan daoen katjang, pambrihna djoeoeh tjisoesoé. Daoen katjang dirieus djeung téwas saeutik, toeloj dibaloerkeun kana soesoé, watékna njaatan tjisoesoé.

K a t j a n g - h e r a n g. Ieu katjang tamba anoe mandjoer katjida kana kasakit beri², sarta aloes pikeun didjieun panjégah deuih. Koe noe boga kasakit beri², eta katjang koedoe didjieun kadaharan anoe babakoe, tjara noe tjageur kana sangoe. Katjang herang eusina loba bobodas-éndogna, boga waték tjara pèrgasi djeung kana djadjantoeng matak koeat; koe sabab eta matak séngang boengah ati djeung aloes kana oerat² deuih.

Keur anoe sok ngoeloewoet pikir djeung koerang koeat badan, sop katjang-herang ditjampoeran koe boullon, gédè pisan toeloengna; kitoé deui keur boedak anoe lengker, partas djeung mésoem taja goeam, hade pisan. Poetjoek katjang-herang, seupanna, sok diangeun, eta hade kana kawarasan badan.

Kadaharan anoe pang-pangna anoe didjieunna koe katjang-herang, nja eta koe è h - s a t o e. Noe didjieun: tipoeng katjang-herang djeung goela, toeloj bae ditjitak. Di Tjitjoeroeg, afdeeling Soekaboemi, aja hidji Tjina anoe sok nipoeng katjang-herang; eta tipoeng koe manehna sok didjoeal, diboengkoesan latentik, diséboetna o e n g h w é. Oeng hwé bahari pisan diboeboerna atawa didjieun o n g o l - o n g o l; eta hade didahar, matak ségér djeung matak lémpér kana hate.

Katjambahna deuih katjang-herang teh didjieun lalab, sok didjieun roepa² pasak sajoer djeung didjieun gado². Dèmi njeunna katjambah: katjang-herang teh dikeueum sapenting; isoekna oerang mawa boboko diamparan djarani, boh sapoe atawa eurih beunang neukteukan, woer diawoeran katjang beunang ngeueum tea, bar deul ti loehoerna disapoean, ngoedjoerna papalang-palang djeung noe ti handap tadi tea, woer deul diawoeran katjang beunang ngeueum tea djeung satéroesna. Eta boboko koedoe diteundeun dina tempat anoe tiis, djeung koedoe dikepret koe tjal dina

sapoë doea-tiloe kali. Sanggeus doea poë eta katjang maléléntoeng djadi katjambah barodas araloes. Loba anoe tjarita, oerang oelah beuki teuing kana katjambah, sabab sapérkara hese lémboetna dina kadoet, kadoea ngahoedang kasakit lleur. Di Soerakarta djeung Djogjakarta aja oge noë njeun katjambah koe soeok. Tjek neë bareuki: katjambah soeok leuwih ngeunah batan katjambah katjang-herang.

Katjang-kadéle sok diséboet oge katjang-djépoen. Katjang-djépoen anoe sok diparélak-di oerang, di Tanah Hindia aja doea roepa nja eta: hideung djeung bodas. Katjang-djépoen hideung sok didjarieun: ketjap; ari noe bodas sok didjarieun: tetempe djeung tahoe atawa takoa.

Démi njeun tahoe kieu: eta katjang dibérésihan heula dipitjeunan koeloemoedna djeung kokotor lian ti eta; toeloj dikeueum dina tjai bérésih lilana kira² 6 djam, ti dinja toeloj dirieus sing lémboet. Sanggeus kitoe toeloj digodog make tjal noe herang, népi ka djadi boeboer. Dimana eta boeboer geus tllis toeloj dioejahana sarta dipoereloekan poejér batoe-tao beunang meuleum. Ari anoe diséboet batoe-tao teh, nja eta gips anoe tatjan dibeuleum. djolna ti nagara Tjina. Eta boeboer dimana dipoereloekan poejér batoe-tao toeloj kimpél tjara séle. Koe sabab tahoe atah kitoe babari bari, soepaja oelah bari, koedoe diantjloemkeun kana tjal godogan-koneng, nja ti loearna roepana koneng. Ari pétana mitjeunna tjal tina tahoe, eta tahoe dipasagikeun toeloj diboelén koe lamak, ditindihan koe papan, nja eta ngarah tjaina kapérés.

Katjang kadéle radjeun oge didjieun kadaharan, digodog dioejahana; osok oge diangeun.

Daonna, koe oerang Djawa-Wétan, asal oelah noe garing bae. sok dipake parab sapi atawa koeda.

Pérloe ditjaritakeun di dieu: djéléma anoe boga kasakit goela, hade pisan daek dahar roti katjang kadele. Ari njeunna roti kieu:

Koe oerang katjang teh dikeueuman sapoë, toeloj dipoë meunang ± 2 djam; sanggeus kitoe toeloj ditoetoean ditipoeng, tipoenagna dipoë deul népi ka toehoer pisan. Ti dinja njokot éndog 6 atawa 8 mah, toeloj dikopjok, tapi dikopjokna beubeureumna koedoe dipisahkeun djeung bobodasna. Sanggeus kitoe toeloj njokot lahang satjangkir, tipoenng kadéle tea ½ pon djeung oejah saeutik, eta kabéh ditjamperkeun djeung éndog anoe beunang ngopjok tea didjieun adonan. Eta adonan koedoe dgaléj meunang saporapat djam, geus kitoe ditjtak diantép disina beukah lilana saténgah djam. Ti dinja kakara dibeuleum: mimitina diseuneuan ti handap, toeloj ti loehoer.

Tetempe katjang kadéle sarerea oge meureun moal bireuk, malah koemaha pétana njeunna geus ditjaritakeun dina alménak tahoen 1920 katja 104. Tapi hal di Djawa-Téngah sok loba anoe njarieun

tetempe koe hiris mah, kawasna moal pati loba anoe tĕrang. Tjek anoe tjarita, tetempe hiris leuwih ngeunah mañan tetempe kadĕle.

Aja deui anoe pĕrloe ditjaritakeun di dieu, akar katjang-kadĕle aja ratjoenan, matak moelĕs djeung matak oetah-oetahan.

Soeok. Babakoena soeok teh sok didjarieun minjak; tapi lantaran njeunna minjak teh koe kampaan kai, djadi beubeunanganana hĕnteu sakitoe lobana tjara lamoen make mĕsin².

Ari pĕtana njeun minjak soeok kieu: mimiti soeok dipĕsek. toeloj siki teh digiling atawa ditoeoan, geus kitoe diseupan make haseupan, teu beda tjara njeupankeun sangoe bae. Hanu² toeloj diboentĕl koe samak atawa bangsa anjaman lian ti eta, tĕroes dikana-kampaankeun. Hampasna sok ngagĕleg disĕboetna boengkil atawa gĕblig, aja oge anoe njĕboetkeun gegemipa. Ari di Europa mah dikampana tek keur tiis. Aloesna minjak soeok anoe beunang ngampa keur tiis teh, beunang dipake garanti minjak-djetan atawa minjak saladah.

Di Tanah Hindia, minjak soeok teh salianna dipake goerang-goreng atawa dipake palita, sok dipake oge kana ngabatik; djeung sanggeus di oerang aja pabrik saboen, minjak soeok sok dipake pikeun saboen deuih. Ari boengkilna, di Djawa-Tĕngah djeung Wetan, loembrah pisan sok diparake gĕmoek, babakoena pisan di kĕbon tiwoe; radjeun oge dipake parab koeda djeung sapi, tapi teu meunang loba², ari koe oerang Sonda mah sok diparake parab laeok; djeung sok didjarieun ontjom deuih.

Kadjaba anoe geus ditjaritakeun di loehoer, soeok sok didjieun katjang goreng, didjieun kadaharan. Ari njeunna katjang goreng di oerang, di Hindia, disangraj dina katel tjara njangraj kopi. Dĕmi di Europa mah disangrajna dina teh dina djĕro cylinder kaleng atawa beusi, anoe pageuhna kana hidji as, sarta make panjĕkĕlan paranti mĕntirkeun eta cylinder tea di mana keur dipake njangraj.

Salianna didjarieun katjang-goreng kitoe, soeok teh sok dikoeleob deuih, didjieun deungeun ngopi atawa diangeun keur deungeun sangoe. Bedjana soeok teh beunang dipake tamba kana hese mitjeun; aja deui kaol madjar soeok matak kotor kara kadoet. Koe oerang. Tjina soeok sok didjarieun tengteng keur deungeun ngopi.

Di Djawa-Tĕngah djeung Wetan, daoen soeok sok didjaroeal tjara djoekoet di oerang, keur parab sato, disarĕboetna reñdeng tapi matak moeroes, ngan teu katjida; komo sato anoe tjan biasa pasti nakĕr katĕrapna moeroes teh. Hĕnteu sakabeh soeok daeonna beunang dipake parab sato, anoe babakoe ngan daer soeok-Tjina bae anoe sok diparake teh. Ieu soeok-Tjina pangheulana ajana di oerang, ari eusina beuti hidji teh ? atawa 4 siki

ditjaboetna dimana geus oemoer 6 atawa 7 boelan. Ari soeok anoe lian ti eta, ajana di oerang, kabeh oge sapandeurieunana: aja anoe ti Afrika, ti Amerika, malah aja anoe ti Djé pang. Démi anoe mimiti pisan ngadatangkeun soeok ka dieu, nja eta toean K. F. Holle, harita djoeméneng Administrateur kébon énteh di Waspada, deukeut Garoet; koe sabab eta soeok teh sok disaréboet oge soeok-hôla, maksoedna: soeok-Holle, radjeun oge diséboet katjang-Waspada. Ari keur ngabedakeun roepana soeok aja dua roepa: kahidji koe, roepa koeloemoedna: bodas, kajas djeung beureum. Kadoea koe kaajaanana areujna: aja noe nangtoeng, ngarampidak djeung ngareuj. Anoe pandeuri didatangkeunana ka oerang, dina beuti hidji teh eusina ngan oekoer 2 atawa 3 siki bae. Ari ngoentoengkeunana soeok anoe beh dieu didatangkeunana, dina oemoer 3 atawa 3½ boelan teh geus beunang ditjaboet.

Pikeun anoe mantangan laeok (vegetariers) soeok teh aloe pisan, nja kitoe deui katjang-kadéle djeung katjang-herang, sabab beunang didjeun roepa² kaolahan djeung kadaharan.

b. TJAOE.

Di oerang loba pisan boeboehan djeung mangroepa-roepa deulh, tapi meh kabeh sok oesoem-oesoeman; ana keur madjahna oesoem mani njajeud, tapi koemaha ana keur teu oesoem, euweuh keur pisarateun-pisarateun atjan. Ngan saeutik pisan boeboehan di oerang anoe teu oesoem-oesoeman; tjaoe kaasoeup kana bangsa boeboehan anoe kitoe, teu oesoem-oesoeman; énja oge ana keur madjahna mah mani teu kadahar tjek babasan tea mah, tapi salawasna oge aja bae, tara aja euweuhna, ngan loba djeung hēnteu bae.

Lamoen oerang hajang ngaliarkeun tjaoe koedoe milih anakna anoe hade, nja eta ngala ti dapoeran anoe geus ngarasa boeahan. Tjek bedja, lamoen oerang mēlak anak tjaoe ti dapoeran anoe tatjan ngarasa boeahan, sok tara boeahan atawa di boeahanana oge leuir pisan. Ari pēlak tjaoe hade mah, biasana di tanah panas mah tēpoeng boelah teh geus boeahan. Tina sadapoer boeahna noe hade ngan oekoer 3 kali atawa ngantēpna oge ngan 4 kali, liwat ti dinja mah boeahna sok goreng; djadi lamoen koe oerang tēroes dipiara bae teh moal gēde hasilna.

Aja roepa² tjaoe anoe koe bangsa Europa djeung bangsa Asing sok diparake bibilas; anoe koerang hade kana bibilas sok diarasakan heula: dikoeleob, diseupan, digoreng, dibeuleum djeung dikolēk.

Tjaoe noe harade anoe djadi kabeuki sarerea, lolobana araloesna lamoen dipēlak di tēmpat² noe harandap, nja eta tēmpat² anoe hawana panas, ari bangsa tjaoe anoe koerang hade di pagoenoengan.

Anoe asoep kana golongan tjaoe aloes, nja eta anoe sok diparake biblas: tjaoe radja, tjaoe soesoe, tjaoe radja sereh, tjaoe ambon, tjaoe loemoet, tjaoe emas, tjaoe ampjang djeung tjaoe graita (babakoena di Djawa-Tengah). Ari tjaoe anoe koerang kapake keur biblas: tjaoe kidang, tjaoe hoerang, tjaoe gembor, tjaoe haji, tjaoe geulis tiis djeung salla ti eta.

Anoe ngeunahna dikoeleob, digoreng, diseupan atawa dikolik: tjaoe galek, tjaoe kèpok, tjaoe kapas (aja doea roepa: hedjo djeung koneng), tjaoe lampeneng, tjaoe saboelan.

Henteu sagala tjaoe beunang digoreng, saperti: tjaoe soesoe, tjaoe ambon, tjaoe radja sereh, tjaoe kidang, eta kabeh lamoen digoreng teh sok leutaj teu ngeunah didahar.

Tjaoe radja koerang hade keur anoe koerang koeat kadoetna, hatena eta tjaoe hese diléjoerkeunana. Boedak leutik leuwih hade montong dibere tjaoe radja; lamoen kapaksa dibere dagangna koe doe dikoeoed koe peso. Tjaoe radja aja doea roepa, lain ngan sedjen gedena djeung bangoenna bae, tapi kandélna tjangkang djeung dina asakna oge sedjen. Ari rasana mah doeanana oge meh saroea bae, katjida amisna.

Tjaoe soesoe. Rasana tjaoe soesoe teu amis tjana tjaoe radja, ieu mah rada semoe haseum. Keur boedak koerang hade nja kitoe deui keur anoe bateok sok ngaloeurkeur reuhak.

Tjaoe radja sereh katjida ngeunahna, seungit djeung poelén deuih. Asalna ngan diparélak koe oerang Batawi bae di sapoetér kota Batawi, tapi ke beh-dieunakeun di Priangan oge loba anoe marélak, malah ajeuna mah di Djawa-Tengah oge geus mimiti aja, ari di Djawa-Wetan mah langka keneh pisan. Ieu tjaoe taja pisan mamalana, beunang diblkeun ka boedak oge.

Tjaoe ambon rasana amis-tiis sarta matak oeroe ljeung lérésih kana badan; aloes pisan didjieua salera. Anoe anjar ngadjoerce soepaja oelah ngagétih hade pisan dahar tjaoe anibon-hedjo. Ti watés 3—4 taoen ka beh-dieunakeun oerang Sanjoewangi loba katjida anoe marélak tjaoe ambon di sapoetér kota Banjoewangi sarta ditoeloeng koe Pamarentah, ngahadja njadiakeun modal pikeun eta djeung ngajakeun pagawe-pagawena. Eta tjaoe ditoearna dina samemeh asak-bènéh, kira² satengah asak, diwadahan koe karantjang beunang njeun koe kai bebekan leutik; toeloef dikondjal ka kapal dibawa ka Australië.

Tjaoe loemoet. Ieu tjaoe sakanjaho sim koerang mah ngan di Priangan bae ajana, kitoe oge ngan di pagoenangan bae, ari di tanah² datar anoe harandap mah euweuh. Boehna leuwih leutik ti tjaoe ambon; tapi rasana meh asa tjaoe ambon tea. Aneha, anoe asak sok babari tarotol tjangkangna djeung tereh boeroek deuih.

Tjaoe émas. Ieu tjaoe boeahna laeutik pisan, rasana katjida nisma, hade didahar koe noe boga kasakit hese mitjeun. Tapi mteu oenggal djéléma hade dahar tjaoe émas, sabab ka sawareh éléma matak baroesoeh. Tjangkangna lamoen digelang matak leus kana koelit, matak lémés kana ramo. Tjangkang tjaoe mas anoe geus garing dibeuleum diarah léboena, ditjampoer djeung ubeureum éndog aloes keur diangir; komo keur anoe leuleus epek mah.

Tjaoe ampjang leuwih gède meueusan manan tjaoe émas, sana amis tapi rénjah; anoe geus asak roepana koneng koleas. Aja deui tjaoe bangsa léutik, ngaranna tjaoe lampoen g, sana koerang amis; ieu tjaoe kaasoe kana golongan tjaoe anoe erang hade.

Tjaoe graita atawa waloeengrama noe loba di Banémas djeung Tégál, gédena sér bae ti tjaoe ampjang, ieu ogeranjah, tapi djeung seungit deuih.

Tjaoe kidang tjangkangna beureum watékna tiis djeung atak oeroe, rasana sémoé haseum djeung teu pati ngeunah.

Tjaoe gémbor, rasana meh asa tjaoe kidang ngan dagingna leuwih lénés; ieu oge tiis watékna djeung matak oeroe, ngan keur wareh djéléma sok matak sariawan.

Tjaoe baji aloes keur tamba boedak njoesoe keneh, lamoen erang hade kadoetna (spijsverteering).

Tjaoe galek gède kabina-bina, tapi dina satoeroejna tara pa. Ari didaharna koedoe diasakan heuia: dikoelob, diseupan h dipanggang atawa dikolék. Dina keur euweuh roti, ieu tjaoe unang dipake ganti didaharkeun ka boedak. Awahing koe gède ukna tjarang bisa baréng, mindéng pisan sawareh teuas keneh, i sawareh deui geus hipoe koe bawaning asak. Tjaoe galek aloes san ditipoengna; mimitina oerang koedoe ngala noe geus kolot, lah noe geus asak énja, toeloj dikeureutan masing aripis, geus oé téroes dipoé; dimana geus garing kakara ditoeoan, di-
boeng. Boeboer tipoen tjaoe galek keur boedak aloes pisan.

Tjaoe képok, ieu oge hade katjida keur boedak. Radjeun e didjarieun plang-goreng. Bongolna (wortelstok) beunang di-ke oebar boh ka djéléma boh sato, hawana tiis. Ari tjaina eta ngol, diparodé toeloj dipérés, sok dipake tamba awewe anoe agéti djeung tamba tadjam; sok dipake pahinoem deuih tamba reuh kakatjangan dina keur salesma. Sariawan bidjil géti tina ong hade ditambaan koe tjbongol tea diingsreuk meunang ea sendokeun. Keur tjeutjeuh deuih aloes nakér, matak gomplok epek.

Lamoen sanggeus diala boeahna toeloj tangkalna ditoear pisan, galna disesakeun. Oepama dina bagalna oerang njeun liang, silna direrek, lila² tangtoe eta liang aja tjajan anoe baridjil

njérép tina bagal tea; tah tjai eta oge tjara tjai bongol tea bae, beunang didjieun oebar, ngan hēnteu pati matih.

Tjek bedja, hajam djeung oentjal dj. s. t., lamoen ngarasa manehna mitjeunna aja gētihan, sok toeloef matjokan bongol tjaoe kēpok atawa ngahakan daoenna boh oerna anoe maroerag, sarta tjēnah sok tjageur.

Tjaoe kapas aja doea roepa, nja eta aja anoe tjangkangna anggēr hedjo bae nēpi ka asak; aja deui anoe geus asakna koneng sēmoe aja poelas bodas. Rasana ieu tjaoe, noe asakna, rada sēmoe-sēmoe haseum.

Tjaoe lampeneng babakoena ngan di Pasoendan bae, dagingna rada teuas; koe oerang Priboemi diasakanana dibeuleum.

Tjaoe saboelan, noe loba mēlak tjaoe ieu babakoera ngan deukeut Batawi. Ieu tjaoe leuwih gēde manan tjaoe lumpeneng; ngan parondok; roepana meh siga tjaoe kapas hedjo. Tjaoena teuas, rasana aja haseuman.

Tjaoe manggala atawa tjaoe koeloetoeuk. Kana tjaoe koeloetoeuk teu pati loba noe bareuki, da loba sikin; anoe babakoe kapakena kana oebar, saperti oebar sariawan di djero.

Dēmi njeunna kieu: oerang koedoe njokat moeroetjoena djeung tjaoe anoe geus asak seroea lobana; moeroetjoena disiksik, toeloef digalēj djeung tjaoe noe asak tea sing katjida, nēpi ka tjaina herang. Sanggeus kitoe dihadēsan 3 atawa 5 siki, bawang beureum sasihong djeung poelasari deui saeutik toeloef ditoetoean. Tjaina anoe tadi beunang mērēs tea ditjitlikeun kana tjaoe anoe beunang noetoean. Ti dinja toeloef diiboen sapeuting, hadena ngiboenna koedoe ditoeroeban. Isoekna geus beunang diinoem koe noe sariawan tea. Lamoen sariawanana katjida, nēpi ka ti koro malopos, eta pakinoem koedoe dibaceran tjai patie asak.

Borosna lamoen ditjatjag nēpi ka lēmbuet, beunang dipake papak kana raheut, tīs djeung matak bērēsih.

Toeak tjaoe manggala anoe tatjan boeahan atawa: tatjan djantoengan, sok dipake oebar (uitwendig middel) noe ngadjouroe. sangkan oelah ngagētih.

Poetjoek tjaoe keur anoe moerlang hade pisan, bawana tīs.

Djantoengna sok dipake deungeun sangoe; ditjobek, dikoe'lob, disupan aja oge anoe dibeuleum dikoeroesoek.

Anak tjaoe manggala sanggeusna dipitjeun bagalna toeloef dibeuleum, beunang dipake nambaan anoe njēri rek babak. Ari nambakeunana; haneut² dikosokkeun ka noe bareuhna.

c. KAWOENG.

Kawoeng!

Geus moal aja noe bireuk kana kawoeng mah, da meh di

sakoéliáhna aja, dapon hawana bae baseuh, toer sakitoe mangpaatna deuih.

Hal njadap oge, tangtöe lolobana anoe maraos ieu alménak geus aroeninga, nja eta: leungeunna diajoen bari ditinggoer sapoéna ± sadjam. Sanggeus meunang sawatara poé ditinggoerna toeloef dipagas; ti dinja lahangna ditandean koe lodong anoe geus bakoe. Eta lahang ditaheur didjieun goela. Soepaja lahangna hénteu tereh haseum, lodongna koedoe dipoe poet make pantjar hoeröeng dirödjok-rodjokkeun ka djérona; lamoen eta lodong dikoengkoe-raham koe tjikapoer, lahangna dimana digoela, goelana bodas. Goela kawoeng beunang dipake saperti pérgasi. Lamoen goela kawoeng ditjam poer djeung saboen, ditaplokkeun kana lamak bodas, toeloef téngahna diliangan koe goenting, tidinja ditaplokkeun kana bisoel, bisoelna sok tereh asak sarta téroes boetjat.

Tjipanggodogan akar kawoeng beunang dipake tamba gérégéseun; batoena sok rémoek.

Tjaroloekna anoe atah keneh, anoe sok diarah tjangkalengna keur roedjak, lamoen antél kana awak ateu kabina-bina. Soepaja ateu na sawatara leungit, sok didoeroek heula, kakara dipotong. ditjarokelan tjangkalengna. Samemehna didjieun kadaharan koedoe dikepeuman heula koe tjibeas, lilana sapeuting. Isoekna eta tjangkaleng geus beunang didjieun manisan, ngan kari njitjan koe godogan tjigoela anoe ngagolak bae. Manisan tjangkaleng sok diparake oge keur tamba salesma ngarah godroh, komo keur ka boedak mah hade pisan, da ari kana oebar-oeban teh baroedak mah loembráhna sok arémboengeun. Salian ti didjieun manisan sok dikolék deuih.

Ari tjangkaleng anoe geus kolot koe oerang Priboemi sok didjieun anting, keur ngallangan tjeuli baroedak awewe. Mimitina didjieun tjara ali, toeloef dipotong, geus kitoe dina popotonganana diseukeutan. Tjeuli anoe rek diliangan digegel koe eta anting seukeut tea, dina sawatara poé plos baé molongo.

Lahang beunang dipake tjara ragi, sarta hade katjida; lamoen saténgah poé boe dlingkeun, koe oerang beunang dipake keur ngabeukahan roti. Lahang anoe aloes sarta bërèsih didasarkeun, eta djadi lamba kana ksakit ambe djeung baroesoeh di djéro.

Lamoen lahang koe oerang diwaduhan koe gotji, sarta oenggal poé dipoekeun, sanggeus saboelan lilana djadi tjoeka aloes katjida, diséboetna „tjoeka lahang” atawa „tjoeka djawa”, eta tjoeka hade katjida keur njeun atjar.

Salian ti diarah lahangna, kawoeng teh sok diarah sagoena deuih. Ari kawoeng noe sok diarah sagoena, nja eta kawoeng anoe tatjan disadap, dina arek bidjil leungeun pisan ditoeur, toeloef dipotong-potong, geus kitoe pek dibeulah didoeakeun, ti dinja toeloef hatena ditoetoe, sanggeus ditoetoe digalék ditjaian koe tjai anoe

bérésih sarta herang. Dimana geus asak ngagaléjna téroes disaring koe lamak, ti dinja ditampérkeun ngarah atjina ka handap nampér. Ari geus nampér atjina mah, tjaina kari njiijikeun bae. Atji kawoeng anoe bérésih djeung toehoer épja moéna beunang di-ampihan moelan-moelan. Eta atji kawoeng hidji kadaharan anoe mangpaat katjida djeung babari diléjoerkeunana koe kadoet, koe sabab eta aloes katjida keur noe garéring.

Indjoekna sok didjarieun tambang, koeat pisan koe baseuli djeung koe tjai; salian ti dipake tambang sok dipake sapoe deuih, sikat, paranti kekesed dj. s. t. Di pilémboeran sok diparake oge keur hateup; dipasélangkeun djeung eurih, awet katjida népi ka aja anoe moeloehan tahoen. Dina ngadegkeun imah, indjoek sok diparake boengkoes tihang ti handapna, mambrih hénteu koe rinjoeh.

Haroepatna sok didjieun kalam keur noeliskeun aksara Arab.

Ari oerang Europa makena indjoek keur mlara pépélakan anoe araios, saperti: *chevelures* (bangsa pakoe anoe sok dipélak dina pot), eta pakoe aloes katjida djadina humoen ti handapna didasaran koe indjoek.

Njere kawoeng leuwih galéde djeung koeat ti batan njere kalapa, sok didjieun sapoe.

Koe oerang peuntas njere kawoeng noe daoenan keneh sok dipake pagér sawah, njerena ditongtotkeun pandjangna 2—3 d.M. disareukentan, soepaja babi oelah bailsaun asoep ka sawah. Kawasna bae lamoen babi geus tatoes koe njere sok tara tjageur deui, datang ka maranehanana ngarasa sieun koe pagér daoén kawoeng: ana beh manggih pagér kitoe teh sok ngoerling neangan djalan sedjen, atawa sok balik deui, tara wanleun nobros.

Daoén kawoeng (poetjoekna) sok didjieun roko. Di pilémboeran kawoelna sok dipaeh keur poneker. Roejoengna oge géde gawena: keur koeloewoeng, tjémped imah djeung iga leuit; didjieun barera deuih, linjar djeung iteuk.

d. GANAS.

Ganas teh babari pisan dipélakna, teu koedoe dfoeroes apik² teuing; ari aloesna dina taneuh beureum anoe ridoeh, ngan oelah kahieuman. Ganas teh lain ngan saroeupa bae, aja pirang² roepa; anoe panghadena anoe sok disaréboet *d a n a s - B o g o r*; eta ganas asalna ti Hindia-Koelon, dibawa ka oerang koe toean TEIJSMANN, rasana amis, tapi koerang tjai; pajoe kabina-bina *danas-Bogor* mah, sarerea pada rèsép djeung séuép, kome eta mah kana *danas n a m b o*, anoe dikébonkeun di tanah Tjolmas, sasat paboro-boro. *Danas Samarang* oge roepa² pisan, loba dikébonkeun di Kallwoengoe; di *Bangka* oge rea ganas, ganasna di dinja mah loba tjai, koe sabab eta pikeun pioebareun mah *danas* dinja leuwih kapake. Ari

pétana didjieunna oebar, kieu: dipéseke heula sing bérésih pisan, toeloj ditjatjag atawa diparoeé, sanggeus kitoe dipérés koe lamak bérésih. Tjaina aloes katjida pikeun pioebareun, komo keur oebar njéri tikoro mah, njakitoe deui keu oebar tjenang atawa bisoei dina tikoro; beunang oge dipake oebar teu ngareunah beuteung; watékna tjara pégasi, hade dipake oebar ka noe geus kolot lamoen kadoetna geus koerang hade ngagilingna kadaharan; dina saban tas dahar nginoem sasendok-dahar atawa sasendok-sop oge geus meudjehna. Lamoen aja anoe sok ngarasa baroenghak dina méntas dahar, koedoe dibibilas koe ganas sakeureut, tapi kade oerat-dagingna kadahar; anoe sok boga kasakit njéri angén oge hade dahar ganas dina tas dahar. Anoe gérégéseun-hampéroé, dina saéntas dahar koedoe nginoem tjiganas sagélas-port.

Ganas boga kasiat ngaléjoerkeun; lamoen oerang njokot daging sakeureut, toeloj dikeueum koe tjiganas, liwat saténgah djam eta daging leutaj tjara boeboer. Sasanggaleun dina leungeun djeung soekoe lamoen dikoembah koe tjiganas djádi leuleus; oepama téros diblasakeun dikoembah koe tjiganas, lila² leungit. Keur njeka awak oge tjiganas hade pisan. Oerat² noe aja dina daging ganas goreng kana beuteung. Noe reuneuh koerang hade beuki teuing ganas. Ganas anoe beunang ngasakan, saperti dikoelob djeung sapapadana, eta leungit kasiatna keur oebar; koe sabab eta anoe koedoe didjieun oebar ngan ganas anoe tatjan diasakan bae.

Oerat djeung tjangkang ganas aloes katjida keur ngosok marmér, soepaja bodasna aloes djeung bérésih, nja kitoe deui keur ngabérésihan bangsa beusi, mitjeunan taliangna.

Eta tjiganas beunang dimasak koe oerang, pambrihna soepaja beunang diampihan lila. Oerang koedoe milih ganas anoe geus asak bēnēr, toeloj ditjatjag, ti dinja dipérés diarah tjaina, geus kitoe tjaina disaring koe lamak. Eta tjiganas anoe beunang njaring diwadahan koe patiman, sadjéro 8 poé oenggal poé koedoe dipoé. Kokotorna anoe ngaramboel ka loehoer baréng djeung boedah, koedoe disloekan dipitjeunan. Ti dinja eta patiman koedoe diteundeun di noe loeh, oelah rek kapoé, lilana watara 8 poé. Ngabérésna tangtoe eureun. Salila eta patiman dioeroes kitoe teu beunang ditoetoeup népi ka rekep pisan, hade ditoeroeban koe ramkawat bae.

Lamoen sanggeus 8 poé tea ngabérésna eureun, eta tjiganas koedoe toeloj disaring; ari njaringna koe kértas soeueb 3 lapis ditoempangkeun kana lamak, ditandean koe botol. Tjiganas anoe geus diasakan kitoe, beunang diampihan népi ka satahoen lilana.

Tjiganas anoe atah keneh, hartina anoe hénteu diasakan tjara bieu di loehoer, hade pisan keur tamba moeriang. Anoe moeriangna katjida, hade diinoeman tjiganas dina sapoéna doea gélas; tapi noe géring, sabot nginceman tjiganas mah, teu meunang nginoem



(*) Kial Bodjongdjamboe, di distrik Leles (Garoet). Ieu kial, noeroet katérangan, geus kolot pisan, leuwih ti 100 taor.

soesoe, goreng keur noe géring. Anoe boga kasakit goela djeung anoe koerang hade kaboeboeahanana teu meunang dahar ganas, sabab kasakit kitoe mah teu meunang ngarabeu tjiganas.

e. GEDANG.

Gédang, pangaloes-aloesna djadina, di noe panas, djeung gampang diparana, ari rasana amis tils; komo gédang gède, man: tjés karasana teh, tapi gédang eta mah lain asal pitoein gédang oerang.

Gédang beunang dipake oebar kana kadoet djeung panjakit dina eusi beuteung; geus loba pisan noe goreng kadoetna djeung noe njéri beuteung, tjageur koe didaharan gédang; nja kitoe deul beunang dipake ngoebaran noe bareuh boel.

Tapi noe boga panjakit dina hampéro, oelah bae dahar gédang

Loba teuing dahar gédang, sok matak koneas kana koelit beungeun djeung leungeun.

Noe boga panjakit dina kaboeboeahan, saméntas dahar gédang sok ateu. Nja kitoe deul noe boga panjakit exema (roenjar sakoedjoer badan), koedoe mantrangan gédang.

Poetjoekna sok dipake oebar moeriang; démi didaharna koedoe diangeun atawa diseupan.

Daonna sok dipake maraban koeda, saminggoe sakali, soepaje oelah njérl beuteung djeung oelah kérémbian.

Daging noe liat, samemehna dimasak, diboengekoes heula koe daoen gédang, noe beunang ngarisékkeun meueusan, mambréh daging tea kageutahan koe geutah anoe baridjil ti noe rikésna tea koe akal kieu daging noe liat teh djadi oedoeh.

Geutah tangkal gédang, lamoen metel kana panon, sok matak bareuh. Oepama kadjadian kitoe, ngabérésihanana koedoe koe tjigoela, sarta satéroesna koedoe dipereuhan koe tjigoela tea nép ka tjageurna.

Eta geutah sok dipake ngaleungitkeun koetil djeung ngoebarar kérémbian. Geutah gédang ngora, sok dipake oge oebar panjakit diphteritis (panjakit tikoro), ari koelit akarna, beunang dipake oebar kérémbian. Akar gédang gandoel beunang ngereum dina arak make oejah, matak koeat kana oerat, hade keur ngoebaran noe kataradjang loempoeh djeung beroerte; ari ngoebarkeunana dibaloerken. Kembang gédang beunang didahar, ngan rasana pait ngaleungitkeunana pait, koedoe digodog djeung poetjoek koekoe-daan. Hade baris dahareun, goenana ngabérésihkeun kana pétil djeung ngahoeidang kana ngeunah dahar. Pétil gédang, bade pisan baris angeuneun, dipake sisihan koe Walanda djeung koe oerang Priboemi.

J. KALAPA.

Sarerea oge sanadjan baroedak leutik, teu aja noe bireuk kana tangkal kalapa. Kalapa teh aja sababaraha roepa, tapi noe rek ditjaritakeun di dieu, woengkoel noe beunang pake oebar bae.

Noe pangheulana pisan tina hal kalapa hedjo. Noe matak diséboet kitoe, lantaran bakatna, sanadjan geus meh asak oge, roepana hedjo bae, ari kalapa² noe sedjen mah roepana koneng atawa gading atawa koneng sémoe beureum. Tjikalapa hedjo sok dipake pamépés, lamoen aja djéléma diratjoen koe warangan, sakapeung sok ditjampoeran heuia koe minjak kalapa. Komo kana andjing djeung bangsa sato ingoe sedjen mah, hade pisan. Tjikalapa hedjo noe geus kolot, noeloeng ka noe weureu obat tjatjing (santonine-vergiftiging). Tjidoewégan kalapa hedjo, matih pisan kana ngagéth di djéro, moerlang djeung hese kiih.

Oerang sareren geus tarérang kana tjipati, nja kitoe deul njeunna. da meh oenggal poé sok dipake ngangeun. Noe boga kasakit dina beuteung djeung noe kadoetna koerang hade, dina oesoem kalodo. oelah pati dahar angeun teuing anoe ditjipatian, karana sok nambah bahan kana panjakitna. Tjipati kalapa hedjo ana digodog, roepana sémoe biroe.

Sarerea oge tangtoe térang jen minjak kalapa teh, noe didjieunna tjipati djeung pétana njeunna kawas moal aja noe bireuk, da meh oenggal poé bae nendjo di dapoer. Eta minjak kalapa, beunang diampihan lila, asal bae dikonengan sateukteuk, atawa oejah sahoentoe boh goela-Djawa sasémplek. Lamoen minjak teh téngi, ngaleungitkeunana baoc, ditjampoeran koe tjipati noe anjar keneh, toeloj digodog; oepama kaambeu keneh bae téngina, tjoba² koro ti bari. anoe beunang meuleum, népl ka roti teh roepana hidcung. koe akal kieu, baena minjak teh tangtoe leungit.

Tjipati mindéng diparake tamba weureu laeok (visch vergiftiging) sarta énja matak tjageur. Diinoemna satoengkoelan doa gelas pinoeh (ditojon). Biroeloekna radjeun oge didjieun zalf, dipake ngoebaran riheut anoe hese tjageurna. Pétana njeun zalf kien:

Biroeloek teh diparoed ditjampoeran tjipati, digodog, liana sa-parapat djam. Toeloj disaring koe lamak. Ti dinja njokot siki kosanibi, kanaga djeung tjampaka beureum, dibébék sing lépi ka lémbuot, tjoer tjalan, toeloj digodog. Engke tangtoe minjakna ngambang; ajeuna kakara disioekan minjakna, ditjampoerkeun djeung godogan biroeloek tea, make minjak moentjang kira² sasedok géde, toeloj digodog deul dikolotkeun sing datang ku kimpél. Tatandinganana dina njeunna zalf teh, siki kosambi bobot 15 kétép, siki tjampaka beureum bobot 15 kétép, biroeloek bobot 3 roepia, djeung tjipati sabeulah kalapa.

Tjiléboe mantjoeng (sintoeng) beunang njaring, sok dipake pér-

gasi. Baralakna (barangbangna) djeung batokna oge aja minjakan, sok dipake oebar njëri hoentoe.

Tangkal kalapa mindëng pisan diroeksak koe bangboeng kalapa, babakoena poetjoekna djeung borosna. Tarekah baris ngabasmï eta hama, babakoena pisan tangkal kalapa teh koedoe dibërësihar djeung toeloej poentjakna dioelasan koe lëboe, oejah djeung tjai beunang ngadoek.

Geus montong ditjaritakeun deui, jen ukal kieu teh, kakara aja toeloengna, lamoen samëntasna dipëtakeun, hënteu katinggang hoedjan atawa loba iboen. Ari tjtjingna, karësëpna bangboeng kalapa teh teu beda djeung bangboeng noe sedjen, dina kal noe geus bobo, dangdaoenan anoe geus baroeroek djeung dina kokotori, tapi ngëndogna babakoena sok d'na poentjak kalapa sarta mégar di dinja. Eta sababna noe matak oerang, mindëng manggihan di dinja. Oelamna koe doekoen² oerang, sok dianggëp oebar géde pisan. Oepama diteundeun dina pantji, toeloej diseuneuan, sok mérédjih bidjilan gadjih, eta sok diinoemkeun ka noe batoek gangsa (tering); mimitina sadjéro saminggoe oenggal poë hidji oelam, dina minggoe kadoea sapoëna doeua oelam djeung satëroesna.

Atawa oelam teh digoreng, diala minjakna, ditjampoerkeun djeung ëndog atah, pek dimadoean saeutik, toeloej diinoemkeun ka noe géring. Tjek bedja, koe sataoen teh dioebaran koe eta, noe batoek gangsa, katembong djadi koeat.

4. PALA.

Pala teh babakoena dipëlakna di Molukken djeung di Minahasa, tapi di Poelo-Djawa oge teu koerang; moenggoëhing dina oebar-oebaran bangsa oerang mah, dianggëp anoe katjida' perloena.

Mangpaatna pala teh kana oebar haneut djeung pangrërëp.

Këmbang pala beunang moë disëdoe, tjara teh, sok dipake kana ngaloearkeun angin.

Komo koeloemoed sikina, aloes pisan keur pangrërëp. Pikeun noe boga kasakit asabat, hade pisan mamawa koeloemoed pala dina djëroëun pakeanana, soepaja meunang hawa noe matak antëng ngambëkan.

Tjigodogan koeloemoed pala, hade pisan keur baloer, pangrërëp kana kasakit panas.

Pala lalakina, bangoenna lonjod, dipake njampoeran roepa² oebar njëri beuteung.

Barendl, pala djeung oejah ditjampoerkeun toeloej dihaneutkeun meueusan, dibaloerkeun kana tonggong, ngaleungitkeun kana loengse djeung lësoe.

Tjangkang pala sok didjieun sële, matak ngeunah dahar. Dijeunna kieu: Njokot pala noe geus kolot, dilanaan sikina djeung

toeloemoedna, toeloj dikoeloeb. Tjaina herang tapi beureum. Lamoen palana geus émpoek, toeloj disaring, babadagna dipitjeunan, geus kitoe toeloj digodog deui make goela pasir, sling nepi ka këntéi tjara boeboer.

B. SOEPA.

Soepa teh mangroepa-roepa pisan; loba anoe koe oerang beunang didahar sarta katjida ngeunahna. Dina njiarna atawa meulina soepa laris dahareun, koedoe ati-ati, karana rea pisan soepa anoe matak weureu.

Lamoen oerang rek neangan soepa, koedoe isoek-isoek pisan, sabab loba soepa anoe téngah poé oge geus boeroek.

Tjirina jen geus boeroek, sok diroeboeng koe bangsa rambétoek, rarareunteup. Koe baena deui oerang bisa njirikeun soepa noe ségér keneh atawa geus rek boeroek.

Ieu di handap noe rek ditjaritakeun soepa anoe sok didahar bae.

Soepa taneuh anoe beunang didahar, lobana dina oesoem agidjih, djeung djadina babakoena dina tempat oeroet rinjoeh.

Lamoen oerang manggih liang siraroe, pek tjirian koe rokrak atawa naon bae, ditantjébeun. Moal gagal tangtöe di dinja loba soepa rjaradi. Aja soepa diséboetna soepa rampak (djamoer barat), lamoenna ségér keneh, hade pisan didahar, nja matak koet, toer rasana ngeunah kabina-bina, sarta beunang diolahkeun roepa².

Oeiah bae ngala soepa, anoe djadina dina gémoek atawa di tempat anoe kasaoengan, leuwih hade ngala ti tégalan atawa ti sampalan.

Salian ti soepa noe djadina di taneuh aja deui noe djadina dina tatangkalan, kajaning soepa gagan noe sok dipake oebar rheumatiek; soepa lembur sok dipasak sajoer. Komo soepa noe rjaradi dina pipitjeunan tjangkang kopi djeung dina tangkal dadap mah hade pisan baris danareun djeung ngeunah deuih.

Ari noe sok dipake oebar, soepa brama djeung soepa kakaboe (impës). Soepa brama roepana semoe djingga djeung teuas, djadina dina tangkal kai, oebar panjakit kotor (venerische ziekten) djeung kasakit dina pangeusi beuteung.

Soepa kakaboe djadina dina taneuh, gedena sagéde hoeloe orok. Ti soearna liat, ari ti djérona émpoek, sok ditjamperan tjoeka, dipake agoebaran babareuhan dina kalanangan (venerische ziekten).

Aja deui soepa anoe djadina di taneuh, nja eta soepa tai oruj santja. Ieu soepa roepana kawas tangkalak, përbawana tiis.

Koe bangsa oerang mah dipake oebar roepa² pisan, babakoena sarna moeriang, kasakit dina beuteung, sariawan d.s.t.

i. ROEPA² LALAB DJEUNG BOEBOEAHAN ANOE SOK DIPAKE OEBAR-OEBARAN.

A n d e w i.

Ieu lalab hade katjida pikeun tamba lintoeh teuing, soepaja djaru rada koeroe djeung noe boga kasakit gérégéseun-hampéroé (galsteen). Didahar atah² ditjamperan tjidjéroek-mipis djeung minjak salada.

S e n g g a n g.

Senggang teh roepa-roepa, panghale-hadena senggang moending djeung senggang tjina. Bawana tiis, matak godroh djeung bérésih kana kaboeboeahan. Ka noe sok moerlang, senggang teh hade pisan. Komo ka noe hoedang ngačjoeroe, mangpaat katjida, dicjieun angeun herang, make koentji djeung sémi, aloes klib. Senggang teh matak djoeoh kana tjisoese deulh. Akar senggang beureum dipake oebar médjén; ari senggang tjoetjoek kana kasakit kotor (venerische ziekten). Daoen senggang tjoetjoek digodog make kajoe manis djeung poelasari, matak godroh. Daoenna dirieus, din anageus aloes tjara boeboer, pake ngoebaran bisol batoe (steenpuisten) soepaja tereh asak. Akarna digodog djeung kaldoe alinoemna make ditjamperan arak obat, matak djoeoh kana palangan.

B o e l o e s t r o e.

Daoenna djeung boeahna beunang dipake oebar, matak bérésih kana gétih. Anoe boga kasakit koreng, borok djeung sabangsana, koedoe méréloekun dahar stoep daoen boeloestroe. Daoenna dirieus sing lémboet oelah ditjalan, di mana geus lémboet pisan dibaloerkeun kana kékémpong⁽¹⁾, kana tjangkeng, mépét kana oelah.

B o n t e n g.

Ieu teh bangsa lalab anoe rea toeloengna, pikeun oebar-oebaran. Dagingna djeung sikina diantjoerkeun dipake baloe kékémpong, matak ngeunah kilih ka noe moerlang. Akarna diinoem matak bérésih kana kaboeboeahan. Noe boga kasakit dina beuteung djeung noe goreng kadoetna, teu beunang dahar bonteng, nja kitoe deui aweue noe boga kasakit kotor oelah rek panganggoeran dahar bonteng.

Fanolak kana kasakit gérégéseun-hampéroé, sakali nginoem sa-

(1) Beuteung sahandapeun koedjal.

sendok sop, beuki lila beuki dileuwihan, laoen-laoen, oelah matak kaget teuing kana kadoet.

Dahar bonteng atah hade ka noe sariawan di djero.

Geutah areujna beunang pake oebar koekoel djeung kokoloteun. Daoen lagondi djeung bawang beureum beunang ngarieus slug lêmboet digalo djeung bonteng, dibaloerkeun kana loelhoeun tarang бага, dipake oebar kasakit dina kingkiihan.

D j a a t.

Ieu teh bangsa katjang, gède mangpaatna keur ngabérésihan gëti. Komo keur noe reuneuh anoe kataradjang koreng atawa borok lantaran boga kasakit kotor, koedoe dahar djaat masing rosa, ditjamperan koneng santén. Tjaina daoen djaat, aloes baris ngabérésihan mata noe bareuh; daoenna digelang djeung hadës poelasari népi ka lêmboet, dipake oebar bisoel.

T j a b e.

Di mana-mana oge aja tjabe sarta meh sarerea bareuki kana tjabe. Ari rasana iada, komo tjengek mah pohara pisan ladana; moen beuki teuing kana bangsa tjabe sok matak boga panjakit ambe, panjakit asabat, babakoena gède sahwat (toedjoeh ladjër = hysterie). Anoe boga panjakit rieur, panjakit kaboeboeahan, beukah kawaja atawa bareuh tikoro, njëri panon atawa boga panjakit dina larangan, teu beunang pisan dahar tjabe.

Ari daoenna hade keur lalab atawa dipasak sajoer, watékna tiis.

L o b a k.

Lobak didahar atah, eta ngabérésihan djeung matak koekat kana kaboeboeahan. Noe sok moeriang bae, koedoe dahar lobak slug loba. Koeloeb lobak didahar goeroentoelan, oebar matih pisan kana batoek. Komo pikeun baroedak anoe batoek djeung salesma, katjida hadena, dahar lobak atahna, boh koeloebna. Lobak atah dikeureutan, diketjapan, didahar didasarkeun, nja eta didahar samemeh dahar naon³ waktoe beuteung kosong; keneh, hade ka noe boga kasakit kawaja.

S a s a w i l é m a h (kamandilan).

Kamandilan teh bangsa djoekoet, sok dipake oebar djeungdjeuribeun, matak bérésih kana kingkiihan, ngoeras kana hamperoe. Daoenna dirieus sing lêmboet, dipake baloer noe moeriang.

Saledri

Saledri teh roepa² dipakena, oebar matih pisan kana Intjok. Anoe boga panjakit „elwit afscheiding“ atawa noe gède sawhat, oelah loba teuing dahar saledri.

Solasih.

Di mana-mana oge aja sarta sarerea oge tarerang kana solasih mah; ari bawana mēpēr, tiis djeung matak sēgēr kana awak. La-moen noe sok moeriang bae, hade ngiacem make boekoer siki solasih.

Dahan solasih dibeuleum, lēboena ditjaian, toeloej disaring, aloes pikeun ngoembah raheut. Siki solasih dikeueuman koe tjiasak-tiis, oelah ditjamperan naon², toeloej diinoem, hade pisan kana kasakit dina pangeusi beuteung djeung mitjeun oembél, sarta djadi pamēpēr deulh.

Goela-tiwoe.

Goela-tiwoe teh hade pisan didahar koe boedak, ngoeatkeun kana toelang djeung anggahota lian. Sirop goela tiwoe, matak lir toeh, nja kitoe deul kana sato. Ngan kana koeda koerang hadena, karana mben diinoeman eta, loba teuing kaloear kesang, koe lantaran eta, sok babari mopo. Tjigoelana, oebar kana njēri mata.

Tjitiwoe ka noe batock teu hade pisan.

Terong.

Terong teh di mana-mana dipake kasédép, kome di ambél-godog mah. Noe boga panjakit dina peudjit boentoe (blindedarm) djeung dina bool, teu beunang dahar ieu. Sakaol njēboetkeun, jen rea teuing dahar terong atah teh, sok riatak boga panjakit lieur djeung matak koerang koeat toelang.

Wortel.

Didahar atahna, oebar kana tjatjingeun djeung kērērtian, kome ka baroedak mah. Moen bisa, sina didahar atahna.

Ngarah gampang, wortel teh diparoed toeloej dipērēs; gous kitoe tjampoeran tjipati, oejahan saeutik, ti dinja diinoemkeun ka boedak tea.

Djamboe.

Tjigodogan daoen djeung papagan djamboe, dipake oebar kana

chronische diarrlica (chronische dysentrie) nja eta mädjën; noe panghadena keur oebar kitoe teh, djamboe koeloetoeke noe beureum dagingna. Tjigodoganana oelah këntël teuing.

Saha-saha noe hese mitjeun, oelah bae dahar djamboe,

Doekoeh.

Doekoeh teh matak sirëp kana beuteung djeung ngeunah kiih. Sikina rasana pait, sanggeus dibëbëk toeloej digodog, eta hade dipake oebar moeriang. Noe boga panjakit goela, oelah dahar doekoeh. Tjangkangna dipoë, toeloej diperoeloekan goela kawoeng, geus kitoe dibeuleum, haseupna katjida seungitna djeung djadi oebar reungit deuih.

Djoewët atawa djambulang.

Sagala roepa djoewët, beunang pake oebar, komo djoewët bodas mah. Loba teuing dahar djoewët, ngoerangan kana kasehatan, karena ngahodang kana moeriang djeung hese kiih.

Këmbangna, komo sikina, hade pisan keur oebar kasakit goela; ari godogan papagan djeung poetjoekna, dipake oebar njëri beuteung.

Dalima.

Godogan akar dalima bodas (noe këmbangna bodas) dipake oebar tjatjing pita. Tapi lantaran akar dalima teh matak weureu, djadi oerang koedoe ati² pisan, poma oelah rek loba teuing. Godogan tjangkangna djeung këmbangna noe masih koedoe, dipake oebar kasakit dina beuteung; dalima beureum (noe beureum këmbangna) oge nja tjara dalima bodas deui beunang dipake oebar, tjara noe bieu.

Manggoe.

Loba teuing dahar manggoe, goreng kana pangeusi beuteung.

Tjangkang manggoe djeung aja tjampoerana deui, sok dipake ngoebaran panjakit kotor. Godogan tjangkangna djeung godogan papaganana, pangampët kana moeroes. Tjangkangna dipoë, dimana geus garing pisan dibeuleum, arëngna dibëbëk sing lëmboët, toeloej ditjamperan koe kapoerbaroes, djadi poejër paranti ngosok hoentoe ane hade pisan.

Tjai tjangkang manggoe noe asak, aloes pikeun mangsi merëk. Oelah bae dahar manggoe djeung goela, sabab matak moeroes djeung moelës.

S a l a k.

Anoe boga kasakit dina beuteung dina bool atawa ambe, nja kitoe deui noe boga kasakit dina tikoro, oelah bae dahar salak. Kawoe-woeh salak hese lèmbœtina dina beuteung.

Siki salak anoe kakara mëlëntoeng rek djadi tangkal, kakara katembong hedjo saeutik, didaharkeun ka boedak noe boga kasakit nongtot bool. Rasana meh sarœa djeung boetoe.

S a w o m a n i l a.

Noe boga kasakit dina beuteung djeung ambe, oelah bae dahar sawo manila. Noe njëri beuteung pajah pisan, datang ka geus euweuh taksiran deui, sok dioebaran koe geutah tangkal sawo manila. Dipakena koe oerang Priboemi lamoen ka noe njëri beuteung ngëjër, boeboeang teu beunang ditahan. Papaganana beunang moë, dipkae oebar moeriang. Loba oge djëlëma noe teu pajaan, lamoen dahar sawo manila sok kabëbëng. Sakaol njëboetkeun, jen sawo manila teh teu hade katjida ka noe boga panjakit gërëgëseun.

j. ROEPA² KASAKIT ANOE SOK TJAGEUR KOE DANG- DAOENAN DJEUNG AKAR-AKARAN HINDIA.

B i s o e l.

Oerang sok radjeun ngarasa aja anoe njëri² dina awak, tapi teu njaho naon eta noe njëri teh. Bisa djadi soegan rek bisoel, atawa pateuh tea, tidjalikeuh, bisoel-beunjeur djeung sapapadana. Lamoen oerang ngarasa aja noe njëri² kitoe, eta biasana sok dibaloer koe geutah sambodja atawa koe geutah lame. Sanggeus meunang sapoë-sapeuting eta geutah dikoembah koe tjihaneut-koekoe ditjamperan minjak. Lamoen anoe djaali lantaran njëri teh bisoel, sanggeusna geutah tea dikoembah sok katembong sarta tetela ngëlëmëng beureum, malah sok nëpi ka katjiri reana.

Bisoel panghadena koedoc disina asak, mambrih matana beunang. Ari padikahna malar bisoel tereh asak anoe sok didjaralankeun koe bangsa oerang, leu:

1. Daoen solasih dibeuleum diarah lëboena, toeloej digalo djeung minjak.
2. Këmbang tëlëng dirieus nëpi ka lëmbœt ditjamper djeung goela-djawa.
3. Saboen-seuseuh noe koneng djeung goela-djawa ditjamper didjieun pelester, ditaplokkeun heula kana lamak, tênggah-tênggahna dipolongan keur djalan mata bisoel tea.

Tjarenang soengoet, sok tjageur dikékémoean koe seu-reuh atawa daoen saeh anoe disédoeh tjara énteh; daoen parasman oge dibeuweung, aja toeloengna. Salian ti eta anoe aja toeloengna minjak tangkawang haneut-koekoe dibaloerkeun.

M è n g i.

1. Njokot siroeng randoe, toedjoeh; toeloj dipekprek meueusan, dioejahan saeutik, téroes dipérés diarah tjaina. Meunang tiloe poé lilana, oenggal isoek eta tjirandoe koedoe didasarkeun.

2. Lamoen mëngina keur karasa, soepaja rada hampang, oelah eungap teuing: koedoe njokot kértas Tjina anoe didjieunna koe awi, toeloj ditjélob kana séndawa beunang ninjoeh; ti dinja téroes ditoehoerkeun deui; di mana geus toehoer téroes didoeroek, haseupna koedoe diseuseup koc noe géring.

3. Oedoed poetjoek tandjoeng beunang njiksik, eta oge matak hampang; daoen koetjoeboeng woeloeng deuih, lamoen dioedoed matak laléga kana ambékan.

4. Oepama pangna mëngi teh lantaran rendjagan, eta sok bisa tjageur deul lamoen isoek² ngadasarkeun tjal daoen antanan sarta dida'lmkeun saboelan sakali. Ari njeunna kieu: daoen antanan dibébék make ditjaian sagélas leutik, toeloj disaring.

Dipatjok oraj djeung sapapadana.

1. Ngala daoen sandilata doca-tiloe keupeul, toeloj dirleus make ditjaian saeutik. Ti dinja toeloj dioebarkeun kana tatoena tapak matjok atawa ka noe bareuhna. Hade oge tjaina sagélas leutik dilinoem.

2. Geutah waloech dibaloerkeun ka noe bareuhna.

3. Daoen katoembal (kihoeet) ditjaian digelang sing népl ka lém-boet, toeloj dioebarkeun kana tatoena, eta oge sok aja toeloengna.

4. Daoen reundeu digelang népl ka adoej, toeloj dibaloerkeun kana tatoena atawa ka noe bareuhna.

5. Aja deul tarekah anoe hade kabina-bina, nja eta saloehoereun tatoena dibeungkeut masing tarik, ti dinja lébah tapak matjok tea dirahentan bangoenna tjara tjakra, tapi pesona anoe dipake noerih tea, koedoe bérésih pisan; sanggeus ditjakra kitoe koe peso, toeloj dipéntjet atawa diseuseup, mambrih kaloeur gétiha, sarta téroes dikoembah koe ammonia. Tapi poma masing ati², lamoen oerang raheut dina biwir atawa dina soengoet, oelah pisan wanl² ngénjot tatoe koe oraj tea.

6. Pikeun oebar diseureud langgir, poetjoek palasa dirleus sing lémboet.

7. Oebar diseureud babakaer, noe blasz sok koe kéluj hajam.

Oerang njokot boeloe hajam, toeloj digorokkeun; eta boeloe hajam téroes dioesapkeun kana tatoena. Moal lila oge ujérina leungit.

Koe seuneu

Oebar anoe matih kana kasoendoet, geulah gédang. Lamoen ngoebarkeunana harita keneh, moal népi ka kēmbueng atawa njéri. Tapi koedoe ati² bisi kana panon.

Lamoen euweuh gédang, hade dioebaran koe apoe seupah djeung minjak lëndah.

Gondongeun.

Oebar gondongeun aja tiloe roepa anoe bakoe:

1. Poetjoek tjalingtjing-woeiét sapoeloeh ranggeuj, buwang beureum opat sihoeng, digelang masing lēmbuot; toeloj dioebarkeun ka noe bareuhna.
2. Boelao sasiki djeung tjoeke dioebarkeun ka noe bareuhna.
3. Beuti bakoeng diparoed 'sing lēmbuot, diwadahan koe lamak, ditaplokkeun di noe bareuh tea.

Ngising-gétih djeung mentjrel.

Domdoman $\frac{1}{2}$ pond (bobot roepa 25), hadés 20 siki, poelasari sagède tjinggir, kajoemanis sakitoe deui, saroea djeung poelasari tea; tjaina 4 botol. Toeloj digodog népi ka tjaina kari 3 botoleun deui. Oenggal ngarasa hanaang koedoe nginoem eta. Ari dahar koedoe sangoe tim bae djeung laok hajam anoe koeroe.

Kasoera.

Oerang Priboemi lamoen kasoera soekoena, biasana sok dioebaran koe geulah tikélbaloeng; mindéng pisan tjoetjoekna sok bidjil koe maneh. Ngan poma masing ati² bisi eta geulah kana panon.

Kesang-meuting djeung sabangsana.

Eta kaasop kana panjakit koelit keneh, babakoena ajana dina oesoem ngidjih; ari roepana baréntoes sarta rasana ateu. Déni oebarna:

1. Bangkoeang ditjampoer djeung warirang saroea lobana, didjieun baloer. Ari pahinoemna témoe-lawak, asém djeung goela kawoeng; témoe lawakna sahoeloe, asém sagède éndog, goela sameudjuehnana bae, tjaina sabotol limoenade; toeloj digodog népi ka tjaina kari saténgahna deui. Ari ngoejojepna henteu koedoe dianggérkeun waktoena, darapon daek bae, dina sakalina sarégot.

2. Dikoembah koe godogan daoen asēm djeung daoen sēmboeng haneut-koekoe.

H l l e u d e u n .

Oebarna:

1. Daoen patjar koekoe dirieus djeung gambir, masing lēnboet, toeloej ditaplokkeun. Oenggal 12 djam diganti.
2. Tjangkang katjang-boentjls beureum anoe geus asak, dibeuleum diarah lēboena; toeloej ditinjoeh koe tjasak; panas² dioebarkeun.

I n t j o k .

Anoe babakoe koedoe daek mantangan: iwoeng djeung kelor; bangsa daging sabeunang-beunang oelah loba², saeutik bae, djeung oelah sok nginoem tjikalapa.

1. Baloerna koe daoen tjikaltoelang dibēbēk djeung apoe seupah.
2. Lamoen pangna njarēri dina sandi² teh lantaran moeriang atawa malaria, oebarna koe tēmoe-lawak djeung daoen mēmēniran disēdoeh tjara ēnteh, diinoem.

3. Dina rek sare koedoe dibaloer koe godogan akar gēdang-gandoel, oejah djeung arak. Ari njeunna kieu:

Koedoe njokot botol-anggoer, toeloej eusian bēbēkan akar gēdang-gandoel tea anoe lēnboet, sing pinoeh satēngahna; oejah sasendok-dahar, kajoe poetih doa sendok-dahar, tjoer tjtjlan arak sing nēpi ka pinoehna; geus kitoe eta botol toeloej ditjotjokan koe kajoe-gaboes sing rekep pisan; ti dinja dipoē meunang sapoeloe poē lilana. Kakara hade dioebarkeun.

4. Pēdēs 100 siki, tjēngkeh 50, pala 5 djeung daoen balingbing 100 lambar; eta kabeh dirieus masing lēnboet; toeloej tjtjlan (joeka lahang ½ botol limoenadē; geus kitoe tēroes digodog. Haneut² dibaloerkeun 2 à 3 kali sapoēna. Saban 'tas dibaloer koedoe diingkeun lilana sadjam. Ari ngaberēsihanana deui (mitjeunna) koedoe koe tjihaneut.

B a t o e k .

Batoek aja roepa², lantaranana beda², oebarna oge sedjen². Ari anoe sok diparake ieu:

1. Dina arek sare djeung dina barang hoedang, dahar roedjak letahboehaja sasendok gēde, goelana koe sirop. Ari boedak miah sasendok teh oge meudjeuhna.

2. Lamoen batoek ngohkoj, oebarna koe poetjoek waroe digodog make goela batoc. Di mana keur karasa, ngohkoj, koedoe nginoem salēgoek.

3. Koekoek-djantoeng (ti djërona), hadës doea-tiloe siki djeung goela batoe digodog nëpi ka djadi tjara sirop, tapi oelah make tjai. Diinoemkeun ka noe gëring sapoë doea-tiloe kali, sakalina sasendok.

4. Widara-oepas diparoed djeung tjigoela-batoe, disaring koe lamak bërësih. Diinoemkeun ka noe gëring, sapoëna doea-tiloe kali, sakalina sasendok teh.

5. Daoen djintén atawa daoen djoekoet-borang d'godog djeung kajoe-manis, katoentjar make goela-batoe.

6. Patje asak 3 hoeloe dipërës, toeloej dibaoeran tjigoela kawoeng atawa tjigoela batoe. Eta keur sapoëeun.

7. Kalapa hedjo dipësek masing hade, oelah nëpi ka batokna kakadek; geus bërësih téroes dibor, tidinja toeloej diasoepan goela-batoe. Geus kitoe liangna tjotjokan deui koe kajoe-gaboes sing rekep pisan; téroes diboeboej nëpi ka asak. Tjaina koedoe didasarkeun.

8. Batoek teuas tambana koe lobak; keur boedak 4. keur kolot 8. Eta lobak koedoe diparoed, toeloej digoelaan koe goela-batoe; geus kitoe diiboen sapouting. Isoekna disaring koe lamak, térocs sina didasarkeun koe noe gëring.

9. Aja deui batoek teuas tambana: tjikoer dirieus, toeloej dipërës, ditambakeun sapoë sakali; boedak sakalina sasendok teh, kolot sasendok gëde. Biasana heuleut doea-tiloe poë oge geus aja karasana.

10. Saroepa deui:

Daoen antanan sakeupeul, kajoemanis, goela-batoe, tjaina sing meudjehna; toeloej digodog. Oenggal isoek didasarkeun.

11. Tamba batoek-bangkong:

Njokot djëroek kingkit anoe geus rek asak 7, diarah sikina, goela batoe tjaina sagëlas bier (satëngah botol lmoenade), toeloej digodogkeun, nëpi ka tjaina kari $\frac{3}{4}$ na deui; eta koedoe diinoemkeun ka noe gëring masing rada mindëng, sakalina nginoem sagëlas-pait.

R i e u t.

1. Daoen gandarasa djeung pëdës bodas dibëbëk masing lëmboet, toeloej tjoekaan; dioebarkeunana kana tarang. Matihna pisan leu oebar teh, lamoen rieuatna lantaran salesma.

2. Daoen poksor 2 lambar digatjël lalaoenan nëpi ka leuleus, dioelasan koe minjak, toeloej dileumpeuh; geus kitoe ditapëlkeun satoekangeun tjeuli kentja-katoehoe dina lëbah oerat gëde, tapi oelah lila², kira² 2 à 3 minoet bae. Sabab lamoer lila teuing mah sok këmboeng.

3. Njokot djahe salondjor, toengtoengna dipeprek sing nëpi ka rëmëk tjara sikat. Toeloej diantjloemkeun kona minjak kajoe-poetih atawa minjak kolonjë; téroes dipake ngagosok oerat poendoek djeung oerat beuheung.

4. Djeroek nipis asak, tjangkangna ditjotjogan koe garpoeh atawa koe djaroem, tapi oelah katjotjog dagingna (djeroekna), toeloj digosok-gosokkeun kana oerat poendoek djeung oerat beuheung.

5. Njokot koeméli toeloj disiksik ka pandjangna (sing paran-djang), toeloj dipake poepoek, diantép népi ka moerag koe maneh.

Radang.

Oebar radang:

1. Ngala sadagori daoenna katoet dahanna, dibébék masing lém-boet djeung minjak kalapa, dioebarkeun kana radang tea atawa boedoeg. Bohakna dikétjéran koe godoganana.
2. Radang kasakit kotor koe oerang Priboemi dioebarana koe: dahan baratawali bobot 5 roepia (50 gram), tjaina 2 liter = 4 botol limoenadé, toeloj digodog népi ka tjaina kari satengah botol limoenadé deui. Eta godogan dipake ngoembah radang tea. Lian ti eta koedoe beuki kana méméniran disédoeh didjteun teh, sarta dina saminggoe doea-tiloe kali koedoe ngimoen godogan baratawali sadahan noe leutik, pandjangna saroea djeung tjeroek, tjaina sabotal limoenadé; digodogna népi ka tjaina kari satengah botol deui.

Njéri hoentoe.

1. Hoentoe anoe njéri dioebaran koe geutah djarak pagér, tangtoe eta hoentoe marekplekan. Koe sabab eta ngoebarkeunana koedoe ati² pisan, bisi keuna kana hoentoe anoe teu njéri, tangtoe eta hoentoe marekplekan.

2. Geutah badori (bobokoan), noe loba di leuweung, komo di basisir; eta oge matak marekplekan djeung matak moerag kana hoentoe.

3. Geutah sambudja, eta oge tjara geutah djarak bac, hade keur oebar njéri hoentoe.

4. Boeah djotang, eta oge beunang dipake tamba njéri hoentoe. Pétana ngoebarkeunana, boeahna dibeuweung toeloj diheung-heum. Kana hoentoe noe teu njéri taja matakna kitoe-kleu.

Moeriang.

Oebar moeriang anoe pangmatihna, teu aja deui lian ti pelkina. Lamoen euweuh kina, oerang Priboemi sok make leu:

1. Lamoen katjida panasna dipoepeekan daoen papah-lima (*). Dirjeus masing lémboet toeloef dikana-goeritakeun diprke poepeok beuteung. Hade oge anoe géring diseka koe leuhangna.

2. Daoen antanan sakeupeul, bawang beureum sasihoeng, hadés 3, djeung poelasari saeutik, tjaina tiloe tjatjangkir; toeloef digodog népi ka kari satjangkir deui Diinoemkeun ka noe géring. Biasana sanggeus tiloe kali nginoem oge moeriangna sok leungit; tapi koedoe ditéroeskeun népi ka 14 poé, sarta oebarna koedoe njeun oenggal poé.

3. Dahan kéndal anoe ngora keneh katoet daoenna, daoen bebésaran 5 lambar, tjaina sabotol limoenadé, digodog népi ka ngan kari saténgahna deui. Diinoemkeun ka noe géring.

4. Moeriang anoe teu daekeun tjageur², oebarna: papagan soeren sabeungkeut leutik (kira² roebak 7 c.M., pandjang 10 c.M.), tjaina 6 tjatjangkir, digodog népi ka ngan kari saténgahna deui. Sapoéna koedoe nginoem tiloe kali satjangkir², népi ka 7 poé.

5. Lamoen boedak moeriang, émena djeung moemoentjanganana koedoe digénder koe lamak beunang njéloeh kana: daoen 8 ggoe beunang ngagelang djeung bawang 2 sihoeng, tjoeka djeung tjai. Kompresna koedoe mindéng diganti, sarta sirahna koedoe baseuh baé.

6. Boh kolot boh boedak, lamoen mindéng kataratjang moeriang, koedoe beuki kana lobak didjjeun lalah; biasana panasna sok toeloef sirép. Boedak anoe moeriang sok diseka koe tjai saroeni digelan.

7. Lamoen dina moeriang nahoen panasna katjida, dioebaranana koe ledjet dipérés, diinoemkeun; ari ledjetna (dagingna) lioebarkeun kana tarang djeung beuteung.

8. Daoen dadup dirjeus, likopjokkenn kana tarang djeung laun beuteung sahandapeun boedjal.

Beukah kawaja.

Oebar beukah kawaja koedoe nginoem témoe-lawak didjjeun énteh. Ari njeunna kieu: mimit, eta témoe-lawak koedoe dipésel: heula mangka bérésih, toeloef dikeureutan 'sing aripls, téroes dipoé. Sanggeus toehoer bënë, oerang njokot sakeupeul, téroes disédoeh tjara énteh.

Dahar gédang, nginoem tjai patje asak sapoé tiloe, eta oge djadi tamba kana beukah kawaja; lamoen katjida kasakitna, sapoéna lima.

(*) Papah lima diteangan dina reepa² woordenboek ten kapéndak. Dina boekor Nieuw Plantkundig Woordenboek voor Nederlandsch-Indië, karangan P. S. A. de Clercq katja 228, dina no. 1257 aja tapak-liman, sok dipake oebar moeriang.

Solatri.

Oebar solatri:

1. Djahe dipérés diarah tjaina. Diinoem sasendok teh make dioejahan saeutik.
2. Pala diparod masing lêmboet, dibaheum djeung oejah saeutik, toeloej dipalidkeun koe tjai sarégot.
Ieu oebar sallianna keur kana solatri, beunang dipake tamba kana oetah-oetahan deuih; sok toeloej bae eureun.
3. Sêmboeng katoet akarna digodog djeung goela batoe, dipalaan $\frac{1}{4}$ sendok teh. Diinoemkeun.
4. Tjiganas oge tamba matih nakër, nginoemna teu meunang loba, koedoe saeutik bae.

Malaria.

Oebar-anoe pang matihna kana malaria taja batan pel-kina. Tapi oerang Priboemi mah, lantaran arang langka pisan anoe baroga pel-kina, sok dioebaran koe ieu:

1. Mêméniran djeung akar-akarna 5, tēmoe-lawak 4 à 5 keureut, tjéngkeh 3 djeung kajoemanis kira² doea boekoe tjeroek pandjangna; tjaina satengah botol limoenadé; digodoh népi ka tinggal satengahna deui. Diinoem. Nginoemna sapoé sakali. Njieunna oebar: inoemeun poé ieu koedoe kamari pasosore. Djadi inoemeun isekan teh koedoe didjieun poé ieu pasosore. Sanadjan moerlangna geus teu karasa, hade ditéroeskeun bae nginoemna eta oebar oenggal poé. Oeparna noe géring teh ka-tjaina teu anggër deuih, ratjikanana koedoe dikalémnaan doea boekoe tjeroek pandjangna.

2. Papagan lame ditjatjag sing lêmboet; njokot doea sendok teh, tjaina sagélas, toeloej digodog népi ka ngan kari satengahna. Diinoemkeun ka noe géring disakalikeun. Koedoe dida'imkeun oenggal poé. Tapi lamoen teu tjageur bae, koedoe nginoem sapoé doea kali. Sabot keur dipahinoem koe papagan lame, oelah arek dahar bangsa lada² atawa haseum.

3. Daoen kéndal 3 lambar, daoen sêmboeng 3 lambar, daoen djéroek mipis 3 lambar, daoen parasman 5 lambar, tjaina sabotol limoenadé; digodog népi ka ngan kari satengahna deui. Dina sapoé koedoe nginoem doea kali.

4. Poetjoek gédang 2 atawa 3 lambar (gédang naon bae, boh gédang biasa boh gédang gandoel, saroea bae); tjaina sabotol limoenadé; digodog népi ka ngan kari satengahna deui. Diinoemkeunana ka noe géring koedoe ti beurang, sarta téroes sadjéro 14 poé.

Beunang oge eta poetjoek gédang satikna dibèbèk djeung oejah

népi ka lémboet. Lamoen kitoe didjieunna oebar, anoe gëring koedoe nginoem 2 gelas pait sapoëna.

5. Loba anoe malaria tjageur deui koe nginoem daoen sëmboeng disédoeuh tjara énteh. Mandi koe saabna haneut², eta oge hade katjida keur ka noe malaria. Ari pëtana njieun saabna kieu: ngala daoen sëmboeng népi ka bobot roepia 50 atawa ringgit 20, tjaina $\frac{1}{4}$ blek minjak-tanah; toeloej digodog népi ka ngan kari saténgahna deui. Noe gëring disina dioek dina korsi; blek anoe dieusi godogan sëmboeng anoe panas tea teundeun handapeun korfi; toeloej noe gëring katoet korsina dikoeroedoengan koe simboet; lilana kira² meunang 8 népi ka 10 minoet. Geus kitoe toeloej diseka koe tji-haneut sarta sanggeus diseka disimboet masing boeni. Peupeudjehui mangka 'de noe gëring tea katilsan (').

Njèri tjeuli.

Tamba njèri tjeuli anoe ilahar didjalankeun aja tiloe roepa:

1. Boeah koetjoeboeng, toeloej dikorek tapi oelah djëro²; geusina dilémboetkeun meueusan, tjoer tjtjian minjak lëndah saeutik. téroes eta koetjoeboeng diganggang saloehoereun kumpoe atawa saloehoereun seuneu népi ka minjak kalapa tea panas. Sanggeus kitoe eta minjak disaring, téroes dikëtjlakkeun kana tjeuli anoe njèri tea; ti dinja toeloej eta tjeuli ditjotjokan koe kapas.
2. Siki kapas-banggala ditoetoean djeung tjikoer doea boekoer népi ka lémboet; njokot daoen djawerkotok 13 lambar, dijieus, toeloej dipërës dikoetjoerkeun kana bëbëkan siki kapas tea; tjain sagélas. Toeloej digodog diarah minjakna. Samemeh ditamba-keun eta minjak koedoe disaring heula.
3. Daoen koeping-matjan dibëbëk, téroes disaring. Beunang njaring dikëtjlakkeun kana tjeuli.

Hapoer.

Hapoer beusi.

1. Njokot ladja, toengtoengna dimekprek népi ka réniék tjara sikat; toeloej diantjilomkeun kana tjoeke; geus kitoe digosokkeun masing tarik kana hapoer tea. Lamoen ngagosokkeunana hénteu tarik énja, eta oebar taja pedahna.

(²) Aja deui oebar anoe matih pisan kana malaria, nja eta godogan daoen tjoer-ar. Ari njieunna kieu: oeranz ngala daoen djoeur anoe ngora keneh, tapi lain postjookna, lobana sakeupeul, tjaina $\frac{1}{4}$ botol linioenadé. Toeloej digodog népi ka ngan kari saténgahna deui. Eta keur sapoëna, diinoemna 3 kali. Ngarali oelah pait teuing, hade mako goela batoo sameudjehunnana. Oenggal po² koedoe ngagodog sapoëun², poma oelah rek diisoekkeun. Koedoe téroes népi ka tjageur Eoeradirodja.

2. Akar tarebak dikeueum dina tjoeka anoe ngagolak, toeloej dipake ngagosok hapoer tea.

H a p o e r k e m b a n g.

1. Oebar hapoer kembang koe daoen katepeng-tjina dirieus masing lêmboet djeung apoe. Dibaloerkeunana sapoë doea kali.

2. Terong tjokrom dibeulah, toeloej dipake ngagosok noe hapoer tea. Ngagosokna koedoe mindëng sarta koedoe diantép sina nêpi ka 'toehoerna.

P a t e k.

Akar kangkoeng 5 dibëbëk djeung oejah, make tjai. Sanggeus disaring kakara dioebarkeun. Mimitina siga beuki katjida, sabab bohakna ngagarëdean. Sakoer anoe barohak koedoe ditambaan hldji², oelah disakallkeun. Ari oebarna: toeroesi dibeuleum, toeloej ditoetoean (dirieus) masing lêmboet; beunang noetoean ditjampoerkeun djeung kastrolj didjieun salép (zalf). Eta salép dioelaskeun ka noe bohak tea, Tapi samemehna dioelasan koe salép koedoe dikoembah heula mangka bërësih. Ari dikoembahna eta noe barohak teh koedoe koe godogan akar tanggoli. Dimana geus dioebaran koe salép, koedoe ditoempangan deui dioelasan geutah lame. Oepama euweuh lame, hade koe geutah kondang. Anoe patek teu meunang dahar hoerang, tarasi djeung kadaharan anoe bawana panas. Hade pisan daek dahar kangkoeng, asëm, djeroek-mipis djeung gëdang.

K o e r i s.

Pikeun nambaan, soepaja oelah nêpi ka tjatjar di djëro, oerang Priboemi sok koe ieu: ngala mangandeh sadahan noe leutik bae, dibëbëk djeung hadës 2 siki, palasari saeutik djeung bawang beureum noe leutik bae. tjalna sagëlas leutik (milih loemoer anoe pangleutikna pisan), dimadoean sasëndok teh. Diinoemkeun ka noe gëring sapoë sakali.

R h e u m a t i e k.

Anoe rheumatiek oelah dahar kelor, bangsa arak djeung sabeunang-beunang dahar bangsa daging koedoe saeutik bae. Boeboehah, tjaraning djeroek-mipis hade pisan kana rheumatiek. Ari oebarna:

1. Daoen handaroesa, pëdës dirieus djeung apoe sing lêmboet, dioebarkeun ka noe njëri.

2. Daoen tjalingtjing bobot roepia sapoeloeh (100 gram), tjëngkeh 10, pëdës 15 siki, make tjoeka saeutik, dirieus sing lêmboet, dioebarkeun ka noe njëri tea.

3. Saledri 2 katoet beutina, disëdoeh tjara ënteh; saban poë

diinoemkeun 2 & 3 tjatjangkir, népi ka saboelan lilana. Baloerna: daoen koetjoeboeng-woeloeng 2--3 lambar, apoe-seupah saeutik djeung djeroek-mipis dirieus masing lémboet. Dibaloerkeun sapoé doea kali; dibébéran koe daoen bakoeng-bodas beunang ngaleumpeuh.

4. Daoen djoekoet-singkir sasendok, daoen mēméniran sasendok géde, tjaina saténgah botol limoenadé, digodog népi ka ngan kari $\frac{1}{2}$ na deui. Diinoemkeun.

5. Daoen papasan, apoe saeutik dirieus mangka lémboet, këtjlakan kajoe-poetih. Digosokkeun ka noe njéri tea sing tëléb.

6. Papagan tandjoeng pandjangna sasikoe, dipoé, beunang moé ditjatjag mangka lémboet; oejahan sakeupeul, tjitjian arak sakopi. Sanggeus kitoe dipoé 3--4 poé. Dioebarkeun ka noe njéri tea.

K o e r a p.

Koerap babari pisan tepa. Ari oebarna anoe matih, daoen katépeng dirieus sing lémboet djeung apoe, digosokkeun sapoé doea kali. Biasana heuleut 36 djam oge sok tjageur koe ieu mah.

B o e d o e g.

1. Papagan mindi dibeuleum heula, toeloj digodog. Eta tji pang-godogan keur ngoembahna, ari oebarna daoenna (mindi) beunang ngarieus népi ka lémboet.

2. Daoen kloerat 5 lambar djeung daoen sandilata 7 lambar, tjaina 2 gélas. Digodog népi ka kari sagélas deui. Eta diinoem.

3. Koneng-hideung saladjor, dibébék masing lémboet; toeloj make minjak kalapa; dioebarkeun. Pabinoemna godogan koneng-hideung keneh saladjor; oenggal poé koedoe anggér.

4. Daoen kloerat dirieus sing lémboet djeung apoe; dibaloerkeun tjara salép.

B a t o e k g a n g s a.

1. Daoen waroe-laoet digelang make tjai, sanggeus disaring diinoemkeun ka noe géring.

2. Daoen antanan digelang atawa didjieun teh, diinoemkeun.

3. Daoen lagondi digodog djeung tjikoer, koneng saladjor djeung goela batoe sameudjehnnana. Diinoemna sapoé doea kali.

4. Ari kolot² marakena: geutah gébang ditinjoeh koe tjasak sing népi ka léjoer.

R a h e u t.

1. Oebar raheut anoe matih: daoen djawerkotok djeung daoen

kloerat. Samemehna dipake koedoe dikoembah heula sing bérésih pisan, toeloj digoeloeng-goeloeng koe ramo, mambrih kaloeur tjaina. Sanggeus kitoe toeloj ditaplokkeun kana raheut tea. Dina sapoé koedoe diganti tiloe kali.

2. Ari raheut anoe teu djéro hade dioebaran koe widara-oepas. Samemehna dioebaran, raheutna koedoe dikoembah heula sing bérésih koe godogan patje sawit, hartina; patje, papagan djeung akarna tina tjangkoedoe satangkal. Sanggeus kitoe raheutna ditoepep koe widara oepas beunang ngeureut ipis. Lamoen raheutna djéro, hade dioebaran koe ieu: njokot akar tanggoli bobot roepia 20 à 30, tjai sablek minjak tanah, toeloj digodog népi ka kari $\frac{3}{4}$ na deui. Raheutna dikoembah koe eta godogan, sarta dikétjéran deulh.

3. Daoen bábésaran dileumpeuh, toeloj dioelasan minjak kalapa, digoeloeng-goeloeng koe ramo; geus kitoe ditaplokkeun kana raheut tea. Blasana eta raheut katjida tereh tjageurna. Tapi samemehna dioebaran, eta raheut koedoe dikoembah heula sing bérésih pisan koe godogan akar tanggoli.

4. Raheut lantaran kakadek sok tereh tjageur koe geutah gébang. Samemehna dioebaran koedoe dikoembah heula masing bérésih.

5. Raheut anoe karasana panas djeung katjida njérina, sok leungit njérina koe senggang-tjoetjoe; daoenna dirieus sing lémboet, dioebarkeun. Daoen senggang-tjoetjoe bawana tiis.

6. Seureuh oge dirieus, beunang dipake oepar raheut. Anoe koedoe dioebaran koe ieu, lamoen raheutna ateu.

Tjatjingeun.

Anoe sok tjatjingeun babakoena pisan boedak. Ari katjirina tjatjingeun: beuteungna boengkiang, boeokna tjaréngkat, boeloe-panonna rarapét djeung iroeng getek.

Démi oebarna:

1. Boeah oedani (= katjékloek-tjékloek, basa Djawa = akar poentianak, Mal. = oedani, Batawi). Eta boeah sok diséboet „tjégoe” atawa „tjékloek”. Keur ka boedak leutik mah 3 atawa 4 siki téh geus meudjuehna; keur boedak anoe geus géde koedoe rada loba. Eta boeah koedoe didasarkeun.
2. Koneng-tinggang saladjor diparoed, tjaina saténgah tjatjangkir, dioedék. Ingkeun kira-kira 2 djam, ti dinja disaring. Isoek didasarkeun.
3. Moengsi Arab 2 sendok géde pinoeh, diboentéi koe lamak, toeloj digodog tjaina 2 tjatjangkir, népi ka tjaina ngun kari saténgahna. Toeloj boentélan moengsina didjait; ari tjaina téroes digodog, digoelan koe goela kawoeng. Eta godogan moengsi tea koedoe didasarkeun, sarta isoekna koedoe nginoem kaestrolli.

4. Ngala mangandeuah doea-tiloe dahan, koneng-tinggang 2 c.M. (\pm 2 boekoe tjoeroek) djeung oejah saeutik; tjaina satengah botol limoenadé. Toeioej digodog népi ka tjaina kari satengahna deui. Eta godogan koedoe didasarkeun.

Tjatjing pita.

1. Keur kolot: 500 népi ka 1000 siki waloeh, keur boedak satengahna atawa sapértiloena ti dinja. Eta siki waloeh badena pisan koedoe didasarkeun; tapi anoe didaharna ngan eusina siki bae, djadi koedoe dipések heula. Heuleut doea djam ti méntas dahar siki waloeh, koedoe nginoem kastrolli.

2. Tjipati kalapa hedjo noe lékoh saloemoer, didasarkeun salag^{oek} téroes népi ka beakna: boedak satengahna atawa sapértiloena.

k. TAMBA PATEK.

Noe sok kataradjang patek, lolobana oerang Priboemi, radjeun oge bangsa Tjong Hoa, tapi teu loba; ngan oerang Europa anoe sunasakali tara kataradjang teh. Aja tambana anoe matih kabina-bina, nja eta anoe patek teh disoentik make „neo-salvarsan“, koe sakali njoentik oge tjageur, toer teu karasa njéri.

Keur basa rame keneh pérang mah hese pisan meunangna eta oebar, tapi ajeuna mimiti loba deui.

Kalawan pamendoetna toean Hoofdinspecteur B. G. D. geus disadiaan doeit keur meuli eta salvarsan, pikeun njoba² ngabasmé panjakit anoe sakitoe njoesahkeunana, matak borok mangtahoentahoen, katoeroeg-toeroeg gède katjida bahlana deui. Eta tjobaan lain keur nembongkeun kakoeatanana eta oebar, sabab ari kamindjoeranana mah poegoeh ge geus njata. Lamoen oerang nendjo matihna ieu soentikan, sanadjan ngan sakali oge geus tangtoe heran, sabab népi ka kawas noe soelap bae: ajeuna disoentik, heuleut doea atawa tiloe poé. njéri dina dampal soekoe djeung kabeh patek teh leunglit; antara 100 djéléma anoe disoentik, ngan oekoer aja saorang anoe koedoe disoentik doea kali teh.

Tjobaan anoe diséboet di loehoer, maksoedna baris ngarobah atoeran anoe salah, nja eta pamarentah sok maparin eta oebar paratjoemah, teu pilih anoe beunghar atawa miskin. Ajeuna rek ditjoba koemaha kadjadianana lamoen somahan² koedoe malajar, ibarat meuli eta oebar. Sagala barang anoe rada hese diteanganana atawa koedoe kalawan dibeuili, biasana sok diadjian koe oerang, lain kitoe? Djeung deui pakeun di djéléma anoe taljan kapandjangan elmoe, tangtoe boga pikiran kieu: „Eta barang beunang koe dipenta bae, henteu koedoe dibeuili, tangtoe eta barang teh euweuh pangadjina“.

kioerat. Samemehna dipake koedoe dikoembah heula sing bérésih pisan, toeloej digoeloeng-goeloeng koe ramo, mambrih kaloe ar tjalna. Sanggeus kitoe toeloej ditaplokkeun kana raheut tea. Dina sapoé koedoe diganti tiloe kali.

2. Ari raheut anoe teu djero hade dioebaran koe widara-oepas. Samemehna dioebaran, raheutna koedoe dikoembah heula sing bérésih koe godogan patje sawit, hartina: patje, papagan djeung akarna tina tjangkoedoe satangkal. Sanggeus kitoe raheutna ditoepe koe widara oepas beunang ngeureut ipis. Lamoen raheutna djero, hade dioebaran koe ieu: njokot akar tanggoli bobot roepia 20 à 30, tjal sablek minjak tanah, toeloej digodog nepi ka karl $\frac{3}{4}$ na deul. Raheutna dikoembah koe eta godogan, sarta dikétjéran deuih.

3. Daoen bebésaran dileumpeuh, toeloej dioelasan minjak kalapa, digoeloeng-goeloeng koe ramo; geus kitoe ditaplokkeun kana raheut tea. Blasana eta raheut katjida tereh tjageurna. Tapi samemehna dioebaran, eta raheut koedoe dikoembah heula sing bérésih pisan koe godogan akar tanggoli.

4. Raheut lantaran kakadek sok tereh tjageur koe geutah gébang. Samemehna dioebaran koedoe dikoembah heula masing bérésih.

5. Raheut anoe karasana panas djeung katjida njérina, sok leungit njérina koe senggang-tjoetjoe; daonna dirieus sing lémboet, dioebarkeun. Daoen senggang-tjoetjoe bawana tils.

6. Seureuh oge dirieus, beunang dipake oepar raheut. Anoe koedoe dioebaran koe ieu, lamoen raheutna ateu.

T j a t j i n g e u n .

Anoe sok tjatjingeun babakoena pisan boedak. Ari katjirina tjatjingeun: beuteungna boengklang, boeokna tjaréngkat, boeloe-panonna rarapét djeung iroeng getek.

Démi oebarna:

1. Boeah oedanl (= katjékloek-tjékloek, basa Djawa = akar poentianak, Mal. = oedani, Batawi). Eta boeah sok diséboet „tjégoe” atawa „tjékloek”. Keur ka boedak leutik mah 3 atawa 4 siki teh geus meudjehuna; keur boedak anoe geus géde koedoe rada loba. Eta boeah koedoe didasarkeun.
2. Koneng-tinggang salodjor diparoed, tjaina saténgah tjatjangkir, dioedék. Ingkeun kira² 2 djam, ti dinja disaring. Isoek² didasarkeun.
3. Moengsi Arab 2 sendok géde pinoeh, diboentél koe lamak, toeloej digodog tjaina 2 tjatjangkir, nepi ka tjaina ngan kari saténgahna. Toeloej boentélan moengsina didjait; ari tjaina téros digodog, digoelaan koe goela kawoeng. Eta godogan moengsi tea koedoe didasarkeun, sarta isoekna koedoe nginoem kastroll.

4. Ngala mangandeuhan doea-tiloe dahan, koneng-tinggang 2 c.M. (\pm 2 boekoe tjoeroek) djeung oejah saeutik; tjaina satengah botol limoenadé. Toeioej digodog népi ka tjaina kari satengahna deul. Eta godogan koedoe didasarkeun.

Tjatjing pita.

1. Keur kolot: 500 népi ka 1000 siki waloeh, keur boedak satengahna atawa sapertiloeana ti dinja. Eta siki waloeh hadena pisan koedoe didasarkeun; tapi anoe didaharna ngan eusina siki bae, djadi koedoe dipéseke heula. Heuleut doea djam ti méntas dahar siki waloeh, koedoe nginoem kastroli.

2. Tjipati kalapa hedjo noe lékoh saloemoer, didasarkeun salagrok² téroes népi ka heakna: boedak satengahna atawa sapertiloeana.

k. TAMBA PATEK.

Noe sok kataradjang patek, lolobana oerang Priboemi, radjeun oge bangsa Tlong Hoa, tapi teu loba; ngan oerang Europa anoe samasakali tara kataradjang teh. Aja tambana anoe matih kabina-bina, nja eta anoe patek teh disoentik make „neo-salvarsan“, koe sakali njoentik oge tjageur, toer teu karasa njéri.

Keur basa rame koneh pérang mah hese pisan meunangna eta oebar, tapi ajeuna mimiti loba deui.

Kalawan pamoendoetna toean Hoofdinspecteur B. G. D. geus disadiaan doeit keur meuli eta salvarsan, pikeun njoba² ngabasmu panjakit anoe sakitoe njoesahkeunana, matak borok mangtahoentahoen, katoeroeg-toeroeg gède katjida bahlana deul. Eta tjobaan lain keur nembongkeun kakoeatanana eta oebar, sabab ari kamandjoeranana mah poegoeh ge geus njata. Lamoen oerang nendjo matihna leu soentikan, sanadjan ngan sakali oge geus tangtöe heran, sabab népi ka kawas noe soelap bae: ajeuna disoentik, heuleut doea atawa tiloe poé. njéri dina dampak soekoe djeung kabeh patek teh feungit; antara 100 djéléma anoe disoentik, ngan oekoer aja saorang anoe koedoe disoentik doea kali teh.

Tjobaan anoe diséboet di loehoer, maksoedna baris ngarobah atoeran anoe salah, nja eta pamaentah sok maparin eta oebar paratjoemah, teu pilih anoe beunghar atawa miskin. Ajeuna rek ditjoba koemaha kadjadianana lamoen somahan² koedoe malajar, ibarat meuli eta oebar. Sagala barang anoe rada hese diteanganana atawa koedoe kalawan dibeuhi, biasana sok diadjar: koe oerang, lain kitoe? Djeung deui pakeun di djéléma anoe tatjan kapan-djingan elmoe, tangtöe boga pikiran kieu: „Eta barang beunang koe dipenta bae, henteu koedoe dibeuhi, tangtöe eta barang teh euweuh pangadjina“.

Djaba ti eta tangtoe moal kabédag lamoen sakabeh anoe patek dioebaranana pértjoemah bae, sabab noe patek teh lain sareboe-doea reboe, tapi kapan ratoes reboe reana, mangkoning dina sakali njoentik pangadji f 3.50.

Di afdeeling Pandeglang (Karésidenan Bantén) eta atoeran di-djalankeunana kira² geus tiloe boelan liana; kalawan oesahana Djoeragan Doktor R. HAMIMZAR, sarta geus kaboektian, mang-ratoes-ratoes djélèma noe patekna tjalageur hén-teu make doeit nagara (ari doeit nagara teh nja doeit padjég anoe ti djélèma tea hartina). Ajeuna B. G. D. rek ngadjalankeun eta atoeran, djeung geus ngirimkeun pirang² oebar neo-salvarsan ka doktor² panjakit koelit noe digawe di polikliniek C. B. Z. Salemba, di roemah sakit Tjikini, di Roode-Kruis (Kemajoran) pikeun soentikan paratjoemah keur noe miskin noe menta oebar geusan ngoebaran patekna. Eta soentikan teh ngan geusan pangadjak bae; djadi lamoen eta neo-salvarsan geus beak, kabeh anoe disaroentik koedoe majar f 3.50, hartina majar harga oebar bae, ari oesaha djeung pitoeloeng doktor mah hén-teu koedoe dibajar.

Pikeun soentikan salvarsan, Polikliniek C. B. Z. Salemba diboeka oenggal² poëan digawe (werkdagen) poekoel 8 isoe, di Tjikini oenggal poë Salasa, Kémis djeung Saptoe poekoel 10 isoe, ari di Roode-Kruis (Kemajoran), oenggal² poë Salasa djeung Kémis poekoel 11 isoe.

Nja ajeuna waktogna oerang Priboemi noe rada boga, noe njaah ka bangsana, koedoe daek noeloengan bangsana anoe mariskin teh; noe djadi djoeragan sing daek noeloeng ka djélèmana dj. st.

Meureun teu koedoe ditérangkeun deui, jen pitoeloeng Polikliniek teh, lain baris noe hiroepna toemaninah, sabab eta mah djélèma boga; boga keur majar ongkos doktor; bisa menta bae ka doktor-doktorna atawa datang ka doktor panjakit koelit.

25. HAL PANGAWEROEH AWEWE.

" HAL NGATIK BOEDAK.

Hal ngatik boedak dina mimiti, nja eta ti barang borodjol népi ka oemoer 6-7 tahoen, pang-pangna pisan aja dina tangoengan indoeng. Eta heurat kabina-bina, sabab sae anoe ahli elmoe-atik, ti barang boedak didjoeroekeun népi ka oemoer toedjoeh tahoen, babakoena di dinja ngabangoenna waték djeung akal teh.

Djeung saorna deui, nja dina waktoe eta baroedak teh pang-lobana meunangna dedeangan djeung tetendjoan noe maneuh narapak dina atina, djadi adat djeung pamake, nja eta sagala



Raden Adjeng KARLINAH,
Goeroe Istri Priboemi anoe mimiti pisan meunang „hulpacte”.

pérkara anoe gède pisan gawena kana djalan kahiroepanana mangke di ahir.

Koe hal eta indoeng teh koedoe ingët sapapandjangna. Jen manehna boga kawadjiban anoe sakitoe beuratna, sakitoe kesena, sarta djadina adat djeung waték anak-anakna teh, eta kabeh aja dina gëgëmanana.

Ti boeboedak keneh baroedak teh koedoe dibiasakeur daek noeroet kana papatah djeung ngaloris lampah sorangan koe pribadi. Boedak teh seukeut pisan rasana, gantjang nakër njahoëun, naha omongan indoengna teh koekeoh tjara wet atawa hënteu.

Sagala djangdji indoeng sabeunang-beunang koedoe diboeuktikeun djeung sagala sêtrapan, sanadjan sakoemaha beuratna oge, koedoe didjalankeun.

Di hareupeun boedak, noe djadi kolot, koedoe djadi tjonto hade, oelah tembong pasea atawa todjaiah, karena kalakoean kitoe teh saroea bae djeung njontoan goreng ka boedak. Kitoe deui oelah sok mærtjajakeun teuing baroedak ka boedjang. Ari dahar baroedak teh leuwih hade diadjak berëng bae, soepaja ti boeboedak keneh geus njaho koemaha pëta-pëtana atoeran noe dahar; moen manehna ngalanggar atoeran, dina mimiti hade geunggeureuhkeun bae, oepama ngalampahkeun deui, koedoe dítitah njingkah ti tempat dahar, ka lian tempat, disina dahar sorangan.

Sabeunang-beunang lamoen njêtrap teh oelah sok beurat teuing, djeung oelah dikodekan teuing sagala kasalahanana; ari kitoe mah bangsa kasalahan anoe laleutak-laleutik, soemawonna noe lain lantaran manehna mah, hade antép bae. Lantaran kallroe atawa beurat teuing njêtrap, bisa djadi oge matak wangkëlang ka boedak djeung ngaroeksak kaadilan hatena.

Tina hal ngarangket boedak geus reja pisan noe ngoeroeskeun, sawareh rarëmpoeg sawareh deui hënteu. Tapi koe oerang beunang didjieun patokan, jen boedak noe leutik keneh, noe tatjan ngarti djeung tatjan njaho di adil oelah pisan rek dirangket.

Djeung deui oerang koedoe ingët, jen waték boedak teh beda, aja noe koe dirangket teh achirna djadi aloes, ari sawareh deui mah djadi goreng, adatna roeksak.

Noe djadi kobt koedoe ingët, oelah pisan rek njêtrap boedak dina keur ambëk, karena bisa djadi oge merena sêtrapan beurat teuing. Oepama amarah oerang geus leungit ënja djeung oerang geus bisa nimbang kasalahan boedak teh kalawan sabar, kakara hade oerang meie sêtrapan.

Sêtrapan anoe adil, komo lamoen make ditërangkeun sabab-sababna pangna disêtrap mah, eta hade kabina-bina. Ari sêtrapan teh teu beunang pisan pérkara noe pikasieuneun ka boedak, tjuraning ditoetoep di kamar poëk atawa disingsieunan koe bangsa djoerig atawa sato.

Njêtrap boedak: teu beunang miloe njaba djeung indoeng atawa teu beunang miloe oelin djeung batoer oelinna, kaasoe kana sêtrapan anoe katjida aloesna. Noe mere sêtrapan teh salawasna koedoe indoeng pribadi, teu beunang pisan nitah deui kâ noe sedjen. Sabalikna, pagawean anak noe hade, koedoe diboeroehan, ari boeroehanana mah, koe pamoedji djeung koe dihatean oge, eta dianggap boeroehan anoe gède pisan koe boedak. Akal boedak teh sok gantjang boekana, sarta ana geus boeka sok toeloj sagala roepa hajang njaho sabab-sababna atawa koemaha-koemahana. Tah nja ti harita mimitina ngatik ênjaän mah. Loba pisan kolot² noe sok keuheuleun ana anakna hantêm tatanja bae teh sarta kakeuheulna teh sok dihadja ditembongkeun. Eta teu hade pisan. Indoeng noe hade, tara pisan ngarasa bosën ditanja koe anakna, sabab indoeng teh salilana ingêt, jen sagala barang anoe kaprah, anoe loembrah katendjona koe indoeng, ari koe boedak mah katendjona aneh pisan.

Boedak anoe teu eureun³ tatanja, eta tanda jen rêsêp kana rea pangaweroeh djeung rêsêp kana diadjar. Bisa ngadjawab sagala përtanjaän baroedak teh, eta hidji kapintëran indoeng anoe gède katjida; tapi oepama ditanja përkara noe hese, oelah rëk didjawab koe katëranan² noe djarëro, indoeng teh beunang ngabedjakeun ka anakna, jen eta përtanjaän moal didjawab, karana moal pika-kartieun koe boedak.

Satatjanna oemoer 6 à 7 taohen, boedak teh tatjan beunang ngamimitian diadjar ênja-ënja.

Diadjarpa koedoe bari oelin, nja eta soepaja bari djeung rêsêp. Lamoen kitoe dilakoekeunana geus teu mangmang deui tangtoe aloes djadina.

Djaman baheula mah noe sok diatik ênja-ënja teh ngan boedak lalaki bae, ari awewe mah teu pati dipërloekeun, tapi ka-bëh-dieunakeun, soemawonna djaman ajeuna, baroedak awewe teh koedoe bisa digawe tjara boedak lalaki, malah loba noe koedoe bisa njari kahiroepan sorangan.

Baroedak awewe bangsa somahan mërloekeunana pisan kana diadjar: olah-olah, ngapoet, ngabatik djeung salian ti eta, ari bangsa menak mërloekeunana kana pagawean aloes, kajaning diadjar moesik, ngabordel, ngagambar djeung salian ti eta.

Boedak awewe noe meunang pangadjaran hade, lain bae djadi papaes dina koempoelan-koempoelan, tapi piêngkeunana djadi papaes di imahna djeung koelawargana. Koesabab eta pikeun menak², dina milihna sakola pikeun poetrana, boh sakola klasa boh sakola anoe bari djeung dipondokan pisan (kotschool), koedoe milih sakola anoe hade pangadjaranana dina hal ngamoesik, ngagambar, ngabordel djeung salian ti eta, sarta anoe ngaraksana di lear sakola saroea bae djeung di djëro sakola, djeung ngelinganana

kalawan lémah-lémboet, kalawan tjinta hate, ambeh di achir djadi pangling-eling, ana ras ingét ka alam manehna sakola, djadi kaboengahan kana hatena.

b. NGABERESIHAN MARMER.

Marmēr anoe diplara hade², ngabérésihanana tjoekoep koe dikoembah bae make saboen, dikosokna koe sikat.

Lamoen eta marmēr roto tingbaréntjlok ngabérésihanana make ieu:

kapoer beunang ngarieus népi ka lémés 1 ons = ± bobot 3 roepia, batoe kambang beunang ngarieus datang ka lémés 1 ons = ± bobot 3 roepia djeung 2 ons = bobot ± 61 kētip soda. Ieu noe tiloe roepa barang dibaoerkeun sing baoer pisan, toeloj diajak. Ti dinja ditjitan koe tjipanas sing djadi boeboer, toeloj dioelaskeun kana marmēr tea, palébah noe kotor mah koedoe rada dikandélan.

Geus kitoe koe oerang koedoe diingkeun sapeuting, isoekna kakara dikoembah deui.

Aja deui pētana ngabérésihan marmēr kieu:

Njokot kandji doea sendok-makan ditjampoeran tjatah saeutik kira³ tépi ka djadi boeboer kēntél; diadoek koe sendok kai datang ka lémboet. Bari dikotjek, tjoer tjitian koe tjiasak noe ngagolak diadoek tépi ka boeboer téh ngentjong. Eta boeboer dioelaskeun kana marmēr toeloj diingkeun disina toehoer. Ti dinja toeloj eta boeboer dikolotokkeun tina marmérna, téros dikoembah sing bérésih koe tjisaboen. Koe oxaalzuur di oenggal² apotheek oge aja. oerang bisa ngaleungitkeun roto noe tingbaréntjlok, ngan ngosokkeunana koedoe gantjang, geus kitoe geuwat dikoembah deui, bisi matak ngaleungitkeun roepana marmēr noe asal.

Ngabérésihan pigoera (schilderijen).

Katjana. Ngabérésihanana katja pigoera koe dikosok koe splritus 1 sendok-makan ditjampoeran doea tjatjangkir tjipanas, dikosokkeunana koe koelit gems atawa zeem (1) sing tépi ka djoeroe-djoeroena, kade kana palipidna, kakara disoesoet koe lamak noe toehoer.

Palipidna noe diémas. Lamoen erémasna bangsa aloes mah, tjoekoep koe dikoembah bae, dikosok koe lamak soetra. anoe dipake ngoembahna tjampoeran spiritus djeung tjipanas anoe saroea lobana. Geus kitoe dikosok népi ka toehoer koe lamak soetra.

Lian ti eta beunang oge dibérésihan koe satjatjangkir tjigodogan bawang (bawangna 3 sihoeng), haneut² dikosokkeun, erémasna sok bérésih djeung herang deuih.

(1) Anoe sok dipake ngosok tasma koe toean-toean.

Ngabérésihan eunteung.

Ngabérésihanana eunteung dikosok lalaoenan koe tjai haneut-koekoe noe geus meunang njampoeran koe ammonia saeutik. Tapi kade oelah antél kana palipidna (élesna) soemawonna moen erémas mah.

Lamoen eta eunteung lila teu dibérésihanana tépi ka roto ting-béréntjlok, leuwih hade dikosok koe kapoer meunang ngarieus ditjamperan koe alcohol atawa spiritus sing djadi boeboer. Eta boeboer dipoelaskeun kana eunteung, antép sing tépi ka toehoerna, toeloej dipoepees deui koe lamak bangsa pérnel atawa soetra.

Ngabérésihan wadja.

Ngabérésihan wadja dikosok koe hampélas kérétas noe aloes pisan No. 0 ngosokna koedoe anggér sadjalan bae. Batoe asahan beunang ngabébék sing lémbuet, eta oge hade baris ngosok wadja. Eta bébékkan batoe asahan ditjamperan minjak tanah atawa spiritus, toeloej kosokkeun make lamak pérnel, geus kitoe dikosok deui koe bébékkan noe toehoer make lamak toehoer.

Ngabérésihan tambaga.

Tambaga dibérésihanana dikosok koe bébékkan batoe asahan ditjamperan minjak terpentijn atawa minjak tanah. Dimana geus toehoer énja, dikosok koe lamak soetra atawa pérnel noe toehoer.

Oge bisa dibérésihan koe dikeueum dina tjai borax beunang ninjoeh koe tjai, toeloej dikosok koe djeroek beunang ngeureut, geus kitoe dikoembah deui, djeung dikosok sing tépi ka toehoer.

Ngabérésihan gading

Mimitina barang² noe didjieunna koe gading teh dikoembah koe saboen atawa dina tjai haneut-koekoe, oepama tatjan bérésih bae, dikosok deui koe oejah atawa tjoeka djeung tjidjeroek. Hade oge toeloej dipoé, tapi moéna koedoe ati³ oelah tépi ka garing pisan, karana lamoen garing teuing sok bengkok.

Miara barang² bangsa perak.

Soepaja barang² bangsa perak tétép aloesna koedoe dioeroes hade² pangillana oge tiloe minggoe sakali mah koedoe dibérésihan.

Koedoe ati³ pisan soepaja oelah goegoes, noe matak diteundeunna oge oelah dibaoerkeun djeung bangsa barang² noe seukeut. Ari ngoembahna koe tjipanas beunang njampoeran koe ammonia sa-

eufik djeung saboen. Toeloej disèrèbetan hidji² sing toehoer pisan.

Lamoen sangeus dikoembah teh toeloej dihearkeun bae, hartina masih keneh aja tjal dina eta barang perak, eta bisana koedoe bae aja oeroetna, sarta henteu gampang ngaleungitkeunana.

Ari njanglingna barang perak, oerang koedoe njampoerkeun ti-poeng kapoer djeung ammonia atawa spiritus sing tjara boeboer. toeloej barang perak' teh dipoelas koe eta:

Toeloej diingkeun sina toehoer heula. Dimana geus toehoer ènja. kakara' dikosok koe pèrnel atawa soetra.

Peso djeung garpoeh perak anoe gagangna koé gading atawa toelang teu beunang diantjilomkeun djeung gagang-gagangna kana tjipanas, sabab èlim (pangrapèt) anoe mageuhkeun peso kana gagangna tangtoe leeh, heug bae pesona molonjon.

Koe lantaran eta, koedoe ati² pisan soepaja gagangna oelah antél kana tjal. Oelah pisan rek ngingkeun hampas teh dina potjl-teh perak lamoen eta potjl méntas dipake koedoe geuwat dikoengkoe-raham koe tjipanas. Lamoen eta potjl ti djèrona koe lantaran dipake, tèpi ka aja sémoe hideung, koe oerang koedoe dieusian tjipanas make soda, toeloej diingkeun meunang sapeuting.

Ti dinja toeloej dikoengkoearahan koe tjipanas.

Ngabèrèsihan gèdah.

Ari bangsa bèling mah lain deui ngabèrèsihanana oge.

Bangsa bèling teh dibèrèsihanana dikeueum koe tjipanas. beunang njampoeran koe saboen saeutik djeung dikètesan ammonia doea-tiloe kèstjak. Toeloej diseka hidji² koe lamak ipis, oelah noe boeloean. ti dinja ditohoerkeun koe diangin-angin. Oepamana bae loemoer oeroet yadak soesoe, eta koedoe geuwat² dieusian tjal soepaja soesoena henteu toehoer di djèro loemoer; ana soesoe toehoer man-ten, sok hese dilkoembahna.

Soepaja loemoer bisa herang ngagèntjlang, tjal noe baris ngoem- bahna teh koedoe ditjoekana saeutik. Ari loemoer anoe make dikembang-kembang koe oekiran niah dibèrèsihanana koedoe make sikat.

Ngabèrèsihan botol.

Botol dibèrèsihanana koe tjipanas, poeroeloekan koe teh saeutik atawa koemèli atah, beunang ngeurentan, toeloej diingkeun, sa- keudeung-sakeudeung botol teh dikotjlok.

Koe tjoeka djeung oejah badag botol teh bisa herang saasal deui, ari lobana, moen oejahna sabagian tjoekana doea bagian. Lamoen botol teh henteu toeloej herang, tjoeka djeung oejah tea koedoe diingkeun di dinja rada lila.

Maehan taga (').

Koetoe andjing. Leungitna ieu taga ngan koe bërseka katjida, koe hawa bërèsih, koe tjaang djeung koe tjahja panon-poë. Ari ngalobaanana koetoe andjing teh, di noe panas, noe kotor djeung di noe poëk. Lamoen di énggon aja koetoe andjing, kasoer djeung anggël koedoe dipoë, djeung beusl² randjang, nja kitoe deui oebin handapeun katil, koedoe dikoembah make saboen carboi.

Djeung lawang² sarta djandela² koedoe diboekaan dikéblakkeun, soepaja hawa ti loear anoe bërèsih bisa asoep. Baris ngaleungitkeun koetoe andjing aja roepa² poejër di apothek, diséboetna „vlooienkruid”. Koe kapoerbaroes, diawoeran, koetoe andjing sok njingkah.

Gégét. Ieu taga karésépna pang-pangna njajang dina sajet djeung bangsa boeloe² djeung dina bangsa lakén, sarta katjida ngaroeksakna. Hade pisan oepama barang bangsa kitoe teh disikat sing bërèsih; lamoen pakean, hade oge ditilépan, toeloej diboengkoes koe soerat-kabar make kapoerbaroes atawa naphtaline, téroes diampihan.

Gégét teh teu rèsépeun pisan kana mangsi tjitak, soemawonna oepama mangsina anjar keneh mah, djadi baris boengkoes teh oelah koe soerat-kabar anoe geus lila teuing. Bangsa éwol djeung bangsa lakén hade oge diboengkoes koe lawon. Kana lawon gégét teh tara daekeun, noe matak lawon teh hade baris boengkoes.

Toembila. Toembila di Hindia loba pisan djeung lantaran tereh pisan ngalobaanana, koe sabab eta, di mana oerang manggih toembila di énggon, harita keneh koedoe téras dibasmi. Biasana ajana teh diénggon djeung sabangsana. Kasoer koe oerang koedoe geuwat dipoë sarta disikat sing imeut, komo dina wiroe² djeung lélégokanana mah. Parabot² randjang bangsa beusi djeung bangsa kal koedoe dilanaan, dikoembah koe saboen carboi djeung tjal. toeloej dipéntrangkeun di noe panas pisan, ti dinja dioelasan koe terpentijn.

Di imah noe bërseka énja, arang langka aja toembila.

Beurit. Akalna ngabasmi beurit oelah disina meunang baranghakan naon², poma di imah oerang oelah aja anoe moeka, anoe beunang dipake djalan koe beurit malingan kahakanan.

Koe doea atawa tiloe oetjing djeung sénteg atawa tjoebloek doea tiloe oge tjoekoep keur ngabasmi beurit. Bisa oge dibasmi koe dibaroeang, make phosphorus-pasta, di oenggal apothek oge aja. Dipétakeunana digalokeun djeung daging, tah koe ieu akal bisa hasil maksoed oerang teh, ngan handjakalna teh sok risi bisi kahakan koe sedjen sato tjoo oerang.

(') Dina basa Walanda diséboetna „insect.”

Laleur. Lamoen oerang di imah poesing lantaran loba laleur, akalna noe panghadé-hadéna teu aja ljan kadjaba ti oenggal² panto djeung djandela, sisi-sisina, dioelasan koe carbol-tjampoeran kira² 5% (1), koe baena eta, laleur teh teu daekeun asoep. Ari péfana ngaleungitkeun laleur ti tépas atawa ti téngah imah, noe dipake kértas laleur (vliegen papier), oerang oge bisa njeun pribadi; njokot bae kértas anoe roepana sémoe beureum beunang ngoelasan koe madoe atawa sirup toeloelj dipoeroeloekan poejer seto leutik (insecten poeder) di oenggal apothee² oge aja.

Bisa oge oerang maehan laleur koe akal ieu: lawang djeung djandela ditoetoep, toeloelj meuleum walirang di djéro imah.

Tarekah dina waktoe kahoeroean.

Dina lébah aja kahoeroean anoe pangpangna pisan oerang koedoe djédjég ingétan.

Lamoen koelamboe kadoerock, eta mindéng pisan kadjadian, koelamboe teh koedoe dikénjang, balangkeun ka taneuh toeloelj diképoekan koe kaenpanas atawa andoek beunang ngabaseuhan.

Lamoen koelamboe noe koeroeng teh geus dina taneuh, hade bandjoer koe tjai oepama gampang ngalana atawa aer-walanda.

Lamoen lampoe tidjoengkél, sarta minjakna hoeroeng dina taneuh, oelah dipareuman koe tjai, tapi koe keusik atawa léboe.

Lamoen aja noe kadoeroek papakeanana, koedoe geuwat ngédéng dina taneuh (seuneu teh hoeroengna lémpéng ka loehoer, lamoen eta djéléma nangtoeng bae gampang pisan seuneu teh ngaléntah kana beungeut djeung kana boeok). Ari dlkédéngkeun mah seuneu teh hoeroengna saénggon bae, malah lamoen dipake goegoelingan mah sok pareum sorangan. Lamoen kabéhéran aja bangsa kaenpanas atawa paramedanl djeung sabangsana, noe kadoeroek teh, bari goegoelingan, koedoe sina ngagoeloeng manéh koe kaenpanas tea, tangtoe seuneu pareum.

Oelah pisan loempat ka loear bari gégéroan menta toeloeng, eta sok matak beuki katjida bae, tapi loembrahna djéléma teh sok hajang kitoe, loempat bari gégéroan menta toeloeng. Lamoen di djéro imah kahoeroean sarta pinoe koe haseup, kapaksa oerang koedoe loempat ngallwat ka dinja, njokot bae handdoek atawa sérébet baseuh pake meungpeukan iroeng djeung soer.goet oerang ditalikeun. Haseup teh teu bisa asoep kana sérébet baseuh, loer oerang bisa ngambékan. Ari leumpangna asoep ka imah noe pinoe koe haseup kitoe, koedoe ngorondang. Beuki deukeut kana taneuh, beuki hén teu sakoemaha ripoehna koe haseup.

Raheut koe seuneu, oelah rek katjalan, sabab sok beuki katjida. Leuwih hade dioebaran koe minjak léndah ditjampoeran koe apoe.

(1) Hartina carbol 5 bagian, tjaina 85 bagian.

Ngaleungitkeun taratol tina lamak.

Taihiang. Roto noe kieu beunangna koe zuringzuur. Mimitina sadia wadah beunang ngeuslan koe tjipanas; lamak noe aja rotona teh dibaseuhan heula, toeloej diheberkeun dina wadah lëbah rotona. Toeloej dipoeroeloekan zuringzuur palëbah rotona, ti dinja dikosok make lamak beunang ngabaroendëikeun (lamoen dikosokna koe ramo, bisa djadi oge ramo oerang koe zuringzuur molotok). Tjai anoe ngagolak dina bak anoe saabna njamboeang ka loehoer koe oerang antëp bae sina moepoet zuringzuur noe dioelasteun kana roto taihiang, tea, nëpi ka tapak taihiang teh beuki lila beuki ipis.

Totol mangsi. Lamoen kamangslanana teu lila teuing, di-leungitkeunana totol mangsi teh, barangna digodog koe soesoe. Lamoen anoe geus lila, beunangna nja tjara ngaleungitkeun taihiang bae. Sok radjeun oge beunang koe kieu: palëbah noe kamangslan tea dimangslan beureum, toeloej diantëp sina toehoer. Ti dinja toeloej dikoembah. Mangsi beureum maehan mangsi hideung.

Ngabërësihan pakean anoe katjitjian anggoer atawa kageutahan koe boeah.

Palëbah noe katjitjian anggoer, dikosok koe oejah; mimitina diheberkeun di loehoereun pinggan, toeloej dikosok koe oejah, ti dinja ditjitjian tjipanas, kitoe bae sababaraha kali. Ari ngaleungitkeunana geutah boeah, koe zuringzuur atawa chloorkalk.

Ngabërësihan papakean noe kotor katjitjian teh atawa kopi.

Mimitina barang atawa papakean noe kakotoran teh diheberkeun di loehoereun pinggan, samemeh diheberkeun dibaseuhan heula, toeloej dikosok koe borax, ti dinja ditjitjian tjipanas; kitoe bae sababaraha kali. Moen teu daek beunang bae, make chloorkalk.

Ngabërësihan pakean noe kotor koe tjet.

Lamoen anjar keneh, beunangna dikosok koe terpentijn. Lamoen geus toehoer pisan, terpentijnna tjampoeran heula koe ammoniak saeutik.

Lamoen sleun moentah batikna atawa këmbangna, lantaran noe koe tjet teh palëbah noe aja këmbangna, dioelas heula koe minjak, kakara dikosok koe terpentijn.

Ngabérésihan tjimeuting.

Tjimeuting teh hese pisan dileungitkeunana. Tjoba² pakean oerang dibeberkeun dina papan sarta dibaseuhan dikosok koe oejah saeutik, toeloej ditjoba-tjoba dikosok koe tjidjérok, soegan bisa leungit. Moen teu daekeun leungit, njokot kapoer beunang mébék, poejérna tjampoeran tjai, oelasteun palébah tjimeuting tea, toeloej poékeun, ti dinja kakara dikoembah.

c. KABERSEKAAN.

Sanadjan sarerea geus pada térang oge ka noe diséboet „bérésih” tapi tatjan kabéh daraek bérseka. Komo oerang Priboemi mah masih loba keneh pisan anoe tatjan ngartieun kana pedahna bérseka.

Ari kabérsekaan tea loba kabina-bina pedahna.

Hal mangpaatna bérseka awak hénteu pérloe ditjaritakeun deui, da sarerea oge geus pada ngarasa pribadi. Saha² anoe hénteu bérseka, hénteu ngaraksa dirina, eta tembong pisan, jer tjoepét plkirna taja panalarna, datang ka tatjan bisa ngarasakeun kasenangan dirina sorangan.

Geus loba djéléma anoe imahna marake pantjaraken, kajaning: korsi, medja djeung sapapadana, tapi handjakal pisan lolobana tatjan barisaeun ngoeroesna, kakara „barisaeun” djeung „rarésép boga” bae. Hénteu koerang anoe baroga barang² araloes, tapi katendjona barangna teh baroeroek djeung kalotor, lantaranana taja lian ngan doemeh tara dioeroes tea bae, toengtoengna népi ka plnoeh koe pélédoeg. Lila² noe bogana émboengeun wake, da barang² garoreng kitoe, népi ka kapaksa koedoe meuli deui pantjaraken anjar toer maraha² deuih; ari pantjaraken anoe goreng tea kapaksa koedoe didjocal moerah.

Pangna meunang roegi kitoe, tetela koe polahna sorangan. Da lamoen eta pantjaraken salilana dioeroes mah, nadjan mangtahoentahoen oge, aloes tjara barang anjar bae. Oepama eta barang didjoeal tangtloe moal roegi, malah bisa djadi aja batlar. Sanadjan oepamana ngan pajoe sapameulina oge eta pantjaraken teh, masih beunang diséboet bati keneh, nja eta oerang make eta barang salila djadi milik oerang teu koedoe njewa. Komo djaman ajeuna mah, lain pérkara moestabil ngadjoel pantjaraken anoe geus dipake, meunang bati teh, da harga barang² heuki marahal bae. darapon barangna bae aloes keneh.

Ari babakoena mah lain ngingétkeun bati² kitoe, pangna di imah koedoe bérseka teh, tapi ari di imah bérseka mah ka oerangna matak walagri, sabab sagala barang anoe sok dipake koe oerang barérésih, moal aja bibit panjakitan. Kadoeana sagala anoe bérésih teh aloes, ngeunah katjida kadeuleuna.

Lamoen oerang neuleu paparabotan anoe bërèsih, sok bidjil sangkaan dina hate: moal gagal eta noe boga teh djéléma pangadjaran (ontwikkeld). Djeung énja deuih, ari kabërsekaan teh, eta tjitjiren djéléma pangadjaran. Djadi pamanggihna mangpaat keur anoe harajang make adat anoe hade; sarta ana dibiasakeun tangtöe djadi adat, adat anoe mangpaat tea.

Katiloé mangpaatna kabërsekaan ka djéléma, eta tetela katjida, nja eta: sakabeh pangabogana salilana aloes.

Koe sabab kabërsekaan teh tetela sakitoe mangpaatna, salah pisan lamoen oerang teu mërloekeun kana ngoeroes djeung ngabérésihan babandaan oerang. Démi pëtana ngabérésihanana kieu:

Isöok² imah oerang koedoe disapoéan masing bërèsih; tidinja ngöboetan pantjaraken (meubel) djeung sapapadana; [ngarah gantjang djeung babari, kékéboetna hade koe këloed (plumeau)]; sagala kokotor djeung pëlédöeg anoe narapël kana paparabotan koedoe beunang, népi ka bërèsih. Lamoen rada pageuh, ngabérésihanana hade koe lamak, pambrih oelah letjet djeung herangna anggër. malah sok tambah. Bangsa gédah djeung marmër ngosokna koedoe tarik, soepaja herang. Oepama katimbang përloe, hade dikosok deul, népi ka doea kali. Bangsa logam, koedoe mindéng dikosok népi ka herang; ari keur ngosokna aja parantina.

Démi ngabérésihanana pangtjopelna oge, sapoé teh koedoe doea kali: isöok² djeung pasasare; tapi ari kadeuleu përloe mah, dina téngah poé oge hade dibérésihan. Eta leuwih oetama, da pëlédöeg teh datangna taja këndatna, djadi ngabérésihanana oge koedoe mindéng.

Ari anoe koedoe ngoeroeskeunana hal ngabérésihan imah katoet pantjarakenna, eta awewe; ana noe djadi awewe gétol bëbérésih. tangtöe pisan landjang-landjangna oge kabawa garétol. Anoe djadi badega moal wanieun tinggal kahidéngna, sabab koe teu bëbérésih sakali oge katjiri, paparabotan hénteu harerang, lamoen koe oerang dirampai karasa ngërès, djeung narapël kana ramo oge. Anoe djadi awewe oelah arek përtjaja teuing ka badega tina përkara ieu oge, koedoe dianggap djadi kawadjiibanana nangen gawe kabeh boedjangna teh; djadi hal ngabérésihan pantjaraken oge koedoe daek nangen.

Sallan ti pantjaraken djeung paparabotan imah deuih anoe përloe pisan dibérésihan teh, saminggoe sakali oge geus meudjuehna, asal ngabérésihanana bae énjaan: bilik, lalangit, komo djoeroe-djoeroena mah, da sok pinoeh koe ramat geuning; tembokanana koedoe dikoembah, sarta disoesoet koe lamak sangkan toehoer (di sawareh tempat, diséboetna dipel). Hal „ngépel” teh, salianna ngabérésihan tembok imah, matak aloes kana parabot imah deuih. Galibna soekoe pantjaraken sok tereh nakër kotor koe pëlédöeg tina tembokan; ana tembokna bërèsih, soekoe pantjaraken oge moal kotor.

Anoe koedoe dibérésihan teh, lain bangsa pantjaraken anoe araloes bae, anoe garoreng oge pérloe pisan dibérésihan; sarta ana hade pangeroesna mah, barang anoe goreng oge katendjona hade.

Anoe sok bërseka teh, babakoena ngan djéléma anoe geus térboeka pikirna bae. Kabërsekaan, matak tambah loehoer kana martabat djéléma.

Naha, sanggeusna sakitoe tetelana, jen kabërsekaan teh matak tambah loehoer kana martabat djéléma, rek arëmboeng keneh bae kitoe kana bërseka teh?

d. NJIEUN KOEROEPOEK KOELIT DJEUNG KOEROEPOEK OERAT.

Moending djeung sapi, koelitna atawa oeratna sok didjarieun koeroepoek, koe djéléma²; tapi kabiasaanana, koelit noe sok didjieun koeroepoek teh, ngan koelit sisi-sisina bae, minangka pipitjeunanana, anoe moal kapake kana kapérloean sedjen, ari eta mah anoe kapake keur njieun roepa² parabot atawa bangsa papakean, tara. Démi koeroepoek oerat, noe didjieun oerat tjeker.

Ari pëtana njieunna kieu:

Koelit atawa oerat tea digodog sing népi ka asak pisan, sanggeus asak toeloej dikeureutan, gédena sakoemaha kahajang oerang bae; ti dinja toeloej dikoembah masing bérésih, téroes dipoé népi ka garing pisan.

Sanggeusna garing toeloej dikeueum koe minjak léndah tiis dina katel; ti dinja ditagogkeun diseuneuan, di mana minjakna geus ngagolak toeloej dikotjek, soepaja rata kaasakanana; lamoen geus tembong satengah asak, koedoe didjalt, téroes dipoé deui népi ka garing. Tah, eta koeroepoek atah, beunang diampihan moelan-malen.

Koeroepoek anoe geus lila diampihanana, di mana arek digoreng koedoe dipoé heula, mambrih daekkeun beukah; tapi celah ti pamoéan toeloej digoreng bae, koedoe ditiiskeun heula, sabab lamoen ti pamoéan teh téroes bae digoreng, sok teuas bae.

Soepaja pëlém djeung katjida beukahna, waktoe tadi ngagodogna koedoe lila, népi ka lamoen koe oerang eta koelit ditjotjog koe sapoe-pare oge teurak; ari satéroesna mah tjara noe geus ditjaitakeun tea bae. Koeroepoek anoe kitoe didjieunna, salian ti pëlém teh, eta ana digoreng beukahna, noe asal sagéde njeré teh népi ka djadi doea ramo.

e. NJIEUN DOEPA.

Ménjan beureum	9	bagian.
Tjandana	½	"
Ménjan bodas	7	"

Rasamala	½ bagian.
Kastoeri	¼ ..
Kajoe garoe	5 ..
Oeném	1 ..
Goela paslr	1 ..

Eta kabeh dirieus népi ka lémboet sarta digalokeun sing galo énja. Toeloej diingkeun dina tèmplatna. Di mana geus katendjo rada baseuh, kakara dipake.

Makena doepa teh teu pérloe loba². Sanadjan saeutik asal hénteu eureun² ngéloen haseupna, eta saroea bae djeung make loba.

Pétana ngoekoepp boeok.

Mimitina koedoe diangir heula sing bérésih. Toeloej dlandoeukan, tapi oelah népi ka toehoer pisan. Ti dinja dilkoekoedoengan; tapi beungeut mah teu koedoe ditoetoeupan. Toeloej njokot paroekoejan beunang ngarochakan koe roehak hoeroeng, toeloej diperoeloeukan doepa saeutik. Eta paroekoejan diasoeppkeun kana koekoedoeng, soepaja haseup doepa tea moepoet kana boeok djeung moepoetna oelah eureun², lamoen boeokna tatjan népi ka toehoer mah. Soepaja seungitna doepa teh pageuh kana boeok, boeokna koedoe téros digéloengan sarta di djérona disélapan kembang malati.

Pétana ngoekoepp papakean.

Sanggeusna papakean teh diseuseuh bérésih, diseuseuh kadoea kali make dilém. Di mana geus toehoer kakara dioekoepp.

Njokot koeroeng hajam anoe bérésih, anoe dibakoekeun paranti ngoekoepp, baris ngoekoepp papakean tea. Toeloej papakean noe rek dioekoepp teh roeroebkeun kana koeroeng tea. Paroekoejanana diteundeun di djéro eta koeroeng, lilana kira² 2 atawa 3 djam. Sanggeusna toeloej papakean teh ditiépan, di djérona make kembang anoe seungit.

Eta papakean teh seungitna hénteu leungit², ari teu diseuseuh mah.

f. SOP HOERANG.

Hoerang gède (hoerang barongsaj) tiloe noe salégér kneh digodog, toeloej ditiiskeun. Di mana geus tils, dagingna djeung éndogna, moen aja, dikaloearkeun; tapi daging tina djéro boentoet, soekoe djeung panjapit, koedoe dipisahkeun djeung daging beuteung nja kitoe deul djeung éndogna tea. Sadifakeun tjisop-daging atawa tjisop-hajam saeutik.

Toeloej njokot bawang gède tiloe siboeng, disiksik sing lémboet.

digoreng koe mantega sing nëpi ka beureum. Daging awak djeun endogna tea dibébék sing lèmbœt dina loeloempang, toeloj di tjampoerkeun djeung goreng bawang tea, make tipoeng sakeupeul kakara dikana-tjisopkeun noe beunang njadiakeun tea, ti dinja diasakkeun, kira² meunang saténgah djarn. Moen énggeus, toeloj disaring dina sedjen parioek noe bérésih sarta ditjampoeran daging boentoet djeung daging soekoes noe dipisahkeun tadi tea, beunang njatjag.

Toeloj tjampoeran tjabe saeutik djeung oejah, atawa make anggoer Madeira doea gelas, haneut-haneut diampihan.

Sop - Tirém.

Sadla sop tjara pikeun sop hoerang; toeloj njokot tirém 200 siki, dikaloearkeun, disaring sarta dipitjeunan djanggotna, tiran koe biring tjara sate, digodogna djeung biring-biringna, moen geus asak, tirém katoet panirna diabroekkeun kana beubeureum endog djeung kana tipoeng, geuwat goreng; moen énggeus, didjait, dikeureutan, biringna dipitjeun. Ti dinja tirémna diteundeun dina wadah sop, ditjittjan sop, noe beunang njadiakeun tadi tea, noe beunang njampoeran koe tjitirém sarta toeloj diasakkeun deul.

L a l a w a r.

Daging ditjuttjag ditjampoeran ladja beunang njiksik; bawang beureung katoentjar-djintén djeung oejah, dikétjéran djeroek mipis sarta digaléj sing hade; saénggeusna diembohan deul goreng bawang. tjabe djeung tarasi, digalokeun sing galo pisan, toeloj diasakkeun make tjai nëpi ka ngagolak doea kull, kakara didjait.

S a m b è l g o r e n g.

Tjabe djeung bawang atawa sereh disiksik, digoreng djeung hoerang garing (oedang-kéring); di mana geus asak ditjampoeran tarasi djeung tjasém, toeloj digoreng deul.

S a m b è l b a d j a g.

Njokot tjabe 40, sikina dipitjeunan, dirleus sing lèmbœt make moentjang 40 siki; toeloj toemis, siksikan bawang beureum djeung bawang bodas; lamoen geus saténgah maténg ditjampoeran tjabe djeung moentjang beunang rariéus tea, ditambahan sereh, daoén salam, daoén djeroek-poeroet djeung ijpati noe kimpél, toeloj diasakkeun, nëpi ka kaloear minjakna.

Kari djé pang.

Njokot hajam lintoeh, diteukteukan toeloj diolahkeun; ngan dadana diplasakkeun, teu diolahkeun, tapi ditjatjag djadi parakédel boengboena katoentjar djeung djintèn, beunang ngagoreng djeung daoen petèrseli djeung daoen bawang ngora, beunang njatjag atawa njiksik, pèdès, oejah djeung tjidjéroek mipis, toeloj parakédel tea didjieun parakédel laleutik, digoreng koe gadjih hajam atawa koe mantega; kaldoena diolahkeun deui make lalab-lalaban: kol, lobak, boentjis, katjang, polong ngora, iwoeng, daoen bawang, bawang beureum beunang njiksik sapiring, pala, tjéngkeh, kembang pala, pèdès, oejah, ketjap, djéroek-mipis; lamoen hajamna geus asak, kakara eta kabéh ditjampoerkeun djeung parakédel laleutik tea, diasakkeun deui népi ka ngagolakna.

Bobotok iwoeng.

Mimitna iwoengna dikeureutan lalémboet, toeloj digodog, moen énggeus toeloj njatjag daging sing lémboet; boengboena, katoentjar djintèn, pèdès, daoen djéroek-poeroet, sereh, ladja, djahe, bawang, moentjang, kalapa, beunang meuleum, kalapa beunang maroed, djeung kalapa atah saeutik, sangraj kabéh népi ka eta kalapa asak, toeloj djeung bawang téh ditoemis, make tjal djeung goela saeutik, kakara didagingan, toeloj diboengkoesan koe daoen tjaoe, ditjipatian, toeloj diasakkeun népi ka kèntél, kakara dioejah-asém.

Toge (tangee).

Njokot takoah (tahoe) dikeureutan kandélina satjoeroek² digoreng koe mantega népi ka beureum, toeloj diangkat ditiliskeun; njokot tjabe, djahe, ladja, bawang-beureum saeutik, leu kabéh disiksik sing lémboet ditoemis make mantega, di mana rek mimiti beureum, ditarasian, ditaoetjoan sasendok makan, ditjampoerkeun djeung boengboe tea djeung eta takoah, toge djeung oedang kéring beunang ngeueuman, atawa djeung hoerang atah beunang ngagodog beunang ngalaan sisitna, oepama katjangna geus lajoe. Njokot éndog tiloe, peupeusan, tjampoerkeun djeung angeun tea, lamoen rek didahar, dipédésan saeutik di loehoerna.

Atjar iwoeng.

Njokot iwoeng, pèsek, koembah sing bérésih, keureutan; sadia parioek beunang njalan saeutik, iwoengna abroeskeun ka dinja, godog, ngagolak sakali didjait, téroes poékeun sing garing; hoeng-

boena: bawang-beureum, bawang-bodas, djahe, moentjang, konen tjabe, eta kabeh dibëbëk make oejah nëpi ka lëmboet pisan, toelo digoreng nëpi ka koneng, tjitjian tjoeka sabotol, tagogkeun de sarta diseuneuan, ngagolak sakali, didjait, ditiikeun, kakara iwoer teh diabroeskeun ka dinja.

Poding soekoen.

Soekoen dikoloeb, roeloj ditoetoean sing nëpi ka lëmboet, toelo njokot éndog diadoek djeung tjisoesoe, goelaan saeutik; kakara d asakkeun dina tjitakanana, saosna mah biasa poding tea bae.

Loba djëlëma anoe ngarasa: di alam doenj pagawean anoe panghese-hesena teh oelah so woerdeek-open, lian ti ngoeroes gawe maneh sarta ngoeroesna. koedoe kalawan nastiti.

26. KAPERLOEAN DJOEROE-TANI.

a. MELAK KARET.

Ngoeroesna siki karet (hevea zaad).

1. Siki karet anoe ngagolerna dina taneuh geus leuwih ti 24 djam. oelah dipoloengan.
2. Ngampihanana siki oelah ditëmbakkeun bae, koedoe ditoe-roeban, bisi garing, djeung oelah kapoë deuh.
3. Sabisa-bisa, eta siki koedoe gantjang dedédër dena heuleuran noe bakoe.
4. Oelah rek ngampihan siki karet atawa ngirimkeun, diwadahan koe kelër anoe toeroeban atawa diwadahan koe kaleng anoe ditoeoep népi ka rekep pisan.
5. Lamoen rek ngirimkeun siki, koedoe diwadahan koe péti anoe wédél, ti djërona diképoet koe kértas djëpang atawa kértas boengkoes noe kasar.
6. Dina waktöe rek dipëtlanana, koedoe diawoeran arëng beunang noetoean atawa tapas beunang njatjag.
7. Dina waktöe diasoepeunana kana péti tea, kértas panglam-poedna djeung arëng atawa tapas tea, koedoe baseuh. Koedoe dihadja dikepretan koe tjal meueusan.
8. Oepama meuli siki, koedoe milih noe asalna tina tangkalan noe ségër, koeat djeung sédëng kolotna, oelah noe ngora teuing.
9. Binih karet anoe geus baris dipélakkeun, di pabnlhanana, koedoe 5 népi ka 12 boelan.
10. Dédëran noe ngora keneh, dina tëngah poë, koedoe ditjoehan.

M e l a k n a.

Këbon karet koedoe lenang, oelah aja djoedjoekoetan djaradi. Lamoen eta këbon dibërësihan saboelan doea kali, di oerang, di poelo Djawa, ongkosna dina sabaoe / 15.

Dina njadapna koedoe ati katjida, nja eta koedoe didjaga pisan, soepaja sanggeus 4 tahoen, koelit teh bënër deui. Lamoen dina tangkal bidjil boengkoel, koedoe dipitjeun, ari dina tapak ngeureutna koedoe ditoeoep koe malam sarta téros diolasan koe tal sapi.

Dëmi waktoena karet beunang dsadap, nja eta di mana gëdena tangkal, lëbah 1 M. saloehoereun taneuh, geus boga boeleudan 35—45 c.M.

Ari atoeran njadapna anoe ajeuna didjalankeun koe sarerea, njadap toehoer, hartina hënteu make ditjalian deui; boh dina bak panandeanana, boh dina keureutanana, hënteu aja noe

ditjaian. Lamoen geutah teh kaboeroe toehoer, noe dipake ngomean nja eta natriumsulfiet atawa formaline.

Dina masak karet, obat noe panghadena pikeun ngimpélkeun nja eta tjoeka bibit (azijnzuur). Eta tjoeka bibit dikjampoeran tja népi ka 5% tjoeka tjampoeran. Ari prak-prakanana, anoe 3) Gram teh pikeun 100 Liter.

Dina njeun karet-crêpe, nja eta karet lambaran noe aripis tea, lamoen hajang rata roepana djeung rata herangna, koesoe make natriumbisulfiet. Njokot 1 Liter anoe 2% tjampoeran, eta pikeun geutah 20 L. atawa ¼ K.G. tipoeng natriumsulfiet, kana tjaikeun 5 Liter, tah eta meudjehna keur geutah 200 L. Dëmi pëtana kieu: eta natriumbisulfiet ditjamposkeun kana karet tea, toeloej digoelis sing katjida, ti dina kakara ditjitan koe tjoekn tea.

b. TATANENNA OEIANG PRIBOEMI.

Sawah beubeunanganana dina sabaoe 4—70 pikoel, gittik-ratana 26 pikoel pare. Pare anoe aloes, beasna leuwih ti satengahna beuratna pare, malah aja noe népi ka 60%. Ari pare anoe goreng mah, dina sapikoel teh, beasna 25 kali.

Dëmi hoema di Djawa-Koelon djeung di basisir Poelo-Djawa beulah ti kaler, dina sabaoe teh, rata' meunang 13 pikoel; anoe panghadena bisa népi ka meunang 18 pikoel, nja eta hoema' di bawahan Karawang; anoe panggorengna, hasilna, ngan oekoer \$ djeung 8 pikoel, nja eta pahoemaan di Rëmbang, Soerabaja djeung Madoera.

Djagong dina sabaoe	10	à	12000	djantoeng.
Bako " "				5 pikoel.
Sampeu " "	100	népi ka	250	pikoel.
Soeok " "	20	" "	40	" garing.
Katjang kadéle dina sabaoe ..	6	" "	14	"
Hoel " " ..	50	" "	150	"
Djarak " " ..	6	" "	15	" (siki).
Taroem " " ..	25	" "	40	" (daoen).
Tiwoe " " ..	350	" "	900	" tiwoe, pi-
		goelaenana		koerang-leuwih 10%.
Widjen " " ..				7 pikoel (siki).
Koemell " " ..	25	népi ka	75	"
Engkol " " ..	3000	à	4000	hoeloe.

c. PALAWIDJA.

Lamoen sawah geus dipiboeatan sarta pare geus diakoet, biasana sok toeloej dipalawidjaan, anoe oemoerna sakira 3—4 boelan, hartina

di djero sakitoe teh geus kaala hasilna, soepaja di mana geus tawon-pona eta sawah diparean deui, palawidjana geus kaala kabeh, djadi teu djadi halangan kana njawah. Mimindengna tara salégana sawah dipalawidjaan, ngan sabagianana bae, dipilih anoe panghadena keur palawidja tea. Samemehna tjébé dipélakan, dipolah heula apik pisan, diwoeloekoe atawa dipatjoel, toeloelj dirarata koe garoe.

Koe daek malawidja teh noe tani bisa tambah pangasilan; toer kana sawah matak tambah hade, da goenta-ganti, noe dipélak.

Sawah noe hiroep tjaina, sok dipalawidjaan koe djagong, taleus, bonteng, terong, katjang kadéle, tjabe, katjang djeung sapapadana. Ari di tégalan, noe dipélak teh nja bangsa eta keneh, ngan tara diparean. Djadi palawidja teh, hasil boemi salian ti pare.

Koe ahli tani palawidja teh dibagi tiloe roepa, nja eta:

- a. pala kapéndém tégésna bangsa beubeutian, saperti: taleus, koemeli d.s.t.
- b. pala goemantoe ng hartina noe dilarah boeahna, tjaraning terong djeung sapapadana.
- c. pala kasimpár nja eta anoe boeahna ngagaloler dina taneuh, kajaning: bonteng, waloeh djeung noe saroeapa kitoe.

d. MELAKAN LALAMPING.

Lalamping biasana sok make lelempeng; nja beunang oge disébaran sisikian, tape lamoen rek disébaran kitoe mah, eta lalamping teh koedoe njangsaja, sabab koedoe aja koelit taneuh anoe moeroehpoej, kandélna doea-tiloe c.M.

Dina lalamping anoe néték ngan beunang dipélakan bangsa djarong djeung sapapadana, kitoe ge koedoe ngahadja njeun rorakan.

Di Djawa lalamping teh sok dipélakan djoekoet rakét, eta watékna mageuhan taneuh; atawa sok oge dipélakan kaso djeung eurih, tapi hade soteh dipélakan eurih oepama euweuh pépélakan anoe deukeut ka dinja. Salian ti koe bangsa kitoe, hade oge dipélakan dadap-tjangkring djeung bangsa awi.

e. PIKOEL DIKILOGRAMKEUN DJEUNG SABALIKNA.

Pikoel.		K.G.		K.G.		Pikoel.
1	==	61,761		1	==	0,161
2	==	123,522		2	==	0,032
3	==	185,283		3	==	0,048
4	==	247,045		4	==	0,064
5	==	308,806		5	==	0,080
6	==	370,567		6	==	0,097
7	==	432,328		7	==	0,113
8	==	494,090		8	==	0,129
9	==	555,851		9	==	0,145

OEKOERAN LEGANA.

Hectare.	=	Bahoe.		Bahoe.	=	Hectare.
1	=	1,409		1	=	0,709
2	=	2,818		2	=	1,419
3	=	4,227		3	=	2,128
4	=	5,636		4	=	2,838
5	=	7,045		5	=	3,548
6	=	8,454		6	=	4,257
7	=	9,864		7	=	4,967
8	=	11,273		8	=	5,677
9	=	12,682		9	=	6,386

g. MIARA DJEROEK.

Oerang oelah mëlak djeroek sikina, koedoe tjar.gkokanana atawa seler-djieun (a fleggers). Tjarangna mëlakkeun tjangkokan koedoe 15 kaki.

Dina oemoer 4 atawa 5 taoen, pëlak djeroek teh geus mimiti diadjar boeboeah; sanggeus oemoer 15 taoen, di dinja, boeshanana leuleubeutna; pangasilanana dina satangkalna ti 300 nêpi ka 700 hoeloe.

Ari gëmoek djeroek anoe pangaloesna, nja eta kapoer djeung potasch.

h. NGABIBIT KOEDA.

(Volkslectuur 258a).

Hal ngabibit koeda koe oerang Soematra katjida pisan digëde-keunana, babakoena pisan di Padang-Darat djeung di Batak; ari di Poelo Djawa anoe loba noe ngabibit koeda pang-pangna di Priangan; lian ti di dinja, di Këdoe, Pasoeroean, Basoeke djeung salian ti eta. Di kapoeloan Soenda-Leutik deuih, lian ti Ball djeung Lombok mah, noe ngagalëdekeun ngabibit koeda teh. Nja kitoe deui di Sëlebës.

Dina ieu almënak hënteu rek ditjaritakeun hal babadna ngabibit di oenggal nagara, sabab sapërkara kapandjangan teuing, kadoea taja pedahna. Ngan anoe përløe ditjaritakeun teh, eta, loba koeda anoe malashoer aloesna, ajeuna geus teu araja, geus leungit; lantaran loba teuing anoe dikalcearkeun ka sedjen tëmpat, ari piaraan djeung ngabibitna hënteu dioeroes bënërbënërb.

Kaaloesana koeda Batak djeung koeda Makasar geus roeksak, sabab oenggal taoen mëroel bae koeda dikalcearkeun ka oenggal nagara; hënteu aja pisan atoeran ngingkeun pamatjék djeung bibit

anoe araloes sapërloena, soepaja di dinja oelah nêpi ka kakoerangan pkeun ngabibit.

Ajeuna oerang dadarkeun hal kaajaanana ajeuna, nja kitoe deul hal ngabibitna.

Ari atoeran ngabibit koeda anoe ajeuna didjaralankeun, aja doea roepa; kahidji ngabibit koeroengan, kadoea ngabibit aboeran.

Démi ngabibit tjara atoeran noe kadoea, si bibit djeung pamatjékna dlaboer bae sakarép-karépna, ngaboeboban. Ari pamatjékna aja anoe ngahadja beunang mllih, aja anoe hënteu. Ngabibit aboeran anoe teu pisan dioeroes, estoe dlantép sakarépna, tjara sato leuweung, atoeran kitoe, ajeuna beunang diséboetkeun geus teu aja; anoe ajeuna aja keneh teh, ngabibit satengah aboeran, tjara di Poelo Soemba. Di dinja, koeda, tara dlpjara tara dikandangkeun, dlaboer bae. Dina satahoen sakali eta koeda digiringkeun kana hidji tempat anoe dipagër; di dinja dipilih anakna anoe djaloe, anoe leuwih ti kapërloean maranehanana, ari anoe teu ditjokot mah toeloef dikéntjarkeun deul bae. Ngabibit anoe kitoe atoeranana, ngan woengkoel mllih anakna bae.

Lamoen heug anakna noe bikang dipilih deulh, sarta anoe koerang aloes keur pibibiteun didjoel, tangtoe eta atoeran tambah hade.

Tah, sakitoe oge hal ngabibit anoe kitoe atoeranana mah geus meudjuehna, hënteu përlloe ditjaritakeun leuwih pandjang, da teu aja pikiraneunana. Anoe rek didadarkeun leuwih pandjang, nja eta hal ngabibit koeroengan, anoe didjaralankeun di Padang Darat, di Priangan djeung llana ti eta.

Geura ajeuna oerang njaritakeun hal atoeran ngabibit anoe dilalampahkeun di Priangan. Geus sababaraha taboen llana aja roepa-roepa koeda dika-Priangankeun keur bibit, kitoe deul loba pisan djaloena keur pamatjék. Tjampoeranana eta roepa-roepa koeda anoe geus tahoen-tahoen nêrëkab di Priangan, nja djadi koeda Priangan. Koeda Priangan, leuwih djangkoeng djeung leuwih gëde manan koeda Hindia anoe sedjen. Geus doepoeloeh taboen ka toekang llana, Gouvernement geus ngahadja neundeun pirang koeda Sandël di hidji bagian Tanah Priangan; ajeuna mimiti di dinja bangoenna koeda, boga bangoen sorangan anoe tètép. Ngan handjakal koeda paranakan anjar, hënteu galède tjara anoe ti heula-heula. Ajeuna karèsa pisan koetjiwana eta koeda teh, nja eta koerang gëde tea, lantaran beuki lila beuki loba bae anoe nareangan koeda galède, baris koeda-adoe. Sakabeh toekang ngabibit geus haridëng nareangan pamatjék anoe gëde, sarta Pamarentah ngabantoe pisan kana karép oerang Priangan, mangneangankeun keur pipamatjékeun. Anoe kapilih poney Australia toelen, sabab koeda Australia teh nja gëde nja bisa ngajakeun sapërloena; ari koeda Arab mah teu bisa meuli loba, sapërloena. Anoe ngataribit meu-

nang matjékkeun koedana ka pamatjék Gouvernement, bajaranana moerah pisan.

Ngahadja ngujakeun koeda anoe djangkoengna 1.40 népi ka 1.50 M., keur koeda toenggang, koeda kareta kapélésiran djeung koeda adoe.

Sallan ti dinja pérloe ngajakeun koeda laleutik leuwih loba, keur koeda gawe, pikeun mawa barang djeung narik kahar, nja eta anoe hargana teu pati mahal djeung piaraanana leuwih moerah. Koeda bangsa ieu mah aja anoe didatangkeun ti sedjen nagara, aja anak di dinja bae. Ari ngabibitna dipasrahkeun ka oerang Friboemi oae anoe henteu marampoeuh, sakoer anoe daraek ngabibit di patempatan anoe moerah keneh djeung babari piaraanana. Lamoen anoe ngabibit koedoe meuli djoekoet, djeung taja sawah keur ngaboer koeda dina roempak djami sangkan teu loba teuing ongkosna, tangtoe pisan moal bisa ngabibit koeda, anoe anakna dina oemoer 3 taoen ngan pipajoeun f 100 népi ka f 200. Koe hal eta pangbibitan koeda bangsa ieu, beuki lila beuki kasédékkeun ka pasisian, ngadjaeohan tempat anoe rarame djeung erpah². Pikeun pamatjékna, Gouvernement ngabantoe ngaajakeun pamatjék anoe rada laleutik.

Ari ngabibit koeda galède mah, teu aja halanganana make ongkos oge, darapon henteu gède teuing bae, da anakna anoe oemoer 3 taoen teh bisa pajoe f 400 népi ka f 600. Anoe niat ngabibit koeda pantar ieu, koedoe boga modal rada gède, sabab hargana bibitna djeung pamatjékna, mahal, sarta ongkos mlarana teu beunang disaeutik-saeutik. Tatapi tangtoe oentoeng oae ngabibit koeda galède kleu mah, asal eta bae ngoe roes anakna tea dlénja-énja.

Démi atoeran anoe pangsénangna, nja eta lamoen anoe ngabibit tea koedoe make koeda, saperti bangsa kapala Friboemi djeung kapala-kapala desa, da geuning galibna pérloe marake koeda. Koeda bibit tea beunang dipake koe manehna keur lakoe gawe, tapi dina pidoea-boelaneun kana ngadjoeroe djeung doea boelan dina saéntasna ngadjoeroe, oelah rek dipake kana gawe beurat. Dina waktoe eta, bibit teh koedoe dikéntjar, kitoe deul éngke anakna koedoe ngéntjar. Koe sabab eta, deukeut desa pérloe pisan aja tanah kosong anoe dipagér, nja eta baris tempat ngéntjarkeun bibit anoe reuneuh tea djeung bibit anoe anjar ngadjoeroe katoet anakna tea. Eta tanah teu pérloe tanah lendo, da lain disina njatoean di dinja eta koeda teh; ari hakanna mah kapan dibere di istal sapérloena; eta mah ngan woengkoel tanah keur ngéntjar bae, sapoèna kira sadjam atawa doea djam illana. Ari eta oepuma di dinja aja djoekoetan, dihakan koe koe la sadjambrét-djambréteun, nja teu naon-naon, tapi ngajakeunana eta tempat teh lain ka ditja maksoedna.

Anoe pérloe, eta tanah teh koedoe rada loehoer, légana koerang-leuwih doea bae. Sore-isoek eta bibit dikéntjar di dinja, sarta

sabot. Indoengna dipaké, anakna diantép ngéntjar di dinja. Tégai anoe kitoe, géde pisan gawena, komo keur ngéntjar anakna mah lain dikieuna pérloena. Oepama euweuh tégal pikeun témpat ngéntjarkeun anak koeda, anggoer oelah bae ngabibit, sabab geus tangtöe roegi.

Kadjaba ti eta, anak koeda teh lain ngan koedoe dibere djoekoet bae, tapi pérloe dibere parab sedjen, kajaning hoeoet, da di Priangan mah loba hoeoet teh toer hargana moerah. Ari marabkeunana didjieun kokombong, dina sapoé dibere doea kali.

4. ATOERAN NGAMPIHAN PARE.

Meureun sarerea oge geus pada térang, jen pare teh beunang diampihan moelan-malen, malah ana hade ngampihanana mah népi ka tahoen-tahoen. Ari anoe diséboet „hade ngampihanana” teh, nja eta parena hade djung témpat ngampihanana hade deuih.

Hal parena.

Pare ampihaneun aja doea roepa:

a. pare dahareun;

b. pare pibiniheun.

Ajeuna oerang tjaritakeun hal pare dahareun heula.

a. Dipiboetanana koedoe geus asak énja, sarta moéna koedoe toehoer pisan. Soepaja tereh toehoer, pare bondotan teh koedoe ditoempoek heula meunang 3 népi ka 4 poé lilana; gédena toempoekanana: goerat-tengahna $1\frac{1}{2}$ M., loehoerna kira-kira 2 M. Koe ngélékébna, eta pare gantjang garingna.

Sakapeung sanggeus ditoempoek sakitoe poé teh, koe didaraj sakali oge dina hade poéna, eta pare geus toehoer. Tapi mindéng oge hénteu tjoekoep koe sakali ngadaraj bae, koedoe rada mindéng, djadi koedoe aja 3—4 poéna deui. Pendekna, eta pare teh koedoe dipoé népi ka „toehoer bënë”. Geus kitoe kakara hade dipotjong sarta digeugeus. Ti dinja kakara toeloj dika-leuitkeun.

Lamoen pare tea tatjan toehoer bënë, tapi geus dipotjong atawa geus digeugeus, koe oerang koedoe dipoé deui. Ari pétana moéna, lamoen parena anoe pérloe ditoehoerkeun teh, diteundeunna koedoe dibalikkeun; nja eta sapoena ti handap, pare ti loehoer sina meber tjara kápét. Lamoen hajang noehoerkeun sapoena, pare ti handap sina namprak, sarta oepama pérloe, pangkekna koedoe dikéndoran, mambrih panasna poé aseop ka djéro. Atoeran moé kieu teh sok dipétakeun oge dina moé pare anoe geus boelan² di leuit baseuh koe kabotjoran, atawa rada baseuh lantaran di leuit koerang hawa.

Pare anoe hénteu asak bënë, atawa anoe asakna goreng lantaran goreng mangsa, boh lantaran keuna koe hama atawa dipiboetanana

dina keur ngidjih, pare bangsa kieu teu beurang diampihan lila-lila. Leuwih hade diampihanana dipisahkeun, sarta mending geuwat ditoeoe bae. Lamoen loemboeng nampa pare anoe tatjan toehoer bññr, tapi parena hade, eta pare koedoe dipoè deul. Anoe perlöe pisan sapoena koedoe toehoer bññr.

Pikeun pare anoe henteu digeugels, atawa anoe dipiboetanana henteu djeung sapoena — di sawatara tempat aja pare anoe babari pisan moerag — atoran anoe kasboet di loehoer, babakoena maksoedna eta atoran, beunang dipétakeun. Eta pare koedoe diwadahan dina télëboeg atawa dikuroengan, toelöj dika-leuitkeun; biasana sanggeusna rengse miboetanana, djoeroetani geus teu boga deul pigaweeun, eta pare anoe rada baseuh anoe diampihan di leuit tadi tea, koedoe dipoè deul. Di leuitna oelah lila-lila, koedoe gan-tjang dipoè deul, sabab lamoen samemeh dipoè deul tea, di leuitna lila teuing, eta pare sok djadi goreng. Komo lamoen dipiboetanana tatjan asak bññr mah. Pare anoe asak bññr sarta dipiboetanana mënèran halodo; henteu matak salëmpang bisi roeksak. Tapi keur miara kahadeanana, eta pare teh perlöe pisan rada lila dipoèna, kira-kira 5 népi ka 10 poè ti satikna dipiboetan. Sarta hade pisan, lamoen hade poèna, dina saboelan sakali eta pare ditoeoenkeun ti leuit, dipoè. Tapi lamoen eta pare anoe dina télëboeg atawa dina karoeng teh geus djadi bangsal kabeh, sarta toehoer énja, teu perlöe dipoè deul oenggal boelan.

b. Pikeun pare dahareun henteu aja matakna kakélékëban oge di leuit, malah aja hadena kana nambahan toehoerna; tapi kana pare pibiniheun, eta ngélékëb kitoe teh koerang hadena. Panas di djero toempoekan pare anoe rada baseuh, sakapeung sok panas teuing, datang ka matak teu hade kana matamëndangna. Ari aloesna, pare pibiniheun mah diampihanana oelah pabaoer djeung pare dahareun, djeung dina sawatara poè koedoe dihear-hear saban isoek, hadena pisan oelah rek liwat ti poekoel 9 atawa 10; atoran moè kitoe teh, biasana, népi ka 5 poè lilana, malah mimindëngna mah leuwih lila ti sakitoe, tapi keur pibiniheun, leuwih hade diatoer kitoe, oelah tjara moè pare dahareun (*).

Ari ngamplihanana pare pibiniheun, hadena, koedoe ngagoendoek pare pibiniheun bae, oelah pabaoer djeung pare dahareun tea; ari atoran anoe aloes, kieu; eta pare diteundeunna di têngah-têngah, hartina ti gigir, kentja-katoehoe, ti hareup ti toekang, nja kitoe deul ti loehoer djeung ti handap, koedoe kakoebëng koe pare dahareun tea; pambrihna soepaja oelah koe beurit atawa koe bangsa lege

(*) Pare pibiniheun anoe dipoèna kitoe, biasana tara herang djeung sok s'moe^h hawoek, henteu tjara pare dahareun tea, herang djeung leuwih énjaj feuh roepa-na oge.

Sok aja anoe maroè pare pibiniheun dina pelester atawa dina boeroean anoe dibalaj; eta goreng atoran teh. Sabab, toehoerna ngagëntak leuing.

sabot Indoengna dipaké, anakna diantép ngéntjar di dinja. Tégál anoe kitoe, gède pisan gawena, komo keur ngéntjar anakna mah lain dikieuna pérloena. Oepama euweuh tégál pikeun témpat ngéntjarkeun anak koeda, anggoer oelah bae ngabibit, sabab geus tangtöe roegi.

Kadjaba ti eta, anak koeda teh lain ngan koedoe dibere djoekoet bae, tapi pérloe dibere parab sedjen, kajaning hoeoet, da di Priangan mah loba hoeoet teh toer hargana moerah. Ari marabkeunana didjieun kokombong, dina sapoé dibere doea kall.

i. ATOERAN NGAMPIHAN PARE.

Meureun sarerea oge geus pada térang, jen pare teh beunang diampihan moelan-malen, malah ana hade ngamphanana mah népi ka tahoen-tahoen. Ari anoe diséboet „hade ngamphanana” teh, nja eta parena hade djeung témpat ngamphanana hade deulh.

Hal parena.

Pare ampihaneun aja doea roepa:

a. pare dahareun;

b. pare pibiniheun.

Ajeuna oerang tjaritakeun hal pare dahareun heula.

a. Dipiboetanana koedoe geus asak énja, sarta moéna koedoe toehoer pisan. Soepaja tereh toehoer, pare bondotan teh koedoe ditoempöek heula meunang 2 népi ka 4 poé lilana; gédena toempöekanana: goerat-téngahna $1\frac{1}{2}$ M., loehoerna kira-kira 2 M. Koe ngélékébna, eta pare gantjang garingna.

Sakapeung sanggeus ditoempöek sakitoe poé teh, koe didaraj sakali oge dina hade poéna, eta pare geus toehoer. Tapi mindéng oge hénteu tjoekoep koe sakali ngadaraj bae, koedoe rada mindéng, djadi koedoe aja 3—4 poéna deul. Pendekna, eta pare teh koedoe dipoé népi ka „toehoer bënë”. Geus kitoe kakara hade dipotjong sarta digeugeus. Ti dinja kakara toeloj dika-leuitkeun.

Lamoen pare tea tatjan toehoer bënë, tapi geus dipotjong atawa geus digeugeus, koe oerang koedoe dipoé deul. Ari pëtana moéna, lamoen parena anoe pérloe ditoehoerkeun teh, diteundeunna koedoe dibalikkeun; nja eta sapoena ti handap, pare ti loehoer sina méber tjara kèpét. Lamoen hajang noehoerkeun sapoena, pare ti handap sina namprak, sarta oepama pérloe, pangkekna koedoe dikéndoran, mambrih panasna poé asoep ka djéro. Atoeran moé kieu teh sok dipétakeun oge dina moé pare anoe geus boelan⁷ di leuit baseuh koe kabotjoran, atawa rada baseuh lantaran di leuit koerang hawa.

Pare anoe hénteu asak bënë, atawa anoe asakna goreng lantaran goreng mangsa, boh lantaran keuna koe hama atawa dipiboetanana

dina keur ngidjih, pare bangsa kieu teu beurang diampihan lila-lila. Leuwih hade diampihanana dipisahkeun, sarta mending geuwat ditoetoe bae. Lamoen loemboeng nampa pare anoe tatjan toehoer bënér, tapi parena hade, eta pare koedoe dipoé deui. Anoe pèrlöe pisan sapoena koedoe toehoer bënér.

Pikeun pare anoe henteu digeugus, atawa anoe dipiboetanana henteu djeung sapoena — di sawatara tempat aja pare anoe babari pisan moerag — atoeran anoe kaséboet di loehoer, babakoena maksoedna eta atoeran, beunang dipétakeun. Eta pare koedoe diwadahan dina tëlëboeg atawa dikaroengan, toeloej dika-leuitkeun; biasana sanggeusna rengse miboetanana, djoeroetani geus teu boga deul pigaweun, eta pare anoe rada baseuh anoe diampihan di leuit tadi tea, koedoe dipoé deui. Di leuitna oelah lila-lila, koedoe gan-tjang dipoé deui, sabab lamoen samemeh dipoé deui tea, di leuitna lila teulng, eta pare sok djadi goreng. Komo lamoen dipiboetanana tatjan asak bënér mah. Pare anoe asak bënér sarta dipiboetanana mënèran halodo; henteu matak salèmpang bisl roeksak. Tapi keur miara kahadeanana, eta pare teh pèrlöe pisan rada lila dipoéna, kira-kira 5 népi ka 10 poé ti satikna dipiboetan. Sarta hade pisan, lamoen hade poéna, dina saboelan sakali eta pare ditoeroenkeun ti leuit, dipoé. Tapi lamoen eta pare anoe dina tëlëboeg atawa dina karoeung teh geus djadi bangsal kabeh, sarta toehoer énja, teu pèrlöe dipoé deui oenggal boelan.

6. Pikeun pare dahareun henteu aja matakna kakélékéban oge di leuit, malah aja hadena kana nambahan toehoerna; tapi kana pare pibiniheun, eta ngélékéban kitoe teh koerang hadena. Panas di djero toempoekan pare anoe rada baseuh, sakapeung sok panas teuing, datang ka matak teu hade kana matamëndangna. Ari aloesna, pare pibiniheun mah diampihanana oelah pabaoer djeung pare dahareun, djeung dina sawatara poé koedoe dihear-hear saban isoek, hadena pisan oelah rek liwat ti poekoel 9 atawa 10; atoeran moé kitoe teh, biasana, népi ka 5 poé lilana, malah mmindèngna mah leuwih lila ti sakitoe, tapi keur pibiniheun, leuwih hade diatoer kitoe, oelah tjara moé pare dahareun (*).

Ari ngampihanana pare pibiniheun, hadena, koedoe ngagoendoek pare pibiniheun bae, oelah pabaoer djeung pare dahareun tea; ari atoeran anoe aloes, kieu: eta pare diteundeunna di têngah-têngah, hartina ti gilir, kentja-katoehoe. ti hareup ti toekang, nja kitoe deul ti loehoer djung ti handap, koedoe kakoebéng koe pare dahareun tea; pambrihna soepaja oelah koe beurit atawa koe bangsa lege

(*) Pare pibiniheun anoe dipoéna kitoe, biasana tara herang djeung sok sémoé^h lawoek, henteu tjara pare dahareun tea, herang djeung leuwih énj^h ceuh roepa-na oge.

Sok aja anoe maroé pare pibiniheun dina peleser atawa dina boeroean anoe dibalaj; eta goreng atoeran teh. Sabab, toehoerna ngagéntak teuing.

laleutik djeung sapadana, sarta oepama leuitna botjor, eta pare henteu kabotjoran; kioe deul sapaja oelah djoldjol katjokot bae koe euwah-euwah anoe muling pare. Ngarah eta pare oelah pahlli djeung pare dahareun, sabgeusanana koedoe aja tjirina.

Atoeran panjimpénanana.

Sakabeh panjimpénan pare, koedoe pener djeung bloeng-biang, sarta koedoe diatoer, sangkan beurit djeung manoe k oelah ngagaksak kana pare. Tempat ngampihan pibiniheun koedoe ti's deulh.

Anoe dipake panjimpénan:

1. Leuit. Bangoenna djeung pëta-pëtana leuit, sarereu oge geus tarérang; djadi tina hal ieu teu koedoe ditjaritakeun deul. Rea tempat anoe roemawat pisan kana leuit, barérésih djeung warédél deulh, tapi rea deul tempat anoe djélémana teu pati daraek ngoeroes leuitna, kalotor; malah sok diparake ngampihan bangsa roetak-ratek, tjuraning: kai anoe bobo, awl djeung sapapadana. Moega djadi pepeling, jen leuit teh dina oenggal tahoen, koedoe dibérésihan ti loear ti djëro, masing népi ka bérésih pisan; sarta lamoen perloe koedoe diomean. Ari leuit anoe geus bobo koedoe, diganti. Djeung deul oetama pisan, dina samemehna pare anjar dika-leuitkeun, pare anoe heubeul koedoe ditoeroenkeun heula, sarta eta pare noe geus nahoen kitoe, oelah ditjampoerkeun djeung pare anjar, sarta samemeh make pare anjar, leuwih hade noetoe heula pare nahoen tea. Kawoewoeh atoeran kitoe teh, oerang bisa nganjahokeun leuwihna pare dina satahoen-satahoenna. Djeung deul sagala bangsa boetrak-bëtroek djeung roetak-ratek, teu meunang diampihan di leuit atawa di pipir leuit, leuit mah koedoe ngan keur ngampihan sri baé. Sakoeriling leuit koedoe barérésih, oelah rek diantép aja tatangkalan deukeut leuit, datang ka dahanna arantél kana hateupna atawa bilikna, atawa ngarojom ka leuit; nja kitoe deul sagala barang, oelah rek diteundeun di pipirna atawa di kolongna, sabab eta oge matak djadi tjoekang beurit paranti aseop ka leuit.

2. Goedang, loemboeng-desa atawa loemboeng-koepërasi biasana sok leuwih tohaga manan leuit. Noe kieu oge tjara leuit bae, koedoe dibérésihan saban tahoen. Goedang, biasana sok make tatapakan, bilikna koe awl atawa radjeun oge digëbjog (lamoen rek digëbjog, hadena koedoe koe djati; kai anoe babari bobo oelah dipake). Oepama keur ngagoedangan pare dahareun, hadena hateupna koe seng, sabab: sapër kara koe seng teh tara botjor djeung henteu sawer deulh, djeung ti beurang hawana leuwih panas. Tapi lamoen diseng kitoe, djalan hawa perloe kabina-bina, soepaja ti peuting oelah baseuh koe hawa anoe di

djéro djaradi iboen. Djandelana koedoe meudjehna reana; djeung koedoe make hateup soesoén deui ari diseng mah, geuning dapoer toean-toean, sok marake eta hateup soesoén, soepaja haseup kaloear, oelah moelék di dapoer, tah goedang anoe diseng oge hade pisan make hateup soesoén kitoe, tapi lolongkrangna koedoe rake rainkawat, ambrih beurit teu harisaéun aseep. Ari djandela-djandelana, beurang diboeka, peuting ditoeoep.

3. Panjimpénan anoe ditembok. Loembrahna panjimpénan anoe ditembok kitoe, tadina lain ngahadja keur goedang pare, koe sabab eta tjarang anoe hade énja keur tempat ngampihan pare, aja anoe koerang toehoena atawa aja oge anoe koerang loba djalan hawana. Kamar-kamarana anoe baseuh teuing mah oelah bae dipake ngampihan pare teh Sakapeung perloe diomean heula pelesterna djeung kéntengna, sangkan hawa babari kaloear-aseep djeung sangkan oelah baseuh.

Atoeran ngampihanana.

Leuit laeutik lolobana dieustanana sok pinoeh, népi kana hateupna. Tapi loemboeng-desa anoe galéde, hade pisan lamoén ngeustanana diatoer make atoeran anoe hade, nja eta toempoekar pare teh koedoe rada anggag tina bilikna, kira-kira 2 kaki. Eusina goedang-goedang anoe galéde, aloesna pisan, koedoe digoendoek-goendoek, misilna sagoendoekna 100 atawa 200 plkoel, atawa oekoeranana di handap 3 ka 3 M. Pare anoe rada goreng, koedoe dipisahkeun goendoekanana, oelah disagoendoekkeun djeung anoe hade, soemawonna djeung pibinheun mah, oelah pisan. Nja kitoe deui pare boeloe, oelah dibaoerkeun djeung pare goendil. Lamoén eta goedang make tatapakan, pare teh ngan kari sok-sok bae dina dasar-papan tea; tapi lamoén eta goedang teh dipelester atawa ngoepoek, koedoe make rarandjangan awi, atawa hadena pisan mah lain koe awi koedoe koe tjabat kalapa boh tjabat djambe anoe geus garing atawa koe kai anoe bangsa hade, djangkoengna kira' 15 népi ka 30 c.M. Goedang anoe ngoepoek, hade pisan lamoén lélémahna dikali heula, djéro 2 kaki, toeloéj disaeur koe hoeoet, rap ti loehoerna koe taneuh atawa koe bilik, koema karép oerang bae, pambrihna soepaja oelah aja rinjoe anoe ka loehoer; tapi aloesna, eta dasar (hoeoet tea) koedoe diganti oenggal ta-hoen. Koedoe aplk pisan, eta hoeoet teh oelah pisan aja beunjeuran soemawonna beasna, sabab matak loba bangsa hama' sato lalémboet djeung bisil dipake njajang beurit deuih. Ari rarandjangan anoe hade, nja eta anoe daroeroengna patoempang-tindihkeun, papalang-palang patengtongan, ti loehoerna ditilaman koe awi beunjang ngajam sasag, loehoereun eta, roep ditoeoep koe bilik kepang; pangna kaséboet hade rarandjangan anoe tjara kitoe teh, sabab

pare walatra meunangna hawa. Aja deui anoe hade pikeun tilam, nja eta koe djarami toehoer (kandélna 1 à 1½ dim). Eta djarami tangtoe djadi padét énja, tapi tangtoe bae hawa mah babari asoepna.

Pare celah pisan antél kana bangsa tembok djeung batoe, sabab bangsa kitoe kana pare matak roeksak. Lamoen eta goedang make tihang tembok, oelah bae arek aja pare anoe antél ka dinja, atawa lamoen sakira kapaksa kaantélan koe pare, eta tihang koedoe dihoelén heula koe paloepeoh. Pikeun ngadjaga bisi aja botjor atawa bisi hawa djadi iboen lantaran koe tilisna hateup seng, hade pisan oepama eta pare ti loehoerna ditoetoeop koe djarami boh koe kadjang atawa koe naon bae sapa padana. Beunang ogé ti loehoerna diteundeunan karoeng² bangsal atawa karoeng heutjak, pambrihna soepaja pare tea oelah baseuh.

Lamoen katimbang koe oerang, jen eta pare oepama dihidjikeun moal toehoer bènér, lantaran leuitna tea goreng atawa lantaran aja sabab sedjen, hade eta pare ditoempoeok bae, didjieu toempoeokan laleutik anoe nareros laleutik ka loehoer, gédena ti handap (goerat-tengahna) kira² 1 atawa 1½ M., toeloej ti loehoerna ditloengan koe sageugeus. Hawa koedoe babari kaloe-ar-aseopna. Lamoen eta pare aja noe maling babari katjiri ari ditoempoeok baroeleud kitoe mah, da meureun toempoeokanana robah roepana. Oepama soesah oerang moekoeun deui eta pare, eta toempoeokan² sangegeusna 2 atawa 3 poé koedoe diboeka, diglbrig-glbrig, toeloej ditoempoeok deui. Lamoen leuitna atawa goedang tea leutik teuing, datang ka teu bisa didjieu toempoeokan laleutik kitoe, kapaksa oepamana koedoe didjieu toempoeokan galéde, poma koedoe dilakal-akal soepaja hawana celah panas teuing koe ngélékébna. Koe sabab eta hade make wadah-hawa koe awi beunang nganjam anoe goerat-tengahna kira² ½ M.; ari pandjangna eta wadah-hawa teh koedoe saroea djeung loehoerna toempoeokan; ari tjarangna eta wadah-hawa oelah leuwih ti 3 M. Oepama sangheuk make wadah-hawa, hade njeun lolongkrang ditjitak koe blek minjak-tanah oepamana. Panasna perloe mindéng dipariksa, koe ngasoepkeun leungeun kana liang tea. Oepama ngarah babari mariksana panas, hadena mah njeun sae koe awi, tjara paranti noempoeok bako tea. Koedoe diinget-keun pisan, panasna teu meunang leuwih ti 50° Celsius. Lamoen anoe ditoempoeok teh pare rada baseuh, eta, biasana gantjang nakér panasna népi ka sakitoe teh; lamoen panasna geus sakitoe, toempoeokanana koedoe gantjang diboeka, diglbrig-glbrig djeung dihearkeun, sangkan eta pare oelah djadi goreng koe ngélékébna atawa oelah datang ka kadjadian kahoeroean. Tapi ari panghadena mah keur nolak soepaja oelah népi ka panas kitoe teh, euweuh deui ngan eta pare koedoe „toehoer énja” didjieu toempoeokan galéde. Ari pare pibini-

heun mah geus oelah bae meunang panas katjida teh, matak goreng.

Hama loemboeng. Sakabeh pare anoe diampihan digoe-dangan kitoe, koedoe bae aja hawana; geura tjoba bae ngagibrigkeun pare loehoereun njroe. Koedoe bae aja tokona. Tapi lamoen atoeran anoe diwintjik di loehoer dipétakeun énja², eta boeboek teu sabaraha ngaroeksakna, hartina teu matak ngoerangan kana hadena pare tea; djadi teu pérolo ngahadja ngajakeun atoeran pikeun ngabasmí eta hama. Oepama atoeran anoe kaséboet di loehoer tea loba anoe teu ditoeroetna, eta hileud, gantjang katjida ngarékahanana, datang ka matak roeksak kana pare. Ari noe gantjang ngarékahanana djeung ngaroeksak katjida kana pare, nja eta boeboek. Enja bënér, eta pare teh koe oerang beunang dipoé sarta toeloj ditoempoek deui, leuitna beunang dibérésihan, tapi lamoen parena loba, atoeran kitoe teh beurat kabina-bina. Ari hadena mah, pare anoe geus koe boeboek kitoe mah ménding geuwat ditoetoe bae, didahar.

Pendekna, lamoen pare geus dihakan boeboek kitoe, taja tarakahaneunana deui. Koe hal eta, pare anoe arek diarapilan di leuit koedoe pare anoe hade sarta toehoer énja.

Ringkésna.

1. Pare dahareun dipiboetanana koedoe geus asak.
2. Sawatara lilana ditoempoek di leuit, pambrihna ngarah panas.
3. Ditoeroenkeun, toeloj dipoé népi ka toehoer énja, kitoe deui sapoena koedoe garing.
4. Ngan pare anoe toehoer énja, anoe bisa lila diampihanana.
5. Pare pibiniheun oelah diarah toehoer koe diantép; koedoe dihadja dihear-hear kalawan at², mangka 'de kagéntak teuing. Tapi ari toehoerna mah! koedoe toehoer bënér.
6. Leuit atawa goedang pare koedoe toehoer sarta hawa babari kaloeur-asoepna; ari keur ngampihan pibiniheun koedoe rada tiis. Koedoe ditarekahan, oelah koe beurit atawa manok.
7. Pare teu meunang antél kana taneuh atawa tembok. Di leuit atawa di goedang, oelah antél kana bilik, sarta pérjoga pisan diteundeun dina rarandjangan.
8. Gédena toempoekan pare teu beunang leuwih ti 4 ka 4 M. Lamoen leuwih géde ti sakitoe koedoe make lolongkrang djalan hawa tea.
9. Pare anoe rada baseuh koedoe mindéng diboerak toempoekanana, toeloj ditoempoek deui; lain boeat pakeun bae dililakeun, sabab tangtoe eta pare djadi goreng atawa radjeun oge matak kahoeroean. Oepadi keur pibiniheun mah, geus oelah bae.

10. Pare anoe bangsa koerang hade atawa anoe ditoempoek samemeh toehoer énja, sok koe hileud atawa boeboek.

Pare anoe hade diampihan ngan anoe toehoer bënëer bae; tempatna koedoe toehoer djeung hawa koedoe babari kaloeur-aŝoep.

27. HAL KATANGTOEAN² DJEUNG ATOERAN².

a. TINA HAL PANJAKIT² HEWAN ANOE SOK TEPA.

1. Oepama pagawe pamarentah bangsa Eropa atawa bangsa Priboemi njangka Jen aja tjiri² panjakit tepa dina hidji hewan, wadjib andjeunna gantjang mere njaho hal eta ka ahli (deskundige) anoe boga tanggoengan poerah ngoebaran hewan, noe njékél eta témpat.

2. Sabot noenggoe poatoesan ti „ahli noe boga kawadjiban tea, pagawe pamarentah teh, beunang marentah noetoepp saheulaan kandang atawa pakarangan témpat hewan noe géring tea. Ieu parentah koedoe gantjang dibejakeun koe lisan atawa koe soerat ka noe boga atawa ka noe ngoeroes eta hewan, lamoen eta parentah dibikeunna koe pangkat leutik bae, wadjib hal eta gantjang dioendjoekkeun ka kapala pamarentah di dinja.

3. Démi di djadjahan loear tanah Djawa djeung Madoera, lamoen „ahli“ noe boga kawadjiban teh, waktoe oesoem panjakit hewan noe disangka panjakit tepa teh, aja di témpat djaceh, népi ka teu bisa gantjang njeun papariksaan, djeung oepama teu aja pétna baris menta timbanganana koe kawat, hade pagawe, pamarentah bangsa Eropa noe boga oeroesan pérkara eta, di mana eta panjakit heuki njallara, koedoe ngalarang ngaloeurkeun hewan ti témpat noe aja panjakit tea, sabot noenggoe² timbangan ti „ahli“ tea.

4. Baris njégah njallarana panjakit-hewan noe tepa teli, didjalankeun tjara di handap ieu, tapi kadjadianana koedoe dikira-kira koe sorangan noeroetkeun gédena bahja djeung ngingétkeun kana karameanana nagara:

- a. Misahkeun témpatna hewan noe géring atawa noe disangka géring noeroetkeun atoeran noe geus ditétépkeun koe parentah tina hal ieu;
- b. Ngalarang djalma², teu beunang asoep ka tómpat sato noe géring atawa noe disangka géring, anoe geus dipisahkeun atawa noe dirawatan, iwal anoe beunang aja di dinja lantaran kalawa koe kapangkatanana mitoeroet parentah pangagoeng, atawa djalma² anoe koedoe ngoeroes eta hewan tea (saperti noe poerah maraban);
- c. Marentah ngadjaga hewan noe disangka géring tea, lilana noeroetkeun waktoe noe ditétépkeun, bari ngalarang eta hewan dibawa ka témpat sedjen, lamoen teu kalawan kanjaho atawa paidinna noe ngadjaga tea;
- d. Nangkép djeung maehan hewan noe géring djeung noe disangka géring;
- e. Ngadoeroek atawa ngaroeang bangke hewan noe paeh atawa noe dipaehan tea;

- f. Mitjeun noe matak tepa atawa ngaleunglitkeun pakandangan djeung adéganana, énggon hewan noe keuna koe panjakit tea djeung sagala parabol² kandang, nja kitoe deul sakoer noe sok dipake koe eta hewan, atawa noe geus kasenggol koe eta hewan;
- g. Mitjeun noe pitepaeun noe aja di sakabeh djéléma, noe geus pasenggol djeung hewan noe keuna koe panjakit tea, atawa noe noeloeng waktos mitjeun noe matak tepa ti pakandangan, mitjeun kandang djeung barang², atawa noe ngabantoean maehan, ngadoeroek atawa ngaroeng bangke eta hewan djeung deul mitjeun noe pitepaeun ti sakabeh djéléma noe rek kaloeur ti kandang djeung ti tēmpat² noe geus katepaan;
- h. Larangan pikeun wēwēngkon atawa karésidenan noe ditangtoe-keun, teu beunang:
- 1e. mawa asoep kaloeur djeung ngaliwatna eta hewan;
 - 2e. mawa kaloeur hewan sedjen djeung sagala barang noe matak njaliara kana panjakit tea;
 - 3e. mlloe diangan ka pangangonan, diinoemkeun satēmpat nginoem dimandian satēmpat mandi, mawa hewan ka djalan gēde noe bakoe, njeun pasar hewan djeung ngadjoeal hewan.
- i. Ngalarang ngaleupaskeun andjing, oetjing djeung hajam, di sadjéro wēwēngkon atawa karésidenan noe kasēboet dina sub h. di sadjéro karésidenan noe tēpoeng watēs, sarta nitah maehan sato² noe kanjahoan ngētjar di dinja, anoe teu tjojog djeung larangan;
- k. Marentah, soepaja di wēwēngkon noe kasēboet dina sub h. pasal ieu, oge di karésidenan noe tēpoeng watēs djeung eta:
- 1e. adégan kandang djeung karapjak koedoe dibérésihan koe noe ngingoe hewan tea dina waktos anoe geus ditangtoekeun djeung sabisa-bisa salilana koedoe bérésih, mitoeroet pitoedoh pamarentah di eta tēmpat, atawa mitoeroet pagawe noe dititah koe eta pamarentah baris mariksa kandang djeung karapjak tea;
 - 2e. sakabeh hewan koedoe ditjap atawa make tjiri sedjen keur tjitjiren djeung noe miara hewan di djéro 24 djam koedoe mere njaho ka pamarentah, hal ngadjeroe, géring, atawa paeh djeung hal pērkaras noe lian tina bal ingon-ingonna.
- l. Ngalarang asoep ka tēmpat² hewan noe paeh atawa dipaehan lantaran panjakit tepa atawa ka tēmpat kotoran, hewan noe keuna koe panjakit tepa teh, diroeng djeung koedoe ngalarang ngorek² taneuh tēmpat eta, dina sadjéro tempo noe geus ditētēpkeun;
- m. Njjeun tjiri² dina djalan paranti asoep ka tēmpat² énggon hewan noe géring atawa noe disangka géring tea, nja kitoe deul dina watēs eta tēmpat, djeung dina katja-katjana, masang pal dipapanan, noe ditoeelis di loehoerna: „panjakit hewan anoe tepa”

djeung ngaran eta panjakit koe basa Priboemi noe dipake di eta témpat.

5. Oerang Priboemi lalakina noe koeat digawe beunang dipake koe kapala nagara pikeun ngadjalankeun tarekah noe ditoelis dina pasal Ieu.

6. Lamoen tatjan kanjahoan sababna noe matak loba sato noe paraeh, oenggal² pagawe pamarentah kawasa marentah nga¹l bangke eta sato, di mana bae ajana, baris nangtoekeun panjakitna pangna eta hewan paeh; djeung lamoen ditanjakeun, teu aja bae noe noedoehkeun témpat diroengna eta bangke, pagawe téh kawasa mariksa témpat² noe disangka dipake ngoeboer bangke.

7. Pagawe pamarentah djeung bangsa poelitie sarta „ahli” noe koedoe mariksa, lamoen pérloe, bisa kalawan pitoeloeng poelisi, asoep ka oenggal témpat noe disangka aja kadjadian kitoe; djeung deul beunang asoep ka djero waroeng² atawa témpat ngampihan daging, témpat moé koelit djeung témpat pagawean noe saroepea kitoe, djeung deul beunang asoep ka témpat noe pérloe diasoepan baris ngadjalankeun sub No. 6.

8. Atoeran nimbang djeung majar karoegian, saperti di handap Ieu:

Gédena karoegian baris hewan noe rek dipaehan, koedoe noeroetkeun harga pasar, lamoen eta hewan waktoe eta henteu keuna koe panjakit anoe népi ka koedoe dipaehan. Harga noe kaséboet tadi ditangtoekeun koe „ahli” noe boga oeroesan, lamoen djoembiah harga hewan noe dipaehan, noe rek dibajarkeun ka hidji djéléma dikira henteu leuwih ti / 500 (lima ratoes roepia), tapi lamoen leuwih ti saktoe dipoetoeskeunana koe sahidji koemisi noe lidna tiloe; ari didjieunna eta koemisi téh koe kapala pamarentah nagara.

Tina hal Ieu didjieun proces-verbaalna kalawan ati² sarta ditekén djeung nérangkeun hidji-hidjina hewan.

Ari doeitna kabeh dipasrahkeun ka noe boga hewan. Doelit pamere atawa pamajar téh teu beunang diblikeun lamoen sagala noe matak tepa tatjan dipitjeunan énja² ti kandang¹ djeung lian ti eta, mitoeroet katangtoean noe masih didjalankeun dina Ieu hal, atawa noeroetkeun pitoedoeh „ahli” noe kawadjiban ngoeroes; lamoen noe boga téh tjitjingna dina wéwéngkon noe ditoetoep, mitoeroet pasal 4 sub h. 1e. di loehoer, koedoe diitah noenggoean tépi ka didinan baris balik deul mawa eta hewan ka eta wéwéngkon.

b. SEGEL.

Hal ongkos segél didjalankeun di sakoeliah Hindia-Nederland kalawan henteu ngabedakeun bangsa Eropa djeung Priboemi. Dèmi ongkos segél téh, eta padjég keneh, nja eta padjég akteu djeung bangsa soerat lian ti eta (tégésna saniskara katérangan djeung

verklaring anoe gawena pikeun djadi boekti hidji panggawe atawa leuwih, boh eta panggawe-panggawe teh misah² boh patjantel², sarta eta soerat teh didjieun koe —, djangeun — atawa lantaran aja pamenta manehna, toer make ditanda atawa ditjap koe manehna); nja kitoe deul sagala soerat panoehoen (rêkes) ka pangagoeng, koemaha bae atoeranana mah, rek bangoen soerat bae rek tjara pengétan.

Ari gédèna eta ongkos segél sawareh anggër⁽¹⁾, sawareh deul noeroet timbangan, nja eta goemantoeng kana gédèna doeit anoe dioeroeskeun.

Gédèna ongkos segél anggër biasana f 1.50, tapi ari keur koeitansi (kwitantie), soerat deposito, soerat aandeel-ngaran (op naam staande bewijzen van aandeel), tjitjilan keur modal loemboeng-indjeumkeuneun baris noeloeng, soerat anoe aja pangadjina doeit ka noe njékél, wissel djeung soerat-pamajar anoe henteu keuna koe ongkos noeroet timbangan tea (likan di handap), pas-daratan pikeun oerang Priboemi djeung pas keur ka nagara sedjen anoe dibikeun di Goepermen Atjeh sabawahanana (lwal pikeun ka Mèkah), gédèna ongkos ditètèpkeun f 0.10.

Pikeun soerat-dagang anoe beunang ditoekeurkeun (dibajar) di Nagara Walanda, kadjaba anoe bieu, biasana koedoe majar ongkos segél noeroet timbangan tea $\frac{1}{2}^{\circ}/_{\infty}$ ($\frac{1}{2000}$ na).

Ongkos segél soerat-paidin pikeun ngadjoeal sendjata-api, obat djeung parobot sendjata api (munitie) gédèna lima poeloeh roepia; segél-paidin ngabongkar moeatan kapal doea poeloeh lima roepia; pikeun ka Mèkah opat roepia.

Ongkos segél noeroetkeun timbangan pikeun:

- a. acte hypotheek atawa tanggoengan ngabogaan kapal-kapal $\frac{1}{2}\%$;
- b. acte ballk-nama hak-eigendom atawa hak-miboga liap ti eta $\frac{1}{4}\%$;
- c. acte ngépakkeun pantjarlan nagara, karésidenan atawa bagian karésidenan anoe boga kas sorangan $\frac{1}{4}\%$;
- d. soerat doeit lelang $\frac{1}{8}\%$;
- e. proces-verbaal ngalelang leuweung djeung ngaloerkeunana pangala hasil leuweung $\frac{1}{10}\%$;
- f. soerat kapal djeung pas laoet f 0.20 oenggal 1 M³, ngitoeng eusina eta kapal (parahoe).
- g. soerat pamajar atawa soerat masih hoetang pamajar djeung assignatie anoe henteu koedoe dibajar gantjang atau saeutik tempona $\frac{1}{2}^{\circ}/_{\infty}$.

Soerat oentetik (authentieke acte) anoe koedoe dibajar ongkos segél noeroetkeun-timbangan ngan soerat-notaris bibit-na bae; soerat acte dibawah tangan anoe make majar ongkos segél noeroet-timbangan tea, koedoe ditoelis sakabehn² dina segél

(1) Anoe disjboet: saroea tea.

kalawan beres, iwal soerat-soerat acte lelang-borongan dlbawah tangan anoe pikeun Nagara djeung salian ti eta; anoe kitoe mah noe koedoe majar segël noeroet-timbangan teh, ngan soerat anoe keur ka Pamarentah bae.

Salinanana sakabeh soerat anoe koedoe majar ongkos segël, koedoe ditoelis dina segël anoe harga f 1.50 tea.

Aja pirang² soerat anoe noeroetkeun atoeran noe kasëboet di loehoer koedoe majar ongkos, lesot pisan tina eta padjég; leuwih ti 80 roepa soerat reana diëleskeun, anoe diiwalkeun tina eta atoeran, djeung rea deul soerat sedjen anoe disëboetkeunana dina verordening gëde. Ngabebaskeun ongkos soerat koe noeroetkeun maksoedna, kakara diidinan, lamoen eta maksoed tea tërang kaoeni dina soerat, sarta sabab-sababna anoe matak dibebaskeun tea, koedoe disëboetkeun dina eta soerat.

Tah eta, atoeran anoe biasa didjalankeun pikeun majar ongkos segël noeroet-timbangan teh, sarta pikeun sakabeh soerat² anoe didjieun di Hindia Nederland biasana diwadji bkeun; nja Gouvernement ngadjoeal roepa² segël, ti harga f 1.50 nëpi ka harga f 500.

Kadoea, ongkos segël teh dibajarna koe napëlkeun plakzegel anoe hade kenéh, (¹), eta oge plakzegel tea, tjara segël noe sedjen bae, aja daganganana di kantor pos; tah eta, atoeranana majar ongkos segël an g g è r.

Aja deul atoeran majar ongkos segël, nja eta dibajarna pandeuri; dibikeunna ka pagawe anoe geus dibakoekeun ngoeroes hal eta; pëtana manehna napëlkeun segël tea atawa plakzegel katoet verklaringsna. Ieu atoeran babakoena dipakena pikeun soerat anoe ditoelisna lain di Hindia, atawa pikeun sababaraha soerat anoe make disëboetkeun ngaranna, anoe hese pikeun ditoelis tëroes kana zegël, djeung soerat² anoe ëngke di a c h i r baris dja di katërangan.

Lamoen noe njarieun përdjangdjian tea hënteu ngahadja njeun përdjangdjian sedjen, anoe dikeunaan padjég (koedoe majar ongkos) salawasna anoe ngahoetangna atawa anoe boga hak djeung njékël soerat kakoeatan.

Anoe djadi tanggoenganana sangkan ongkos segël tea dibajar, nja eta; kahidji koe antjaman dikeunaan hoekoem dengda gëde, sakoer anoe nandatangan dina kërta anoe teu make segël, atawa make kërta, tjara kitoe keur noe sedjen; kadoea; Pamarentah, gëgëden pangadilan djeung gëgëden pamarentahan, nja kitoe deul poerah moetoes (scheidmannen) dilarang teu meunang mere poetoesan, ngësahkeun tanda-tangan, nibankeun pangadilan, nganggap atawa ngampihan soerat-soerat, napëlkeun eta soerat-soerat kana soerat

(¹) Tanda koedoe ditoelis koe mangsi dina eta plakzegel, nja kitoe deul titi-mangsana koedoe ditoelis dina eta plakzegel koe mangsi, pikeun noedohkeun waktoena dipake.

acte atawa noeliskeun eta dina acte tea, lamoen ongkos segél tea tatjan dibajar.

Lamoen leuwih teuing majar, leuwihna tea beunang dipenta deui dina sadjéro tiloe tahoen tina titimangsana soerat anoe ditoelis dina segél tea.

Segél anoe henteu beunang dipake — anoe tatjan dipake —, beunang ditoekeurkeun djeung segél anoe weuteuh keneh, tapi koedoe majar f 0.20, sarta make katèrangan jen eta toelisan anoe aja dina segél tea henteu kapake.

Anoe njékél hal segél djeung plakzegel, nja eta hidji pagawe pos djeung kawat; ari anoe nalingakeun djeung mariksana, Kapala eta Pagawean.

Segél djeung plakzegél beunang dibeuli ti Kapala kantor-pos leutik; ari di tanah peuntas (loeareun poelo Djawa djeung Madoera) beunang dibeuli ti ambtenaar Bestuur, lamoen di dinja euweuh kantor-pos.

c. RINGKESAN BAB PADJEG.

1. Anoe diwadji bkeun majar padjég-kapala.

sagala djéléma anoe keuna koe heerendienst di tanah Goepèrnèmen di poelo Djawa djeung Madoera, iwal:

I. tanah Goepèrnèmen onderdistrik Bogor (Buitenzorg), aja di distrik djeung afdeeling eta, karésidenan Batawi, djeung

II. oerang tanah' partikoelir.

art. 1.

2. Eta padjég-kapala.

a. ditètèpkeunana oenggal tahoen, baris satahoeneun djeung sadesa-sadesa;

b. gèdena padjég dina sadesa sakitoe kall padjég karataan di eta karésidenan atawa di sabagian eta karésidenan, saperti lobana djéléma anoe keuna koe heerendienst dina 1 Januari tahoen aanslag — iwal lamoen didjalankeun artikel 3 —.

art. 2.

3. Ngabagikeun padjég-kapala.

a. diatoer di desa koe pamarentah desa kalawan pamentana djalma' anoe koedoe malajar padjég kapala tea, ditalingakeun koe pagawe anoe dipilih koe Residen (tatapi teu beunang aja anoe di-

keunaan padjég leuwih ti opat kalieun rata-ratana; Stbl. 1914 No. 313);

art. 4. Padjég anoe geus dianslag, dina taheen eta teu beunang dirobah deui.

- b. baris diparentahkeun koe Directeur Binnenlandsch Bestuur pikeun distrik², onderdistrik² atawa desa², lamoen koe andjeunna dianggap përlie lantaran noeroetkeun kaadilan; sarta kalawan ngingéckeun beunghar-miskinna djéléma atawa beurat-hampangna heerendienst anoe dileungitkeun ti sémét taheen 1913 tea.

Dina waktos aanslag padjég-kapala ditangtoekeun gëdena gitik-ratana padjég anoe éngkena baris ditétépkeun koe Directeur Binnenlandsch Bestuur pikeun saorangna anoe koedoe majar padjég-kapala, démi gëdena di-boeleudkeun djadi titikélanana 5 sen.

Gëdena eta padjég teu beunang dirobah, iwal lamoen aja sabab anoe gëde katjida (saperti lantaran gitik-ratana padjég tea dirobah) noeroetkeun timbangan Directeur Binnenlandsch Bestuur.

art. 3²

4. M a j a r p a d j é g - k a p a l a (kolong).

art. 7⁴ a. koedoe ka kapala-desa, djeung koedoe geus loenas samemehna tanggal 20 December taheen eta;

b. beunang dina oenggal waktos bae, darapon majarna 25 sen atawa titikélanana;

Lamoen anoe dibajar teh koerang ti 25 sen, koedoe dibajar kabeh; lamoen koerang tina titikélan 25 sen, majarna sabeunang-beunang koeroe 25 sen dina sakali-kalina.

art. 8.

c. beunang diloebarkeun kabeh atawa sabagianana koe Directeur Binnenlandsch Bestuur, lamoen aja sabab anoe gëde katjida.

art. 6.

5. K a p a l a - d e s a.

§ 1. a. dina awalna boelan Januari koedoc njatétan djéléma² anoe tanggal hidji boelan eta keuna koe gawe heerendienst;

§ 2. b. koe sorangan atawa nitah noe sedjen noellskeun beubeunangan mariksa kohir-kohir desa (model A);
c. njëboetkeun oge dina eta kohir gëdena padjég

hidji² djéléma, noeroetkeun gitik-ratana padjég anoe ditétépkeun pikeun desa eta (kolom V); nja kitoe deui koedoe njéboetkeun (dina kolom VI) gédena padjég anoe dibagikeun koe desa noeroetkeun pamenta djalma² anoe koedoe malajar padjég-kapala tea, lamoen kadjian kitoe.

- Hal anoe kaséboet dina aksara c. hēnteu koedoe didjalankeun, lamoen eta bagian anjar tea geus disahkeun koe Directeur Binnenlandsch Bestuur noeroet anggér² artikél 3 Ordonansi-padjég-kapala, atawa lamoen eta bagian anjar tea baris dirobah:
- § 2. d. lamoen manehna meunang bedja, jen Kapala-karésidenan nganggap pérloe koedoe njeun bagian anjar saperti anoe kaséboet dina artikel 3 Ordonansi-padjég-kapala, manehna koedoe njeun kohir² sapérloena, datang ka kanjahoan aja sabaraha reana djéléma anoe dina tanggal 1 Januari tahoen eta koedoe keuna koe heerendienst;
- § 8¹. e. narik padjég-kapala; pikeun ngoeroes hal leu kapala-desa baris dipasrahan kohir² desa, anoe geus meunang nambahan sapérloena koe kapala-distrik;
- § 8² art. 7¹. f. make kohir² desa anoe kaséboet di c. tea pikeun njatétkeun doelit anoe geus ditarik;
- § 9. g. njétorkeun doelit anoe geus katampa ka hidji tēmpat anoe geus dibakoekeun;
- art. 7¹. h. meunang pērsen padjég, gédena dalapan pērsen tina padjég anoe ditarik tea, sarta dibikeunna dina oenggal waktōe sētor;
- art. 7². i. koedoe ngoeroes, soepaja doelit-padjég geus loenas dina samemehna tanggal 20 Decembar tahoen eta;
- art. 7¹. j. rēmpoeg-ragēm djeung pamarentah-desa koedoe ngatoer gédena padjég noeroetkeun karēpna oerang desa tea, anoe moal dirobah deui sadjēro tahoen eta.
- art. 4¹⁻³.

6. K a p a l a - o n d e r d i s t r i k .

- § 2. a. mariksa hal ngeusianana kohir-kohir desa;
- b. ngoeroes, soepaja Kapala-desa njeun kohir sapérloena, datang ka bisa kanjahoan sabaraha reana djéléma anoe dina tanggal 1 Januari tahoen eta koedoe dikeunaan heerendienst — lamoen manehna meunang bedja, jen Kapala-karésidenan nganggap pérloe, koedoe njeun bagian anjar saperti karēpna artikel 3 Ordonansi padjég-kapala —.
- § 6.

7. Kapala-distrik.

- § 3. a. nêroeskeun kohir² desa anoe katampa ti Kapala-
onderdistrik ka pagawe anoe koedoe mariksa hal
ieu anoe ngabawah distrikna (Kontrolir atawa
Aspiran-Kontrolir); ngirimkeunana koedoe memeh
tanggal 1 Februari;
- § 8². b. masrahkeun kohir-kohir desa ka Kapala-desa pi-
keun narik padjég, noeroetkeun kohir² distrik anoe
geus ditétépkeun djeung geus dieusian sapërloena;
- c. masrahkeun soerat-padjég (model D) anoe geus
ditanca koe andjeunna ka Kapala-desa.

8. Pagawe anoe poerah mariksa (Kon-
trolir atawa Aspiran-Kontrolir).

- § 4. a. njeun kohir sadistrik-sadistrik bawahanana (mo-
del B), noeroetkeun katérangan anoe kaséboet dina
kohir-desa anoe disanggakeun ka andjeunna;
- b. njanggakeun kohir² distrik ka toean Résiden,
dibaréngan koe katérangan pondok tina hal ma-
djoe-moendoerna padjég-kapala tahoen eta diban-
dingkeun djeung tahoen toekang;
- § 5. c. njeun kohir² distrik sapërloena, datang ka toean
Résiden tingali sabaraha lobana djéléma anoe dina
tanggal 1 Januari tahoen eta noe koedoe dikeunaan
heerendienst — oepama andjeunna meunang bedja,
jen Kapala-karésidénan nganggap pérloe koedoe
§ 6. diajakeun bagian anjar —.

9. Pagawe pamarentahan Walanda atawa
priajaji Priboemi.

- a. ralingakeun, lamoen diplwarang koe Kapala-ka-
résidénan:
- § 3. I. hal mariksa kohir-desa koe kapala eta onder-
distrik;
- II. hal ngalampahkeun anggër² Ordonansi-padjég-
kapala djeung papagon ngadjalankeun eta
§ 10. ordonansi;
- III. hal ngabagikeun padjég di desa koe pamaren-
tah-desa.
art. 4.

d. NJADIAKEUN KADAHARAN NOE DJADI TATALI-HOERIP.

Artikel 1. (1) Saha² anoe njékél tanah lianna ti pakarangan (imah), boh anoe saloearna boh aja sabagianana anoe kosong leuwih lila ti saesoem pépélakan anoe blasa dikébonkeun di dinja. oepama noeroetkeun timbangan Kapala-afdeeling, beunang sarta koedoe dipélakan bangsa pépélakan anoe djadi tatali-hoerip anoe oemoerna ngan satahoen, toer katimbang baris hasil, djéléma anoe njékél eta tanah diwadjihkeun, dimana nampa parentah Kapala-afdeeling atawa parentah wawakilna, koedoe mélékan eta tanah koe bangsa pépélakan anoe kaséboet di loehoer tea dina waktoe anoe katimbang hade koe Bestir; sarta ngalana hasil koedoe dihade-hade.

Dina ngadjalankeun parentah anoe kaséboet di loehoer, koedoe ditingétkeun: hal pilligéntina pépélakan, hal panganganan, anoe baris migawena, djeung sagala perkara sedjen anoe sakira matak djadi halangan kana djadina eta pagawean.

(2) Di tanah erpah djeung tanah² partikoelir kawadjiban anoe kaséboet dina ajat kahidji teh, pikeun saheulaan ngan beunang didjalankeun baris saparapatna tanah anoe kosong, anoe noeroet pangatoeran noe kaoeni dina ajat kahidji tea, kaasoe kana tanah anoe pihasiléun lamoen dipélakan bangsa tatali-hoerip — iwal tanah² anoe biasa dipélakan tilwoe djeung bako, djeung di tanah² partikoelir diwalkeun tanah² anoe dltjékél koe oerang Priboemi djeung sapapadana make hak anoe diséboet „hak-make“, tanah anoe kieu mah, keuna pisan koe pangatoeran anoe kaséboet dina ajat kahidji teh.

Tanah² kosong anoe aja di tanah² erpah djeung tanah partikoelir, anoe noeroet timbangan Kapala-afdeeling baris pihasiléun lamoen dipélakan bangsa tatali-hoerip, toer teu sabaraha matak roegina ka anoe boga, (eta tanah kosong) keuna koe pangatoeran anoe kaséboet dina ajat noe kahidji, sanadjan légana ngaleuwihan ti oegéran anoe kaséboet di loehoer, nja eta $\frac{1}{4}$ -na tea.

Di tanah onderneming-erpah noe aja di loear Poelo Djawa djeung Madoera, légana tanah anoe koedoe dipélakan tatali-hoerip teh, dikoerangan deui koe tanah² anoe dipélakan koe pépélakan baris dahareun noeroet artikel 1 ordonansi tanggal 20 September 1918 (Staatsblad No. 655).

Tanah² anoe dipélakan pépélakan bangsa tatali-hoerip anoe kaséboet dina leu ajat, dipilibna koe Kapala-afdeeling atawa koe wakilna — démi Kapala-afdeeling meunangna katérangan hal tanah piliheun pélakaneun teh, ti hidji koemisi anoe didjieun koe Kapala-karésidenan, ari élidna eta koemisi teh djéléma² anoe baroga kapérloean.

(3) Lesot tina kawadjiban mélék bangsa tatali-hoerip, lamoen

eta tanah pikeun saheulaan dipasrahkeun koe manehnâ ka Kapala-afdeeling kalawan përtjoemah, soepaja dipëlakan bangsa tatali-hoerip koe noe sedjen; sarta eta kawadjiban teh leungit deulh lamoen manehanana bisa nêrangkeun ka Kapala-afdeeling, jeu maranehanana pribadi atawa babarëngan djeung batoerna, geu marêlak bangsa tatali-hoerip make djalan sedjen.

(4) Parentah anoe kasëboet dina ajat kahidji tea, sadjêro 14 poë t satampna eta parentah beunang disawalaan koe soerat ka Kapala karësidenan, anoe baris maparin poetoesan. Lamoen kadjadia hal ieu, kawadjiban mëlakan tanah kosong tea dipoendoerkeun nêg ka datangna poetoesan.

Artikël 2. Pikeun ngadjalankeun anoe kasëboet dina artikël dianggap oge tanah kosong, tanah-tanah anoe dipëlakan bangsa „pêlak-tahoen” anoe masih leutik keneh, sarta lamoen dipëlaka sësêlana moal piroeksakeun, nja eta noeroet timbangan Kapala afdeeling sanggeusna mariksa timbangan hidji koemisi anoe didjieu koe Kapala-karësidenan, anoe lidna bangsa ahli-ahli bae. Anoe ditangtoekeun dina ajat 4 artikël kahidji keuna oge kana tanah anoe kieu.

Artikël 3. Anoe ditêtêpkeun dina artikël 1 djeung 2, keur oge ka Concessie-tatanen di karadjaan² laeutik di loear Poel Djawa djeung Madoera, djeung di onderneming² di Solo djeur Djogja. Dina hal ieu anoe dikeunakeun teh ajat kadoea artikël pikeun tanah erpah djeung tanah² partikoelir.

Artikël 4. Saha² anoe pikeun saheulaan masrahkeun tanah ka noe sedjen, nja eta tanah anoe koedoe dipëlakan pëpëlaka tatali-hoerip anoe kasëboet dina artikël 1 tea, hënteu boga ha pikeun mërkarakeun ka hoekoem pikeun njaboet përdjangdji atawa menta paroeroegi (ganti karogian) ti djëlëma anoe njimpai tina djangdjina, noe mëlakan eta tanah koe pëpëlakan anoe parentahkeun tea atawa masrahkeun eta tanah keur saheulaan Kapala-karësidenan kalawan përtjoemah, soepaja eta tanah dipëlakan bangsa tatali-hoerip koe noe sedjen.

Artikël 5. Kapala-karësidenan, lamoen përlöe, baris nje atoeran² anoe koedoe ditoeroet dina ngadjalankeunana eta kawadjiban.

Dëmi hal tanah² kontrakan, kapala pamarentahan koedoe badu djeung koemisi anoe ëlid-ëlidna kabeh djalma² anoe baroga ka përlöean hal eta. Di karësidenan anoe aja pakoempoelan-tatan-njeunna koemisi, Kapala-karësidenan koedoe menta timbangana eta pakoempoelan.

Artikel 6. (1) Ari di tanah² erpah atawa-atawa tanah Concessie-tatanen, atawa tanah² anoe kaasoeup kana bagian tanah partikoelir boh tanah kontrakan anoe henteu ditjékéi koe oerang Priboemi djeung sapapadana, kawadjiban² anoe kaséboet dina leu ordonansi dibeuratkeun ka anoe ngoeroesna (beheerder).

(2) Tanah erpah djeung kontrakan² anoe tatjan diboeka, eta kawadjiban dibeuratkeun ka anoe mentana, atawa lamoen anoe mentana teh hidji vennootschap atawa pakoempoelan anoe geus disahkeun, dibeuratkeunana ka pangoeroes-pangoeroesna (bestirna).

(3) Saha² anoe henteu nohonan kana eta kawadjiban, dihoekoem boé panglilana tiloe boelan atawa didéngda panglobana lima-ratoes roépia.

(4) Eta lampah, anoe dihoekoem koe hoekoeman anoe kaséboet dina ajat noe bieu, dianggap palanggaran.

Artikel 7. Ieu ordonansi mimiti didjalankeun ti poéan diembarkedu (nja eta 13 Juli 1919).

KATERANGAN MAKSOEDNA ORDONANSI MAKSA PEPELAKAN:

(Soerat sébaran Direktoer Tatanen, Karadjinan djeung Dagang, dikirimkeun ka Kapala-kapala karésidenan 26 September 1919 No. 10987/A).

Ordonansi-pamaksa-pépélakan didjalankeunana tangtos pisan babakoena pikeun tanah² kéring, nanging di sawareh témpat didjalankeun oge pikeun sawah² anoe henteu dipolah koe noe gadoehna.

Loba tanah kéring anoe lantaran hirang lendo, dipélakanana dina sababaraha taheun ngan sakali. Ana gantjang dipélakan deui teh sok saeutik pisan pangasilanana katoeroeg-toeroeg ana mindéng teuing dipélakan, sok tereh pisan kérina, oepad i oepami tanahna lamping mah; eta pérkara sakénging-kénging kédah ditarekahan, sangkan oelah kitoe. Dina waktos ngadjalankeun eta ordonansi pikeun tanah² anoe dipolah koe abdi², hal leu kédah diemoetkeun.

Koe sabab parantos ngoeping jen loba kaheseanana, sapertos anoe ditabeuh di Volksraad, di dieu dipepelingan, jen hal maksa oerang Priboemi kédah pépélakan teh, teu kenging pisan ngaganggoe hal goear-taneuhna oerang Priboemi anoe parantos matoeh. Oepami dina hidji témpat, oerang dinja parantos matoeh pépélakanana, sarta parantos milih pakasabanana, parantos ngadamél atoeranana eta pakasaban saréng parantos nétépkeun pépélakan anoe baris dipélakna, eta ordonansi-pamaksa-pépélakan tea, sama sakali teu kenging maksa ka eta djéléma. Pangatoeran leu ordonansi ngan kenging dikeunakeun kana tanah² oerang Priboemi, boh anoe parantos lami, boh anoe anjar keneh henteu dipépélakanan, sarta

katimbang baris hasil oepami dipélakan bangsa tatali-hoerip anoe oemoer satahoen.

Loba djalma anoe ngomong, jen atoeran maksa djéléma² anoe garadoeh tanah kosong noe tjara kasébat di loehoer sina mélakan tanahna tea koe bangsa tatali-hoerip, mindéng pisan tura aja goenana, saréng ngeunakeun pamaksa kitoe teh sok kadjañan pérkara koerang adil, eta lérés kitoe. Koe sabab eta oepami parantos sidik, jen anoe gadoeh tanah émboengeun mélakan tanahna koe sorangan, ieu ordonansi sallanna wérang maksa soepaja djéléma² marélakan tanahna anoe kosong koe pribadina, gadoeh deul kakawasaan masrahkeun eta tanah ka noe sedjen pikeun sawatara lamina sarta digantoengan djangdji² soepaja dipélakan bangsa tatali-hoerip koe djéléma anoe daraek mélakan tea, maeke atoeran anoe sae. Eta ordonansi anoe pang-pangna pisan maksoedna tjara anoe kaséboet bieu di loehoer tea; djadi anoe gadoeh eta tanah teh, lain dipaksa kédah mélakan tanahna anoe pihusileun tea koe bangsa tatali-hoerip, nanging oepami manehna émboengeun mélakan tanahna tea, sina milih bae naha bade babalik pikli, niat mélakan tanahna, atawa ménding masrahkeun (ngindjeumkeun) tanahna ka Nagara, soepaja koe Nagara pikeun sawatara lilana, dipasihkeun ka oerang désa eta, babakoena pisan ka noe teu garadoehéun tanah, soepaja koe maranehanana dipélakan bangsa tatali-hoerip anoe oemoer satahoen make atoeran anoe sae.

Hal anoe garadoeh tanah harajangeun lesot tina kawadajiban mélakan tanahna koe sorangan, sanes ngan aja di oerang Priboemi bae, di bangsa sedjen oge sami bae aja eta kahayang teh, tapi pikeun lolobana kirang sae dikeunaan atoeran kitoe.

Hal lamina diindjeumkeunana, dina ordonansi lénteu ditétépkeun. Nanging, pangna hénteu ditétépkeun teh, lain pisan mak-sadna, jen hal lamina mah dipasrahkeun ka noe gadoeh tanah bae. Oepami noe gadoeh tanah émboengeun hese mélakan tanahna, sarta masrahkeun eta tanah ka Kapala-afdeeling, pikeun sawatara lamina soepaja dipélakan koe noe sedjen, manehna teu kenglug baha, tanahna dipélakan bangsa tatali-hoerip koe noe sedjen, digarapna koemaha pisaéunana, sarta lilana sakoe maha pérloena timbangan anoe mélakan. Lamoen tanahna, tanah anoe tatjan diboeka, bisa djadi katimbang pérloe, pillamleunana leuwih ti sa-oesoemeun, lantaran koe beubeunangan saesoem, ongkos moekana hénteu kaboeal. Dina lébah pérkara kieu lamina eta tanah barisna dipake, pérloe dibadamikeun heula saréng anoe gadoeh.

Oepami anoe gadoeh tanah émboengeun noeroel kana kahajagna Béstir, eta djéléma kenging diantjam, nja eta sascepna waktos pamere manehna tea, manehna pribadi kédah ngaladjéngkeun mélakan eta tanah koe bangsa tatali-hoerip. Dina papagon anoe baris ditétépkeun koe Kapala-karésidenan, noeroetkeun artikél 5 ieu

Artikël 6. (1) Ari di tanah² erpah atawa-atawa tanah Concessie-tatanen, atawa tanah² anoe kaasoeap kana bagian tanah partikoelir boh tanah kontrakan anoe henteu ditjékél koe oerang Priboemi djeung sapapadana, kawadjiban² anoe kaséboet dina ieu ordonansie dibeuratkeun ka anoe ngoeroesna (beheerder).

(2) Tanah erpah djeung kontrakan² anoe latjan diboeka, eta kawadjiban dibeuratkeun ka anoe mentana, atawa lamoen anoe mentana teh hidji vennootschap atawa pakoempoelan anoe geus disahkeun, dibeuratkeunana ka pangoeroes-pangoeroesna (bêstirna).

(3) Saha² anoe henteu nohonan kana eta kawadjiban, dihoekoem boei panglilana tiloe boelan atawa didéngda panglobana lima-ratoes roepia.

(4) Eta lampah, anoe dihoekoem koe hoekoeman anoe kaséboet dina ajat noe bleu, dianggap palanggaran.

Artikël 7. Ieu ordonansi mimiti didjalankeun ti poéan diembarkeduun (nfa eta 13 Juli 1919).

KATERANGAN MAKSUEDNA ORDONANSI MAKSA PEPELAKAN:

(Soerat sébaran Direktoer Tatanen, Karadjinan djeung Dagang, dikirimkeun ka Kapala-kapala karésidenan 26 September 1919 No. 10987/A).

Ordonansi-pamaksa-pépélakan didjalankeunana langtos pisan babakoena pikeun tanah² kering, nanging di sawareh témpat didjalankeun oge pikeun sawah² anoe henteu dipolah koe noe gadoehna.

Loba tanah kering anoe lantaran hirang lendo, dipélakanana diwa sababaraha tahoen ngan sakali. Ana gantjang dipélakan deui teh sok saeutik pisan pangasilanana katoeroeg-toeroeg ana mindéng teuing dipélakan, sok tereh pisan kériana, oepadi oepami tanahnya laming mah; eta pérkara sakenging-kenging kédah ditarekahan, sangkan oelah kitoe. Dina waktos ngadjalankeun eta ordonansi pikeun tanah² anoe dipolah koe abdi², hal ieu kédah diemoetkeun.

Koe sabab parantos ngoeping jen loba kaheseanana, sapertos anoe ditabeuh di Volksraad, di dieu dipepelelingan, jen hal maksa oerang Priboemi kédah pépélakan teh, teu kenging pisan ngaganggoe hal goear-taneuhna oerang Priboemi anoe parantos matoeh. Oepami dina hidji témpat, oerang dina parantos matoeh pépélakanana, sarta parantos milih pakasabanana, parantos ngagamél atoranana eta pakasaban saréng parantos nétépkeun pépélakan anoe baris dipélakna, eta ordonansi-pamaksa-pépélakan tea, sama sakali teu kenging maksa ka eta djéléma. Pangatoeran ieu ordonansi ngan kenging dikeunakeun kana tanah² oerang Priboemi, boh anoe parantos lami, boh anoe anjar keneh henteu dipépélakanan, sarta

katimbang baris hasil oepami dipélakan bangsa tatali-hoerip anoe oemoer satahoen.

Loba djalma anoe ngomong, jen atoeran maksa djéléma² anoe garadoeh tanah kosong noe tjara kasébat di loehoer sina mëlakan tanahna tea koe bangsa tatali-hoerip, mindéng pisan tara aja goenana, saréng ngeunakeun pamaksa kitoe teh sok kadjadian pérkara koerang adil, eta lérés kitoe. Koe sabab eta oepami parantos sidik, jen anoe gadoeh tanah émboengeun mëlakan tanahna koe sorangan, ieu ordonansi salianna wénang maksa soepaja djéléma² marélakan tanahna anoe kosong koe pribadina, gadoeh deui kakawasaan masrahkeun eta tanah ka noe sedjen pikeun sawatara lamina sarta digantoengan djangdji² soepaja dipélakan bangsa tatali-hoerip koe djéléma anoe daraek mëlakan tea, make atoeran anoe sae. Eta ordonansi anoe pang-pangna pisan maksoedna tjara anoe kaséboet bieu di loehoer tea; djadi anoe gadoeh eta tanah teh, lain dipaksa kédah mëlakan tanahna anoe pihasléun tea koe bangsa tatali-hoerip, nanging oepami manehna émboengeun mëlakan tanahna tea, sina miith bae naha bade babalik pikir, niat mëlakan tanahna, atawa ménding masrahkeun (ngindjéumkeun) tanahna ka Nagara, soepaja koe Nagara pikeun sawatara lilana, dipasihkeun ka oerang desa eta, babakoena pisan ka noe teu garadoehéun tanah, soepaja koe maranehanana dipélakan bangsa tatali-hoerip anoe oemoer satahoen make atoeran anoe sae.

Hal anoe garadoeh tanah harajangeun lesot tina kawadjiban mëlakan tanahna koe sorangan, sanes ngan aja di oerang Priboemi bae, di bangsa sedjen oge sami bae aja eta kahajang teh, tapi pikeun lolobana kirang sae dikeunaan atoeran kitoe.

Hal lumina diindjéumkeunana, dina ordonansi hén-teu ditétépkeun. Nanging, pangna hén-teu ditétépkeun teh, lain pisan mak-sadna, jen hal lamina mah dipasrahkeun ka noe gadoeh tanah bae. Oepami noe gadoeh tanah émboengeun hese mëlakan tanahna, sarta masrahkeun eta tanah ka Kapala-afdeeling, pikeun sawatara lumina soepaja dipélakan koe noe sedjen, manehna teu kénging baha, tanahna dipélakan bangsa tatali-hoerip koe noe sedjen, digarapna koemaha pisaeéunana, sarta lilana sakoe maha pérloennu timbangan anoe mëlakan. Lamoen tanahna, tanah anoe tatjan diboeka, bisa djadi katimbang pérloe, pilamiéunana leuwih ti saoesoeméun, lantaran koe beubeunangan saoesoem, ongkos moekana hén-teu kaboenl. Dina lébah pérkara kieu lumina eta tanah barisanu dipake, pérloe dibadamikeun heula saréng anoe gadoeh.

Oepami anoe gadoeh tanah émboengeun noeroet kana kahajangna Béstir, eta djéléma kenging diantjam, nja eta saseapna waktoe pamere manehna tea, manehna pribadi kédah ngaladjéngkeun mëlakan eta tanah koe bangsa tatali-hoerip. Dina papagon anoe baris ditétépkeun koe Kapala-karésidenan, noeroetkeun artikél.5 ieu

ordonansi-maksa-pépélakan, pérloe oge disébatkeun sabaraha lamina eta tanah koe noe gadoeh dipasrahkeunana ka Kapala-afdeeling mambréh manehna lesot tea tina kawadjabana pikeun mëlakan eta tanah koe bangsa tatall-hoerip. Dina nêtépkeunana lamina, pérloe ngingétkeun anoe kasébat di loehoer.

Oepami eta tanah parantos dipasrahkeun ka Kapala-afdeeling, anoe gadoeh tanah (toean onderneiningna) dianggap parantos nohonan kana kawadjabana, sanadjan Kapala-afdeeling oepamina teu manggih djéléma anoe daekeun mëlakan eta tanah. Nanging maksa anoe garadoeh tanah kédah masrahkeun tanahna kitoe teh, biasana sok kirang sae, oepami tatjan pasti jen aja pidjélémaeunana anoe baris molah djeung saena.

Oepami teu aja pisan djéléma anoe daekeun mëlakan eta tanah, ari Kapala-afdeeling nganggap, lantaran aja sabab-sababna anoe sah, pérloe katjida eta tanah teh dipélakan pikeun kadaharan tatall-hoerip, andjeunna kenging njanggakeun voorstel, soepaja eta tanah dipélakan koe Goepërnëmen atawa koe Zelfbestuur dikoelikeun. Pikeun di tanah² Zelfbestuur kédah badamt heula djeung Zelfbestuurna tea.

Oepami eta tanah² tea disina dipélakan bangsa tatall-hoerip koe oerang Priboemi anoe daraekeun molah moegi diemoetkeun, jen hal eta teh, tiasa oge ngadjadikeun karoegian agëng ka anoe gadoeh tanah. Sanes parantos taringali sadaja oge, jen oerang Priboemi teh gagabah katjida kana ngoeroes tanah, narekahan soepados gëmoekna oelah paralid teh? Ngoeroesna tanah indjeuman mah tangtos langkoeng lalawara deui, da rasana sanesna anoena tea. Oepadi tanah² anoe lalamping mah, geus tangtos beuki loba bae gëmoekna anoe paralid teh; toeroeg² deuih di tanah anoe karitoe mah pangasilanana sok saeutik pisan. Koe hal eta pérloe, ditimbang heula, naha pangasilanana kintën² satimbang sarëng karoeksakanana? Djadi dina hal ieu kédah ati-ati pisan mëtakenana atoeran teh.

Dina ajat katiloe artikël 1 disébatkeun, jen eta tanah dipasrahkeun ka Kapala-afdeeling kalawan përtjoemah.

Di tanah² partikoelir kédah diemoetkeun, jen tanah² anoe dibikeun koe toean tanah pikeun dipélakan bangsa tatall-hoerip, eta teu keuna koe tjoeké. Tapi oepami anoe mikeunna oerang Priboemi anoe matoeh di tanah partikoelir sarta tanah anoe dipasrahkeun teh „tanah oesaha“, eta djéléma iëtép kédah majar tjoeké ka toean tanah.

Di karésidenan anoe aja concessie-talanan, bakal kadjudlan hal ieu: Koe sabab artikël 6 nërapkeun oge pamaksa ka noe garadoeh concessie, padahal eta tanah teh tina Zelfbestuur anoe dipake koe noe garadoeh concessie tea, nanging hal anoe saroepe kieu hënteu kasébat-sébat ti tadina, hënteu dibarëmpagkeun.

Patjantel djeung hal anoe kasébat di loehoer, ngahatoeranan pakemoet pikeun di tanah² Zelfbestuur anoe tatjan kadjadian tjara di loehoer bleu, pérloe pisan eta Zelfbestuur dipaparin katérangan anoe anggeus tina hal maksoed djeung pilarapeunana eta pangatoeran, sarta koedoe disébatkeun, jen hal ieu teh oeroesan anoe pérloe pikeun earerea, saréng teu kaboedjéng dibarémpagkeun heula ti awalna, lantaran katoengték pisan; kawoewoeh deuih, lantaran pamantos kakintén jen Zelfbestuur moal mondah kana hal anoe sukieu pérloena.

Di karésidenan² anoe aja ambtenaar-tatanen, pérloe eta ambtenaar ditarik kana koemis² anoe diajakeun noeroet ajat kadoea artikél 1. Sarta oepami di dinja manggih roewéd dina ngadjalankeunana ieu ordonansi, lébah hal oeroesan tatanen, sae pisan oepami moendoet timbanganana eta ambtenaar. Nja kitoe deui pikeun neangan tarekah anoe sakintén matak hampang ka djéléma² anoe keuna koe atoeran pamaksa-pépélakan tea, tjaraning noeloeng ngajakeun binih anoe hade dina mangsana anoe panghadena, pérloe pisan moendoet pitoeloengna Landbouwleeraar di dinja.

Oepami saparantosna dipariksa katembong, jen tanah² anoe ngaroblog anoe pisaeùn pikeun dipélakan bangsa tatali-hoerip tea henteu tiasa digarap lantaran taja modal, sarta anoe bade ngagarapna hajangeun ngindjeum artos, toer parantos katimbang jen jaktos pisaeùn oepami diindjeuman teh, saréng pitiasaeun majar koe pangasilanana deuih, ari bank desa henteu kecat noeloeng; oepami katimbang kitoe, Andjeun kagoengan kawasa ngajakeun hidji atoeran kalawan pitoeloengna Pamarentah, pikeun maparin ngindjeum artos ka eta djéléma².

Kadjabi ti eta, pérloe di dieu ditjarloskeun, komo pikeun tempat² anoe djolok, kédah ditimbang-timbang pisan dina milihna tanah saréng milihna pélakeuneunana, kitoe deui pingadjoealeunana pangasilan, soepaja aja ploentoengeunana. Pikeun ngadjoealna eta pangasilan, sakénging-kénging pérloe pisan eta djéléma² ditoeleung, oepadi djéléma² anoe teu garadoeh mah.

Ari hal paroeroegi (ganti karoeulan) nadjan meureun moal dileungitkeun oge, timbangan Pamarentah hal paroeroegi teh, galibna teu kenging didamél pérjangdjan.

Djadi di dieu henteu pérloe koering ngahatoeranan pepeling, soepaja oelah ngadamél djangdji hal paroeroegi.

28. ROEPA¹ KANJAHO.

a. BANDERA WALANDA.

Beunang diséboetkeun ti samemeh windoe ka gënépweias keneh, kapal² dagang Walanda marake bandera: beureum, bodas djeung biroe; ngan parelena ngarentetkeunana roepa, kadangkala henteu saroea.

Bandera² djaman ajeuna noe dipake koe lolobana bangsa, noeroet-keun tjitjiren (wapen) radja², karana ti buheula oge, di oenggal² moenara benteng (kasteel) sok marake bandera, roepana noeroet-keun roepana wapen menak² noe ngalinggihan eta kasteel.

Awitna Graaf² di nagara Walanda dina wapenna make singa beureum; barang geus njerok ka menak² anoe noeroenkeun radja di Beleren, anoe wapenna make toerihwadjt bodas djeung biroe, toeloelj bae bodas djeung biroe teh ditjokot dihidjikeun djeung beureum tea, nja djadi tiloe warna; beureuni bodas djeung biroe; ti harita sébrak, panto kareta djeung montereng panakawanana, kabeh make warna tiloe tea.

Ajeuna masih keneh aja gambar² koena, ngagambarkeun kapal² anoe dina taheun 1536 keur balaboeh di 13 deukeut Amsterdam, eta kapal² lolobana marake bandera: beureum, bodas djeung biroe.

Ti taheun 1660, nja eta ti barang Prins van Oranje beuki tambah bae kaagoenganana sarta toeloelj djadi Senapati pisan, ngapalaan balad-baladna, mērangan oerang Spanjol, harita timboel djingga, mélik tina ngaran tanah érehanana, Oranje.

Ari roepa noe djadi tjitjiren Prins van Oranje-Nassau anoe dianggo dina wapenna, roepa tjampoeran, nja eta pikeun Nassau: biroe djeung koneng-emas; pikeun Oranje: taroimpet-pamoroum anoe roepana biroe disapoet koe perak (bodas) djeung make beureum; djadi beureum, bodas djeung biroe.

Prins koe andjeun kaprabonna: djingga, bodas djeung biroe; djadi roepa djingga teh ngaganti roepa beureum.

Samemeh taheun 1600 bandera² dipapaesan koe appel-djingga djeung daoen-djingga atawa koe paribasa karaton Oranje: noe oenina dina basa Parasman „Je maintiendrai“, hartina: „Kami baris ngoekoehan“.

Sanadjan dina taheun 1587 djingga, bodas djeung biroe teh ditétépkeun koe Officieel, tapi noe diparake dina kapal² mah beureum bae, karana pikeun di laeet leuwih njatjas. Nja dina taheun 1796 ditétépkeun koe officieel, jen djingga teh koedoe diganti deul koe beureum.

b. STREUM.

Streum kiasoep kana bangsa sora sora sok ngabohohéhan, sabab

sulawasna oge hiroepna sok ngaboeboehan bae, tara sakoerén³ tjara sato lianna. Loba bangsa sireum anoe panjeureudan, tapi loba oge anoe hénteu. Anoe panjeureudan ana maehan moesoehna atawa ngala mamangsanna teh, sok koe diseureud, toeloelj tatoena diklihan minangka peurahna; ari anoe teu panjeureudan mah ana maehan mamangsanna teh koe digegel bae, sanggeus kitoe toeloelj mfléngkoeng ngilhan tatoe tea. Sireum hiroepna istoe goejob saoejoenan djeung batoer, sagala gáwe teh dilampahkeun kalawan atoeran anoe beres djeung titi katjida. Geuning oerang oge sok mindéng mireungeuh sireum ngaréj ngagoesoer kahakanan anoe poeloeh³ kali leuwih géde batan manehna kana llangna.

Anoe matak heméng katjida ka oerang, eta mireungeuh imahna; make pirang² pangkeng djeung bloes-blas lawang parantina ka loear-asoep, népi ka djéro pisan di djéro taneuh.

Rinjoeh kaasoep kana bangsa sireum keneh; di Amerlka geus nja noe manggihan imah rinjoeh anoe loehoerna ti 3 népi ka 7,5 M., sarta teuas kablu-bina, datang ka dipoerajkeunana oge koedoe koe dijnamlet.

Di djéro imah rinjoeh koedoe bae aja gateuw, minangka ratoena, gédena leuwih géde ti rinjoeh noe rea, ari gawena euweuh deui ngan poerah anakan bae. Saian ti eta di nagara sireum teh aja anoe minangka sárdadoena, nja eta sireum³ anoe poerah idér-idéran barangsiar, nareangan kahakanan, djeung dina lébah aja bantjang-pakewoeh anoe koedoe ngadjaga nagara ngalawan moesoeh anoe ngaroeroeg ka nagarana; kadjaba sárdadoe tea aja deui sireum anoe djadi pagawena, nja eta poerah ngoeroes sagala gawe di imah. Ari anoe babakoe eta pagawe teh, koedoe ngoeroes éndog ratoe tea. Eta éndag koe ratoena digoendoekkeun dina hidji pangkeng; ajeuna koe pagawe tea, lamoen ménéran hade poé, koedoe dibawa hidji-hidji ka loteng imahna, di mana hoedjan koedoe diakoetan deui ka pangkeng³ anoe di djéro. Lamoen anak sireum tea kira³ geus meudjeuhna ka loear, hartina si éndog geus meudjeuhna mégar, pagawe koedoe meupeus-meupeuskeun tjangkang éndog tea koe digegel, nja djol bae anak sireum teh tingkarajap baridjil tina djéro éndog³ tea.

Gateuw sakapeung bisa ngandoeng éndog djoembilah beuratna 2000 kaliun beuratna awakna sorangan. Biasana tjtjingga mlsah dina hidji pangkeng parantina, ajana dina téngah³ imahna. Ari kakoeatan ngéndogna gateuw teh dina sadjam bisa ngaloearkeun 3600 éndog.

c. MAMALANA LALEUR.

Istoe matak heran, bét masih loba keneh bae djéléma anoe émbougeun ngawadé. Jen laleur teh géde pisan mamalana kana

kasehatan badan. Adatna laleur teh runpoes djeung salliana proek-preuk bae tina kadaharan leu pindah kana kadaharan noe sedjen, taja pisan eureunna; lamoen manggih kabeukina teu ketang ka seubeuh, dibelaan ngoetah-ngoetahkeun kahakanan anoe geus dihakan tea, da hajang ngahenggoj kabeuki tea. Gawena idér-idéran neangan laeok noe geus boeroek atawa bangsa kokotor anoe mimiti boejatak, sabab karésépna di noe karitoe ngéndogna.

Sarerea oge tangtoe geus marangghian dina bangke noe geus boejatak djeung dina roentah² noe geus baroeroek sok énjoet koe bilatoeng geuning; tah eta bilatoeng² teh nja éndog laleur anoe malégar, sarta lila² eta bilatoeng teh nja djadi laleur.

Pangna laleur gède mamalana teh, nja eta koe sok oetflak-atjlok pipindahan tea, malah sakapeung mah djaoch katjida lalakonna. Oepama lar aja koeda atawa djéléma ngaliwat, preuk eunteup miloe. Lamoen laleur teh ngaliwat djarian, heug di dinja kabènéran aja kokotor djéléma anoe katérap kolera atawa panjakit beuteung lian ti eta noe sok tepa, hibér ka dinja, boa eunteup oge kana kokotor tea, ti dinja hibér asoep ka djéro imah, eunteup kana laeok atawa kadaharan. Djadi eta kadaharan tel: kaasepan koe bibit panjakit anoe kabawa tadi koe laleur dina soekoeta; atoech djéléma noe ngadahar eta kadaharan teh sasat ditepaan panjakit bae. Nja kolera, menter, tadjam (dijseunterie) djeung lian ti eta teh djadi nérékab, da ditepa-tepakeun koe laleur tea.

Koe sabab eta pérloe katjida dibasmi laleur teh, djadi sakoer hoe kapanggih koe oerang koedoe dipaehan.

Sakoémaha ngarékahanana ari laleur?

Hidji laleur dina satahaen bisa anak-baranahan népi ka 50 000 000 000 000.

Koe hal eta oerang koedoe neangan akal, njar tarekah, koemaha pétana nja ngala laleur. Aja oge noe sok koe kértas-laleur, tapi tara sapira beubeunanganana. Aja akal sedjen, toer leuwih gampang deuih, nja eta koe tétépak-laleur; ari tétépak laleur anoe panghadena: gagangna koe hoé atawa awi beunang ngaraoet, tétépakna koe ram kawat. Lamoen uenggal poé koe oerang, laleur teh, dialaan koe tétépak, lila-lila tangtoe moal loba laleur di imah oerang.

d. BANGSA BANGSANYA MANOESA ANOE LANTES.

Bangsa monjet anoe leuwih siga djéléma ti batan monjet anoe sedjen, leu: Gibbon, Samang, Orang-oetan, Chimpansee djeung Gorilla. Koe sabab eta sok disarébuetna oge, monjet bangsa eta mah leuwih manoesa. Kasajaanana bangoen tangkorek, toelan, toelan, oerat-oerat, djeudjeutan oerat² djalan géti, monjet mah leuwih pisan djeung djéléma.

Ari bedana kaajaan anggahota djéléma djeung monjet, ngan leu; djéléma oeteukna leuwih beurat batan monjet, hoentoe hareupna leuwih laleutik, boga hikmah ngomong kalawan tetela djeung terang kadengena djeung lantaran boga hikmah ngomong tea, djadi oeang djeung letahna oge beda ti monjet, toeloj obahna, bangoen leungeun djeung soekoe, djadina iroeng deuih, kaajaan oeteuk (h e r s e n w i n d i n g e n), kaajaan hate, kaboebeahan, séngsérépan oerat djeung salianna.

Bangsa monjet anoe hoentoena meh saroea djeung hoentoe djéléma, Chimpanse; ari anoe meh saroea pasang-rakit-awakna, iroengna djeung kaajaan pangeusi beuteungna, Gorilla.

Orang-oeatan roepana meh siga pisan djéléma sarta pélit djeung loba akalna deuih, ngan dina iroeng beda katjida, djeung Indoeng-soekoena deuih noe sedjen teh.

Antara djéléma djeung monjet, népi ka ajeuna tatjan kapanggih keneh bae bangsa sato naon anoe minangka djadi samboenganana atawa tjantelanana. Aja noe palintér anoe ngira, jen mangjoeta-joeta tahoen ka toekang djéléma teh roepana siga monjet, tapi iraha mimitina djadi bangsa djéléma teu atjan aja anoe bisa nétépkeun. Katoekang geus aja noe pintér noe manggihan tangkorek *Pithecanthropos erectus* ti Poelo Djawa, sarta dikira-kira moal gagal nja eta bangsa sato anoe njamboeng bangsa djéléma djeung monjet teh.

c. NOETJET BEUSI.

Barang² beusi anoe arek ditjet koedoe dibérésihan heula, nja eta dikosok sing katjida koe benzine.

Beusi géblegan djeung beusi anoe beunang neupa samemehna ditjet teh, sadjéro satengah djam atawa tlloe-parapat djam koedoe dikeueum koe zoutzuur beunang njampoeran; geus kitoe diasoepeun kana tjlapoe, téroes dikoembah koe tjai ngagolak, ti dinja ditoehoerkeun koe tairagadj.

Lamoen barang² beusi teh baris rarantjang, pérloe dilatoer kieu ngétjetna:

Beusi-beusi teu koedoe ditjet sing ipis bae tapi hade djeung imeut moelasma, ari tjetna anoe diséboet *loodmenle tea*, (nja eta 85 bagian menie, 14 bagian lijnolie ditabeur djeung loodoxide, djeung 1 bagian terpentijnolie). Lamoen eta tjet geus teuas sarta garing énjn, datang ka lamoen orang napélkeun kértas soeob ka dinja teu daekeun rapét, toeloj ditjet deul koe tjet menie keneh. Kandélma lapis kahidji tadi djeung leu lapis kadoea koedoe saroea, tjetna oelah népi ka nforosod atawa karlwéd.

Sanggeus ditjet doeun lapis, beusina koedoe boeni kalampoed, oelah lembong saeutik-eutik atjan.

Sanggeusna lapis kadoea garing djeung teuas énja, kakara koe oerang ditjet koe „tjet bodas-timah”, sing ipis bae. Ari anoe diséboet „tjet bodas-timah” teh, nja eta: tjampoeran bodastimah 75 bagian, lijnolle 20 bagian digodog djeung loodoxijde, terpentijnolle 5 bagian. Ieu oge tjet bodastimah tea koedoe doea lapis, sarta tjet loodmenie tea koedoe kalimpoedan pisan, oelah aja tembong meusmeus atjan. Ari ngoelaskunana tjet koedoe lalaoenan sarta koedoe ka pangdjangna; tapi ari ngétjet beusi lambaran mah ka handap oge moelasna, hade.

f. NGETJET BATOE.

Beungeut batoe anoe koe oerang arek ditjet koedoe toehoer énja. Komo pelester anoe didjieun koe sèmen-portland mah koedoe toehoerna teh djeung koedoe geus teuas pisan deulh. Beungeut batoe anoe arek ditjet tea koembah heula koe haseum-walirang (zwavelzuur) tjampoeran, nja eta: 1 bagian haseum-walirang ditinjoech koe tjai 100 bagian.

Lian tl koe haseum-walirang, meunang oge koe koolzure ammonia tjampoeran 1 kana 50, atawa koe lijnoliezuur oge hade.

Lainon rek njieun gambar koe tjet dina tembokan, koedoe didasaran heula koe taneuh-porang diadoek djeung gips.

g. NGETER KAI.

Kai anoe dina saloshoereun taneuh sok diter koe ter Z w e d e n, ari anoe kakoeboer hadana koe koolteer; tapi aloesna eta kai teh koedoe dibeuleum heula sina rada toetoeng, kakara diter.

h. NGADEMPOEL KAI.

Di Hindia Nederland anoe sok dipake ngadempoel kai diséboetna „madjoem”, nja eta pakal diadoek djeung minjak soeok make apoe; ari di setjen nagara pakal diadoek djeung ter djeung gagala.

i. TEMBOKAN.

Billik tembok atawa koeta pérloe make bata dina 1 M³. ± 500, kapoer 0,175 M³. djeung keusik 0,350 M³. Leuwih hade oelah make sèmen beureum.

Ari pikeun padèmen, dina 1 M³. 500 batoe, kapoerna 0,175 M³. keusik 0,175 M³. djeung sèmen beureum 0,175 M³.

j. NGETJET KAI.

Kaina koedoe toehoer pisan djeung koedoe dihampélas heula sing hade make hampélas beusi atawa daoen hampélas.

Toeloej dipoelas sing walatra koe llnolle atah djeung kapoer saeutik. Eta minjak koedoe sina njérép pisan. Geus kitoe toeloej diratakeun make tjet noe diséboet „stopverf”. Ti dinja dipoelas deul koe tjet menie (bodastimah) éngke di mana eta tjet geus toehoer pisan, kakara ditjet koe tjet sakahajang oerang.

k. PANOLAK KANA BOEBOEK.

Bangsa mehél atawa barang bangsa kal noe koe boeboek, koedoe ditoeoep masing rekep pisan dina hidji pangkeng. Toeloej njokot paso dieusian léboe. Ti dinja dipoeroloekan salpeter djeung wallrang beunang njampoerkeun, sabagian salpeter 15 bagian wallrang, toeloej disoendoet. Pikeun dina pangkeng anoe gédena 50 M³. tjoekoe koe 1600 gram oge. Eta pangkeng koedoe ditoeoep, lilana 2 atawa 3 poé (oerang koedoe ingét, jen haseup wallrang djeung salpeter teh, matak hideung kana barang tambang, koe sabab eta samemeh kamar teh ditoeoep, sakoer bangsa barang tambang koedoe dikaloearkeun heula).

Akal unoe kadoea, barang noe koe boeboek teh lébah noe koe boeboekna koedoe diantjlonkeun kana soeblimat 10%.

Akal noe panggampangna, ka djérona diantjret koe minjak tanah djeung terpentlin, sing mindéng.

l. NGADJAR KOEDA.

Lamoen koeda oerang barang népi ka hidji témpat oedjoeg^a ngadjéngkok, oelah bae koe oerang rek dladjar koe dipétjoetan atawa dirangketan koe éles; sabab kabiasaanana ana ngaliwat deul ka lébah dinja, sok toeloej ingéteun kana siksaaan noe bareto, datang ka djadi beuki sleuneun.

Koeda anoe borangan koe oerang koedoe dibebendjokeun, oelah sina neuleu barang anoe pikasieuneun ten, atawa lamoen teu kitoe, koedoe ditémpokeun sama sakali kana eta barang, sina diilikan diawas-awas, mambrih njahoéun jen eta barang teh saénjana lain naon². Noe toempak atawa koesir sabeunang-beunang koedoe awas, koedoe leuwih ti heula nendjo eta barang, koedana diomongan, ditoeungtoen élesna, sina oelak-ilik kalawan sabar djeung tili.

Lamoen aju koeda noe boga adat sok nongtot letah, hade ditarekahan kieu: di mana geus dirarangkanan, letahna koedoe dipoeroloekan oelah saeutik, dina lébah kadalina. Lamoen teu kitoe dikalan make radjoet-letah, toengtoeng letahna diasoepeun kana

eta radjoet, toeloelj eta radjoet dipageuhan kana kadalina atawa kana rantena.

Kadall koeda ngora, koedoe mindéng digoenta-ganti; djeung oelah pisan rek make kadall rangah.

Pikeun narekahan koeda anoe sok njogot, biasana koe diparaban daging domba anoe gadjih. Gadjihna sok narapél kana hoentoena, eta matak ngaleungitkeun kana adatna sok njogot.

m. BAB HOEDJAN (4).

Ari noe diséboet hoedjan koe oerang, nja eta tjal anoe ragrag ti langit, lain koe djéléma, tapi kaaajaan alam bae. Ti mana datangna hoedjan teh?

Basa koering leutik keneh mindéng pisan ngadenge tjarita, jen noe ngajakeun hoedjan teh Batara Narada. Tapi ajeuna mah sarerea oge geus njaho, jen hoedjan teh asalna mega.

Lamoen aja noe nanja: naon ari mega teh, djeung ti mana datangna, djawabna saperti di handap ieu.

Di sakoellah boemi, aja tjal, ari kadeuleuna aja anoe woedjoed tjal, es djeung saab. Saab henteu aja roepaan djeung teu aja ambeuna. Démi saab anoe djiga halimoen anoe njamboeng tina tjal noe ngagolak, eta saab anoe geus djadi tjal lalémboet pisan.

Ari mega, eta saab anoe geus robah djadi tjal.

Tjal noe djadi saab teh nja eta tjal anoe kapanasan. Koe hal eta lolobana saab teh ti laeot anoe kaserot koe panonpoé, saperti: Laoet gède, Laoet Djawa, Laoet beureum djeung salian ti eta anoe deukeut ka Chattoelistiwa. Koe sabab boemi djeung tatangkalan aja tjal, djadi di mana-mana oge aja saab. Saab teh diseuseup (absorbeeren) koe hawa biasa, dibawa ka mana-mana (sabab énja-énjana angin teh nja eta hawa biasa noe obah). Lamoen saab teh népi ka tempat noe tils atawa ka tempat noe loehoer (sarerea oge njaho, jen tempat noe loehoer teh leuwih tils ti batan tempat noe handap) hawa teu bisaun ngampihan saab noe diseuseup tadi. Saab teh misah tina hawa, robah djadi tjal. Dina mimiti ngadjadi, eta tjal henteu ngahidji tapi paboeréntjaj sarta lalémboet kabina-bina. Nja noe koe oerang sok diséboet mega tea, ana geus koempoel toeloelj ragrag, ngadjadi hoedjan.

Eta tjal anoe ragrag djadi hoedjan tea, robah deul ngadjadi saab, eta saab djadi deul hoedjan. Kitoe bae salilana ngoebéng tjara roda panggilingan. Koe ngoebéng tjara roda panggilingan kitoe teh, lain ngan tjal bae, loba deul djirim sedjen noe ngoebéng kitoe, tjaraning: zuurstof djeung kooldioxyd.

(4) Karangan djoeragan K. Prawira Soemarta, Bogor.

Aja noe nanja kieu: „Naha bènér saab noe meunang hawa tiis teh sok djadi tjal?”

Pikeun nérangkeun jen bènér saab noe keuna koe hawa tiis teh robah djadi tjal, ilikan bae gélas anoe dieusi es; tara koengsi lila, tangtoe eta gélas di loearna baseuh. Tjal noe aja di saloeareun gélas teh, lain asal ti djéro eta gélas, nja eta tina saab anoe keuna koe tiisna es tea, noe aja di sakoeriling eta gélas.

SAMBOENGAN BAB HOEDJAN.

Di loehoer geus ditjaritakeun, jen sakoeriling oerang teh aja saab. Eta saab asalna tina tjal anoe katjamperan koe hawa noe leuwih panas ti batan tjal tea. Lobana tjal anoe djadi saab, noeroetkeun koemaha baseuhna djeung kèringna hawa, koemaha obahna djeung padètna hawa djeung djaba ti eta.

Koe sabab eta, hènteu di oenggal² témpat saab teh saroea lobana. Lamoen hawa noe mawa saab teh ditilisan, tangtoe mawana saab, hènteu bisa saroea lobana djeung samemeh ditilisan. Lamoen hawa teh koe oerang ditéroeskeun ditilisanana, tangtoe hawa teh mètèr koe saab, lamoen ajeuna ditéroeskeun bae ditiliskeunana, teu meunang hènteu, saab teh robah ngadjadi tjal atawa es.

Djadi hawa panas teh ngampilhanana saab, bisa leuwih loba ti batan hawa tiis. Koe sabab eta, angin anoe nèbak ka témpat noe panas, hènteu ngagajoech hoedjan, nja kitoe deul angin atawa hawa noe moedoen ka témpat² noe harandap, lantaran témpat noe handap teh leuwih panas ti batan témpat noe loehoer, eta oge hènteu ngagajoech hoedjan.

Sabalikna lamoen hawa ti témpat noe panas ngotjor ka témpat noe tiis atawa nandjak ka témpat noe loehoer, tangtoe loba•saab anoe lesot tina hawa tea djadi tjal, sarta toeloelj djadi hoedjan.

Lamoen aja angin anoe mawa saab loba, nèbak ka pagoenoengan atawa ka goenoeng, tangtoe toeloelj ka loehoer, nandjak ka poentjak goenoeng. Eta angin, pasti bakal ngajakeun hoedjan; tapi lamoen geus ngaliwatan eta goenoeng, moedoen deul, eta angin teh teu bisaeun ngagajoech hoedjan, malah mawa panas.

Ieu katéranganana di handap:

Bènér oge angin teh djolina ti Koelon-Kaler, tapi hoedjan, di Bogor leuwih loba ti batan di Batawi, sabab Bogor leuwih loehoer. Tapi di Bandoeng, bènér oge leuwih loehoer ti batan Bogor, hènteu loba hoedjan tjara di Bogor. Ari sababna hawa anoe ngotjor ka Bandoeng teh, saabna geus meh beak.

Tjonto anoe leuwih térang, nja eta di Poelo Ceram.

Eta poelo loehoer oge, sarta ngoedjoerna ti Koelon ka Wetan. Mimiti ti boelan Mei népi ka boelan September anginna ti Kidoel-Wetan. Waktoe eta, sabeulah Kidoel eta poelo aja hoedjan, ari

di sabeulah Kalerna, oesoem katiga. Tapi ti watés boelan November népl ka boelan Maart, angin teh ti Kaler-Koolon, waktoe eta, di sabeulah Kaler eta poelo, loba hoedjan (oesoem ngidjih), di sabeulah Kidoel panas (oesoem katiga).

Kaajaan noe saroepe kitoe teh lain di dinya bae, tapi di tempat sedjen oge aja, tjaraning; di Amerika sabeulah Kidoel, di Sépanjol, di Bohemen djeung sadjaba ti eta.

n. BAROEANG MANOESA.

(Beunang métik tina boekoe „Pañiti sastra“ djeung lian-lianna).

Baroeang anoe ibadah nja eta lamoen hatena henteu soetji, djeung pikiranana roedjit, djadi kotor henteu iman; djéléma anoe kitoe ibadahna batal.

Loembrahna sagala pagawean, lamoen henteu dipake énja², toeng-toengna gaplah bae, ibarat oerang mélak sisikian noe kopong, teu beunang diarép-arép boeahna.

Baroeang anoe miskin, nja eta sagala omonganana, sanadjan bènér oge, disangkana koe djéléma bohong bae. Teu aja pirémpoegna noe kadjadian, sagala kahajangna gaplah bae. Hadena mah djéléma anoe ditakdirkeun miskin mah sabisa-bisa mending tjitjing. Lamoen boga kahajang naca bae oelah tinggal doedoega pérjoga teu beda djeung nembongkeun kagorengan dirina pribadi.

Baroeang landjang anoe hoelsan, matak handjakal ka noe nendjo, henteu narik kana hate, kana panon sok sareukseuk. Noe rek ngalamar, émboengeun, da geus élat teuing. Hadena, awewe ditangtajoengan koe lalaki teh dina keurna ngora.

Djaman ajeuna mah sanadjan ngora keneh oge, lamoen henteu kasipoeh koe elmoe, kahadang koe pangabisa mah katendjona soerém bae.

Awewe anoe meunang pangadjaran, asal soerém beungeutna djadi tjahjaan eta teh pérbawa elmoena tea. Komo deul oepama ninggang di noe geulis, djadi woewoeh geulis montjorong lir boelan poernama.

Djéléma henteu babari hoelsan, lamoen henteu aja sababna. Ari tjara awewe noe geus kolot mah, lamoen henteu dipake kabogoh teh, eta geus loembrah.

Baroeang anoe oedoed, lamoen diseuseup. Tapi moenggoeh di noe oedoed, lamoen henteu diseuseup teh, eta kaasoep kana djéléma aneb djeung henteu matak poeas kana karéping ati. Djadi ari hadena mah: oelah tinggal doedoega pérjoga.

Sanadjan sakoemaha gédena oge baroeang anoe oedoed, moal njoesol ka noe ngamadat. Ari njéret mah sanadjan saeutik oge

tjandoena anoe kaseuseup, henteu beda djeung noe neureuj ratjoer matih. Djéléma anoe njéret sameudjuehnana, hade, anoe tara piasar njéret, oetama, tangtoe badanna sègér.

Baroeang anoe babatoeran, nja eta lamoen henteu sahate. Sagala lukoe lampahna katendjona ngan goreng bae: noe diarép-arép ngan moega³ masing tjilaka. Lamoen noe saerang manggih salah, noe saerang deul soeka boengah. Nja kitoe deul saballkna. Naha naon hadena anoe teu sahate teh? Tjindékna anoe babatoeran, tapi henteu sahate teh, doeanana djadi lbarat baroeang.

Baroeang anoe noella, nja eta lamoen dludjak ngawangkong. Lamoen aia noe noella bari ngawangkong, eta lir neundeun baroeang dina kértas, tandana sagala pagaweanana anoe dipigawe henteu nja noe anggeus. Sabisa-bisa noe digawe teh koedoe ngahidjikeun pikiranana kana pagaweanana anoe keur dipigawe tea.

n. INTEN.

Di antara bangsa pérnata, Intén teh noe pangpoendjoelna. Pangna dipikarésép teh nja eta koe lantaran tjahajana aloes teu aja tandingna.

Noe pérloe dikanjahokeun heula koe oerang nja eta ti mana asalna Intén teh djeung koemaha kapanggihna?

Noe loba Intén babakoena di Amerika Kidoel, Afrika Kidoel, Hindia Inggris djeung di Hindia Wetan, nja eta di Borneo.

Ari di Borneo tempat pangalaanana di karésidenan Borneo beulah Kidoel-Wetan deukeut Martapoera djeung di karésidenan Borneo beulah Koelon, toeroet sisi waloengan Landak djeung Sikajan, leu waloengan doeanana sekana bangawan³ Kapoeas di beulah katoehoe.

Démi dlalana Intén teh aja noe ti djéro taneuh, aja noe ti dasar waloengan atawa ti djéro keusik tjampoer djeung boeboek tjadas.

Loenbrahna Intén noe asalna tina boeboek tjadas, leuwih mahal ti batan anoe asal ti djéro taneuh.

Koe sabab eta Intén Borneo noe babakoena timoena tina keusik lémboet, leuwih mahal hargana djeung katjida pisan dipikarésépna.

Karikil anoe dileusi Intén, koe oerang Priboemi diséboetna „arèng”, roepana hildeung djeung teuas. Djadi oelah dikira ari neanganana Intén teh gampang boeh-beh harerang balatak dina keusik. Hih bangsa katjida. Di mana eta batoe tea geus dlasah koe toekang njarawedi, kakara Inténna tembong ngagéntjang. Ari gédena beda-beda.


Di Amerika djeung di Afrika batoe² noe kitoe teh ajana di djéro taneuh, djéro pisan.

Di dinja djalma² teh koedoe ngali taneuh djéro pisan njeuz

Intèn CULLINAN, roepana djeung gédèna saroea djeung boektina basa kapanggih ti pangalilan New-Premier, di Transvaal (Afrika-Kiloeel); beuratna 3024 karat. Eta intèn, koe oerang Transvaal dibaktikeun ka Rадja Inggris. Koe Rадja



Inggris ditimbahan digosok di firma Asscher di Amsterdam, nja eta toekang-sarawedi anoe panggède-gédèna. Eta intèn didjieun doea, nja eta Cullinan I djeung Cullinan II.



Cullinan I, beuratna 516 $\frac{1}{2}$ karaat. Cullinan II, 309 $\frac{3}{16}$ karaat. Doeanana digambarkeun saroea djeung boektina.

torowongan² heula, kakara bisa tépi kana lapis taneuh biroe anoe sok inténan.

Eta taneuh teuas noe sémoe biroe anoe tinggoeroentoel teh toeloj dikédoekan, aja anoe dieusi intén, gédena panta², aja noe dieusi barang tambang sedjen, baer bae.

Ari misahkeun batoe noe inténan ti lian² barang tambang, nja eta koe ngagoenakeun bakatna eta batoe, sok narapél kana medja noe beunang ngoelasan koe gadjih, da ari batoe noe sedjen mah tara.

Pétana kieu:

Taneuh teuas noe sémoe biroe teh ditotoean tépi ka lémboet pisan, toeloj dibérésihan dina tjai, soepaja barang² lian, noe harampang misah ngararambang, sanggeus kitoe kakara dilawoerkeun kana medja anoe beunang ngoelasan koe gadjih. Toeloj dibandjoer koe tjai ati² pisan. Batoe² noe aja inténan narapél kana medja, salian ti eta kabawa koe tjai.

Ti dinja batoe noe narapél kana medja teh, toeloj dilasuh tépi ka djadi intén djeung bérlan. Intén noe galéde langka pisan ajana, lolobana mah laeutik bae djeung noe lalémboet pisan.

Ari intén teh warna²: Aja noe bodas, aja noe koneng, sémoe beureum, kajas, woengoe, hédje, biroe djeung hideung.

Lantaran pérmata-pérmata teh mahal hargana, soedagar² pabisabisa bae neangan akal batis malsoc.

Koesabab eta oepama oerang milih pérmata teh, koedoe ati² pisan bisi katipoe. Komo deui oepama eta pérmata geus diwatangan mah, mariksana teh hese pisan. Mumléng pisan poegoeh² kristal goenoeng madjarkeun teh intén bodas, poegoeh² ratna tjumpaka beunang masak soepaja kajas, madjar teh intén kajas.

Aja deui noe palsoc noe diséboel koe basa walanda. „doubleeren van een steen“ tégésna ditjamporan koe batoe masakan noe saroea roepana. Intén koneng bisa dileungitkeun konengna, pikeun sawatara lilana nja eta dikeueun lila dina ultram azijn atawa dina barang entjer bangsa eta, noe sedjen.


Sakapeung dina intén noe geus diwatangan éngas, merean roepana teh saeutik pisan, dina gosokan-gosokanana anoe samar anoe bangoenna toerih-wadjit atawa tjangkokna make dasar.

Kadjaba ti dipake papaté, intén teh sok dipake kana pérkara lian noe leuwih manpaat.

Sarerea oge geus uroeninga. Jen intén teh sakitoe teuasna, eta sababna noe matak sok dipake ngeureut intén deul, tipoenagna nja noe sok dipake ngasuh intén ten.

Pikeun motong bangsa béling djeung poslen anoe dipake nja intén anoe geus beunang njeukeutan, kitoe deul pikeun ngoekir bangsa béling. Geunling gélas thermometer sok dibagi-bagi make schaal, tah eta goerat² anoe sakitoe lalémboetna teh digoeratanana koe intén.

Ieu gambar, kaben saroea gédena djeung boektina.
a. Orloff, ditendjo ti loehoer; *c.* Orloff, ditendjo ti gigir;
b. Kohinoor, ditendjo ti gigir; *d.* Kohinoor, ditendjo ti loehoer;
e. Kohinoor, ditendjo ti handap; *f.* Regent, ditendjo ti handap;



g. Regent, ditendjo ti gigir; *h.* Regent, ditendjo ti loehoer.

Doktor hoentoe oge makena bor anoe dipaksian koe intèn. Oge dina koekoe pena (vulpenhouder) dilintènan, noe matak tara daekeun garah oge.

Intèn noe kamashoer panggède-gédèna di doenja sigana kabéh asal ti Hindoestan.

Anoe panggédèna ngaranna Cullnan, gédèna sagède peureup, ieu intèn kagoengan karadjaan Inggris beuratna 516½ karaat. Kadjabu eta nja deul intèn noe galède nja eta: Orloff beuratna 194½ karaat. Ieu intèn asalna dipaling koe soldadoe Prasman tina mata hidji artja di tjandi bangsa Brahma, toeloej didjoeal ka Prins Orloff, koe andjeunna disanggakun ka Keizerin Catharina II di Roestan.

Koh-l-noor beuratna 186½ karaat asalna kagoenganana Nadir Shah noe naloekkeun nagara Persi, ti dinja djadi kagoengan radja Lahore toeloej dibaktikeun ka radja Victoria di Inggris.

Regent, hidji intèn anoe nloesna kabina-bina, beuratna 136 karaat. Asalna salah-sahidji bae moen teu ti Hindia Inggris ti Borneo. Awitna pisan digaleuh koe Gouverneur Madras ti andjeunna pindah ka Graaf Orleans. Ti dinja nja djadi milik nagara Parasman toeg tèpi ka ajeuna.

p. BAROMETER.

Hawa teh saénjana barang keneh, ngan henteu kadeuleu koe oerang. Tapi sakoer anoe geus diadjar elmoe alam saeutik-eutikeun mah, tangtoe barisa ngoepamakeun: koemaha woedjoedna hawa.

Hawa teh teu aja bedana djeung barang² sedjen, misilna: tjal, keusik djeung sallan ti eta, nja eta boga kakoeatan paneueul. Paneueulna hawa beunang dioekoer koe hidji parabot anoe dingaranan: barometer.


Ari këtjap „barometer” teh asalna tina doea këtjap: „baro” djeung „meter”. „Baro” = basa Joenan „baros”, hartina „paneueul”. „Meter” = basa Walanda, hartina „oekoeran”; djadi „barometer” teh hartina oekoeran paneueulna hawa.

Meureun loba anoe maraos ieu alménak anoe geus aroeninga woedjoedna djeung gawena barometer, tapi moal gagal loba deul anoe tatjan taringali bènér. Barometer teh aja roepa³ pisan, kajaning: bakbarometer, bergbarometer, hevelbarometer, wjzerbarometer, metaalbarometer, holosteriebarometer djeung djaba ti eta.

Mambrih tetela pisan, ajeuna koe sim koerlug baris ditjaritakeun sadjarahna eta oekoeran-paneueul-hawa teh. Kieu asal-asalna:

Aja hidji djélénia, di Europa, djénénganana TORRICELLI, andjeunna kagoengan mumanahan kieu: Koe sabab hawa teh geus njata aja woedjoedna djeung boga daju-paneueul deuih, toer neueul-

na teh tara anggër, djadi tinangtõe djëlëma bisa nganjahokeu obah-obahna hawa. Toeloej bae andjeunna ngadamël hidji parabo keur ngitoeng dajana paneueul hawa tea. Pëtana kieu:



Gambar No. 1.

Toean TORRICELLI njokot dua solobong gelas anoe make toetoepon toengtoengna sabeulah; anoe hidji pandjangna $\frac{1}{2}$ M., anoe sabeulah deul 1 M. Eta dua solobong ditangtoengkeun, dasarna (toetoepona) ti handap; tjoer dieustan erperak nepi ka parioeh; geus kitoe toeloep dibalikkeun, soengoenana ditoeleup heula koe ramo — harita geus sadia pinggan beunang ngeustan koe erperak keneh — soengoet eta solobong teroes diasoepeun kana pinggan tea rada djero, sababaraha c.M. Toeloep ramona dilosotkeun tina soengoet solobong teh, djadi eta solobong tjitjingna tibalik, ajeuna mah toetoepona tjlok ti loehoer, soengoenana ti handap.

Barang dilikan, solobong noe $\frac{1}{2}$ M. mah, eusina anggér bae, pinoh; tapi ari solobong anoe 1 M., erperakna teroen, ngun kuri 76 c.M. deul saloehoereun beungeut erperak anoe dina pinggan.

Sanggeus kitoe toean TORRICELLI toeloep deul njoba tjara bae énggeus, tapi ajeuna mah solobongna make anoe pandjang bae sarta leuwih géde batan anoe tadi.

Illkan gambar No. 1.

Eta solobong boh ditangtoengkeun pantjég tjara gambar No. 1 A. atawa ditjondongkeun tjara gambar No. 1 B., loehoerna erperakna saroea bae, nja eta tina beungeut erperak anoe dina pinggan teh, anggér 76 c.M. Dina saloehoereun erperak, eta solobong kosong taja hawaan, koe basa Latijn eta noe kosong teh diséboetna vacuum, pilsendaeunana soowoeng.

Koe pèrtjobaan² anoe geus didjalankeun tea, toean TORRICELLI bisa njeun patokan: daja paneueulina hawa kana erperak dina oenggal² 1 d.M² atawa 1 c.M², saroea djeung beuratna erperak anoe roebakna 1 d.M² atawa 1 c.M², loehoerna 76 c.M.

Ari babandingan beurat erperak 13,6. Djadi lumoen erperak atawa tjai koe oerang beunang dipasagikeun atawa dilonjodkeun, erperak anoe roebakna 1 d.M², loehoerna 76 c.M., eta saroea djeung beuratna tjai anoe roebakna 1 d.M², loehoerna $13,6 \times 76$ c.M. = 1033,6 c.M. = 103,36 d.M. Kibikna tjai $1 \times 103,36 \times 1$ d.M² = 103,36 d.M².


Ari tjai anoe 1 d.M², beuratna 1 K.G.; djadi di sakoellah doenja meunang paneueul hawa oenggal 1 d.M², kateueulna koe 103,36 K.G.

Eta paneueul hawa anoe dina 1 d.M², tea, nja eta 103,36 K.G., diséboetna 1 atmosfer. Koe noe palintér, atmosfer, diparake patokan pikeun ngitoeng kakoeatan paneueulina pakakas djeung barang² sedjen; saperti: daja-paneueulina stoom, kompa djeung sapapadana, kabeh oge diitoeingna muke patokan atmosfer bae, nja eta dibanding kana beurat 103,36 K.G. Oepama daja-paneueulina aja $2 \times 103,36$ K.G.; $3 \times 103,36$ K.G.; $4 \times 103,36$ K.G. dina oenggal 1 d.M², teh, eta diséboetna 2 atmosfer, 3 atmosfer, 4 atmosfer djeung satéroesna.

BAKBAROMETER.

Bak teh basa. Wakanda hartina tempat; djadi bakbarometer hartina: oekoeran paneueul hawa make tempat.

Ari boektina bakbarometer teh: solobong gelas djeung pingganna, kabeh dieusian erperak; dipétakeunana tjara gambar No. 1 A tea, toeloej ditérapkeun kana sasaka (standaard), mambrih nangtoengna anggèr, da maneuh kana sasaka tea, saperti gambar No. 2.




Gambar No. 2.

Sasakana eta barometer, ti handap ti watës beungeut erperak anoe aja dina plingan tea, dibagi-bagi koe gërèt² didjieun saba-baraha c.M., ka loehoerna nēpi ka pabēnēran toengtoeng solobong. Ana diawas-awas kanjahoan jen erperak anoe di djero solobong tea sok ka loeher-ka handap, djadi loehoerna hēnteu anggēr bae 76 c.M. tea. Eta netelakan jen: daja paneueulna hawa hēnteu anggēr, atawa lamoen noeroetkeun basa dina elmoe alam, disēboetna: hēnteu anggēr loehoerna, tapi masing kitoe oge ari atmosfeerna mah anggēr bae, 103,36 K.G. dina 1 d.M². da gitik-ratana mah nja sakitoe.

BERGBAROMETER.

Berg basa Walanda, hartina goenoeng. Djadi bergbarometer, Soendana; barometer paranti ngoekoer loehoerna goenoeng.

Lantaran geus kanjahoan, jen samangsa beuki loeher hawana beuki ipis, koe sabab eta tangtoe pisan hawa di tēmpat anoe laloehoer teh daja paneueulna beuki koerang, hartina beuki ham-



Gambar No. 3.

pang. Hal ieu énggeus ditjoba pirang² kali, kalawan titi pisan, boektina kieu:

Samangsa erperak tea toeroen 1 m.M., lamoen oerang harita aja di tempat anoe loehoerna ti laoet:

100 M.,	noedoehkeun geus nandjak	10,5 M.
± 1000 M.,	" "	11,5 "
2000 nepi ka 3000 M.	noedoehkeun geus nandjak	13,— M.
3000 " " 4000 "	" "	13,5 "
4000 " " 5000 "	" "	14,— "

Nilik kana beubeunangan mariksa noe bieu tea, tembong pisan jen: daja paneueul hawa teh beuki lochoer tempatna beuki koerang, tapi ngoeranganana beuki kendor.

Koe sabab barometer model bakbarometer hese dibawa ka goenoeng, koe hal eta toean BOURDON neangan akal, soepaja bisa njeun barometer anoe henteu make erperak. Barometer toean BOURDON mah didjieunna koe bangsa logam, bangoenna boender tjara erlodji, make djaroem deuih koemaha erlodji bae: djadi gampang dibabawana.

Ilukan gambar No. 3.


BAROMETER-BOURDON.

Ari barometer model ieu didjieunna make: solobong logam leutik sarta toengtoengna doeanana dipongpokan, di djérona kosong meh euweuh hawaan saeutik-eutik atjan. Eta solobong dipélér-gkoengkeun, toeloj diasopkeun kana hidji wadah boender tjara erlodji, téros dipageuhan koe beusi gepeng, mambrih oclah lesot (ilukan gambar No. 3). Eta solobong toengtoengna (A djéung C) meh tépoeng-gélang, disamboengkeun koe poetéran beusi (spil) E D. Eta solobong lamoen koe oerang diteueulkeun meueusan oge, sok tépoeng-gélang, tapi dimana dilesotkeun deui balik deui tjara tadina. Dina téngah-téngahna poetéran beusi tea make spiraleer (per-poeril), sarta bagirana di loear maneuh kana wadah anoe tjara erlodji tea. Démi poetéran (spil) tea njamboeng kana senggotan (zwengel) I K, nja eta anoe ngobahkeun djaroem.



Geus dipariksa kalawan titi pisan, jen di mana paneueul hawa tambah bédas, toengtoeng solobong tea beuki padukeut. Kateranganana kieu:

Lamoen paneueul hawa oenggol 1 c.M³. nambahan 1 gram, lantaran beungeut solobong bagian loear leuwih léga batan beungeut anoe ti djero, djadi neueulna hawa anoe asoep tangtoe leuwih géde batan anoe ka loear.

Soepaja leuwih tetela, solobong-logam leutik anoe ditjaritakeun di loehoer tea, ajeuna oerang gèdekeun gambarna tjara gambar No. 4.



Gambar No. 4. Solobong logam digèdekeun.

Goerat A. B. C. noedoehkeun beungeutna (sisina) anoe beulah loear, a' b' c' netelakeun beungeut noe beulah ti djéro. Gambar panah  noedoehkeun paneueulna hawa noe ti loear ka djéro nodjo kana titik poesér m; ari panah  noedoehkeun paneueulna hawa anoe ti djéro ka loear, djadi anoe bidjil ti poesér m.

Nilik kana boekti tetela pisan, djeung geus ditérangkeun deui di loehoer, jen goerat A. B. C. leuwih pandjang ti batan a' b' c'; koe sabab eta paneueul hawa ti loear ka djéro tangtoe leuwih bédas batan paneueul anoe ti djéro ka loear; djadi paneueulna hawa ti loear, bisa ngélokkeun djeung moekakeun solobong logam, datang


ka poetéran beusi (spil) tea oge miloe goelar-gilir ka katoehoe-i kentja. Lantaran poetéran beusi goelar-gilir, senggotan (zwenge) tea kabawa oegat-oegét, nja djaroem oge kabawa obah deul. A eta djaroem moeterna dina wadah anoe geus dibagi-bagi mal angka.

Doeméh barometer boeatan tgean BOURDON beunang dipesaka djadi sok diséboet oge zakbarometer; nja barometer ieu sok dipake parabol keur nganjahokeun loehoerna goenoeng laot. Koe sabab eta dingaranan bergbarometer.


g. SOEALAN.

Aja opat sadoeloer meunang warisan tanah roepara tjara gamba di handap ieu. Rémpeogna sarerea eta tanah rek dibagikeun disaroeakeun bae. Maranehanana teu atjan nja'oeun koeriah akalna ngabagina, sangkan saroea bènér légana.

Tjobji mangga, saha anoe iasa manggihkeun akalna?



P. LOEHOERNA GOENONGE.



8. WOELANG OETAMA.

1. Sagala padamélan Maha Soetji, eta kabéh aloes. Oerang moal ngarti kana „koemaha-koemahana” djeung kana „koe naon sababna”.

2. a. Pidoenja. Lamoen djéléma geus kairoet koe doenja, sok toeloer hatena madép sarta mantép kana neangan doenja. Karép anoe kitoe, eta hidji mamala.

b. Karép kana sawarga. Djéléma anoe boga kahajang kitoe, martabatna leuwih loehoer batan noe tadi, sabab rohna mikahajang sawarga djeung mikahajang kasenangan anoe langgeng; saemoerna résép kana tirakat, sabab ngarép² soepaja kahajangna mangke dikaboel dina poé kiamat. Mikahajang sawarga teh leuwih moelja batan mikarép perkara doenja.

c. Madép ka Allah. Lamoen djéléma geus asoep kana alam ieu, eta paningalna batin braj boeka, neangan Goestina, ngalesotkeun paningalna tina anoe goemélar, sarta hal mikarép perkara doenja teh keur manehna mah laip, noe aja teh tjénggeng kangün ka Noe Ngadaméi. Djéléma noe kitoe bagdia doenja acherat.

3. Di mana Allah asih ka abdina, eta djéléma sok dipasihkan kaprihatinan: ditjandak doenjana, dipoendoet anak bodjona, soepaja teu aja noe djadi kabeurat ka manehna, tinggal madép mantép ka Allah.

4. Lamoen eta djéléma njangga kaprihatinanana kalawan sabar, tangtoe meunangna pahla henteu hese. Oepama bisa njangga kaprihatinan kalawan soeka ati, tangtoe bisa bérésih tina sagala kagorengan.

5. Elmoe moekakeun sagala kahadéan, ari kabodoan noengtoen kana sagala kadorakaan.

6. Pangandika Kangdjeng Nabi: „Teangan koe maneh djéléma anoe geus minggat ti maneh; hampoera koe maneh djéléma anoe ngawiwirang ka maneh; pihade koe maneh. Djéléma noe teu daek pisan barangbere ka maneh.

Tjek papagon adat, ka djéléma anoe saloehoereun oemoerna koedoe daek ngalalajanan, dina keur ngariceng djeung andjeunna oelah wani miheulaan tjarita, iwal lamoen aja pélice, kitoe ogé oepama geus diwidlan; djeung oepama andjeunna keur sasaoeran,

oerang nja ngomong koedoe sanggeusna beak sasaoeranana, nja dioek oelah rek di saloehoereunana atawa sagirangeunana.

Ari djeung sasama koedoe lajeut, djeung koedoe stilliberean rédjéki, oelah djiga noe ngahoetangkeun, tapi koedoe kalawan iklas.

Ari ka noe nemoerna sahandapeun oerang, koedoe njaah sarita deudeuh.

Pendekna oerang teh koedoe ngadjian djéléma noe geus kolot sing tjara ngadjian kolot sorangan, ka sasama, koedoe tjara ku doeloer, ka baroedak sing tjara ka anak oerang pribadi.

7. Koemawoela, eta kawadjiban anoe teu beunang pisah ditinggal koe moerid; mangpaatna leuwih ti soehoed-soemoedjoed. Watékna koemawoela bisa mépés karépna hawa-napsoe; koemawoela noe-woehkeun waték handap-asor djeung tindak-tandoek noe hade; bisa ngaleungitkeun adigoeng, kaorowodolan djeung kangédoelan; ngagantjangkeun boekana hate djeung njaangan djéléma nja hartina nja loearna.

8. Lamoen pangna andjeun salat teh ngarah asoep ka sawarga, émboeng asoep ka naraka, eta andjeun teh koemawoela ka hawa napsoe keneh. Lamoen andjeun meangan keneh kahajang atawa sieun koe kasieun, eta hartina andjeun teh koemawoela ka dinja.

9. Taja deui ngan gagabah, noe sok djadi lantaran pangna maksoed oerang teu djadi teh.

10. „Elmoe“, djalan noe pangdeukeutna ka Goesti; „teu njaho“, aling² noe pangboenina noe ngahalangan andjeun ka Goesti.

i. NJAROEAKEUN WAKTOE.


Lamoen di BATAWI poekoel 12 beurang, di:

a. AMSTERDAM	poekoel 5 isoe	leuwih 10 minoet.
b. CALCUTTA (Hindoe)	„ 10 „	„ 45 „
c. ISTAMBOEL (Toerki) ..	„ 6 „	„ 46 „
d. PEKING (Nagara Tjina) ..	„ 12 beurang ..	„ 40 ..
e. PARIJS (Parasman)	„ 5 isoe	— — —

ii. NGANJAHOKEUN MADHAB.

Pikeun nganjahokeun madhab, salianna koe padoman, pikeun di dieu mah, di Hindia Nederland sok marake oge palintangan, nja eta make patokan B e n t a n g T j a k r a, anoe koe oerang Djawa

sok diséboet „lintang goeboeg pentjeng”, atawa koe basa Waland: dingaranan „Zuiderkruis”.



Lamoen goerat anoe népoengkeun bentang anoe loehoer djeung noe handap dipandjangan kira² opat kalleunano, nja népl ka koetoeb-kidoel (Zuidpool), djadi oerang njaho kidoel. Ari geus njaho kidoel mah, madhab noe sedjen oge njaho.

v. GANTJANGNA BOEMI DJ. S. T.

Boemi (ngoerilinganana panonpoë)	30 800,—	M. dina	1	sëkon.
Adelaar (manoe)	31,—	"	"	"
Koeda-toengang, dërap	2,1	"	"	"
" " , tjongklang	4,5	"	"	"
Koeda-adoe, dërap	10-12,—	"	"	"
" " , tjongklang	25,—	"	"	"
Djapati-soerat (postduif)	20,—	"	"	"
Kareta-doer dina gantangna	125,—	K.M.	"	1 djam.
Topedojager	37 mijl =	68,5	"	"
Automobiel poekoel-rata 38, panggan- tjangna.	90,—	"	"	1 "
Kapal oedara (Vliegmaschine)	60-150,—	"	"	1 "

vi. DJERONA LAOETAN.

Laoet Gëde atawa Samoedra Laja pangdjëro-djërna	9636	M.
" Hindia	6205	"
" Djëpang	3000	"
" Tjina	5250	"
" Banda	6505	"
" Beureum	2271	"
Tëlöök Perzie	104	"
Noordzee	808	"
Laoet Wetan (Oostzee)	427	"
" Tëngah (Middellandsche Zee)	4400	"

vii. GOGODONG KERIS.

Anoe disëboet gogodong teh, nja eta bagian sarangka kërís anoe pangloehoerna sarta pangroebakna. Kalobaanana anoe di-
djieun gogodong teh kal, tapi aja oge anoe koe gading djeung
koe barang-tambang. Di poelo Djawa kai anoe sok didjarieun
gogodong, babakoena: trëmbalo, tangkolo djeung kajoe
tjandana. Aja oge gogodong koe adëmati, boengkoel
djati djeung koe mantaos. Ari mantaos biasana ngan keur
gogodong anoe baris disoengging bae.

Di poela Djawa potongan gogodong teh dibagi doea bagian, nja
eta: tjara Solo djeung tjara Djogja. Hidji-hidjina aja doea roepa:


1. g a j a m a n, nja eta potongan gogodong anoe bangoenna tjara
boeah gajam.

2. l a d r a n g, nja eta potongan gogodong anoe bangoenna tjara
parahoe boehoen.

Lian ti eta doea roepa, di Djogja aja deul potongan sedjen, anoe

diséboet t a n g g a l a n, doemeh bangoenna tjara boelan toemang-
gal (1).


Di loear poelo Djawa aja deui potongan gogodong anoe make
djoeroe, nja eta di Selebës-Kidoel.



(1) Di Tjirëbon, Kooning an djeung Madjaléngka, aja deui potongan gogodong anoe
disarëboet goedelmeted. Bangoenna meh tjara tjeuli moending peles. Kawasna
eta sababna meureun, noe matak diséboet kitoe oge, tjara tjeuli eneng peles.
Poeradurédja.

Njieunna sarangka.


Di loehoer geus ditjaritakeun, jen anoe sok didjarieun gogodong
teh babakoena: trëmbalo, tangkolo djeung kajoe tjandana.
a. koe trëmbalo.



Mimitina ngaragadji heula trëmbalo tea, kandélna tiloe dim,
roebakna 2 à 3 kaki djeung pandjangna 6 népi ka 8 kaki. Geus
kitoe pek dina eta papan tea njeun tjiri² pibangoeneunana sarang-

ka anoe dipikahajang, boh ladrang, gajaman atawa tanggala tea; nja kitoe deui naha baris njeun noe ngahidji atawa disamboeng.


Ngaragadjina diatoer pisan noeroetkeun koemaha galerna djeung rorengna, sarta diakal-akal sangkan aloes djeung dina lëbahna pisan



tembongna. Lamoen bakalna aja boengkoelna, koedoe diakal-akal soepaja galer boengkoel tea tetela tembong sarta sabeunang-beunang koedoe tjitjing beulah loear. Eta papan disëlapkeun dina antara

doea iteuk anoe ditantjebkeun kana taneuh, toeloj diragadji noeroetkeun goerat tea, nepi ka djaradi sarangka djeung gogodong anoe dipikahajang tea, tapi kakara boga bangoen bae.

b. koe tangkolo atawa tjandana.




Lamoen tangkolo atawa tjandana anoe rek didjieun sarangka kérés teh, eta rada sedjen ngagarapna, lantaran kai kitoe di poelo Djawa henteu pati loba. Poeloekanana kai bangsa eta, toeloj dirimbis bae didjieun bangoen sarangka atawa gogodong anoe di-

pikahayang tea, sarta diakal-akal sangkan anoe pangaloesna tjitjing ti loehoer atawa ti gilir.


Tadi geus diséboetkeun hal sarangka anoe gogodongna ngahidji djeung gandar djeung anoe disamboeng. Anoe kahidji diséboetna sarangka-irasan atawa sarangka-gandar-iras, ari anoe kadoea sarangka potokan.

Ari anoe diséboet gandar, nja eta bagian sarangka noe panjang noe ti handap, témpat seuseukeut kérés tea.



Oepama oerang rek njeun sarangka potokan ladrang, anoe kadoea dipigawe mimitina, njeun daeonna heula, nja eta bagian gogodong anoe ti toekang. Lamoen rek njeun tjara Djogja ba goonna daoen gogodong koedoe tjara daoen-nangka, atawa daoen-sawo. Ari tjara Solo mah henteu terang, koedoe tjara daoen naon, ngan kawasna bae tjara daoen Endong.

Sanggeus kitoe toeloej njeun angkoepna, nja eta bagian gogodong ti hareup, anoe njengkluk ka djero; lamoen tjara Djogja, hangoenna koedoe tjara kembang nangka. Ti dinja toeloej njeun djanggotna, nja eta bagian gogodong ti hareup beulah handap, djadi handapeun angkoep tea. Sanggeus kitoe, njeun tjangkringna, nja eta anoe sareukeut di kentja-katoehoe gogodong, antara daoen djeung angkoep tea, roepana meh siga tjoetjoek daday



tjankring. Eta sababna noe matak dingaranan tjankring. Di mana eta geus anggeus kabeh, toeloej diome deui make wali-tjantoeuk, nja eta peso anoe melengkoeng toengtoengna: njeun gegehete samboengan gogodong djeung gandar, njeun keur nêrapkeun pëndok dj. s. t.

Lamoen rek njeun gajaman (potokan); mimitina koedoe

njeun oekél, nja eta anoe minangka éaen gogodong dina la-
drang, toeloej njeun gegehét keur njamboengkeunana.

Démi pētana njeun sarangka gandjar-iras tea, hēnteu
sabaraha bedana djeung njeun sarangka potokan bae, ngan tangtōe
hēnteu koedoe njeun gegehét keur njamboengkeun, da geus nga-
hidji tea.

Lamoen noe didjieunna sarangka gandjar-iras teh, lain kai anoe
aja boengkoelan, tapi kajoe-loeroes, koedoe diatoer koe
oerang galerna ti toengtoeng éaen gogodong népi kana angkreup
koedoe beres.

Dina gajaman eta galer koedoe beres ti toengtoeng oekél nūpi
kana djanggot. Lamoen bakalna trēmbalo anoe aja boengkoelan,
galer djeung rorengna koedoe njēbar saloearna.

Sanggeus kitoe, kakara eta sarangka ditjokrah keur tēmpat kēris
tea. Njeunna dibor koe djara dina gogodong beulah ti loehoer,
antara tjangkring tea, gēdena koedoe saroea djeung kandēna
gandja eta kēris. Toeloej eta liang digēdean ka toekang djeung
ka hareup, nja kitoe deul ka gilirna, koe dedet (parabot
paraut ngagēdean liang), bangoenna eta liang koedoe tjara gandja
kēris. Kērisna koedoe mindēng ditjoha diasoepekeun; lēbah anoe
sērēg keneh, dina gogodongna koedoe ditjirinan koe patlot, toeloej
digēdean deul koe peso (wali) tea. Kērisna dioclatan minjak
make langēs, toeloej dipas deul kana gogodong tea. Lēbah noe
rada sērēg, tangtōe gogodong antēl kana kēris tea, djadi lēbah
dinja kaminjakan. Toeloej dikeureut koe peso wali tea. Kitoe
bae, népi ka asoepe sasrēkna. Lamoen eta geus anggeus, toeloej
migawo gandarna. Anoe panghadēna didjieun gandjar, kajoe-tjan-
dana, pambrihna ngarah lamoen kērisna ditjaboet lina sarangkana,
seungit. Lamoen euweuh kajoe-tjandana, sok iqba oge anoe nja-
rieun koe mindi. Gandjar koedoe leuwih pandjang manan kērisna;
ari didjieunna make rimbas bae dibangoen pēndok anoe rek di-
tērapkeun. Pēndokna, ti djérona, diminjakan make langēs tea,
toeloej gandarna diasoepekeun kana pēndok. Lamoen katembong
gēde teuing atawa masih keneh karadak, dikikir dileutikan afawa
dirarata. Oepama eta ganda: geus sasrēkna pisan kana pēndok,
hēnteu téros ditērapkeun tea, tapi ditjaboet deul. Sabab liang
gandjar anoe sapanjangna pisan kēris tea, eta koedoe didjéran
deul, koedoe leuwih djéro manan pandjangna kēris. Kadjaba di-
djéran, koedoe rada digēdean deul, parabotna ngaranna sēgōk
(sabangsa kikir), datang ka kērisna rada logor, hēnteu sasrēkna
pisan. Ari noe dipambrih ngarah babari ditarikna, djeung soepaja
oelah babari tahlangan. Ti dina toeloej gogodong djeung gandjar
njamboengkeun, sarta dipat koe pangrapēt kai anoe diabōet
antjoer-lempong.

Njieunna pangrapët, eta antjoer dikeueum, di mana geus oedöeh toeloej dirieus djeung apoe.

Aja oge anoe ngarapëtna koe geutah trëmbalo, dideangkeun neula; di mana geus leeh kakara dipake tjara noe tadi tea.

Ari pëtana njeun liang (ngarorak) gandar-iras, kieu:

Antara tjangkringana tea dibor nëpi ka leuwih djëro batan pandjangna kërís. Ti dinja toeloej diome, tjara ngaliangan sarangka potokan bae.

MANGLE.

29. BABAD TJIREBON.

DANGDANGGOELA.

Bismi'llahi atruhmani'rahim,
Koela njêboet asmaning Pangeran,
Noe moerah di alam kabeh,
Majoengan kabeh mahloek,
Ngahoedjanaan rahmat djeung ridjki,
Teu aja kakoerangan,
Moenggoeh Maha Agoeng,
Anoe asih di aherat,
Noe ngagandjar kabeh djalma noe ngabakti,
Njiksa djalma doraka.

Sanggeus moedji Goesti anoe asih,
Djeung kasoelna Nabl noe poengkasan,
Rek njaritakeun lalakon,
Iboe kangdjéng Sinoehoen,
Troesing madoe andanawari,
Toeroenan Padjadjaran,
Poetrana Sang Ratoe,
Ti garwa ti Singapoera,
Noe poenoetra tiloe maroeloes raspati,
Moelja taja koetjiwa.

Anoe tjiwat panéngét kakasih,
RADJA TJAKRA BOEANA katélah,
Panénguh panéngét kenéh,
RADJA SENGARA TINOET,
Anoe hoengsoe Sang Radja Poetri,
Nélah NJI DALEM SATANG,
Iboena Sinoehoen,
Soenan GOENOENG DJATI poerba,
DALEM SATANG noe ditjandak moengghah hadji,
Ngiring TJAKRA BOEANA.

Ti Arabna léroes angkat deul,
Djarah nadran ka Bel'almoekadun,
Astanana Nabi kabéh,
Doemaduk eta waktos,
Kangdjéng Radja di Bani'srall,
Tas kapoepoesan garwa,
Manah mangkoerawoet,
Heméng linéng kuléngléngan,
Mantjléng ellng ka garwa anoe lastari,
Emoet taja kénéhira.

Toeloej njaer Kadi Djamal'oeddin,
Anoe djadi Panghoeloe di dinja,
Djeung ka koelawarga kabeh,
Dawoehna Kangdjéng Ratoe:
„Soegan aja anoe geus manggih,
„Istri noe meh saroepea,
„Djeung anoe geus poepoes,
„Nadjan teu saroepea pisan,
„Asal aja pasémon polah paniti,
„Keur ganti anoe djénat”.

Pioendjoekna Kadi Djamal'oeddin:
„Noen soemoehoen dawoeh Maulana,
„Tjarek oengéling tjarios,
„Aja noe geulis poendjoei,
„Dajeuh manéh nja lémah tjal,
„Asal ti Padjadjaran,
„Ngan kadoea doeloer,
„Saéntas hadji ti Mèkah,
„Toeloej djarah ka koeboeran para Nabi,
„Nadran ka Bet'almoeckdas”.

Soemeredet, Soeltan Banl'srail,
Pok ngandika: „Soeganna djeung soegan,
„Teang doeanana bae,
„Tjaloekean ka kadatoen,
„Niat kami arek maparin,
„Sidékah dana-dina,
„Oelah pamer lakoe,
„Tah sakitoe pamaksoeda,
„Malak mandar djadi djalan milik diri
„Paparín noe kawasa”.

Kinanti.

Niai DALEM SATANG matoer:
„Sémbah noehoen awotsari,
„Kapoendi bérkah Molana,
„Piwoelang nja kitoe deui,
„Moeng abdi gadoeh panéda
„Moegi dikaboel koe Goesti”.
„Sim abdi soemédja toemoet,
„Sukérsa Molana Amir”.
Sang Maharadja ngandika:
„Naon anoe dipérédih?
„Sagala pamenta awak,
„Arek ditoercet dipoendi”.

DALEM SATANG tadim matoer:

„Njoehoenkeun anak lalaki,
„Lanang nenggang ti sasama,
Noe djadi wall sadjati,
„Djadi ratoe Noesa Djawa.
„Njébarkeun Agama Nabi”.

30. SAKOLA INSINJOER DI BANDOENG.

Ana geus népi kana mangsana, katjida kamadjoean teh gantjangan, man! nerelek.

Geura mangga maranahan kaajaan di oerang!

Poeloeh-poeloeh taheun lilana, anoe dilaranggap koe bangsa oerang sakola pangloehoerna teh Hoogere Burgerschool, anoe sok dipondokkeun H. B. S. tea. Martabat kaloehoeran eta sakola, beunang diséboet meh ngarendeng djeung sakola loehoer; dilaranggapna koe djéléma leuwih loehoer ti Stovia.

Pirang² toean-toean anoe palintër njaerkeun, jen martabat kaloehoeran H. B. S. di Hindia, dilaranggapna koe djéléma djaoeh pisan leuwih loehoer ti H. B. S. anoe di Nagara Walanda. Toeroeg² deuih, mangpoeloeh-poeloeh taheun teu tambah² reana, ngan tiloe bae.

Koering ingét kenéh, sabaraha hesena toean² anoe palintër djeung anoe baleunghar di Bandoeng, waktoe njoehoenkeun diajaan H. B. S. nomër 4.

Na ari geus datang mangsa tjoendoek waktoe mah, man! djoeldjol sigana teh! Tanggal 5 Juli taheun 1919 mimiti moeka sakola A. M. S. anoe kahidji di Djogjakarta. Dina boelan Juli deui taheun 1920 moeka A. M. S. anoe kadoca di Bandoeng. Kadjaba ti eta dina boelan Juli tanggal 3 ngadégkeun Sakola Loehoer deuih, nja eta Sakola Insinjoer, anoe djadi pépéntolna sakola-sakola di sa-Hindia.

Djadi tanggal 3 Juli 1920 teh, hidji poé gède kabina-bina keur oerang mah, oerang Hindia, nja eta poé anoe moal kapopohokeun djeung teu beunang dipopohokeun deuih. Sabab nja dina poé eta, ngadégna Sakola Loehoer noe kahidji, anoe baris djadi sagara elmeo di nagara oerang, djadi damar anoe njaangan sa-Hindia.

Ari didégkeunana eta sakola teh di Bandoeng, di sisi djalan ka Dago.

Démi bangoenna estoening anéh. Beda ti sakola noe loembréh. Ieu mah bangoenna teh bangoen wawangoenan Asia (oelen, tapi di djérona tjara Koelon; kawasna didjieun perlambang ngahidjikeun Koelon djeung Wetan. Basa eta Sakola Loehoer tea diboeuka, diloeohan koe sakabéh pangagoeng; harita eta salapan anoe marag

biantara piliğenti, nja eta: Toean VAN SANDICK anoe ngëm-
bân saoe pakoempoelan noe ngadégkeun eta Sakola tea, nja
eta pakoempoelan: Koninklijk Instituut voor Hooger
Technisch Onderwijs in Nederlandsch-Indië;
Professor KLOPPER, noe djadi rector magnificus eta
Sakola Insinjoer, hartina Professor kahidjina, noe ngapalaan eta
Sakola; Kangdjéng Toean Directeur Onderwijs djeung Eeredienst
Kangdjéng Dalém Serang ngëmban saoe oerang Priboemi djeung
sallan ti eta.

Sanggeus kabeh salasaeran, toeloef eta Sakola Loehoer diboek
koe Kangdjéng Toean Bésar Goepërnoer-Djendral, GRAAF VAN
LIMBURG STIRUM, bari ngalahir kieu:

„Ieu Sakola Loehoer jasaana oerang Walanda anoe moelja kabina-
bina; sarta woewoeh deui kamoeljaanana, subab djadi tjonto ke
oerang sarerea, koedoe daek noeroelan lakoe-lampah anoe sakitoe
hadana.

„Ari kawadjiban anoe ajeuna dislanghareupan koe baroedak
ngora Hindia, nja eta koedoe ngaramekeun ieu sakola djeung koe-
be narembongkeun ka alam doenja, jen baroga kakoeatan djeung
karép pikeun noetoerkeun djalaning hiroep anoe ajeuna: kakara
mënga. Kalawan piwoeroek anoe djaradi Professor, marnehanana
koedoe ngalampahkeun eta kawadjiban kalawan ënja, sangkan di
ahir bisa djadi Insinjoer anoe seungitna hënteu eieh koe Insinjoer
Nagara Walanda djeung nagara lian.

„Panéda kami, moega sakabeh moerid anoe kaloeur ti ieu Sakola
Loehoer, tétép mantép rësép kana saniskara elmoe anoe geus ka-
tampa ti dieu, sarta moega woewoeh toewoeh kabeuratna ka Tanah
Hindia, nja eta hidji tanah tempat pagawean anoe tanpa wangénan.

„Sakalian bari ngahaerkeun salamna Kangdjéng Toean Bésar
Minister van Koloniën ka Toean Directeur, ka Curator djeung ka
Professor, koe kami ieu Sakola Loehoer ajeuna diboek!”

Sakitoe dawoehanana Kangdjéng Toean Bésar!

Rasa koering maal moebadir, di dieu ditjaritakeun, jen pang-
adjaran anoe ajeuna diadjarkeun di eta Sakola Loehoer, kakara
pangadjaran baris Sipil-Insinjoer bae. Ka hareup baris diwoewoeh-
han deui koe pangadjaran pikeun mlynbouw, irrigatie
djeung sapadana, nja eta pangadjaran anoe ngawoengkoel kana
hidji roepa elmoe bae.

31. NJAI DEWI LARA KIDOEL.

(VOLKSLECTUUR No. 154e).

Katjarioskeun, baheula pisan, aja hidji istri gagah sarta sakti, tjalikna di dasar sagara kidoel, djénenganana NJAI DEWI LARA KIDOEL, nja eta poetra ratoe siléman, noe linggih di dasar sagara.

Kawéntarkeun eta NJAI DEWI LARA KIDOEL awas tingali batan katja, binatang sarta sakti, wéroch sadoeroenging winarah, tégésna oeninga ka noe tatjan djadi.

Ari dina mangsa harita, katjarioskeun, radja Madjapait keur saembara, rehna andjeunna kagoéngan doea poetra istri geulis sukémbaran. Geus kasohor eta poetri kagenésanana; di antara para poetri, poetra radja di tanah Djawa, teu aju noe ngabandingan ka eta doea poetri.

Malah para radja di satanah Djawa, satanah Soenda, kitoe deui ti loear Noesa Djawa, geus loba pisan noe naranjaan, tapi teu atjan aja hidji radja noe ditampi, margi radja Madjapait sésaheun, tina rea, teuing noe nanjaan, sleun djadi karoesoehan di achirna.

Déml djénenganana njai poetri, noe hidji énden poetri SEKARSARL, anoe hidji deut énden poetri SEKARWANGI.

Ari manahna radja: „Koemaha, boga anak awewe ngan doea ari noe nanjaan saktioe lobana, malah aja noe ti nagara pasabangan”.

Ti dinja kérsana radja tina sakatangkoeng bingoenana, dasar sakti, mandragoena, ladjéng bae njipta doea koeda hedjo sambarani ajana di awang-awang.

Téroes koe radja disaembarakeun ka sadaja para radja sarawoeh para ponggawa, lahirna: „Ajeuna kleu bae; saha-saha noe bisa njéboetkeun ltoe noe roepa koeda di awang-awang masing sidik, moen katoedjoem eta, tangtoe koe koela dipoeloeng mantoe sarta dipasihlan nagara saboulah, didjénéngkeun ratoe anom di nagara Madjapait”.

Gantjanging tjarita, eta kabéh para radja sarawoeh para bopati, pada njararéboer koeda bae, soemawonna para ponggawa djeung para mantri mah, sadajana pada norah, jen eta, koeda hedjo sambarani, noe nja di awang-awang.

Koe kérsana Radja, taja hidji noe kamanah alawa noe ditampi, karana sabéherna laju koeda, nja eta koeda tjtjiptan.

Toenda noe keur rame saembara: katjarios NJAI DEWI LARA KIDOEL, anoe awas tingalina, geus mongpungan katingali koe andjeunna, jen radja di nagara Madjapait, keur saembara.

NJAI DEWI LARA KIDOEL imoet dina djeru manuhna djeung ngalahir: eta kana saembarana radja, hamo aja noe bisa nêgoeh, lamoen henteu koe aing.

Ti dina ladjeng bae andjeunna njipta doea moerangkali pamégét sakébaran sarta karasep, kira-kira oemoer limawelas taheun.

Sanggeus kitoe, eta doea poetra ladjeng koe andjeunna ditjundak ngadeuheus ka Radja, bade ngiring saembara.

Sadongkapna ka nagara, koe radja dipariksa, lahina: „Aeh, NJAI DEWI LARA KIDOEL, ngérsakeun naon noe mawi soemping ka dieu?”

Djawabna: „Anoe mawi koering dongkap ka dieu, reh ieu gadoeh doea anak, manawi aja lalin Radja, koering sédja ngiring saembara; saréng koering sédja naros, naon anoe baris dilanggo toempang ti Radja oepama eta saembara kadjadian, katoedjoem”.

Walon Radja kieu: „Saha-saha anoe bisa njêboelkeun sarta katégoeh eta noe roepa koeda sakébaran di awang-awang, tarohna nagara sabenlah rawoeh eusina djeung dipasrahan doea poetri pi-rarwaeunana sarta didjénngkeun radja di dieu”.

Djawab NJAI DEWI LARA KIDOEL: „Lamoen kitoe mah, no-hoen, ari ti koering ieu, doea anak lulaki sakébarana tarohna”.

Walon Radja: „Sae, teu aja pambéngan”

Harang geus isoekna, di poé Djoemah, kira-kira téngah poé geus sajugi di papanggoengan, bade saembara.

Radja-radja sarawoeh para bopati geus padu koemjoel sadaja, soemawonna NJAI DEWI LARA KIDOEL, saréng doea poetra geus djagrag di papanggoengan.

Lahir Radja: „Mangga, ajeuna geura taroedjoem, naon itoe noe saroepea koeda sakébarana di awang-awang teh?”

Para radja sadajana tétép njarêboelkeun koeda bae noe aja di awang-awang teh, pedah roepana djeg koeda.

Lahir NJAI DEWI LARA KIDOEL: „Eta sadajana salah, lamoen njarêboelkeun koeda, kurana bisl teu aroeninga, eta noe disaem-barakeun koe Radja, ieu kabeh bopati hamo aja noe bisa ménérar naroedjoemna, ngan koering anoe plibiseun. Ajeuna koering néda disarakslan koe sadajana arek norah noe siga koeda di awang-awang, tapi panochoen koering, Radja poma oelah tjidra, tina djangdji; ajeuna koe koering rek disêboet”.

Sadajana para radja oendjoek soemangga, sédja njaksin.

Lahir NJAI DEWI LARA KIDOEL: „Bisl teu aroeninga, itoe koeda sakébaran di awang-awang, satémenna lain koeda hedjo sambarani, tapi tina kapintéranana Radja Madjapat, ari saénjina mah, eta teh mega bodas, ditjipta koe Radja, diloepakenn koeda hedjo sambarani, asal tina mega poelih”.

Sanggeus diloejjoem, lés bae leungit noe roepa koeda teh, teu aja, ilang tundra karna.

Gér bac saeoran para bopati, jen geus beunang saembara koe NJAI DEWI LARA KIDOEL.

Harita kenah NJAI DEWI LARA KIDOEL nagih pèrdjangdjian ka Radja.

Radja mindèl manahna henteu doe'a boga mantoe bangsa silëman; pendekna tjidra lina pèrdjangdjanana, malah Radja njeun akal sangkana oelah djadi.

Toeloej bae njeun deul saembara, tatapi geus kamanah koe NJAI DEWI LARA KIDOEL.

Saoerna: „Eh, naha bët Radja tjidra, henteu make hoekeun adil, tapi keun, koemaha éngke bae lamoen radja tjidra deui”.

Ti dinja Radja ngadawoeh deul saoerna: „Ajeuna, saha-saha noe bisa njeun parahoe pinggir emas ditarapang koe intén, baris lalajaran, eta doe'a poetri djeung nagara sabeulah bakal dimilikkeun, karana goenana nja eta pikeun lalajaran panganten di sagara”.

Para radja taja hidji-hidji atjan anoe sanggoer, unging NJAI DEWI LARA KIDOEL noe sanggoepeun.

Ari saoerna: „Oepama Radja hamo tjidra deui mah, mangga, leu anak koering sanggoepeun njeun parahoe”.

Saoer Radja: „Sae, koela hamo tjidra deui kana eta pèrdjangdjian”.

Ti dinja lajeng NJAI DEWI LARA KIDOEL miwarang ka doe'a poetra ngudamel eta parahoe, sarta koedoe tjotjog sakoemaha pamendoetna Radja tea.

Katjaros eta doe'a poetra geus pada mios ka leuweung, malah geus pruk njeun parahoe.

Katjatoerkeun para ponggawana poetra tea, wantoening bangsa silëman, ana barang teta, sok sagala sasatoan djeung sagala oraj ditaréda mani geus bulatak toelang-toelang, bangke-bangke nga-boegbroeg.

Gantjanganu tjurios, eta parahoe geus anggeus, djadi sapamentanu Radja mantoe, didjaring koe iboe.

Sanggeusna angge eta parahoe, koe doe'a poetra téroes ditang-koehkeun, dèna mananehanana toeloej lapor ka Iboena.

Koe NJAI DEWI LARA KIDOEL téroes dilajad eta parahoe, tetela geus anggeus sarta aloes; taja kakoeuranganana.

Ti dinja NJAI DEWI LARA KIDOEL toeloej angkat ka nagara, ngalaporkeun jen parahoe geus anggeus sakoemaha pamendoet Radja.

Ari lahir Radja „Naha mana ajeuna parahoenana djeung naha henteu diboeuktikeun ka hareupeun koela?”

Djawab NJAI DEWI LARA KIDOEL: „Henteu aju pèrdjangdjian parahoe koedoe dibawa ka pajoeneun Radja, ngan koedoe njeun parahoe bae saer andjenn”.

Radja teh kalah atoeran.

Ti dinja ladjëng bae miwarang-baladna soepaja eta parahoe di-angkat ti leuweung ka nagara, diboektikeun ka pajoeneun Radja.

Toenda heula tjarita noe rek ngangkat parahoe.

Katjarjos dina hidji wëngi, malëm Djoemaah, kira wantji têngah peuting, eukeur noedjoe tjaang boelan, datang hidji oraj kana tĕmpat parahoe tea, panonna hibar, hoeroeng kawas seuneu bae, bungoesna kawas hangbarongin, gĕdena sagĕde tjateng kalapa, matak gila matak sieun.

Eta oraj, saestoena ratoe oraj, ngarorls kana toelang-toelang tea, barina dikoempoelkeun.

Ari eta doea poetra, geuwat njoempoet kana djĕro parahoe noe nangkoeb tea, sarieuneun, barina ngintip kana eta lampah oraj.

Dĕmi tingkah eta ratoe oraj, sanggeusna ngoempoelkeun toelang-talengna, toeloj koe manehna ditagogan njanghareup ngocton, sarta eta toelang-taleng didjampean djeung diboeraan.

Koe doea poetra didarengkeun djampena kieu:

„Bis hoerip, dat sampoerna,
Waloeja djati, djati waloeja,
Tĕka waras, tĕka hoerip,
Hoerip sakĕrsaning Goesti,
Hoerip, hoerip, hoerip”.

Sanggeusna kitoe, eta toelang-talengna tingkaroredjat hariroep deui sarta tinglalogodor tinglaleor ka leuweung.

Doea poetra kageleun katjida, malah eta djampe oraj arandjeunna nĕpi ka apal.

Toenda tjarita doea poetra.

Ajeuna katjarjoskeun deui Radja Madjapait geus njandak balatantara ka leuweung, mariksa parahoe tea baris dibawa ka nagara.

Barang soemping ka leuweung, ditingali tetela parahoe teh geus anggeus sarta aloes katjida; teu aja papadana.

Ti dinja ladjĕng bae dipiwarang diangkat koe djĕlĕma saratoes, teu kaangkat, hĕnteu gĕdag-gĕdag atjan.

Ditambah deui koe doea ratoes djĕlĕma, loepoet, teu kaangkat. Ditambah deui, tambah deui, doemoegi ka koe sarewoe, wĕleh bae, parahoe teh teu bisa kaangkat, hĕnteu gĕdag-gĕdag atjan.

Lahir Radja: „Tjing, koemaha, ajeuna ieu?”

„Saha-saha noe bisa ngangkat parahoe sing kabawa ka nagara, tangtoe toeloes dikawinkeun ka Nji Poetri, djeung sakoemaha, pĕrdjangdjan koea hano tjidra”.

Para radja taja pisan noe sanggoepeun, ngan eta doea poetra anoe sanggoep.

Harita kenĕh eta parahoe geus diangkat koe doean, malah geus diangkut ka nagara.

Ti dinja radja teh bingoenng katjida tina sakalangkoeun hĕnteu deui kageuguan mantoe silĕnan. Tapi itadja geus lĕnung pisan

kana kasaktianana NJAI DEWI LARA KIDOEL, wantoening pada gagahna.

Enggalna, eta doea poetra, ladjeng bae koe Radja dikéboet koe djimat poesaka, ditjipta; geus djadi doea sato sakémbaran, tapi tatjan aja ngaranna.

Téroes bae eta doea sato djaloe laloempatan ka leuweung, moeroe ka iboena, barina njoeeh dèpa nararangs di pajoeneun iboena.

NJAI DEWI LARA KIDOEL, barang ningali ka doea poetra, kageteun pisan, reh geus djadi doea sato djaloe sakémbaran, lahirna: „Beu, tjlaka anak aing ajeuna katénoeng koe Ratoe Madjapait, hianat kabina-bina. Tapi keun bae, éngke aing rek malés”.

Sanggeus sasaoeran kitoe, ladjeng bae NJAI DEWI LARA KIDOEL njandak djimat saroe pa tjaoe lampeneng sapaasang, diteungeulkeun koe andjeunna ka doea poetra; geus djadi tarandoekan sarta tjarakép pisan.

Lahir iboena: „Ajeuna maraneh oelah njaréri hate djeung montong harajang djadi djéléma deui, koedoe tètép djaradi moending pikeun goemélar ka anak poetoé, di ahir mangke djadi ingon-ingon di boeana kabeh; dèmi ngaran maneh nja eta „moending”, tètép sampalanana di leuweung atawa di tégal”.

Sanggeus kitoe, NJAI DEWI LARA KIDOEL bidjil napsoe; téroes bae asoep ka nagara sarta njiléma, teu kaoeninga koe Radja atawa koe anoe lian.

Barang soemping ka padaléman, para poetri kasondong keur tjaralik.

Doemadakan eta doea poetri laloengsoer ka latar djeung émban. Geus kitoe, dihin pinasti anjar pinanggih, geus népi kana takdirna poetri, jen koedoe djodo ka eta doea moending tea.

Enggalna, dikéboet koe djimatna NJAI DEWI LARA KIDOEL, eta doea poetri geus djadi moending bikang sakémbaran. Téroes laloempatan ka leuweung sarta di leuweung geus tépoeng djeung moending djaloe sakémbaran.

Gantjangna, énggeus ngadjodo.

Djadi tètép toeroen-toeroen népi ka djaman ajeuna.

Dèmi Radja Madjapait, barang geus oeninga, jen poetrana geus djadi sato, kantoen ngangloeh, ngan emoet kana takdirna.

Ari ngalawan pérang, teu wani, wantoening ratoe siloeman, bini lawaneun manoesa, tépi ka djaman ahir tan keuna paeh.

32. BABAD WAJANG-POERWA.

Noeroetkeun tjarita dina boeke Djawa, wajang-poerwa teh ngagambarkeun djeung ngalalakonkeun: Batara Goeroe djeung dewa² anoe sedjen, nja kitoe deui para widadari, para ratoe, para satria, para pandita, boeta², monjet² djeung para ponggawa nepi ka djaman PREBOE DJAJABAJA, Radja Maménang, katoet para poetra djeung santana saponggawana noe ngadjamatan PREBOE DJAJABAJA tea.

Ari awitna aja wajang-poerwa, tjeuk boeke Djawa mah kieu: waktoe PREBOE DJAJABAJA djoeméneng radja di Maménang, nja eta dina taheen soerja 861, andjeunna hojong ngadamél gambarna sadaja para loeloehoerna; barang djadi nja dingaranan: wajang-poerwa. Ari pētana ngagambarna ngan rarantjangna bae dina daoen lontar nekin tina artja, digambar njanghareup.

Waktoe RADEN PANDJI KASATRIAN djadi Radja Djénggala, djoedjoeloek PREBOE SOERJA MISENA, andjeunna hojong ngawangoen deui wajang-poerwa anoe leuwih djangkoeng soeroep kana dédég-pangadégna, nja masih dina lontar bae ari ngagambarna mah. Mimiti ti harita wajang-poerwa sok make tatabeuhan, nja eta salendro; sarta make dikakawenan koe témbang géde; gambarna diwadahan koe kandaga; ari dipakena ngan dina pasamoan géde bae; anoe ngadalangna PREBOE SOERJA MISENA kee andjeun. Harita taheen Soerja 1145.

Saroeksakna Djénggala koe bandjir, PREBOE SOERJA MILOEHOER toeloek ngoelon djoeméneng radja di Padjadjaran kasilih wawangina PREBOE MAESA TANDREMAN, andjeunna ngersa-keun ngomean wajang-poerwa tea, pokona nja bangoen wajang Djénggala tea bae, ngan didjangkoengan digédean meuseusan dipapantés disoesoeroep; digambarna lain dina lontar ajeuna mah. Tapi dina daloeang. Harita taheen soerja 1166.

Waktoe RADEN DJAKA SOESOEROEH djadi Radja Madjapait, djoedjoeloek PREBOE BRANATA, nja eta dina taheen soerja 1283, ngadamél wajang-poerwa dina daloeang, digoeloengkeun didjeun sagoeloeng, sarta diwoewoehan oenak-anikna; dingaranan: wajang-beber. Dina waktoe ngalalakonkeun hidji lalakon, eta gambar dibeberkeun. Ari tatabeuhanana biasana ngan rébab bae woengkoel, tapi radjeun oge make salendro.

Gawena wajang-beber pikeun ngaroet anoe kawalat, tjaraning: anoe motongkeun laki pipisan atawa pipisanana, ngaroeboekkeun seéng djeung salianna ti eta, kabeh geus ditataan dina pakém bab ngaroet.

Kotjapkeun PREBOE BRAWIDJAJA I di Madjapait kagoengan poetra anoe wasis kana nekin, djénégawana RADEN SOENG-GING PRABANGKARA, ditimbalan ngadamél gambar papakeun

wajang-beber, dijet warna-warna, sarta gambarna (wajangna) lain digambar ti hareupna, tapi ti gigir, bangoen djéléma noe njanggigir. Digoeloengkeun sagoeloeng-sagoeloeng, sarta dina sisina make kai, pambrihna ngarah beunang ditantjébkeun dina kai parantina, anoe geus beunang ngahadja ngaliangan; djadi salilana eta wajang keur dilalakonkeun bisa téroes meber bae nantjéb dina kai tea. Harita mehëran tahoen Soerja 1301.

Waktoe RADEN PATAH djénéng Radja di Dëmak, kasilih wangsi SOELTAN SAH ALAM AKBAR, nja eta dina tahoen tjandra 1437. Harita mimiti oerang Djawa njarékél Agama Islam. Kangdjéng Soeltan katjida kaséngsémna koe lagoe kawitan djeung koe wajang-beber. Lantaran gambar djéléma dilarang koe sara Agama Islam, djadi gambar wajangna dirobah, hënteu disigakeun gambar djéléma tjara dina wajang-beber beunang SOENGGING PRABANGKARA tea, da bisi ngalanggar tjégahing sara. Para wali kabéh ngabantoean njarleun wajang tea. Ari anoe didjleun lain daloeang, koelit. Tapi djaman harita mah tatjan ditatah, ngan oekoer dipoelas koe toelang beunang ngarleus, beungeutna dipoelas koe hideungan ngarah siga hiroep; diteklinna ti gigir: boeta matana doea; ari wajang sedjen mah matana ngan hidji bae: leungeunna ngahidji djeung awakna, sarta make didjépit sakallan didjleun gagang pikeun nantjébkeun. Dëmi atoeran nantjébkeunana dibereskeun noeroet djangkoeng-pëndekna wajang, diséboetna ditata, ari koe basa Djawa diséboetna disimping.

SOENAN GIRI nambahan gambar wajang anggitanana koe andjeun, nja eta monjet make panon doea tjara boeta.

SOENAN BONANG nganggit gambar: gadjah, koeda djeung rampog.

SOENAN KALIDJAGA nganggit: kélir, gébog djeung ballin-tjong.

Soeltan Dëmak nambahan koe nganggit goenoeng noe sok ditandjébkeun dina têngah² kélir tea. Sarta pëta-pëtana nata wajang dina kélir (gébog) kentja djeung katoehoe, soepaja meudjehna keur ngawajang sapeuting. Dëmi tatabeuhanana salendro.

Wajang-beber hënteu leungit, tètép bae aja, djadi tatanggapan abdi-abdi. Tapi ari djaman ajeuna mah geus beunang diséboetkeun euweuh bae.

Harita, waktoe wajang didjleun djeung dipépëkan kitoe, mehëran tahoen tjandra 1443.

Waktoe RADEN TRENGGANA djadi Soeltan Dëmak, nja eta tahoen tjandra 1447, djoedjoeloek SOELTAN SAH ALAM AKBAR anoe ka 3, ngarobah deui wajang-poerwa, nja eta beungeutna dikantaaan koe tatab-koekeo, nja kitoe deui panonna djeung soenggoetna. Harita tahoen tjandra 1477.

Alam SINOEHON RATOE TOENGGOEI, di Giri ngawakllan



Wajang beber.

Soeltan Dêmak, nja eta dina taheen tjandra 1480, andjeunna ngarobah deui bangoenna wajang-poerwa, nja eta rada dipéndekan, wajang awewe boeoeckna digêloeng-gapiekkeun, make djamang, kangkaloeng djeung anting, kilat bahoe djeung korontjong, wajang lalaki oge aja anoe ngaroendaj boeoeck népi kana taktak, digêloeng-gapiekkeun, aja anoe digêloeng sarta make papakean sedjen: djamang djeung sallanna papakean radja kapoetran, dewa djeung boeta; wajang monjet make tjawêt tjara artja, Kadjaba ngatoer wajangna ngatoer lalakonna deulh djeung nganggit kakawenna djeung kapêrloean wajang lianna ti eta. Barang geus anggeus samakta sagalana, eta wajang dingaranan wajang-kidang-kantjana. Harita taheen tjandra 1478.

Dina taheen tjandra 1485 SOENAN GIRI nganggit wajang-gédog, bangoenna tjara wajang-poerwa bae, ngan gêloeng soepithoerangna dipitjeun, sarta kabeh marake kérés; ari anting, geulang djeung kangkaloeng, eta oge masih marake (di Djogjakarta wajang gêloeng teh marake ikêt); boeta djeung monjet teu aja; ari kasabanganana: Prêboe Kalana make balad Boegis marake ikêt élisna diboeludkeun. Ari anoe didjeun lalakon mêtik tina boeoeck Pandji sapeutingeun-sapeutingeun; tatabeuhanana pelog, ari ngakawenanana diseroepkeun kana tatabeuhan lébah: gangsal, nëm djeung barang, ngaranna gardjita watang, manggala gita, midjil djeung magatroe.

Dina taheen tjandra 1486, SOENAN BONANG nganggit wajang-beber-poerwa; tatabeuhanana: rébab, kéndang, térébang, angkloeng, kénong saréng kêtjrek; eta wajang katélahna wajang-beber bae, tatabeuhanana diséboet katiprak.

Waktoe RADEN DJAKATINGKIR djadi Soeltan Padjang, djoe-djoeloeck SOELTAN ADIAWIDJAJA, nja eta dina taheen tjandra 1503, andjeunna ngarobah bangoenna wajang-poerwa, babakoena pisan ngaganti roepa papakeanana, nja eta dipasing-pasing sarta dipapantès papakeanana para ratoe, para satria, para ponggawa djeung balad-balad, marake dodot djeung tjalana, atawa make dodot teu ditjalana koemaha pantèsna bae; ari boeta djeung monjet anggër make tjawêt panonna doea; para dewa wajangna tjara artja ngaboleger teu make hadjoe; wajang awewe boeoeckna ngaroendaj népi kana lébah tjangkeng. Djeung make ditambahan pakakas: gada, bindi djeung toja. Leungeunna masih ngahidji djeung awakna. Ari bangoenna djeung oekoeranana anoe didjeun patokan wajang-kidangkantjana jasa Soeltan Dêmak tea, nja eta palémahanana ditambahan saténgahna. Mimiti wajang-poerwa djeung wajang-gédog ditatah gajaman dina taheen tjandra 1505.

SOENAN KOEDDOES nganggit wajang-golek bangoenna njoetat tina wajang-poerwa tea, nja kitoe deui lalakonna nja lalakon

wajang-poerwa bae, tatabeuhanana saroea salendro; ngan paranti ngawajangna henteu make kélir, make gantar tjara sampajan, papangoengana henteu make gébog, anoe dipake kal diliangan pikeun tempat nantjébeun wajang. Babakoena keur tanggapeun ti beurang.

Dina taheen tjandra 1506, Soeltan Padjang ngadamél pakém wajang-poerwa djeung wajang-gédog.

Dina djaman PANEMBAHAN SENOPATI HINGNGALOGO djoeménng Radja Mataram ngawangoen wajang-poerwa, babonna wajang boeatan Padjang tea, digédean ti asal; boeok djeung dodotna ditatah batikna limar atawa tjinde, oenggal wajang dipasieup dipapantés. Sallian ti kitoe andjeunna ngadamél wanda wajang aroe bakoe: Ardjoena wandana djimat; Bima wandana mimis, henteu didodot ngan ditjawét bae. Kadjaba ti eta andjeunna nambahan parobot wajang, kajaning: sato leuweung djeung sabangsana. Ari leungeunna mah harita oge masih ngahidji keneh djeung awakna. Sanggeus rengse ngawangoenna wajang toeloj disangkalaan koe sangkala-mémét: gambar Batara Goeroe njépéng tjis, ditoekangeunana make oemboel-oemboel nantjéb. Eta sangkala maksoedna kieu: dewa djadi ngétjis, tégésna taheen 1541.

Dina djaman Kangdjéng Sinoehoen Préboe Hanjakrawati anoe poepoes di Karapjak tea djadi Radja Mataram, andjeunna ngawangoen deui wajang-poerwa, babonna wajang-kidangkantjana tea, gédena wajang nja eta wajang asal digédean saténgahna make patokan lébah palémahanana; Ardjoena wandana djimat. Bima wandana mimis, Soejoedana djangkoe ng, Radja boeta barong sarta sabaladna marake mata doea, leungeunna anoe toekang ngahidji djeung awakna. Pakakas pérang ditambahan deui: kérés, panah djeung sapapadana. Ti harita mimiti wajang-poerwa leungeunna leungeun-gantel, ngan Batara Goeroe bae hidji anoe leungeun-maneuh teh, dilhadja minangka djadi pengét kana jasaana Mataram kahidji. Barang anggeus toeloj disangkalaan koe sangkala-mémét: gambar boeta-peling, leungeunna leungeun-gantel doea, matana hidji, njoren kérés, dina padalangan Djawa diséboetna Dénowo Panjareng, ari loembrahna sok disaréboet Boeta Tjakil, di Tjirébon disaréboetna Kala Njoengir, lantaran sihoengna eta hoeta ti hareup ka loear ngaliwatan biwir lochoer; ari maksoedna eta sangkala: leungeun boeta tataning djalma, tégésna taheen 1552.

Barang Soeltan Agoeng Préboe Tjokro Koesoemo djadi Radja Mataram, andjeunna ngadamél wajang-poerwa, Baladewa wandana geger, Krésna géndreh, Ardjoena mangoe, wajang anoe dangah rada ditoengkoelkeun meueusan tapi panonna djait, Soembadra bangoenna djalantir, Banowati wandana gole k tégésna

ngeusi djeung singër, Sëmar wandana brëbës, Bagong wandana
giloet, Petroek (Si Dewala) wandana djlëgong.

33. NJI POENIANDJOENG DJEUNG MONJET MANDAH.

(VOLKSLECTUUR No. 154).

Katjarios aja sahidji poetri djënënganana NJI POENIANDJOENG.
Eta poetri, poetra radja, geulisna kabina-bina, kasohor ka mana-
mëndi tina kageulisanaana. Dina keur djaman harita para poetri
'hënteu aja noe ngoengkoelan.

Dëmi iboe-ramana geus paroepoes, djadi ngan kari andjeunna
bae, noenggëlis.

Ari padamëlanana hënteu aja llan ti ngeujeuk.

Ka eta NJI POENIANDJOENG geus rea pisan para radja noe
nanjaan, tapi andjeunna tatjan kërsaëun tjarogean, sabab tatjan
aja anoe soeroep kana manahna.

Katjarioskeun dina waktöe harita aja hidji ratöe monjet, nga-
ranna GOEROE MANDAHONG, boga doeloer awewe sahidji,
ngaranna si SAIDEUH.

Eta ki GOEROE MANDAHONG kaedanan koe poetri NJI POE-
NIANDJOENG. Moen ti beurang tara pati baranghakan, ti peuting
sok tara hees koe bangëting bogoh ka poetri, pikirna hajang
ngalamar.

Geus kitöe, njaloekan ka adina awewe, anoe ngaran si SAIDEUH
tea, pokna: „IDEUH, ajeuna aka rek mërih pati menta gawe ka
awak maneh, daek, teu daek, koedoe daek, panglamarkeun koe
maneh NJAI POETRI POENIANDJOENG, sabab ajeuna aka geus
hajang boga pamadjikan ka poetri geulls”.

Si SAIDEUH ngadjawaß bari djeung ngawih, pokna:

„Adoeh-adoeh, kang MANDAHONG, deuh,
Koela mah teu sanggoep teuing, deuh,
Nanjaan ka poetra radja, deuh,
Rea papatjanganana, deuh,
Mo daekeun, mo soekaeun, deuh,
Da aka mah ratöe monjet, deuh,
Loba kerëh bangsa ratöe, deuh,
Noe palaj ka POENIANDJOENG, deuh”.

GOEROE MANDAHONG ngambëk ka adina bari ngomong, pok-
na: „Eh, SAIDEUH, nah? sia teh rek baha ka aing? Bët loba
teuing omong; hajoh, ka ditöe sia geura indit, lamoen teu daek,
mangke sia dipaehan koe aing”.

Si SAIDEUH tjeurik, sleuneun dipaehan koe lantjeukna.

Toeloej indit maksakeun maneh rek ngadeuheusan ka NJI POE-
NIANDJOENG.

Ana datang, kasampak keur ninoen. Toeloej bae manehna poe-
poenténan bari ngawih.

Kieu kawihna:

„Sampoera seen néda maap, deuh,
Agan poetri aja tjalk, deuh,
Soeganna kérésa nampi, deuh,
Koering amit rek ngadeuheus, deuh”.

Poetri ngareret ka si SAIDEUH, saerna: „Aeh, aeh, bét si
SAIDEUH, naha bét maneh sisinarieun teuing, loemanto ka lébah
dieu tara-tara ti sasari: arek naon sia SAIDEUH, mana njampeur-
keun ka aing?”

Si SAIDEUH pok hatoeran; ana ngomong salawasna sok bari
ngawih, wangsoelna:

„Sim koering agoeng panoehoén, deuh,
„Gan poetri oelah rek béndoe, deuh,
Koering dioctoes koe doeloer, deuh,
Kakang Goeroe kang MANDAHONG, deuh,
Manawi kérésa ngamanah, deuh,
Kang MANDAHONG hajang nikah, deuh,
Ka kérésa agan poetri, deuh,
Sakitoe pihatoer koering, deuh”.

Poetri teh goemoedjéng bari sasaoeran ka si SAIDEUH, saer-
na: „Aeh, aeh, SAIDEUH, koetan sia teh dititah nanjaan koe
si MANDAHONG, aing mah teu njana teuing. Bisi sia hénteu njabo
para ratoe oge geus loba pisan anoe ngalamar ka aing, parandene
tatjan aja noe ditampa, sakitoe teh nja eta tatjan aja anoe tjotjog
djeung hate aing. Ieu deui, doeloer maneh si MANDAHONG,
mandah monjet, bangsa sato, hamo énja ditampa koe aing.

„Loe, ajeuna mah sia geura balik, bedjakeun ka doeloer sia, koe
aing hanteu ditampa”.

Ti dinja si SAIDEUH toeloej balik njampeurkeun ka lantjeukna
deui, arek poepoelih.

Barang datang, katendjo koe si MANDAHONG, toeloej bae di-
boeroe, dipapagkeun pokna: „IDEUH, meunang, IDEUH, meunang?”

Si SAIDEUH pok bebedja bari ngawih:

„Kakang Goeroe kang MANDAHONG, deuh,
Tong hajang ka poetri geuilis, deuh,
Loba papatjanganana, deuh,
Monjet mah hanteu ditampa, deuh,
Koela mah teu sanggoep maksa, deuh,
Erana kabina-bina, deuh,
Poetri teh bangsa manoesa, deuh,
Lain pitandingeun aka, deuh”.

Geus kitoe, si MANDAHONG beuki ambèk bae ka doeloerna doemeh NJI POENIANDJOENG teu daekeun, njarekan nitah indi deui barina endjer-endjeran ka acina, pokna: „Aeh, SAIDEUH, lo sia geura balik deui ka Nji Poetri, bedjakeun tjarek aing: „lamoe NJI POENIANDJOENG hanteu daek kawin ka aing, mangk tangtoe diroeroegan, diroeksak koe sabalad-kalad aing, djëlëman dipaehan, nagarana dirandjah, diawoet-awoet.

„Los sia geura indit, koe kitoe koe kieu aing menta walonanana' Ti dinja si SAIDEUH poerat-perot loempat barina tjeurik, si euneun koe si MANDAHONG. Toeloej ngadeuheus deui ka NJ POENIANDJOENG.

Sadatang-datang, prak bae oendjoekan deui, dihatoerkeun sa koemaha parentah doeloerna, hanteu aja noe kaliwat; barina djeun ngawih tjara noe ènggeus-ènggeus bae.

NJI POETRI POENIANDJOENG reuwaseun katjida. Sieuneu dirandjah djeung dipaehan, gangtjang ngadjawab, saorna: „Bei SAIDEUH, ari keukeuh teuing mah ki MANDAHONG hajang k aing, hade koe aing ditampa. Tapi aing aja pamenta, lamoe katédoenan pamenta aing, boekti, tangtoe ki MANDAHONG di tarima koe aing, tapi lamoen teu bisa boekti, tangtoe bédo, ko aing mo ditarima.

„Ajeuna koe sia geura bedjakeun: aing menta bokor éma salongok, talëm satoendjang, peudjit reungit sabeullt-leult, podt tongo saboboko; eta koedoe boekti pamenta aing noc sakitoe. Dji! sia, geura indit”.

Gantjangna si SAIDEUH toeloej balik; bebedja deui ka doeloerna kieu pokna:

„Kakang Goeroe kang MANDAHONG,	deuh,
Tong hajang ka poetri geulls,	deuh,
Loba pisan pamentana,	deuh,
Koela mah sok soesah teuing,	deuh,
Mentana bokor salongok,	deuh,
Talëm émasna satoendjang,	deuh,
Peudjit reungit beulit leuit,	deuh,
Podol tongo saboboko,	deuh,
Moen teu sanggoep noe sakitoe,	deuh,
Mo djadi ka kakang Goeroe,	deuh,
Lamoen njata sapamenta,	deuh,
Tangtoe laksana ka kaka,	deuh”.

Ki MANDAHONG seuri barina njakakak djeung soesoerakar omongna: „haha, IDEUH meunang. Pamenta sakitoe-kitoe ba mah, tai tjeuli katjang damen, aka oge sanggoep, tong dipak karisi-kasieun koe IDEUH, keun, koe aka rek disadiakeun”.

Sanggeus kitoe, wantoening monjet ratoena. toeloej ki MANDA

HONG gëndongan ngoempolkeun sabalad-baladna, nja eta dititah ngajakeun sapamentana NJI POENIANDJOENG.

Ti dinja boeroedoel monjet sapirang-plrang, pada ararindit, masing-masing njajib ka oenggal nagara njiar barang sapamentana NJI POENIANDJOENG.

Hènteu koengsi lima poë lilana, balad monjet geus pada daratang deui, sarta geus sadia sapamentana NJI POENIANDJOENG; geus ngadjagrag di hareupeun ki MANDAHONG.

Ki MANDAHONG katjida atoheunana mani ljidjingklak tjatja-lakatakan seuri.

Geus kitoe, toeloej manehna nitah deui ka adina, si SAIDEUH, soepaja dilaporkeun ka NJI POENIANDJOENG, jen geus sajagi sapamentana.

Si SAIDEUH tēroes indit rek ngadeuheus ka NJI POENIANDJOENG.

Barang datang ka NJI POENIANDJOENG, teu koengsi dipariksa deui, tēroes bae hatoeran sakoemaha papatah lantjeukna tea, ki MANDAHONG, jen pērkawis pamoendoet ēnggeus sajagi.

Dēmi saer NJI POENIANDJOENG: „Aeh, aeh, SAIDEUH, aing mah teu njana teuing ki MANDAHONG, ratoe monjet, nēpi ka bisa nēdoenan kana sapamenta aing. Satadina aing teh poera-poera bae soepaja oelah datang ka ngadjadi, tatapi ajeuna nja dikoe-mahakeun, da geus milik hidajat aing ari geus teu beunang mah disingkiran, teu beunang koe akal”.

NJI POETRI POENIANDJOENG sadjēroning sasaoerna kitoe ka si SAIDEUH bari mikir-mikir bae neangan pidjalaneun, soepaja oelah nēpi ka ngadjadi tjarogean ka ratoe monjet.

Harita ēnggeus kamanah, ngan teu kēdal ka loear.

Ladjēng bae miwarang moelang ka si SAIDEUH, saerna: „Ajeuna geura prak bae maneh balik, bedjakeun deui ka ki MANDAHONG, eta barang-barang sapamenta aing tea, koedoe geura sadiakeun, djeung aing geura papagkeun koe djoli kantjana ēmas, arek datang ka, tēmpatna ki MANDAHONG”.

Si SAIDEUH toeloej indit balik gagantjangan.

Ana datang, toeloej bebedja ka lantjeukna, ditjaritakeun sakoemaha timbalanana NJI POENIANDJOENG.

Ki MANDAHONG sakalangoeng grahitana goemira atoh katjida ngomong bari soesoerakan, pokna: „IDEUH, meunang, IDEUH, meunang”, bari toeloej njēloekan balad-baladna dilkoempolkeun; kabeh sosoak djeurg gogoak.

Balad monjet mani raboel rewoe-rewoe pating garoentajang taroeroen tina tangkal kai; geus pada koempoel di hareupeun ki MANDAHONG.

Sanggeusna karoempoel kabeh sarta geus sadia djolina, toeloej bae mapag POETRI POENIANDJOENG.

Dér monjet saloesoerakan rame katjida pesta, mani ear tin rarêgoh, tingkarotjeak, tingrarindat, hareureuj djeung batoer-butoe na; aja noe ngigél rerengkenekan, aja noe baladajaan, pépêutja roepa-roepa saking koe miloe saroe ka ratoena rek kagoeng geureuha poetri.

Hénteu ditjatoer lilana, katjarjos NJI POETRI POENIAN DJOENG geus djéngkar ti nagarana sarta geus népi ka témpat ki MANDAHONG.

Barang geus tétép tjalikna, poetri njarios ka ki MANDAHONG hojong toeroen bantajan iring-iringan ka leuwi sipatahoenan bac ngérsakeun siram. Kitoe deul eta sagala parobot, pamoendo andjeunna tea, koedoe dibawa iring-iringan ka leuwi sipatahoena.

Gantjang tjarita, tina sabab ki MANDAHONG kaboeroe ki asih, hénteu djeung dipikir heula kawantoe sato, toeloelj ba ditoeroetkeun sakahojongna NJI POENIANDJOENG, gér iring iringan deul ka leuwi sipatahoenan.

Barang geus datang ka leuwi sipatahoenan, prak Njai Poet lalajaran paparahoean ka téngah leuwi.

Ari keur di téngah-téngah leuwi, sabot ki MANDAHONG bongol bokorna diragragkeun koe poetri sahidji; api-api kalesotan tin pananganana.

Geus kitoe, NJI POENIANDJOENG ngadjérit, sasambat moer doet dipangneuleumankeun bokor noe ragrag ka leuwi.

Balad monjet pada goegoep tingkaléjjeboer ka tjai; monje rewoe-rewoe pada nareuleuman bokor, tapi wêlch, Hénteu beu nang. Malah taja hidji-hidji atjau monjet anoe bisa moentjoel deu téroes bae titeuleum paraeh saking koe djérona leuwi, datang k ngan kari ki MANDAHONG sorangan djeung si SAIDEUH no masih hiroep keneh; balad-baladna mah geus beak paraeh.

NJI POENIANDJOENG poera-poera nangis lae, menta dipang neuleumankeun eta bokor ka ki MANDAHONG, sacerna: „K MANDAHONG, geura tjokot bokor koering, mangke oerang pa ngantenan tea, da lamoen bokor teu beunang, hamo toeloe pangantenan“.

Gantjangna, ki MANDAHONG goegoep ngadenge sacerna poetr saktioe manisna, rasana dipikaasih, gédjjeboer bue ninggangkeun maneh ka leuwi; kérélep titeuleum, datang ka paeuna.

Ngan tinggal Si SAIDEUH sorangan, tjeurik adoeh-adoehan.

Sasambat ka doeloerna, kieu tjeurikna:

„Adoeh-adoeh kang MANDAHONG,	deuh.
Mana tjarek koela oge.	deuh.
Tong hajang ka poetri geulis,	deuh.
Poetri mah sok kaniaja.	deuh.
Koemaha ajeuna koela.	deuh.
Mo aja noe mikanjaah.	deuh.

Da doeloer geus dipaehan,

Kaola pahatoe pisan,

deuh,

deuh".

NJI POENIANDJOENG nawatireun ka si SAIDEUH, doemeh katingali tjeurik bae, saerna: „Ih, SAIDEUH, meugeus, sia oelah tjeurik teuing, keun bae doeloer sia mah, si MANDAHONG, da geus paeh. Bonganna sorangan sok henteu nalipak maneh, henteu lajak, teu pérénah, poegoeh monjet make bogoh ka djéléma.

„Ari sia mah, anggoer miloe bae djeung aing, mangke koe aing dipikanjaah”.

Ti dinja, toeloer si SAIDEUH dibawa moelih koe NJI POENIANDJOENG ka nagarana, djadi tétép si SAIDEUH salawasna didamél ingon-ingon andjeunna sarta itjeus katjida, ngarti kawas adat djéléma bae.

Démi poetri NJI POENIANDJOENG, lami-lami, katjariskeun, di lamar koe hidji ratoe ti Alas peuntas didamél pawarang sarta djoeménéh radja istri.

Sakitoe, taja ladjéngna.

34. KORONTJONG.

Sakoer anoe résép njanjabaan ka kota² galéde tangtoe geus mindéng ngadenge djeung mireungeuh anoe maroén korontjong, oepadi di Batawi mah, da di dinja mah ti baheulana oge geus rea anoe rarésépeun katjida kana ngorontjong. Di park-park, nja eta témpat pikeun péllélésir njénéhkeun hate, sok diajakeun ngadoe korontjong. Koe sabab eta geus moal boa, tangtoe aja pigeanaeunana eta hal korontjong ditjaritakeun di dieu sadjarahna.

Kapeloan Hindia-Wetan teh tjara Nagara Hindoe bae, ti baheulana keneh geus kamashoerkeun ka boeana Eropa, jen nagara beunghar taja kakoerang, rea kétéan rea kétéan, gémah ripah loh djinawi. Roepa² bangsa lir oepama papintéran paheula-heula ka Hindia-Wetan, sarta pada nareangan djalan anoe pangdeukeutna, mambrih oelah géde teuing ongkosna, djadi tangtoe batina leuwih moetjékil. Dina djaman harita anoe djadi dajehna pasar hasil Hindia aja doca, nja eta kota Venisia di Italia djeung Istamboel deuih, nja eta dajehna karadjaan Toerki.

Lantaran tjéngéh atina djeung pértjaja kana dirina, bébéng sarta gémbiléng alihtiarna, nja dina awalna windoe anoe kagénépwélas, oerang Pértégés bisa manggihan djalan ka Hindia-Wetan. Ari maratoehna di kota Djakétra, ajeunana nja kota Batawi. Oerang Pértégés tjampoer ngahidji pisan djeung oerang Priboemi, miloe bétah di Djakétra, népi ka reuaj roendajan anak-anak baranakan Toeroenanana disaréboetna Moestiza; ari koe oerang Walanda di-

séboetna Mestiezen; nja anoe njaritjingan Pëndjaringan, Roca Malaka, kampoeng Bandan, kampoeng Moeka djeung salian ti eta.

Daratangna orang Përtégès ka poelo Djawa, lain oerang Përtégès woengkoel, tapi marawa matros² Hindoe, nja eta oerang Goa, da harita Goa teh geus djadi bawahanana oerang Përtégès. Oerang Goa lolobana téros maratoeh bae di Djakëtra; démi adat djeung tjarana nareroetan djoeraganana tea bae, oerang Përtégès; sarta pada ararasoep Agama Christen. Salian ti oerang Goa aja deui bangsa Christen anoe harita maratoeh di Djakëtra, nja eta oerang Ambon djeung Banda.

Roepa² tatabeuhan — parabot moesik — bawa oerang Përtégès sok ditarabeuh koe maranehanana, kajaning: biola, soeling, tamboer .. dj. s. t. Aja saroepa tatabeuhan anoe meh saroepa djeung gitar, nja eta korontjong tea. Ari didjieunna henteu make parabot hade, ngan koe leungeun bae; anoe didjieun kai, ngaranna ahorn; make kotak-sora, make beuheung djeung beuteung deuih koe papan, talina 5. Ari ditabeuhna: talina diteueulkeun koe ramo leungeun kentja, ramo leungeun katoehoe anoe mëtengna. Tah kitoe asal-asalna noe matak dingaranan korontjong.

Lagoe bawa oerang Përtégès teh roepa² pisan; tapi anoe pangneunahna toer babari ditabeuhna dina korontjong mah ngan sahidji. Koe oerang Priboemi, eta lagoe diséboet lagoe korontjong-handap, atawa pondokna lagoe korontjong. Ari oerang Përtégès mah njéboetna eta lagoe teh moresco. Lagoe moresco rada saroepa djeung lagoe oerang, bangsa Wetan.

Oerang Christen anoe kaséboet tadi katjida rarésépunana kana korontjong djeung moresco; lantaran eta lagoe pondok djeung senggolna soeroep pisan kana pantoenan, sindir Malajoe. Ana ngorontjong maranehanana sok manjanji patembalan. Mimiti noe saorang manjanji doea padalisan toeloj ngarandég. Sabot ngarandég, lawanna mikiran pitéroeseunana pantoenan tea, sabab eusna sindir mah babakoena beunang neangan djeung njoesoeroep harita. Tah lilana ngarandég pangomberan lagoe korontjong tea, meudjuehna pisan keur neangan pieusleunana pantoenan lawanna, ngarah soeroep kana lagoe djeung kana kaajaan-kaajaan anoe keur karasa waktoe manjanji tea.

Djaman baheula sok loba anoe narabeuh korontjong ti peuting. komo dina paparahoean keur tjaang boelan tara teu narake korontjong. Ari ditabeuhna sok dibarèngan koe biola, soeling (koe awi atawa kai) djeung tamboer. Dina djaman harita basa anoe sok dipake manjanji basa Përtégès bae anoe babakoe mah, sarta manjanjina woengkoel përkara bobogohan.

Kadjabana lagoe moresco aja deni hidji lagoe oerang Përtégès anoe sok diparake manjanji, nja eta lagoe proungo; ari koe oerang Priboemi disaréboetna lagoe prounga. Ieu lagoe henteu loba

ëlak-ëlœkna, ngan salantjar bae; tapi katjida matak kagagas matak këlarna. komo keur anoe ngaloembara, sok matak ngahoe-dang ati ingët ka bale geusan ngadjadi, mani boetbat djalan-djalan, boerbar lêmboer djeung pasawahan tarembong dina ingëtan. Eta lagoe meh sarœpa pisan lagoe oerang, bangsa Wetan. Ari mimittina mah meh tjara lagoe moresco tea, ngan tœroesna sedjen. Anoe rarësœpeun pisan manjanji prounga, nja oerang Banda anoe maratoeh di kampoeng Bandan tea, datang ka eta lagoe katêlah lagoe korontjong-bandan. Ieu mah tara dipake manjanji patembalan, sok koe saerang, saerang bae.

Sanggeusna oerang Përtégës kadeseh përengna djeung oerang Walanda, oerang Banda djeung Moestiza tea tœroes maratoeh bae di Djakëtra; ari oerang Goa parindah ka beh wetan ngaliwatan Tjilagoa, deukeut Tandjoeng-Prïoek. Nja ngadégkeun kampoeng Toegoe tea.

Mimittina mah têtép bae basa Përtégës tea anoe diparake manjanji lagoe moresco djeung prounga teh, tapi ari lila-lila mah nja kaelehkeun miloe kana basa Malajoe.

Sanggeusna oerang Përtégës ninggalkeun Djakëtra, euweuh djëlma anoe dagang korontjong, da ngan oerang Përtégës anoe sok daragang eta tatabeuhan teh bawa ti nagarana; atoeh kapaksa sakoer anoe harajang boga koedoe njarieun sorangan atawa mareull ti oerang Djakëtra anoe barisaeun njeun. Anoe barisaeun njeun korontjong, malah népl ka djaradi toekangna, nja eta oerang Toegoe tea. Ari kalna anoe aloes keur korontjong, tangkal tjampakabodas djeung kananga. Ari njeunna kotak sora, dirapët-rapëtkeun bae. (Dasar djeung papan igana korontjong Përtégës didjeunna misah-misah koe papan sabebek-sabebek). Papan beuteungna njeunna disecjenkeun. Talina lain boeatan di dieu, boeatan nagara Tjina, sarta hadena sarœa bae djeung tali anoe koe oesoës tea.

Sakabeh korontjong anoe ajeuna, boeatan Toegoe.

Sagala barang noe aja di doenja, kabeh oge taja noe langgëng, kabeh oge keuna koe owah-gingsir. Nja kitoe deui lagoe moresco djeung prounga tea, eta oge geus loba katjida robahna ti lagoe asal; senggolna tambah loba tambah ngeunah djeung rësmi, beuki dieu, beuki seukeut nantjêb njetjêp kana ati, matak gioeng matak woejoeng karoengroengan. Tapi sanadjan eta doea lagoe geus sedjen deui pisan ti lagoe asal, ari pokona mah sarœa keneh bae djeung noe toelen tea. Pantœnanana pinoeh koe sindir asih-kinasih, basa kêmata pangiroetan, djadi panghoedang ati birahi. Ngadœ tœmboeng njoesoen pantœn, silihtempas patembalan.

Sanadjan geus meh tiloe windœe lllana oerang Përtégës njingkirna ti Hindia Wetan, tapi lagoe moresco djeung korontjongna népi

ka ajeuna masih keneh aja. Saer alim tea mah geuning: „Sagala barang henteu beunang dibasmi témén”. Sipat barang anoe kitoe keuna pisan kana eta doen lagoe; tangtöe lantaran eta lagoe, djadi këtjlaking rasaning ati oerang dieu.

Minangka keur papaes leu karangan, ngahadja di dieu noeliskeun pantoenan djeung djawabna koe basa Malajoe Batawi.

PANTOEN MALAJOE.

1. Kembang rampe kembang kwini
Kembang tandjoeng diatas batoe
Rame-rame ada disini
Kita berpantoen seorang satoe.

Djawabna. Kembang tandjoeng diatas batoe
Kembang kembodja dalem moeara
Djika berpantoen seorang satoe
Saja tjoba minta soeara.

2. Kembang kembodja dalem moeara
Anak kepitng mendjepit kerang
Nona jang manis minta soeara
Pasang koepinglah terang-terang.

Djawabna. Ani-ani boekanlah wadja
Orang menoemboek padi digoenong
Saja menjanji boekon sengadja
Boeat mengiboer ati jang bingoeng.

3. Pendjaringan kampoeng Serani
Anak Tjina mati tergantoeng
Kalau koedengar nona menjanji
Merasa poetoës hati dan djantoeng.

Djawabna. Terang boelan terang dikali
Boeaja timboel disangka mati
Djangan pertjaja moeloet lelaki
Brani soempah takoetlah mati.

4. Ikan belanak dimasak soeka
Ikan sembilang didalam perahoe
Djanganlah nona memboeang moeka
Seperti orang jang tida maœe.

Djawabna. Ikan sembilang didalam perahoe
Ikan selanget dipinggir karang
Kaloe hati soedahiah mae
Lantas diboeat sembarang-barang.

5. Sepeloeh kawan anak mendjangan
Toempah tjoeka dibatang padi
Bjar ada jang larang djangan
Kalau soeka boleh mendjadi.

Djawabna. Kapal belajar pergi di-Rembang
Sampai di-Rembang menoekar ceang
Badankoe ini ibarat kembang
Segar dipakai lajoe diboeang.

6. Dari Rembang ke-Banjoewangi
Kembali lagi poelang di-Rembang
Memang kembang dasarnja wangi
Kendati lajoe tidak diboeang.

Djawabna. Boeah sentoel direndem tjoeka
Anak Belanda ke-Soerabaja
Kaloe betoellah toean soeka
Apa tandanja kepada saja.

7. Boeah sentoel dalam perahoe
Minjak kelapa terlaloe litjin
Kaloe betoel nonalah mae
Marilah kita bertoekear tjintjin.

Djawabna. Anak Belanda ke-Soerabaja
Djeroek manis dari Djepara
Djika toean maafkan saja
Mengambil doeloe lain soeara.

35. DONGENGNA SAKADANG KOENGGANG.

Djaman baheula aja koenggang geus kolot, njarita kieu ka anak-intjoena:

Baroedak! bapa teh didjoeroekeun dina daoen pare. Ari ema, nja nini maraneh, harita teh ngendogna ngan doeawétas siki, sarta diteundeunna diatoer didjadjarkeun, parageuh narapél kana poetjoeke noe ngemploh hedjo. — Hal eta, bapa ngadenge bedjana

beh dieu — Kira² geus meunang saminggoe, nja mangkoek di djéro éndog, bapa ngarasa eungap katjida. Koe bapa kadeuleu, jen anoe dipake ngoeroengan bapa teh, koeroeng aloes nakér, koe bapa teh ngan djékek bae didjédjék, peupeus pada sapisan, na ana braj teh alam doenja ngemploh hedjo mani satoengtoeng deuleu, ngeunah djeung sirna, tjahaja panonpoé tjaang lenglang sakoeriling boengking. Harita bapa teh leutik keneh pisan, meureun koe maraneh oge kaharti, tapi soekoe geus boga gênép, teu sabaraha hesena nja loemantoeng noetoerkeun sakahajang ati; djeung boga koemis pandjang deuih doea, paranti ngarampaan sagala noe deukeut ka bapa, soepaja bisa njaho: naha aja pibalaieun atawa euweuh.

Teu lila bapa ngarasa loengse djeung lalésoe, sihareng hajang dadaharan. Toeloj soengoet anoe seukeut leu teh koe bapa di-tjotjogkeun kana daoen noe ngemploh tea, teu woedoe rada hese, tapi lila² mah nja teurak; soeroepoet koe bapa tjaina disérot, na aja ni'mat. Bapa ngarasa djagdjag deui; djorodjoj hajang njaba, toeloj atoe ngalantoeng rada djaoeh. Koe sabab tatjan boga djangdjang, bapa lar teh badarat bae. Ari beh teh manggih aja noe ngaranggeuj, nja eta boehna pare tea. Djléng bapa loentjat kana ranggeujan teh, ngora keneh nakér, tingkeresek kagédag-gédag koe angin. Pek koe bapa dirorek-rorek, na ana djéj teh eusina bodas mani njatjas, soeroepoet koe bapa disérot, lotoe ni'mat kabina-bina. Atoeh bapa teh ngahenggoj bae njérotan kahakanan anoe sakitoe ngeunahna, asa soemoer katoeroeban rji-roé, tjek hate teh; na ari geus meunang watara djam-djaman, bét awak bapa teh nja pandjang nja gède, meureun aja doea kali asal mah; bapa ngarasa eungap, beuki lila beuki katjida sarta boga rasa: tangtoe boetjat geura leu awak aing. Kék bapa moentang kana regang pageuh ktjida, toeloj hoeloe dioenggeukkeun ka hareup satakör tanaga, koelit beuheung mani mënrang, na ana bërëbët! bërëbët! teh koelit tonggong soéh, beuki gède, beuki gède, toengtoengna brah bae beulah, porosot bapa teh morosot tina koelit. Plong rarasaan teh ngarasa sénang laloéasa djeung asa djaragdjag. Beuteung ngarasa hajang dadaharan bae, euweuh seubeuhna, atoe henggoj deui dadaharan, da kahakanan mah loba lakar daek daharna bae, mo beak. Heuleut onat-lima poé bapa mëgar, beuki lila beuki gède; ari anoe pangrésépna, eta, oenggal² tas mëgar bapa ngarasa tambah sampoerna bae. Lila² bapa boga djangdjang doea sarta sanggeus mëgar kalima kali, eta djangdjang geus sangkep, geus sampoerna. Ti harita bapa tara leumpang tara loentjat, moen hajang pindah kana ranggeujan sedjen teh, sok hibër bae. Lila² roepana sawah énggon bapa teh ganti, beuki ko-neng. Djorodjoj dina ati hajang pindah ka sawah anoe hedjo keneh. Dina hidji waktoe, pasosore, mënéran aja hoedjan, bapa baréng

djeung batoer² bréng arindit neangan sawah noe hedjo geusan matoeh, da di koelah gétih sorangan geus teu bétah, sagala tja-kétang djeung taloehoer.

Tapi di djalan bapa kapintjoet koe tjaang² noe ngagaréntjlang di imah manoesa. Népi ka ajeuna bapa ngarasa kadoehoeng, naha make kabengbat koe tjaangna damar. Toeloej bapa teh harita njlorot, asoep ka imah manoesa tea; nja andjog ka hidji pang-keng. Harita njampak loba djéléma, sarta kabeh roepana teu raréspeun bapa datang ka dinja, katjiri tingjarégis sarta ting-harloek ngarépoe kan bapa. Tapi, maraneh oge njaraho lain, bapa boga pakarang pikeun ngalawan moesoeh, nja eta dina lépit² awak toekang aja liang² séngsérépan; dina lébah aja pérloena beunang dipake ngaloeurkeun babaocan anoe hangit malikbék. Geus mindéng bapa lesot tina balai koe pitoeloengna eta djimat; saperti: geus pirang² kali rek disambér koe manoeek, ari geus rek kétéjok, péledék djimat bapa dikaloeurkeun, kalleus bae manoeek teh, leos bae balik deui, teu wanieun ngadeukeutan deui ka bapa. Harita, basa bapa asoep ka imah manoesa tea, nja kitoe deuih; barang katembong koe bapa, jen djéléma² teh kareuheuleun ka bapa, toeloej bae djimat teh dikaloeurkeun. Péledék! péledék! mani geus pinoech sapangkeng. Toeloej bae damarna diparcuman djeung sigana bae téros ka énggonna harees. Ari bapa gantjang bae bidjil, djalan kana séla² bilik, toeloej njampeurkeun batoer² deui. Ah, eta mah manoesa aja ngewa babangoenan teh ka bangsa oerang; karéna teh ngan hajang maehan bae ka oerang teh, komo lamoen oerang aréj-aréjan mah djeung batoer areunteup kana pare noe keur beuneur hedjo, geus lain di kleuna bae ambékna teh, da eta tjénah pare anoe disérot atjina koe oerang teh, tara aja eusina, sok hapa kokorompong. Lamoen parena hapa kitoe, pohara handjéloena manoesa mah. Eta sababna noe matak sabeunang-beunang karépna hajangeun maehan ka oerang.

Ari tarekahna aja noe ganggèng atawa bangke keujeup ditiiran, toeloej ditantjébkéun dina galéngan, da eta manoesa mah njarahoeun, jen oerang beuki pisan kana ganggèng djeung bangke keujeu; tapi tapi saha² anoe kagéndam koe eupan, pek eunteup di dinja, tangtoe némahan pati, sabab ari preuk oerang eunteup ka dinja, ari torodjol djéléma mawa ohor ngarerab oerang. Aja deui anoe ngagéndam koe obor, saha² anoe njampeurkeun ka dinja, tinangtoe nJORANG balai.

Eta tarekah tatjan sabaraha, ari anoe panggédéna mamalana ka oerang mah, eta, ana geus kabeh patani goejobe tandoerna babaréngan dina sawaktoe, atoech asakna oge rémpég baréng. ana brak teh sawah teh satoengtoeng deuleu marakbak koneng kabeh, euweuh tembong hedjo-hedjo, tah eta ana geus kitoe estoe seungguh hait teh, sabab lamoen oerang émboeng paeh langlajescun koedoe pin-

dah djaoeh kabina-bina, lain lakonaneun pangangoeran. Di djalan loba batoer oerang anoe mopo, paraeh.

36. TINA HAL DJAPATI.

Djapati teh lain djaman ajeuna bae, ti baheula oge sok dipake kalangenan, babakoena koe menak² ijeung koe noe baieunghar. Ari djaman ajeuna noe masih keneh loba noe ngingoe djapati pikeun kalangenan ngun di Djogjakarta, diarah hiberna ngalajang di awang². Tapi moenggoeh keur bangsa Europa mah, lain ngan keur kalangenan bae, tapi dipake pikeun kaperoean deuih, sa perti pikeun nganteurkeun soerat ka nagara sedjen.

Djaman baheula, samemehna aja kapal-api, oerang Europa ka Amerikana sok marake kapal lajar bae; anoe laralajaran make kapal-lajar perloe katjida marawa djapati, pikeun ngadjaga dina tjilakana, misilna: kapalna kalamboeh, kahoeroean tea atawa budjad oepamana, perloe pisan maranehanana ngaleupaskeun djapati beuneung ngagantelan koe soerat; engkena eta djapati balik ka lemboerna datang ka imah djoeraganana tea. Djadi baraja-barajana noe kalamboeh njarahoeun jen eta kapal katjilakaan. Istoe matuk heran koe djapati, sanadjan dibawa lajar sakoemaha djaoehna oge, aneh bet njaho bae di lemboer sorangan, toer teu hese teu naon neanganana djalan balik teh

Djapati aja tiloe roepa:

a. djapati-peuntjit;

b. djapati-hibër;

c. djapati-leuweung.

Djapati-peuntjit adatna kedoe, karésépna tjtjing di imahna bae, nja sok daek oge liar, hibër koeloejang-kalajang, tapi tara djaoeh.

Djapati-hibër ti memeh dipara oge geus katjiri, nja eta ana hibër teh loehoer pisan ngalajang di awang², tapi ana toeroen anggër bae tjara sapopoena.

Djapati-leuweung adatna giras pisan, djeung ana hibër teu daekeun ngaboehoehan; beungeutna rada beda djeung djapati noe blasa, salawasna sok tjoelanggeuk bae djeung tjeugeus bangoen anoe sleun. Eta tjtjiren anoe diséboetan bieu ti kadjaochan oge tembong.

Tjtjiren hade-gorengna djapati katembongna dina beungeut djeung boeloena. Dina boeloe noe hade teh boeloe hidji, hartina roepa téroes, saperti: bodas boh hideung, beureum atawa koelawoe koedoe téroes bae kabeh oge. Ari beungeut anoe hade, matana koedoe „parat“, nja eta herang ngentjong. Pangna diséboet „parat“ atawa Djawana „pandjing“, sabab lamoen matana koe

oerang diteuteup, nēpl ka siga parat kana mata anoe sabeulah deui, pangirana bangsa oerang ěnja eta teh parat, padahal ari ěnja-ěnjana mah ngan koe bawaning herang bae, ngentjong.

Ari milih awewe-lalakina gampang, nja eta biasana lalakina leuwih gēde ti awewena, djeung bēger deuih lalakina mah, sarta sorana leuwih gēde.

Dēmi milih kolot-ngorana djapati kieu: babakoena pisan koe gēde-leutikna sora, noe gēde kolot noe leutik ngora. Eta akal kitoe, lamoen oerang koedoe milih ti kadjaoehan, da hadena pisan mah koedoe dirampa: di loehoereun liang iroengna aja anoe njētil bodas eusina bodas siga tipoeng, lamoen njētilna gēde, eta noe-doehkeun geus kolot; lian ti eta koe ngilikan koelit anoe aja dina pamatoek kentja-katoehoe, lamoen geus kandēl, eta noedoehkeun geus kolot.

Imah djapati biasana ngan make tihang hidji, di djērona di-kotak-kotak; sakoerillingna make lawang laeutik djeung make tēpas deuih, pikeun ngarioehanana. Lamoen imahna gēde, aja oge anoe make disoesoen, tjara loteng.

Lamoen lain kitoe bangoenna imah djapati teh, hade sedjen roepa oge, darapon saatoeran dina pēta-pētana djeung noe tadi tea djeung kira² matak pikabētaheun ka djapati. Tapi tēpatna koedoe milih anoe rada tonggoh toer toehoer deuih, sarta bisa meunang hawa bērsih djeung katodjo koe panonpoē; poma oelah di noe hieum² atawa taneuhna baseuh, sabab matak gēring djapati.

Miarana: parab djapati babari kabina-bina, nja eta beas djeung bangsal. Lamoen geus diparab koe eta, teu pērløe diparaban deui sedjen roepa; beas djeung bangsal eta parabna noe bakoe. Aja oge anoe boga pamanggih, djapati diparaban koe sangoe ditjampoer djeung bakatoel, sarta bareukieun pisan djapati kana sangoe ditjampoer bakatoel teh. Nginoemna koe tjai noe bērsih sarta herang djeung oenggal poē koedoe diganti, oelah nēpi ka bari, karena matak djadi panjakit ka djapati; djeung oelah pisan nēpi ka saateun, sabab adatna djapati bisa koeat teu njatoean doea poē, tapi teu nginoem mah sapoē oge paeh.

Djapati noe dikeroeng miarana koedoe leuwih apik ti balan djapati anoe ngēntjar, sabab tara hibēr; ari hibēr tea keur djapati pērløe kabina-bina, matak waras badan; katoeroeg-toeroeg kapan baranghakanna oge, noe dikeroeng mah, saaja-aja noe disadia-keun bae.

Lamoen oerang ngoeroeng djapati sakoerēn, biasana sok tereh ěndogan, lobana doea siki, sarta sok toeloelj bae disileungleuman, dina 14 poē teh mēgar. Djapati noe ngēntjar oge sok ngarēndog, lobana doea siki deuih, ana mēgar teh biasana, lalaki hidji awewena hidji, radjeun oge djadi lalaki doeanana atawa awewe doeanana,

tapi arang. Ari ngëndogna loembrahna dina téngha poë. Anoe njeun sajangna djapati lalakina, ngala djoekoet djeung roentah anoe beunang didjieun sajang poelang-anting ngakoet; aja deui tabeatna lalakina sok noetoer-noetoerkeun bae awewena.

Endog djapati oelañ pisan dipindahkeun koe oerang, sok tara mēgar. Dina waktos njileungieum, lalakina oge sok miloe njileungieum, katendjona estoe roentoetroekoen pisan. Indoergna njaah katjida ka anak, dikeukeupan dihoesapan bae gawena, nepi ka anakna bisa matjok kahakunan koe sorangan.

Laoek djapati ngeunahna pisan anoe masih pijik keneh. Kadjaba pëlém teh matak koet deuih.

Djapati karēsēpana ngaboeboehan, ana halibēr loehoer ngalajang di awang² siga pisan mega. Djëléma anoe ngingoe djapati ngan saeutik, mindēng djapatina sok leungit kabawa koe boeboehan anoe loba tea; anoe boga loba, djapatina gantjang pisan ngalobaanana. da katambahan koe djapati batoer anoe ngan saeutik tea, kairid koe djapatina.

Aja deui adatna djapati anoe aneh: lamoen oerang meuli djapati sadjodo noe geus kolot di pasar, datang ka imah toeloj dikéntjarkeun, eta geus beunang dipastikeun bae baralik deui ka imahna noe heubeul. Sok aja anoe boga akal, eta djapati koe marehna diteukteukan djangdjangna, toeloj dikéntjarkeun; salla tatjan barisaeun hibēr mah, sok tingkoelinting di dinja bae, tapi mangke di mana geus djaradi djangdjangna, geus barisaeur hibēr deui blasana sok baralik deui bae ka imahna heubeul. Koe sabab eta anoe geus ngalarti mah tara daekeun meuli djapati kolot, da sok baralik deui.

Djapati kaasoep arang langka keuna koe kasakit, oepama aja noe gēring teh, taja lian lantaranana ngan koe kotor imahna bae; ana gēring sok habari tjageur deui. Ari katjirna gēring boelena sok tjarēngkat djeung bangoen anoe lalēsoe, taja tanaga.

Djapati anoe loembrah gawena euweuh deui ngan keur karēsēpan, dilarah ngapoengna ngaralajang li awang²; sok aja anoe digantelan soesoelingan laeutik dina soekoena, atoeñ ana brēng; teh halibēr ngaboeboehan, mani ngagoeroeh sora soeling anoe dina soekoena disarada, matak njoekakeun ka noe boga.

Djapati anoe geus biasa kana hibēr loehoer kitoe ngalajang di awang², beunang diadjar ngarah ngarti make kokkol oepamana, ēngkena ngarti lamoen oerang nakol kokkol, brēng bae djapati teh barēng hibēr kabeh, toeloj ngalajang nepi ka sadjam atawa leuwih, kakara taroeroen deui. Dēni waktoena anoe hade pikon ngalibērkeunana Isoek², samemeh panas, nepi ka poekool 8. nja eta di mana langit geus matak serab.

Djapati henteu kaasoeap kana manoeak anoe ngeunah sorana, tapi lamoen ceorang ngerah sorana aja tarekahna, nja eta dibastërkeun: eta djapati koe oerang didjodokeun djeung manoeak noe sabangsa anoe aloes sorana, kajaning djeung tikoekoer atawa poetër. Ari ngadjodokeunana: djapati awewena djeung tikoekoer atawa poetër lalakina; ana anakan, anakna sorana sok aloes djeung gëde deul.

Djadi ngingoe djapati mah, asal hade bae ngoeroesna, lain kaasoeap kana njiksa sato, sabab salilana dioeroes parabna djeung dikëntjarkeun deuih, henteu dikoeroengan.

37. SADJARAHI TJIKOENDOEL.

(SAMBOENGAN ALMENAK 1920).

A s m a r a n d a n a.

165. Barang djlög djadi Boepati, henteu aja antarana, pangkatna Dipati bae, teu nganggo Toeménggoeng heula, kotjap mangsa harita, dajeh Tjandjoer katjeloek, poendjoel ti tanah Pasoendan.

166. Rea harta rea harti, rea këtön rea këtän, rea menak jasa ngaos, babakoena ngaos koerän, malah rea noe hapad, tarekat pakih djeung oesoel, dlotjeh sapapandjangna.

167. Sadjaba oesoel djeung pakih, pada ngaos ilmoe palak, istoe ning bëger përlente, kana kasoekaan doenja, taja anoe kaliwat, kana wajang kana pantoen, djeung kana ngeset biola.

168. Bisao nja kitoe deul, pamaenan Tjina tea, anoe disëboet maen po, menak-menak pada soeka, baris ngadjaga baja, moen aja bantjang-pakewoeh, dilawan koe langkah matjan.

169. Njandak goeroe ti Batawi, milih goeroe noe geus kotjak, djeung njandak goeroe ti Bogor, Aki Kahir katëlähna, diadoekeun djeung Tjina, Tjina ditondjok ngoedoepeeng, kasesok boeka kelekna.

170. Djadi meunang Aki Kahir, harita dibajar kontan, wang perak salawe këtön, djaba panganggo loengsoeran, katjaba tina eta. Dalëm rësëp kana pantoen, malah njaoer ka noe anggang.

171. Aja anoe kongas leuwih, ngaranna Aki Warsita, përlente rea lalakon, djeung ngeunah aleuanana, aja di Soedalarang, harita geuwat disaoer, dipapag oeng djeung koeda.

172. Reudjeung rësëp kana ngibing, njaoer ronggeng ti noe anggang, ari anoe leuwih tjotjog, rai Dalëm Panëmbahan, Raden Arja Wasita, datang ka teu paja nganggoer, tëmbang djeung ibing-ibingan.

173. Karësëpna lagoe miring, mana ajeuna tapakna, menak Tjandjoer mamaos, lagoe miring sädjak Tëgal, kitoe sasakalana, harita dajeh Tjandjoer, gëgëkna kabina-bina.

174. Toenda heula noe keur bakti, aja sésèmpalan kando, nja et noe katjarlos, nagara Soemédang-arang, pëntjaraan L'adjarara kotjap watès Geusan Oeloen, sanggeus Oeloen apoepoetra.

175. Noe gèntos djadi Boepati, Rangga Gède katèlahna, poetr Dalèm Rangga Gède, Rangga Gèmpol katèlahna, Rangga Gèmpo poepoetra, pamègèt tger djadi ratoe, meunang pangkat Panèmbahan.

176. Menak kongas gètol tani, kasèngsrèm ngabédah sawal pirang-pirang lasana teh, Sang Panèmbahan poepoetra, Toemèng goeng Tanoemodja, poepoetra Dalèm Toemènggoeng, Pangran Kot soemadinata.

177. Pangeran poepoetra deui, djoemblich salikoer reana, noe re teu katjarlos, tjatoerkeun poetra istrina, noe asal ti pawarang, eta anoe didjoengdjoeng, djadi Boepati Soemédang.

178. Katèlahna Dalèm Istri, iboena Banoenagara, toeroenan me nak Pagaden, Dalèm Istri tjarogean, ka menak ti Limbangan djènènganana disèboet, Dalèm Soerjanagara.

179. Menak kasep djangkoeng leutik, poetra Dalèm Wangsaditu rémpoeg ragèm sèpoe kabeh, poetra istri noe diangkat, sabab ti pawarang, saderek pamègèt rémpoeg, soemoedjoed sèdja ng woela.

180. Tjaroge ngan noeroet mekti taja pisan kawasana, Dalèm Istri katjarlos, tiloe poetra pamègètna, hidji poetra istrina, tjikalna pamègèt moeloes, Dalèm Koesoemah di Nata.

181. Kadoea pamègèt deui, Dipati Soerjanagara, katiloe pamègè keneh, Dipati Soerjalaga, Raden Adjèng kaopat, eta poetra an tiloe, ganti-ganti djoemèngnana.

182. Poepoes diganti koe ran, tjikal datang ka boengsena, la lantaran dipotjot, katjarita Dalèm Soerja, noe asal ti Limbangan datang adjana geus poepoes, Dalèm Istri kantoen randa.

183. Dalèm Tjarogean deui, ka Raden Nitiagara, kapèrnah sa derek mindo, poctoe Dalèm Tanoemadja, ngan meunang doea poetr dina sadjarah disèboet, Istri bae doeanana.

184. Radja Intèn anoe hidji, kadoeana Raden Enang, pëntjara teu katjarlos, kèbatkeun bac kandana, Boepati di Soemédang Dalèm Soerjalaga poepoes, diganti koe anoe lian.

185. Poetra Dalèm Adipati, Soerjanagara noe wapat, eta nas boerèj keneh, Raden Djamoè pamègètna, tiloe poetra istrina, et sahidji disèboet, Nji Raden Jogja nagara.

186. Kadoea Nji Raden Bandi, katiloe Raden Soerija, Rad Soerjalaga oge, baroe-èj keneh poetrana, geus taja noe tawèku tjikalna Raden disèboet, nèlah Mas Soeradinata.

187. Kadoea pamègèt deui, Raden Soeradiparadja, katiloeana N Mas Sawon, kaopatna ti pawarang, djènèngan Raden Eria, poetr kalina disèboet, Rahaden Soerawirèdja.

188. Djédjèg kagènépna istri, Nji Raden Mreljanagara, eta anoe

katjarjos, tatjan aja noe tawékal, mana dajeuh Soemédang, soesah karéboet nja pajoeng, koe menak Parakanmoentjang.

189. Eta noe djadi Boepati, Dalém Wiratanoebaja, aja manahna teu sae, ka poetra² Soemédang, manahna timboeroean, karana anoe dimaksoed, koe Dipati Tanoebaja.

190. Tétép ngadjadi Boepati, toeroen ka poetra poetoena, sanggeus kitoe katjarjos, Dalém Panoebaja wapat, diganti koe poetrana, nja eta anoe diséboet, Toeménggoeng Poetra Koesoemah.

191. Eta anoe leuwih déngki, ka poetra-poetra Soemédang, kahofongna toempoer kabeh, oelah aja anoe ménjat, tambah² risina, ningali ka Raden Djamoé, pantés dédég-pangadéngna.

192. Sorotna djaadi Bopati, boedi tingkah lelewana, légeg pantés djadi Regent, kitoe deui Raden Éma, doeanana oetama, djol manah Dalém Toeménggoeng, Den Djamoé dileler poetra.

193. Istoe lain sabab asih, ngan pambrih djadi panjangtjang, oelah liar djaoeh bae, bisina néda saraja, ka noe bakal noeloengan, gantjangna noe mangoen tjatoer, Raden poetra énggeus nikah.

194. Kakasihna eta istri, Nji Raden Tjandranagara, Raden Djamoé geus digéntos, Rahaden Soerjanagara, kitoe deui Den Éma, djénéngannana diséboet, Raden Soerlakoesoemah.

195. Manah doeanana tiis, Raden énggeus katallan, meureun manah Dalém djémpe, tatapi eta soelaja, reudjeung kira-kirana, karaman teh beuki madjoe, Dalém timboeroeannana.

196. Manah délik tapi rikip, Dalém rémén miwarangan, ngadodoho di noe bongoh, Raden dipendoet njawana, tapi sok doemadakan, aja lantaran rahajoe, hénteu némah ka salira.

197. Hidji mangsa Raden ngiring, ka Litjin boeboedjéng oentjal, di tégal pamoroan teh, aja pematang noe ngoedag, barina ngabar gobang, soesoembarna maroes-maroes, Raden dioedag ka lébak.

198. Lamoenna Raden katépi, koe pematang anoe ngoedag, moal gagal tjek dikadek, Raden kébat ka boemina, barina roenghap-renghap, eta diabana ti kitoe, rea deui meh tiwasna.

199. Katjarita basa tadi, keur di tégal Litjin tea, Dalém katjolak koe kaso, sotjana walés katjida, eta kitoe adilna, Pangeran noe Maha Loehoer, radjeun kontan wawalésna.

200. Eta pagawean déngki, awal achir koedoe tanpa, halésan adil Jang Manon, hénteu kapanggih di doenja, di acherat kapéndak, éling-éling anak intjoe, sabeunang-beunang singkahan.

201. Ajeuna kébatkeu deui, lalakon Raden Soeria, tambah soempéng manahna teh, Dalém teu aja sépina, manahna timboeroean, teu kalis noe djadi mantoe, ari radjeun ngadeuheusan.

202. Dalém njaoer sindir-sampir, silih njogok kana manah, Raden lampi raos bae, raosna asa direrab, ngérés ngérik manahna, tjisotja bidjil moeroeboet, sasambat ka noe ngajoega.

203. Tapi njaerna teu lahir, ngan moentang sadfronng manah,

he Allah Goesti Jang Manon, njanggakeuh raga djeung njawa Andjeun anoe kagoengan, eh Ejang para loeloehoer, koering pa joengan aoeban.

204. Raden henteu tahan tjalk, raos asa ditiroekan, teu lila tjon njembah bae, moelih njoesoetan tjisotja, hidji mangsa koempoelat ti peuting rioeng-moengpoeloeng, piderekan piramaan.

205. Piiboean pada nangis, pada ngoesapan poengkoerna, e Raden koemaha bae, sangkan salamet salira, lamoen kieu petana samar toeloes meunang tuhoen, samar bisa meunang boelan.

206. Tadi aja anoe ngoeping, di djero eukeur goeneman, koem poelan noe toekang ketok, djalma ti Parakanmoentjang, kadenger salawat, moen kapanggih di noe singkoer, geuwat pisahkeun nja wana.

207. Eta moal naon deul, maneh tangtue noe diarah, Raderi Soeri ngawalon, poegoeh bae kitoena mah, eta moal mandjangan, no diarah oelah hiroep, nja djasad kaola pisan.

208. Ajeuna koela geus mikir, rek leumpang saparan-paran, ngan teu Indoeng soekoe bae, sepoeh-sepoeh ngawalonan, sae lamoei rek angkat, montong djaoeh noe didjoegdjoege, koedoe ka Limbangan heula.

209. Rek loenta ka mana-mendi, gampang koemaha ti dinja, poma oelah koerang naros, tangtue aja pitoeahna, ngawalon Raden Soeria sedja kaola nja kitoe, marék heula ka Limbangan.

210. Moegi bae aja takdir, toeroet lampah panembahan, tina asa balangsak teh, kalah koe tjiliwidara, moeboes ka Soedalarang, ti dinja meunang pitoedoh, jasa ngadjabél nagara.

211. Parempoegan enggeus gilig, piramaan piiboean, koedoe peuting ieu bae, angkat ka dajauh Limbangan, geus pada njarangoean manah tjengéng henteu moendoer, ngambangkeun ka Noe Wisesa

8. MASKOEMAMBANG.

212. Sepoeh anom henteu koelém sapeupeuting, pada sosonoan istri tatjan eureun mangis, ganti-ganti ngatoeranan.

213. Andjeun Goesti doenoengan djoeragan koering, poma oelah weja, di djalan koedoe tjaringtjing, bok bilih koemaha onam.

214. Kongkorongok hajam djeung manoe raritjit, oepama di djalma, ngadjeroeng meudjuehna indit, Raden geus tarapti dangian.

215. Ladjéng djéngkar doea pandakawan ngiring, sedih noe kaitilar, paméget istri narangis, bari njaoer pileuleujan.

216. Raden angkat bari nganggit-nganggit pikir, teu pégat rénéda ka noe moerba hoemi langit, slinggétna ka noe ngajoea.

217. Noe disorang koe Raden oeroetna tadi, Ejang Panembahan, batanna katitih djoerit, njeorang ka lemboer Samida.

218. Njorang leuweung mapaj tégat mipir-mipir, rame sasatoan, tingkotjeak tingdjarërit mileuleujankeun noe angkat.
219. Manoeak doedoet disada kawas noe tjeurik, Raden këlur manah, tjisotja moeroeboet bidjil, manah asa didoedoetan.
220. Toenda heula noe angkat kotjapkeun deui, garwa noe ditilar. Énggeus meunang warta sidik, jen tjaroge énggeus angkat.
221. Garwa nangis ngadjërit maratan langit, sambat adoeh kangkang, koering miloe bela pati, paeh hajang sakaloeat.
222. Naha kakang mana ninggalkeun ka koering, koering énggeus ikklas, pisah djeung sêpoe, pribadi, sêdja bela ka doeriat.
223. Adoeh-adoeh kieu nasib diri koering, lamoen henteu bisa, diri koering panggih deui, soeka dipoepeol nja njawa.
224. Raden Tjandranagara anoe keur nangis, keur diaropahan, koe warga ais-pangampih, tapi djongdjon noe midangdam.
225. Toenda heula Raden Tjandra noe keur nangis, kotjapkeun noe angkat, ka Limbangan énggeus soemping, ngadjoegdjoeg ka lëbët pisan.
226. Kangdjëng Dalëm Limbangan anoe keur linggih, eukeur di-deuheusan, waktoena asar geus ahir, dalëm keur mariksa bedja.
227. He Ki Patih kami meunang bedja angin, di dajeh Soemédang, bedjana koesoet teh teuing, sok ngadégkeun timboeroean.
228. Timboeroean nêmenan rek ngarah pati, Ki Djamoë Ki Ema, têrkana bisi ngalindih, kami mëläng nanakëran.
229. Poetra sêpoe ngawalon soemoehoen koering, meunang wartos têrang, jaktos jen diarah pati, poetra Dalëm di Soemédang.
230. Eukeur kitoe Rahaden torodjol soemping, koe Dalëm katingal, ladjëng ngadég djeung ngalahir, barina ngahiap-hiap.
231. Hiap Agoes diarëp-arëp teh teuing, tjikeneh dioepat, rehna meunang beôja angin, awak keur diarah njawa.
232. Kandjëng Dalëm ngalahir ka eusi boemi, geuwat pamasangan, tangtöe hanaang teh teuing, Raden pok amit ngoendjoengan.
233. Ladjëng moendjoeng hatoeranna bari nangis, njanggakeun përtobat, djeung njanggakeun njawa diri, Dalëm ka loear tjisotja.
234. Teu ngawalon mêngkëk koe bawaning watir, Raden énggeus tjëngkat, gek tjalik deukeut papatih, toengkoel njoesoetan tjisotja.
235. Raden Patih oengrak-ingsreuk miloe nangis, kira satëngah djam, repeh taja noe ngalahir, pinoe keneh koe tjisotja.
236. Sanggeus lilir Kangdjëng Dalëm pok ngalahir, geura barang-dahar eta tjal bisi tiis, da Agoes meureun hanaang.
237. Sanggeus Raden ngaleueut Dalëm ngalahir, koemaha pëtana, bedjana diarah pati, tjoba geura tjtjarita.
238. Raden njëmbah hatoeran tina mimiti, datang ka tjtjarita, sakoemaha noe geus djadi, kasanang koe salirana.
239. Di palëbah eukeur dioedag di Litjin, Dalëm moenggah tjëngkat, sarta barina ngalahir, bo eta mah badag pisan.

240. Kadjeun ngadawoeh ge mo boeroeng panggih, wawaling Allah, Agoes masing asrah diri, ka Goesti Anoe Wisesa.
241. Ajeuna mah di dieu heulaan tjitjing, ngareureuhkeun palaj, bari oerang mikh², mitjeun halangan haroengan.
242. Panonpoë soeroep kaganti koe peuting, Raden geus méréhah, katjarios oenggal peuting, di Lébét sok ririoengan.
243. Di Limbangan meunang gënëp toedjoeh peuting, peutingan rek djéngkar, koempoelan ais-pangampih, piderekan piramaän.
244. Ti pasantren kial² soemping, sêdjana ngalajah, sarehna ngaroeping warti, jen poeta Soemédang kendang.
245. Kangdjéng Dalém ngadawoehan ka kial, bantoean ngadoa, soepaja maksoedna hasil, Ieu Ki Soerjanagara.
246. Ngawalonan sadaja para kial, matoer husja Allah, sêdja njamboeng koe pamoedji, moega laksana nja kësia.
247. Kangdjéng Dalém ti dinja ngalahir deui, bënëh maksoed awak, djeung ama rëmpeog teh teuing, hade ka Tjiandjoer tea.
248. Dalém Tjiandjoer anoe loma ka Batawi, reh djaman ajetna, koedoe kanti djeung koempëni, eta anoe moerba Djawa.
249. Raden Soerja ngawalon lérés teh teuing, sadawoeh gamparan, teu aja anoe dipoendi, kadjawi libar gamparan.
250. Sad kaeula manawi aja paidin, rek moendjoeng ajeuna, sêdja indhi peuting-peuting ka-beurangnakeun sok hoedjan.
251. Lahir Dalém énja koedoe peuting-peuting, heh Ieu loemajan, di djalan keur meuli kopi, Rahaden Anom tjong njëmbuh.

9. SINOM.

252. Sërta panganggo loengsoeran, koe Dalém geus dipaparin, pek Raden Soerja ngoendjoengan, njoem dampal bari nangis, Kangdjéng ge nangis deui, barina nêpakan poengkoer, teu pëgat sasaoeran, éh Agoes masing prihatin, didoe'akeun sing bisa ngajoenkeun awak.
253. Kial geus ngaroendjoengan, ladjéng bae Raden moelih, moelih soteh ka pondokna, sabab rek djéngkar djanari, soepaja tereh nêpi, noe didjoegdjoeg ka Tjiandjoer, toenda heula sakédap, malikan kapoengkoer deui, Kangdjéng Dalém Soemédang geus meunang warta.
254. Jen Raden Soerjanagara, di Soemédang énggeus sêpi, bedja aja di Limbangan, ti dinja rek loenta deui, bedjana énggeus jakin, noe dimaksoed ka Tjiandjoer, ladjéng Dalém nimbalan, ngalahirna di noe soeni, miwarangan mëgat di geusan ngaliwat.
255. Piwarangan énggeus mangkat, ka leuweung Nagreg geus nêpi, pondokna kalereun djalan, di sisi wahangan tjal, diatoer siligënti, naek kana kai loehoer, nendjo ngidoel djeung ngetan, lain nendjo sapi moending, nendjo bisi Rahaden Soerja ngahwat.
256. Raden geus deukeut ka dinja, djalma toeroen tina kai, geus hebedja ka batoerna, djalma salapan tjaringtjing, njalindoeng dina

kai, sawareh geus maték loeboek, sawaréh pasang tjagak, reudjeung ngadjingdjing gégéndir, pangarahna djol ditotog lar ditjagak.

257. Katjarita Raden Soerja ka lébah dinja geus népi, djalina salapan katingal, koe Raden Soerja kadjoedi, nja moal naon deui geus tangtoe noe mégat oemoer, Raden tétég manahna, ngambangkeun ka kérésa Goesti, geus mapatkeun pileumpeuhan kinasihan.

258. Djalma salapan noe mégat, tadina geus taki-taki, barang lar Raden ngallwat, taja polah taja boedi, rasa njeueung noe geulis, ngan pinoeh bae koe loetjoe, sarta pinoeh koe njaah, Raden ngalahir saeutik, koela paman néda halal rek ngaliwat.

259. Ngawalon kapala begal, Raden Soemangga teh teuing, lar bae Raden ngallwat, geus rada djaoeh saeutik, panakawan ngé-tjéwis, asa geus diteunggeul poendoek, mani hese ngambékan, ieu kesang kawas mandi, tjeuleukeuteuk Raden anoe kahatoeran.

260. Ngagoemoedjéngkeun badega, hih maneh borangan teuing, tapi sadjéroning manah, Raden teu ngabibisani, nja pantés bae risi, ningal sakitoe sarégoet, sadia pakarangna, loeboek tjagak djeung gégéndir, lamoen toeloes amarahna matak tiwas.

261. Raden soekoer ka Pangeran, salamét tina balai, tjatoer anoe tjatjarita, eta begal anoe tadi, tangtoena datang deui, di mana Raden geus djaoeh, pada népakan dada, naha oerang sabar teuing. hajoe batoer oerang oedag Raden Soerja.

262. Oerang laporkeun tjeulina, geuning rek dibajar doelt, djeung koemaha nja ngoeninga, lamoen teu ngadjingdjing tjeuli, oerang teu wani balik, lamoen tatjan neukteuk hoeloe, rémpoeg begal salapan, laloempat ngoedag ka pasir, tépi kana datar tégal Tjitjalengka.

263. Begal tanagana beak, renghap randjoeg djeung boentjélik, kesang kana mata-mata, rantjoetjoet kawas noe mandi, ambékan tjara méngi, barina hitoet moeroepoet, goelah patoelajah, sanggeus aso pek pasini, rémpoegan oendjoekan ka noe miwarang.

264. Toenda heula noe goenëman, kēbatkeun kandana deui, Raden lébah Tjiajoenan, wantjina asar geus ahir, Raden djalanna njisi, sieun tépoeng djeung noe wawoeh, lébah Parakan moentjang, kira wantji bada magrib, geus teu tégës di djalma saorang-oerang.

265. Toengtoeng dajéuh ti koelonna, sindang kana waroeng leutik, kérésana ngeureunan palaj, sor disoegoehan tjikopi, toeloef Raden ngalahir, bibi anoe boga waroeng, koela geus ripoeh pisan, menta ngarérëb sapeuting, wangsoel anoe boga waroeng rampes pisan.

266. Sampean anoe ti mana, lengoh teu djoengdjoeng teu djingdjing, Raden Soerja ngawalonan, bibi koela poelang ngadji, aeh koetan teh santri, tjatoer anoe gadoeh waroeng, koela teh kabënëran, rek niat ngabanjoe-mili, panakawan nambalang baré njakakak.

267. Bibi koela bisa doa, paranti ngabanjoe-mili, doa boemi toelak-bala, kaola énggeus paranti, noe boga waroeng seuri, soekoer KI

Mas lamoen kitoe, sor bae pamasangan, lalawoeh opak djeung wadfit, panakawan ngawalon mana tjongtjotna.

268. Kadjeun henteu make opak, sok moen make angeun hirta, sambél mēdok sangoe bodas, bibi toekang waroeng seuri, hih ari Aki Santri, da sēdja teh ngan sakitoe, ari daek barang mah, sambél teu make tarasi, kedjo beureum lalabna ngan angeun katjang.

269. Bari sawalehna koela, lain sidkah banjoe-mill, eta teh niat kaolea, rek njalamētkeun salaki, noe keur dipērnh pati, dipiwarang neukteuk hoeloe, koe Dalēm ti Soemēdang, inditna geus tiloe peuting, koela risi bedjana teh eta menak.

270. Sieun aja mamalana, heug koela kamarl ngimpi, salaki koela teh midang, palangsiang malik pati, bedjana aja djangdji, lamoen bisa neukteuk hoeloe, bakal tanpa gandjaran, tapi sabalikna deul, lamoen loepoet hoeloe maneh keur gantina.

271. Ajeuna salaki koela, ēnggeus meunang tiloe peuting, di leuweung Nagreg mēgatna, sabab noe diarah pati, ti Soemēdang geus indit, djalanna ka wetan-kidoel, geus tangtoe ka Limbangan, koela mēlang ka salaki, lēbēng bae taja bedja-bedja atjan.

272. Koe Raden ēnggeus kamanuh, tangtoe begal anoe tadi, toeloej bae panakawan, ngadoa salamēt diri, atina kētir, sck sieun begal teh djēboel, ladjēng ngarloeang dahar, sanggeus dahar toeloej amit, bibi koela rek ngeureujeuh devi angkat.

273. Hajang boeroe³ datang, ka lēmboer koela Tjleunji, bibi waroeng ngawalonan, aeh koemaha Ki Santri, aban menta sapeuting, sore keneh ge rek toeloej, atoeah taja koemaha, doakeun bae salaki, sing salamēt reudjeung mawa tjeuli menak.

274. Gantjangna Raden geus mangkat, panakawan silttjiwit, djeung batoer lah djadi ncha, lamoen oerang ngeunah ttjtjing, mo lila djēboel deui, palangsiang toeloej riboe, njaer Rahaden Soerja, poegoeh bae oerang risi, lamoen datang eukeur oerang dadaharan.

275. Tangēh lamoenna dipapaj, sadjalan-djalan ligoerit, tjatoerkeun bae gantjangna, ka dajeh Tjlandjoer nēpi, tapi pating lalintrik, tina taja noe didjoegdjoeg, sare di lēmboer Sajang, isoek³ ladjēng deui, tjēpēt ngidoel teu poegoeh anoe disēdja.

276. Datang ka Soenlawēnang, tiloan patinglalintrik, hidji badega hatoeran, moen rēmpoeg di dieu tjallik, montong rek loenta deul, da teu poegoeh noe didjoegdjoeg, ngalahir Raden Soerja, nja di dieu bae ttjtjing, tapi oerang leuwih hade masisian.

277. Reudjeung poma oelah basa, ngahormat ka diri kami, matak katjiri jen menak, tēmahnna lamoen katjiri, oerang mangke ditampik, moal aja anoe poeroen, koe oerang karoengroengan, pikir kami ēnggeus gilig, sēdja toenda ngaran Soerlanagara.

278. Hade ngaran eukeur boedak, ajeuna tēlahkeun deui, maneh ari njaraloeakan, ki Djamoe bae ka kami, panakawah sareuri, srta

ngawangsoel soemoehoen, katjatoerkeun gantjangna, manggih hidji somah tani, sarta wékél di lémboer Kalapa-noenggal.

279. Raden rawoeh badegana, geus pasini néda tjitjing, djoeroe-tani ngawangsoelan, kaেলা atoh teh teuing, tapi kaেলা djangdji, koedoe toeroet oerang lémboer, daek loeloemajanan, tjara kaেলা pribadi, koedoe daek njékél patjoel reudjeung landjam.

280. Tapi teu aja taksiran, boektina leungeunna limit, tajoh tara kakadekan, Raden ngawangsoelan manis, koela tadina tani, nja eureun geus doea tahoen, koela diadjar dagang, ajeuna rek tani deui, poma bapa oelah hamham mamananan.

281. Njékél patjoel kored parang, djeung woeloeke koela beuki, ki djoeroe tani njakakak, moen kitoe atoh teh teuing, gantjangna geus ditampi, Rahaden mérnah di tadjoeg, katjarita lampahna, Rahaden gétol teh teuing, isoek² goegah ladjéng njandak landjam.

282. Ti peuting sok raraoetan, njeun ajakan djeung said, taja kapatolanana, ladjéng Raden pada asih, sok rea noe mahoeul, teu boetoe koe daoen dawoeng, Raden énggeus katélah, koe aweve koe lalaki, ki panganten nélah sa-Kalapa-noenggal.

283. Toenda heula noe geus mérnah, noe tjitjing di djoeroe tani, malikan deui ka toekang, oerang Soemédang prihatin, tina teu meunang warti, Raden ka dieu ka ditoe, sabralna ti Limbangan, méhéng pisan taja warti, piiboean piramaan mélang manah.

284. Rahaden Soerjakoeseomah, kalangkoeng njandang prihatin, tina sadjéngkar rakana, andjeunna djadi gaganti, ganti noe di-piséngit, koe Kangdjéng Dalém Toeménggoeng, maksakeun ngadeuheusan, dipapag koe sindir-sampir, sinom géntos lambang noeloefkeun tjarita.

L a m b a n g.

285. Toenda heula Raden Soerja, Koesoemah noe kasangsara, kakotjapkeun Raden Astra, coemetir kopi pangkatna, di Tjiandjoer nagarana, sahidji waktue ngaronda, ka tjoetak Soeniawéhang, gok tépang djeung Raden Soerja.

286. Noedjoe eukeur raraoetan, njeun boboko ajakan, koe Raden Astra katingal, tjahja eedjen ti noe rea, njaer sadjéroning manah, eta djalma boa², toeroenan mangkoenagara, katara dina sorotna.

287. Raden Astra pok mariksa, ka Loerah Kalapanoenggal, ki Loerah itoe teh saha, djalma noe keur raraoetan, ki Loerah pok ngawalonan, eta asal noe ngoembara, panganten Djamoe nélahna, kalangkoeng-langkoeng gétolna.

288. Dina manah Raden Astra, djiga² eta djalma, lain anak koe-ritjakan, koemaha bae pétana, sangkan bidjil raslahna, kami mah hénteu pértjaja, ladjéng bae Raden Astra, njaer noe keur raraoetan.

289. Ki panganter geus gek slla, dipajoeneun Raden Astra, pok

mariksa Raden Astra, eh silah anoe ti mana, ngawangsoel noe dipariksa, djaoeh dajeh sad kaola, asal ti dajeh Limbangan, wetaneun Parakanmoentjang.

290. Henteu indoeng henteu bapa, poerwa sad koela ngoembara, istoe djalma kasangsara, njaoer deui Raden Astra, silah koela teu pertjaja, tjoba waktja ka kaola, insja Allah moega², kaola bisa noeloengan.

291. Rahaden Soerjanagara, njaoer sadjéroning manah, boa² hade waktja, da moal djadi koemaha, rendjer:ng soegan bae aja, noe noeloeng ka noe sangsara, ti dinja pok deui waktja, noen soemoehoen pamariksa.

292. Nanging moega² aja, loentoer manah pangampoera, reh tadina henteu waktja, tina bangét kabingoengan, jaktosna asal sad koela, eta ti dajeh Soemédang, ngaran poen Soerjanagara, salirana kangdjéng rama.

293. Anoe djénéng di Soemédang, saderekna kangdjéng rama, henteu lami paman tilar, digéntosna koe noe lian, menak ti Parakanmoentjang, eta kalangkoeng njangsara, djasad koela henteu tahan, noe matak indit ngoembara.

294. Kakara palébah dinja, Raden Soerja njaritana, broeg ngarontok Raden Astra, lah samborong teuing asa, paman mana ngalélékan, nantjéb rasa kira², sanadjan ngakoekeun tja²jah, paman moal kapalingan.

295. Tjallik deui Raden Astra, bari miwarang njarita, ladjéng bae Raden Soerja, ngahatoerkeun lalampahan, gémét taja noe kallwat, godég bae Raden Astra, énggeus tamat tjaritana, njaoer deui Raden Astra.

296. Hajoé Raden ka Nagara, baréng djeung lampah poen paman, harita geus aja koeda, sadia djeung rarangkenna, Raden ngawalon soemangga, soekoer paman aja kersa, miwélas ka djasad koela, raos manis tjara goela.

FOEPOEH 10.

Dang dang goela.

297. Noe ngaroeping awewe lalaki, Raden eukeur njaritakeun lampah, kabéh pada béngong bae, aéh teu njana kitoe, boro oerang ngoenghak teh teuing, sawareh népak dada, bari renghap-randjoeg, teu njana kabina-bina, ki panganten geuning hét poetri Boepati, atoech néda hampoera.

298. Ladjéng bae Raden Soerja amit, ka doenoengan sarta mama'apan, paman néda ma'ap bae, lampah koela noe loepoet, djoeroetani nging bae tjeurik, bari atjong-atjongan, noen Raden paraloen, andjeun teu kagoengan dosa, balik² dosa koering geus ngalilip, moegi agéng hampoera.

299. Djoeroe tani awewe lajaki, ngaroendjoengan bari njoem dampal, ngomong bari lëwa-lëwe, Rahaden Astra njaoer, hajoe Raden meudjehna indit, ladjëng marantjal koeda, ka loear ti lëmboer, noe mileuleujankeun ear, kolot boedak sarta awewe lajaki, ëh Raden pileuleujan.

300. Sasaoeran bae siligenti, Raden Astra djeung Raden Soerin, sudjalan-djalan teu repeh, taja noe djadi bakoe, ngan lampahna njandang prihatin, balangsak kasangsara, meh ditjaboet oemoer, tangéh lamoenna dipapaj, katjatoerkeun gantjangna bae geus nepi, ka boemi Raden Astra.

301. Raden Astra ngalahir ka Istri, njai ieu akang mawa semah, geuwat njsih masing hade, ieu teh seuseut hiroep, noe ngoenibara poetra Boepati, koe oerang poeloeng anak, moega lambat-lamboet, geureuhana Raden Astra, geus popolah teu lila ënggeus tarapti, prak ngarjoeng dalahar.

302. Teu katjatoer harita ti peuting, isoek-isoek bral ngadareu-heusan, noedjoe koempoelan di djero, hompok sifa taroengkoel, barang Kangdjëng Dalëm ningali, Raden Astra djeung semah. Dalëm pok ngadawoeh, ki Astra eta teh saha, Raden Astra oendjoekan noen djsim abdi, ieu ngabantoen semah.

303. Pok oendjoekan ti barang mimliti, kapëndakna ti Kalapanoenggal, dipapaj lampahna kabeh, Kangdjëng Dalëm ngadawoeh, ëh ki Astra soekper teh teuing, ieu Soerjanagara, rek dtangkën doeloer, rea landjang rea randa, mana bae anoa sapoek reudjeung ati, kop doa nanakëran.

304. Sarta montong rek sieun rek risi, moal ënja Boepati Soemë-dang, ka dieu wanteun ngodok, sapadjan itoc poeroen, kakang ogu mo boeroeng wani, Raden Soerjanagara, ngawalon soemoehoen, sad koela njanggakeun raga, kabeh-kabeh rek dihideung rek dipoetih, ngambangkeun ka gamparan.

305. Kangdjëng Dalëm langkoeng-langkoeng asih, geus maparin arta keur balandja, sarta loengsoeran panganggo, koe menak anom sèpoe, diarakoe sarta diasih, tatapi Raden Soerja, di dajeh teu matoeh, matoeh di lëmboer Tjladjag, di pasantren matoeh ngadji di Kial, doea pal ti nagara.

306. Raden heuleut doea tiloe wëngi, ti Tjladjag marék ka Nagara, Dalëm woewoeh asih bae, ladjëng Dalëm mirëmpeog, ka pangampih pamagët Istri, manggihkeun Raden Soerja, djadina pirëmpeog, ka saderek Dalëm misan, hade répok kakasihna eta Istri, Raden Lenggangnagara.

POEPOEH 11.

A s m a r a n d a n a.

307. Kangdjëng Dalëm Adipati, geus kagoengan poetra opat, ari

hidji-hidjina teh, Rahaden Meumeut tjikalna, poetra anoe kadoea, Arja Tjikalong kamashoer, menak bĕngis barangasan.

308. Tara paja koe saeutik, harakna djeung teu kaopan, poetra noe katfloena teh, Dalĕm Hadji katĕlahna, Anom Abas kaopat, eta poetrana sakitoe, di Tjandjoer mangsa harita.

309. Ari noe djadi papatih, poetra Dalĕm Panĕnggakan, nja eta Arja Tjikalong, katjatoerkeun lawas-lawas, Arja Tjikalong kotjap, sangĕt manahna ngoeloewoet, enggalna njanggakeun sĕrat.

310. Ka Kangdjĕng Dalĕm Dipati, oengĕl sĕrat pĕrmoehoenan, andjeunna njoehoenkeun liren, tina kapatihanana, toer sangĕt pannoehonna, dina sĕrat kaploendjoek, taja tjipta dina manah.

311. Noeloejkeun djadi papatih, sarĕng ngatoerkeun pĕrsatja, teu karĕp koemawoela teh, ngawoelakeun hĕnteu sĕdja, sok lamoen kaidinan, ka tjoetak Tjikalong woengkoel, eta kitoe pĕoendjoekna.

312. Dawoehan Dalĕm Dipati, lamoen kitoe hade pisan, ngan oelah kapalang sĕntor, koedoe njeun tandatangan, jen taja pangharĕpan, njangking gawe di Tjandjoer, Arja Tjikalong harita.

313. Teu aja antara deul, pek ngadamĕl tandatangan, ladjĕng disanggakeun bae, Dalĕm Wiratanoedatar, toeloej ngadamĕl sĕrat, ka Gouvernement pannoehoen, Arja Tjikalong mareman.

314. Walonana teu lami, geus dongkap poatoesanana, jen Patih Tjandjoer liren, tina padamĕlanana, tatapi Raden Arja, istoe ka-djoeroeng koe napsoe, kabawa koe amarahna.

315. Rea kapoesing kaidjid, teu pĕgat papaseaan, reudjeung kanta njangking gawe, tina adat hĕnteu loembrah, bĕngis djeung barangasan, napsoena anoe diladjoer, amarah noe diangonan.

316. Anoe ngagĕntos Papatih, koe Dalĕm ĕnggeus diangkat, djadi kaparĕnah alo, poetra den Tandjoengnagara, menak lantip boediman, djĕnĕnganana disĕboet, Rahaden Wlradirĕdja.

317. Katjatoerkeun lami-lami Dalĕm Wiratanoedatar, teu Jamang teu woedoe abot, sarta geus njamarkeun pisan, ngaraos salirana, samar toeloes meunang tahoen, samar bisa meunang boelan.

318. Ti dinja Dalĕm Dipati, enggal meunang pariksaan, ti noe agoeng Gouvernement, jen lamoen dongkap ka wafat, saha bĕris pĕrtjaja, njĕkĕl kaprabon Tjandjoer, Kandjĕng Dalĕm rguwalonan.

319. Lahirna teu aja deui, anoe pĕrtjaja pĕrjoga, hidji Kandjĕng Dalĕm Bogor, kadoea alo kaola, Papatih noe ajeuna, gantjangna noe mangoen tjatoer, Kangdjĕng Dalĕm ngawalonan.

320. Koemaha tali paranti, tataning Boepati hilang, teu dipandjangkeun tjarios, dipĕndĕm di padjaratan, kabeh pĕsaderekan, garwa' poetra ngangloeh, sarĕdih katilar rama.

321. Toedjoeh dintĕn hĕnteu lami, Raden Aria Wasita, djeung Raden Moehamad Hoesen, Panghoeloe Tjandjoer harita, Raden Djanagara, Dalĕm Hadji hĕnteu kantoen, sami pada ngadeuheusan.

322. Ngadeuheus ka Soekataris, harita Soekatrisna, katĕlah toean

Periseh, ladjëng sami rërëmpeogan, keur pigëntoseunana, njandak kaprabon Tjiandjoer, noeloefkeun ka Boepatian.

323. Noe harëmpag ënggeus gilig, moepakat bae limaan, nja eta noe përyoga teh, Den Patih Wiradirëdja, sëpoe² sadaja, sami pada djaloemoeroeng, eta noe baris përtjaja.

324. Sëgoet moen djadi Boepati, oetama ngudjadi menak, legeg pantës djadi Regent, katjatoerkeun djalma lima, ngadaniël hidji sërat, oengël sërat panoenoehoen, ka Goepërmen përmoehoenan.

325. Soepaja Rahaden Patih, njandak parabon nagara, ngagëntos djadi Boepatos, hënteu lami antarana, dongkap sërat poetoesan, jen Boepati di Tjiandjoer, Papatih Wiradirëdja.

326. Mangsa harita Boepati, pangkatna Toemënggoeng neuhu, waktoe eta Patihna teh, nëlah Raden Natadigdja, teu katjatoer lawasna, antara geus tiloe tahoen, Kangdjëng Dalëm meunang pangkat.

327. Dipangkatkeun Adipati, sarta diwoewoeh djënëngan, nja eta kakasihna teh, Dipati Wiradirëdja, harita Residentna, toean Makuit anoe mashoer, sabar adil palamarta.

328. Geus aja antara lami, toean Resident mariksa, hal sambëtan Dalëm Enoch, aja sabraha reana, pek ladjëng diteungan, beh kapanggih dina boekoe, aja sakëti roepia.

329. Tapi aja noe geus lami, doea poeloeh tahoen aja, dawoehan toean Rësidant, koe Dalëm koedoe dibajar, ngan koedoe dipfihlan, noe tjan doea poeloeh tahoen, eta koedoe ditaoeran.

330. Ladjëng koe Dalëm Dipati, dietang eta sambëtan, dipilih noe anjar keneh, doea poeloeh reboe pasnat, enggal dibajar contant, ngan Dalëm aja pioendjoek, ka Rësidan përmoehoenan.

331. Roepaning kaprabon nagri, parabot doenja barana, kagoengan Dalëm soemeren, disoehoenkeun koe kaola, tëtëp milik kaola, hënteu dipandjangkeun tjatoer, koe Resident kaidinan.

332. Di Tjiandjoer woewoeh rasmi, taja kakoeranganana, lampah Dalëm katjarjos, teu pëgat kana ibadah, kongas Dalëm alimna, ilmoë oesoel ilmoë nahoe, diotjek salalamina.

333. Didjaring koe para alim, dihalormat koe oelama, diobeng koe para lëbe, Dalëm djadi panaroson, kotjap mangsa harita, di Tjiandjoer woewoeh mahmoer, taja kakoeranganana.

334. Anoe tani djadi moekti, anoe dagang djadi beunghar, kana gawe teu tjampoleh, ngawoela teu ngarasoela, ka goestina barela, ngadeuheus ngadjadi përlöe, këmit bisi aja bahla.

335. Katjarjos lami², Dalëm geus kagoengan poetra, djoemblahna poetra Dalëm teh, ti sëlir djeung ti pawarang, kaetang rea pisan, djoemblah tiloe poeloeh toedjoeh, tjatoerkeun hidji-hidjina.

336. Pamëgët anoe ka hidji, tapi teu pandjang joeswana, poepoes moerangkalih keneh, tatjan katiban djënëngan, poetrana noe kadoea, ënja eta noe diaëboet, Nji Raden Tandjoeng nagara.

337. Katiloe pamégét deui, nélah Raden Natarédja, poetra anoe kaopat teh, pamégét teu pandjang joeswa, tatjan didjénnganana. poetra kalima ditjatoer, Rahaden Wiranagara.

338. Awisan djadi Boepati, ngèreh Tjlandjoer nagara, poetra roe ka gènépna teh, djénnganana Den Hasan, poetra noe katoedjoehna, Agan Hanapi diséboet, Rahaden Wiradiredja.

339. Dalapan pamégét deui, Raden Sjapii nélahna, sanggeus birahi digéntos, Raden Soeriabarata, poetra kasalapanna, nja eta anoe katjatoer, Raden Soeriakoesoemah.

340. Anoe ka sapoeloeh istri, Sjahribanon katélahna, poetra kasawélasna teh, Raden Soerianagara, poetra kadoeabélas, kakasihna rama Iboe. Den Arpin katélahna.

341. Raden Soeria Arpin, eta doeanana këmbar, noe katiloewélasna teh, Raden Saleh diséboetna, poetra kaopatwélas, Rader Sadikin katjatoer, ari kalimawélasna.

342. Djénngan Rahaden Habib, Koesoemah Adinagara, noe ka gènépwélasna teh, istri Nji Raden Atidjah, poetra katoedjoehwélas, djénnganana geus mantoek, Nji Raden Siti Soeraja.

343. Kadalapanwélas istri, Njai Raden Siti Zenab. kasalapanwélasna teh, Raden Prawirawidjaja, Agan Oetji boeréjna, poetra noe kadoea poeloeh, Nji Raden Gédong nélahna.

344. Noe kadoea poeloeh hidji, Rahaden Adinagara, oeoalikoer katjarios, Raden Ramli keur boeréjna, ageungna Raden Tisna, poetra noe katiloelikoer, kakasihna Raden Anwar.

345. Patlikoer pamégét deui, keur boeréjna Raden Adam, geus lamé digéntos, Rahaden Tjakranagara, kadoepoeloeh-lima, Raden Bakri anoe mashoer, Tisnadjoeména géntosna.

346. Poetrana pamégét deui, anoe kagènéplikoerna, Raden Wahab nélahna teh, Rahaden Djajasoedibdja, noe katoedjoeh likoerna, istri djénngan kaséboet, Nji Raden Siti Arpijah.

347. Kadalapanlikoer istri, Njai Rahaden Sapijah, sangalikoer katjarios, katélahna Raden Roeslan, djédjég tiloe-poeloehna pamégét enggalna poepoes, Raden Maliki nélahna.

348. Noe katiloepoeloeh hidji, Rahaden Abdullah Siradj, tiloe-poeloeh-doeana teh, Rahaden Partadjoeména, Raden Oedin boeréjna, noe katiloepoeloeh-tiloe, istri nélah Raden Sinta.

349. Pamégét Rahaden Sogir, noe katiloepoeloeh-opat, tiloe-poeloeh-limana teh, istri Nji Raden Djohara, tiloe-poeloeh-gènépna, djénnganana ditjatoer, Raden Koerdi katélahna.

350. Istri Nji Raden Ratnadi, katiloepoeloeh-toedjoehna, saktioe poetra Dalém teh, ti sélir djeung ti pawarang, teu ditjatoer iboena, harita dajauh Tjlandjoer, rea pramenak nonoman.

POEPOEH 12.

S i n o m.

351. Katjarjos lawas, kandjeng Dalëm Adipati, ñnggeus lami djoemënengna, di Tjandjoer djadi Boepati, dongkap manah prihatin, tina ngaraos geus sêpoe, rek njlrnakeun salira, noeloefkeun moedji ngabakti, koemawoela ka Goesti Noe Maha Moelja.

352. Gantjangna njanggakeun sérat, ka Goepërmen nêda idin, njoehoenkeun liren harita, tina pangkatna Boepati, reudjeung njanggakeun deui, pigëntoseunana tangtoe, poetra noe nomër opat, djênëngan keur moerangkalih, di Sadjarah Aom Kantjra katêlahna.

353. Rahaden Wiranagara, djênëngan ñnggeus birahi, teu lami dongkap poatoesan, Goepërmen maparlin idin, liren tina Boepati, toer djeung kahormatan estoe, sarta djeung bisloetna, keur poetra anoe ngaganti, noe djênëngan Rahaden Wiranagara.

354. Toemënggoeng eta pangkatna, ngagëntos djadi Boepati, Dalëm sêpoe katjarita, sanggeus liren ladjëng ngalih, ngadamël hidji boemi, kaler-koelon aloen-aloen, kaoem-kaler nêlahna, paeunteung-eunteung djeung masjid, sanggeus ngalih Dalëm toetoe ngagantina.

355. Beurang-peuting hënteu pëgat, moedji ka Raboel-Alamin, ka masigit bërjdjamaäh. saban waktoe Dalëm soemping, sarta ngaos di masjid, oenggal Sënen Këmis tangtoe, hënteu kintën ragabna, rea menak noe njalantri, eta kongas Dalëm Kaoem disêboetna.

356. Dalëm anom katjarita, djênëngna teu pati lami, dilirenkeun koe kang rama, papasten kërsa Jang Widi, adjal moebaram pasti, di lohmahpoed ñnggeus tangtoe, hënteu lami djênëngna, dangët eta hidjrah Nabi, sewoe doea ratoes lima pëloeh warsa.

357. Kangdjëng Dalëm kaoem enggal, ka Goepërmen rëkes deui, njanggakeun sahidji sérat, njoehoenkeun noe djadi ganti, nja eta Raden Patih, raina Dalëm Toemënggoeng, noe tadi liren tea, antarana hënteu lami, enggal dongkap poatoesan djeung bisloetna.

358. Jen Aom Hasan diangkat, djoemënëng djadi Boepati, Toemënggoeng Koesoemahningrat, pangkat dalapan Boepati, ajeuna kotjap deui, nja eta Dalëm Toemënggoeng, sanggeusna maren tea, antarana hënteu lami, amoeng doea tahoen ladjëng bae wapat.

359. Katjatoerkeun Dalëm Arja, Koesoemahningrat Boepati, gantjangna geus dinorgaha, kenging pangkat Adipati, sarta reudjeung bisloet, ti Gouvernemen noe Agoeng, digëntos kakasihna, sanggeus pangkat Adipati, Adipati Aria Koesoemahningrat.



Raden MOEHAMAD ISA,
Hoofdpanghoeloe Serang.

38. BABAD SOEMEDANG.

SINOM.

1. Ieu tjarita dikarang, dianggit didjieun dangding, tjarita tanah Soemédang, djaman baheula bihari, tapi estoe saperti, toetoer anoe tanpa dapoer, ngan noeroet tjaritana, kolot² noe bihari, anoe asli bibit-boeitna Soemédang.

2. Toeroen maneroen tjarita, anoe nepi ka kiwari, ineh saroepta tjaritana, kolot² menak koering, noe djadi bibit boeit, kaséboet nagara Galoeh, ganti koe Padjadjaran, SANGA PRABOE SILIH WANGI, noe kaséboet méntjarkeun satanah-Djawa.

3. Ratoe² Soenan², noe djadi pangagoeng nagri, séséboetan noe baheula, tjara ajeuna boepati, ngaran pangagoeng nagri, ratoe atawana praboe, ajeuna noe kakotjap, tédak PRABOE SILIWA-NGI, tina watès SANGA PRABOE LINGGAHIJANG.

4. Djadi Ratoe di Soemédang, bibit tédak SILIWANGI, dikébat-keun tjaritana, djadina ratoe diganti, koe poetra noe kakasih, SANGA PRABOE LINGGAWASTOE, gantjangna katjarita, poetrana ngan hidji istri, djeung pangoengtoeng Ratoe noe agama Boeda.

5. Kota Soemédang harita, kidoeleun Goenoeng Katjapi, diséboet-na Koetamaja, sakalereun Palasari, njanding waloengan tjai, sisina beulah ti kidoel, lahanna lempar pisan, awas ningal sakoeriling, ngan tiloe pal ti kota anoe ajeuna.

6. Sisi waloengan Tjisoegan, nepi ka djaman kiwari, nélah lémboer Koetamaja, aja anoe djadi boekti, tanda jen oeroet nagri, aja taneuh rada loehoer, ngémbat saroepta koeta, djiga pasir ngan pasagi, ajeuna mah geus diroembak djadi sawah.

7. Ajeuna ganti tjarita, ratoe di noe sedjen nagri, di Tjirëbon nagarana, KANGDJENG SOENAN GOENOENG DJATI, kaséboet RATOE WALI, tédak Kangdjeng NABI RASOEL, harita teh sadjaman, pada mangkoe ngéreh nagri, di Tjirëbon saréng di nagri Soemédang.

8. Eta ratoe anoe doea, mimitrana goelët dalit, tatapi misah agama, Boeda djeung agama Moeslim, SINOHOEN GOENOENG DJATI, teu pisan karsa ngaganggoe, maksa ngasoepkeun Islam, tapi tétép sillhasih, katjatoerkeun lila-lila bebesanan.

9. Poetrana Ratoe Soemédang, nja eta ngan hidji istri, ditikahkeun ka poetoena, **KANGDJENG SOENAN GOENOENG DJATI**, **MAOLANA MAGRIBI**, atawa noe sok diséboet, **PANGRAN PAMALEKARAN**, saestoenana koedoe sarif, nja eta teh poetra **PANGERAN PANDJOENAN**.

10. Ari **PANGERAN PANDJOENAN**, poetra **SOENAN GOENOENG DJATI**, enggalna kagoengan poetra, pamégét kasep djeung sigit, siga geus mawa tjir, di achir djadi Pangagoeng, kotjap Ratoe Soemédang, kalangkoeng nja soeka galih, reh kagoengan poetra pamégét oetama.

11. Enggal ladjeng ngadeuheusan, ka **SINOEHOEN GOENOENG DJATI**, pihatoer Ratoe Soemédang, ka **SINOEHOEN GOENOENG DJATI**, djeung bari mélas-méllis, simkoering agoeng panoehoen, eta poen intjoe tea, manawi paidin Goesti, disochoenkeun rek diingoe di Soemédang.

12. Reh teu gadoeh deui anak, djabi awewe moeng hidji, koe **SINOEHOEN** geus kamanah, pidjadjeun awal-achir, wantoening bangsa **WALI**, walonanana **SINOEHOEN**, taja pisan halangan. wantoening saroea wadjib, tapi eta boedak hapana teh Islam.

13. Agama noeroet ka bapa, moedoe djadi Islam deui, pihatoer Ratoe Soemédang, koe sim koering geus kapikir, sinaréng djsim koering, noeroetkeun riwayat sépoe, pitoetoer noe baheula, diséboetkeun djsim koering, panoengtoengan djadi Ratoe di Soemédang.

14. Noe ngagém agama Boeda, mangke geus tangtoe diganti, nja eta koe intjoe tea, eta teh anoe mimiti, ganti njémbah Jang Widi, koe agama **NABI RASOEL**, saréng tédak toemédak, doegi kana djaman achir, sirna Boeda kaganti agama Islam.

15. Kébatkeun teu tjarita, **PRABOE LINGGAWASTOE** tadi, lambat lamboet djoeménéngna, acbirna mangke diganti, koe poetra anoe tadi, anoe kaséboet di loehoer, ngéreh nagri Soemédang, Ratoe agama Moeslimin, awit ngéreh eusi nagri bangsa Boeda.

16. Tatapina lila², sareh Ratoena Moeslimin, pangéusi nagri Soemédang, anoee djaradi Moeslimin, teu katjatoerkeun deui, sababna pada aranoet, pantés noeroet riwayat, noe katjaritakeun tadi, saeusing Soemédang geus mandjing Islam.

17. Sanggeus lila djoeménéngna, Ratoe Soemédang Moeslimin, saeuring ganti noe kaitan, radia geus bangsa Moeslimin, tédakna

Madjapait, djënënganana Sinoehoen, ngaraton di Mataram, PANEMBAHAN SENAPATI, HINGALAGA MANGKOERAT MANGKOEBOEANA.

18. Noe ngèreh satanah Djawa, kabeh djaradi Moeslimin, ngan kari tanah Pasoendan, ratoena ngèreh pribadi, di hidji², nagri. gantjangna noe mangoen tjatoer, saantero Pasoendan, digoelengkeun djadi hidji, kabeh soedjoed ka SINOEHOEN di Mataram.

19. Hanteu katjatoer waktoena. PANEMBAHAN SENAPATI, ngèrehna tanah Pasoendan, margana nja kitoe deui, naha kalawan djoerit, hartina prang ngadoe poepoes, antero tanah Djawa, soemoedjoed ka SENAPATI, gantjangna mah geus kawéngkoe koe Mataram.

20. Sanggeus kabawah Mataram, noe pangkat ratoe satadi, kabeh diganti ngaranna, koedoe diséboet Bopati, saban-saban bopati kabeh digandjar djoedjoeleok, Bopati di Soemédang, djaman harita mimiti, djoedjoeleokna PANGRAN KOESOEMADINATA.

21. Téroes toeroen toemoeroenna, sakoer noe djadi bopati, nja kitoe djënëngannana, tapi adat eusi nagri, loembragna sok diganti, lamoen bopati geus poepoes, reh sami djënënganna, djeung mungke anoe ngaganti, ieu oge PANGRAN KOESOEMADINATA.

22. Dina saénggeus wapatna, diséboet PANGERAN SANTRI, nélah népi ka ajeuna, sabab ngawitan Moeslimin, dalah djaman kiwari, lamoen régenna geus poepoes, salin disaréboetna, lain keur djoemënéng tadi, karenap diséboet ngaran makamna.

ASMARANDANA.

23. Saseroed PANGERAN SANTRI, toeloj diganti koe poetra, téroes djënënganana teh, PANGERAN KOESOEMADINATA, tapi disaréboetna, KANGDJENG PANGRAN GEUSAN OELOEN, rea pisan tjaritana.

24. Sanggeus djoemënéng Bopati, Geusan Oeloen leh garwaan, noe kaséboet wargi oge, estoena oerang Soemédang, ngan tédak Padjadjaran, nami NJIMAS GEDENG WAROE, poetri noe euli tatapa.

25. Anoe disaréboet WALI, SOENAN PADA diséboetna, dina djaman harita teh, mashoer géde karamatna, tjara di tanah Djawa, rea oelama noe mashoer, noe saroeпа SOENAN PADA.

26. Lakoe noe djadi bopati, sanggeus kabawah Mataram, saban tahoen koedoe tjaoe, ngadeuheusan ka Mataram, geus djadi kawadjiban, lalakon sakitoe djaoeh, komo soesah përdjalanan.

27. Tatapi teu dipalikir, wantoe kawadjiban tea, dina saban tahoen tjaoe, diiring koe wadja bakad, mawa gugaman perang. reana nepi ka ratoes, koemaha gëde nagrina.

28. Oepatjara djeung pangiring, anoe marawa ampilan, noe disëboet kaparabon, GEUSAN OELOEN katjarita, kagoengan kapëténgan, pamanggoel ki SAJANGHAWOE, kadoeana ki NANGGANAN.

29. Anoe katiloena duni, disëboet ki KONDANGHAPA, noe kaopat TERONGPEOT, eta opat kapëténgan, moenggoeh ajeuna nepas, beurang peuting tara djaoeh, sakarengkak ditjatjandak.

30. Ngan SAJANGHAWOE pribadi, ngarana DJAJAPERKOSA, ari batoerna noe sedjen, hanteu disëboet ngaranna, tapi geus langitoe aja, tatapi henteu katjatoer, jen aja deul ngaranna.

31. Aja anoe kotjap deui, KANGDJENG PANGRAN GIRILAJA, Bopatina di Tjirëbon, kapérnah saderek misan, rehna toenggat tétédak, djeung PANGERAN GEUSAN OELOEN, loma wantoe saderekna.

32. Pada tédak Goenoengdjati, ari PANGRAN GIRILAJA, geus lami djoeménéngna teh, malah ka asih koe SOENAN, datang ka geus digandjar, koe poetri anoe disëboet, RATOE EMAS HARISBAJA.

33. Eta estoe bangsa poetri, poetri PANGRAN KATAROENGAN, KANGDJENG SOENAN teh saderek, ka PANGERAN KATAROENGAN, tangtöe énggeus kamanah, reh tédak KANGDJENG SINOEHÖEN, GOENOENG DJATI WALIJOELLAH.

34. Malah rai Raden Poetri, Raden EMAS PANTJAWARA, geus soemoetkeun ka Tjirëbon, ngabelaan ka rakana, ajeuna katjarita, Kangdjeng PANGRAN GEUSAN OELOEN, geus soegéma djoeménéngna.

35. Di Soemédang ngéreh nagri, ajeuna noe katjarita, ngawitan kagoengan raos, djoedjoer ngolahna agama, wantoe tédak oelama, soeka madjéng ngolah elmoe, sédja ginahoe ka Démak.

36. Reh kaséboet aja WALI, djadi Pagoeron tarekat, GEUSAN OELOEN ladjéng bae, djéngkar ka nagara Dêmak, di ténah perdjalanan, doemadak gok bae tēpoeng, djeung PANGERAN GIRILAJA.

37. Langkoeng sami soeka galih, teu kamanah ti tacina, baris tēpoeng djeung saderek, GIRILAJA teh mariksa, rai bade ka mara, phatoerna GEUSAN OELOEN, sēdja djarah ka Dêmak.

38. Sadalah raka pribadi, ajeuna moelang ti Dêmak, nja kitoe noe dimaksoed teh, nēpangan pagoeron tea, estoe utama pisah, baris ngahoesoeskeun elmoe, karas soegēma pisan.

39. Samboeng pamoedji ka rai, sakarsa moedji laksana, saréng wēwēkas kakang teh, samoelih rai ti Dêmak, moegi sindang ka kakang, di Tjirēbon oerang ngoempoel, saréng kadang koelawargi.

40. Enggeus maksoed ti tatadi, GEUSAN OELOEN pangwalonna, rek doemeuheus ka Tjirēbon, ajeuna nja timbalan, kēbatkeun tjaritana, GIRILAJA, GEUSAN OELOEN, ladjéng pisah sewang-sewang.

41. GIRILAJA ladjéng moelih, GEUSAN OELOEN troes ka Dêmak, kotjapkeun enggalna bae, GEUSAN OELOEN di Dêmak, teu pandjang tjaritana, ginahoema enggeus tjoekoeop, sakarsana geus laksana.

42. GEUSAN OELOEN troes moelih, teu katjatoer di djalan, enggeus soemping ka Tjirēbon, dipapag koe GIRILAJA, dina goka patēpang, doeanana sami moendjeeng, djeung dihatoeranan léngga.

43. Geus lami pada tjaralik, kalangkoeng soeka manahna, patēpang pada saderek, dasar beunang djadjangdjan, PANGERAN GIRILAJA, ladjéng ngagēntos njoer, Raji RATOE HARISBAJA.

44. Enggalna teh geus diol soemping, RATOE EMAS HARISBAJA, pilahirna rakana teh, ieu doeloer oerang datang, Bopati ti Soemédang, manehna kakara tēpoeng, ieu teh saderek misan.

45. Toenggal tédak Goenengdjati, maneh gelah asa, nja ngabédja-karama teh, reh oerang tarang patēpang, RATOE EMAS HARISBAJA, toengkoel djeung pasémon imoet, sanggeus pada silih-tingal.

46. Bangēt kapintjoet nja galih, ti baréng gok ge patēpang, kakara

ningal noe kasep, sarta mantjoer tjahajana, RATOE MAS HARISBAJA, bangét pisan ngalillboer, oelah katawis kagiwang.

47. Geus sami regreg tjaralik, adat pangbodja-kramana, ti dinja GEUSAN OELOEN teh, dipérénahkeun koelémna, koe PANGGRAN GIRILAJA, dikoelemkeun dina tadjoeg, anoe parék ka boemina.

48. PANGGRAN GIRILAJA tadi, sangét ngolah agamana, sabawah nagri Tjirébon, ragém ngolahna agama, panganggo GIRILAJA, sok mindéng njaهران koempoel, kiai para oelama.

49. Ngahoesoeskeun: eimoe dahkik, di waktoe djaman harita, loeloegoena di Tjirébon, noe ragém ngolah agama, reh loba oerang arab, ajeuna gantjang katjatoer, saer PANGGRAN GIRILAJA.

50. Ka sadaja para alim, soepaja sakabeh térang, kaoela keur boengah hate, énggeus tangtue karoedjoekan, jen kaoela ajeuna, ieu kasemahan doeloer, Bopatina ti Soemédang.

KINANTI

51. Ti dinja pada maroendjoeng, para alim silihgénti, GEUSAN OELOEN soeka manah, ningal ngoempoel para alim, koe PANGGRAN GIRILAJA, ditoeendjoekkeun hidji.

52. Anoe anom anoe sépoe, djénenganana pra alim, GEUSAN OELOEN soeka manah, ladjéng ngungkén para alim, pilahirna ka sadaja, noehoen djeung andoem pamoedji.

53. Rame sami oendjoek noehoen, pihatoerna para alim, djeung teu pégat maléntjrongna, aromongna para alim, ieu Boepati Soemédang, estoe djalna lehoeng singgih.

54. Eukeur mah Pangagoeng loehoer, nja kasep, nja hade boedi, lain djalma samaneu, pantès karamatna leuwih, saer PANGGRAN GIRILAJA, pamenta akang ka adi.

55. Montong waka gera-giroe, nja karsa moelih ka boemi, di dieu ngeureunan palaj, moelih angkat ti noe tébih, ti dieu ka nagri Démak, lalakon wélasan peuting.

56. Pihatoerna GEUSAN OELOEN, sadaja-daja kalring, kotjap RATOE HARISBAJA, saban poé saban peuting, tambah-tambah kagiwangna, meh teu bisa méngkék galih.

57. Tampolana hajang guproek, ngérwés moeskeun ati, sakoeat-koekat ditahan, katjarita hidji peuting, GEUSAN OELOEN énggeus tibra, koelémna di masdjid tadi.

58. Pamadjikan noe katjatoer, GIRILAJA djeung Nji Poetri, tapi noe tibra koelémna, ngan GIRILAJA pribadi, ari RATOE HARISBAJA, njileuk teu pégat kaeling.

59. Geus teu tahan nahan napsoe, toeloj goegah téros indit, ninggalkeun raka noe tibra, ka loear ti djéro boemi, bari angkat rerepehan, ngadjoegdjoeg golodog masdjid.

60. Pangkoeléma GEUSAN OELOEN, pantona noetep dikontji, toeloj bae dikétrokan, soegan aja anoe njaring, tina hantém dikétrokan, Ki SAJANGHAWOE ngalilir.

61. Katjatoerkeun SAJANGHAWOE, hoedang toeloj moeka kontji, diboeka toeloj ka loear, digolodog geus papanggah, reudjeung RATOE HARISBAJA, pihatoerna mangga Goesti.

62. Ti dinja toeloj arasoep, GEUSAN OELOEN geus ngalilir, toeloj goegah gok paténg, hénteu antaparrah deui, GEUSAN OELOEN HARISBAJA, silrangkoel djadi hidji.

63. Saroepea poejoeh keur taroeng, doeanana pada nangis, bawaning kaliwat soeka, manahna pamégét istri, teu njana gantjang laksana, beunang mikir beurang-peuting.

64. Katjatoer Ki SAJANGHAWOE, katjida atina kétir, hookeun ningal Goestina, pikirna teh bangét watir, Ki SAJANGHAWOE oendjoekan, adoeh deudeuh teuing Goesti.

65. Tanpa goena sédlh kalboe, ajeuna pihatoer abdi, langkoeng sae oerang djéngkar, oerang moellh sapeupeuting, montong rek soemélang manah, djamakna tanda lalaki.

66. Deneng aja anoe njoesol, montong rek soemélang galih, abdi énggeus ikhlas pisan, pétéh dada moentjrat gétih, koe GEUSAN OELOEN kamanah, ladjéng njaoer ka Nji Poetri.

67. Koe eujs tangtue kadang, bieu sapihatoer Aki, moen estoe sapoek djeung manah, hajoe atoech oerang indit, pihatoerna HARISBAJA, soemérah raga djeung tadi.

68. Kadjeun lëboer boeboek adjoer, lamoen katampi koe Goesti, këbatna ieu tjarita, ka loear ti djëro masjid, pada angkat rerepehan, dina wantji têngah peuting.

69. Katjatoerkeun SAJANGHAWOE, bari ngagandong Nji Poetri, ari gandek noe tiloean, di poengkoereunana ngiring, këbat ka loear ti kota, GEUSAN OELOEN djeung Nji Poetri.

70. Ajeuna anoe katjatoer, GIRILAJA djëro boemi, barëng ngalilir koelëmna, ngarampa rai Nji Poetri, teu aja gedengeunana, GIRILAJA hemëng galih.

71. Ladjëng GIRILAJA njaoer, saोजना ka mana eulis, naha mana waka hoedang, kapan ieu masih peuting, lila digëntraanana, ladjëng njaoer eusi boemi.

72. Geus daratang noe disaoer, dawoehan mana Nji Poetri, këbat anoe dipariksa, reh pada kakara njaring, koe GIRILAJA kamanah, garwana tangtoe ngaleungit.

73. Ti dinja toeloej pahiboet, goedjroed djalma pada njaring, goedjroed batan kahoeroean, karaget leungiteun poetri, patingsalëbroeng dipapaj, nadjan masih poëk peuting.

74. Gantjangna nëpi ka isoe, saocorang taja noe tjitjing, nëpi ka braj beurang pisan, tatjan aja anoe mikir, jen Poetri dibawa minggat, kabeh deudeupeun teu harti.

75. Beuki tambah tingsalëbroeng, katambah balad pradjoerit, pada sadia dangdanan, sabab geus pada kapikir, moal salah teu karoehan, Nji Poetri tangtoe dipaling.

76. Komo noe asoep ka tadjoeg, geus toeloej bae kapikir, jen semahna geus teu aja, mo gagal eta noe maling, koe semah oerang Soemëdang, tangtoe moal saha deul.

PANGKOER.

77. Saer PANGRAN GIRILAJA, ka sakabeh wadja balad pradjoerit, koe maraneh koedoe soesoel, semah oerang Soemëdang, moen kasoesoel eta teh si GEUSAN OELOEN, manoesa koerang tarima, ka ngaran pangkat Boepati.

78. Gantjangna noe diparentah, kapëtëngan djeung sakoer pradjoerit, tingsalëbroeng ngoelon ngidoel, reh aja doea djalan,

saharita ka koelon reudjeung ka kidoel, ti Tjirëbon ka Soemëdang, toer djalanna kabeh roempil.

79. Katjatoerkeun anoe minggat, ka Soemëdang, GEUSAN OELOEN djeung Poetri, djongdjon lakoena geus djaoen, ninggang watës Soemëdang, katjatoerkeun awasna Ki SAJANGHAWOE, manehna ningal ka toekang, rasana geus rek katépi.

80. Noe njaroesoel pirang², SAJANGHAWOE taja pisan kagimir, mihatoer ka GEUSAN OELOEN, Goesti soemangga tingal, litoe djalma pirang² tangtoe njoesoel, tapi montong séber manah, lamoen masih hiroep abdi.

81. Anggoer ladjëng këhat angkat, palaj oge kaleng rai Nji Poetri, abdi mah di dieu kantoen, bade ngadago Djawa, noe njaroesoel nadjan poeloeh nadjan ratoes, teu gimir boeok salambar, geus tega nja laboeh pati.

82. Ki SAJANGHAWOE opatan, djeung batoerna jaringtjing taki-taki, katjatoerkeun noe njaroesoel, geus djol pada daratang, noe njaroesoel patëpoeng djeung SAJANGHAWOE, héteu pandjari: silitanja, geus proek bae taroeng djoerit.

83. Saroepe banteng bajargan, SAJANGHAWOE djeung opat batoer tadi, galak ngamoekna ka moesoeh, oenggoe! pisan djajana, tingdjaloprak moesoehna anoe raroeboeh, tingdjaloprak patoelajah, SAJANGHAWOE mandi géthi.

84. Kakepretan koe moesoehna, tina goelët ngadoe pëdang djeung kërïs, SAJANGHAWOE kotjak wëdoek, teu teurak koe pakarang, noe njaroesoel sakarina noe raroeboeh, pada maboer latoempatan, taja noe karl sahidji.

85. Ki SAJANGHAWOE opatan, djeung batoerna di dinja tagën tjitjing, reh moesoehna kabeh maboer, ajeuna katjarita noe keur angkat Nji Poetri djeung GEUSAN OELOEN, teu katjatoer di djalanna, ka Soemëdang ënggeus soemping.

86. Nja eta ka KOETAMAJA, pada hebat sakabeh alid², pada maroeroe ngaroeboeng, sareh lami angkatna, kaget herar tjatjatoer djeung pada batoer, ngiring ateh Goesti oerang, moelihna ngalobjong poetri.

87. Pada hajang narongtonan, reh kakara ka dinja aja poetri, katjatoerkeun GEUSAN OELOEN, bangët Soemëdang manah, reh

satadi HARISBAJA geus miendjoek, ñggeus ngandég doea boelan, ngan kantoen Soemëlang ati.

88. Kitoe hatoe HARISBAJA, tajoh oelah raka soemëlang galih, tatapina GEUSAN OELOEN, bångët soemëlang manah, reh geus angkat njatjat noe sakitoe djaoeh, ti Tjirëbon ka Soemëdang, toer angkatna beurang peuting.

89. RATOE EMAS HARISBAJA, sasoempingna kalangkoeng hegar galih, hebat ningal goenoeng², leuweung mah soemawonna, geus kalangkoeng estoe leuweung loewang-liwoeng, ti Tjirëbon ka Soemëdang, nandjak moedoen komo roempil.

90. Tapi teu raos sangsara, katoekeuran koe katrésnaan galih, ladjëng GEUSAN OELOEN njaoer, djeung pasëmon marahmaj. Eulis oelah rek ngagoegoe manah rëngoe, reh nimbang tanah Soemëdang, djeung Tjirëbon lain deui.

91. Kaendahan kamoeljaan, hënteu aja ajeuna mah diganti, nja koe leuweung loewang-liwoeng, djalma ngan sakoer aja, geus papästen koedrating Allah Noe Agoeng, warna eusi alam doenja, noe aja di kolong langit.

92. Ratoe EMAS HARISBAJA, ngawalonan pasëmon hegar galih, saorna koering snoemoer, teu atjan gadoeh rasa, noe sakieu boengahna sagoenoeng-göenoeng, paribasa laoet lëga, lëga keneh ati koering.

93. Koe GEUSAN OELOEN kamanah, panglëlëdjar salahir-lahir Poetri, lëlëb mesëm GEUSAN OELOEN, poegoeh ge kalawanan, paribasa goela katinjoeh koe madoe, nja teu bandinganana, noe kasep reudjeung noe geulis.

94. Sigeug noe di Koetamaja, Goesti abdi pada baroengah galih. Ki SAJANGHAWOE katjatoer, sabatoerna tlloeun, tatjan ingkah ti oeroët taroeng djeung moesoeh, di dinja didaragoan, bisina baralik deui.

95. Tjatoerna ki KONDANGHAPA, anggoer hajoe oewang njaroesoel Goesti, di dfeu teh tamboeh lakoe, geus sakieu lilana, tanpa goena oerang nja ngadago moesoeh, toegënah si Djawa edan, hariroep djëdjërih ati.

96. Sanggeus rëmpeog djeung batoerna, toeloëj bae ti dinja ararindit, Goestina anoe diboeroe, ngadjoegdjoeug Koetamaja, sa-

datangna koe batoerna dibaroeroe, arumongna baragea, tjatoer awewe lalaki.

97. Noe aja di Koetamaja, teu njahoéun jen méntas taroeng djoerit, ti dinja ki SAJANGHAWOE, ngadeuheus ka Goestina, ngadadarkeun jen méntas taroeng djeung moesoeh, noe paeh gém-par langkena, noe hiroep malaboer miris.

98. Poerwa hēnteu enggal moelang, ngadagoan bilih baralik deul, pilahirna GEUSAN OELOEN, noehoen ka GOESTI ALLAH, dikadarkeun oerang moeloes djeung rahajoe, djeung koela bangēt tarima, tina kabelaan Aki.

99. Djeung sabatoer noe tlloeon, boemelana pada naroehkeun pati, mangsa bodo Anoe Agoeng, noe pinaléseunana, ka opatan noe geus ngadoe taroeng poepoeh, dipaparin kaenggoelan, leupas tina baja pati.

DANGDANGGOELÁ.

100. Toenda heula noe keur boengab galih, GEUSAN OELOEN reudjeung HARISBAJA, sasat keur oleng-panganten, beurang peuting díroeboeng, koc sadaja ais-pangampih, pada moengpoeng kasoekan, ajeuna katjatoer, GIRILAJA sadatangna, noe njaroesoel baladna para pradjoerit, anoe njoesoel garwana.

101. Marioendjoek salampahna tadi, njoesoel rai RATOE HARISBAJA, doegi ka watés Tjirébon, geus meh bae kasoesoel, estoe sidik rai dipaling, koe Boepati Soemédang, ditjandak ka goenoeng, poerwa hēnteu tēroes kēbat, reh didjagi ngantos lami taroeng djoerit, djeung kapēténganana.

102. Gantjangna teh njaoer Kjai Patih, dawoehanna PANGRAN GIRILAJA, bapa Patih ajeuna teh, oerang montong rek goegoep, énja oge sidik dipaling, Nji RATOE HARISBAJA, koe si GEUSAN OELOEN, tangtoe énggeus di Soemédang, tapi oerang koedoe njaho masing sidik, 'na di mana tjitjingna.

103. Ladjéng bae ngawalonan Patih, maksoed abdi bade ngadjoeroengan, noe roepi dagang pepelek, nja eta bade njamoer, di ditoea oelah katawis, bade milih abidna, noe bade didjoeroeng, koe GIRILAJA kamanah, pilahirna rémpoeg pisan bapa Patih, gantjang bae pillampah.

104. Sanggeus kitoe toeloej bae Patih, njiar anoe beunang di pèrtjaja, gantjangna geus meunang bae, doa djalma geus ladjoé, ka Soemédang lakoena dèmit, saroepea anoe dagang, dagang laeok laeok, lajoer pepetek djeung péda, teu katjatoer di djalanna énggeus nèpi, datangna ka Soemédang.

105. Dina pasar dagang wara-wiri, teu katangen jen eta oetoesan, ajeuna gantjangna bae, HARISBAJA, katjatoer, sasoempingna di djero poeri, tatjan angkat angkatan, ka raka mihatoer, hojong tingali di Pasar, ladjeng angkat pirang-pirang anoe ngiring, énggeus soemping ka pasar.

106. Geus tinangtoe pasarna teh leutik, toeloej ngidèr ningali dagangan, beh anoe dagang pepetek, djeung roepa laeok laeok, HARISBAJA manahna éling, di Tjirèbon hargana, eta laeok laeok, toeloej mariksa hargana, hidji péda pihatoerna gènèp doeit, bangèt kaget manahna.

107. HARISBAJA kaget djeung ngalahir, bangèt teuing dimahalkeunana, kami njaho di Tjirèbon, hargana laeok laeok, lamoen hidji péda sadoeit, ladjeng andjeunna angkat, ajeuna katjatoer, anoe njamar dagang péda, narendjona ka Nji Poetri énggeus sidik, njai eta noe diteangan.

108. Toeloej bae goera-giroe indit, teu katjatoer lakoena di djalana, djol geus datang ka Tjirèbon, toeloej bae ngadjoegdjoeg, ka boemina Kial Patih, djeung pada aroendjoekan, salakoena oentoeng, estoe kabèneran pisan, tatjan lila di djalanna geus djol soemping. Njai Poetri ka pasar.

109. Poegoeh oge waktoena satadi, rea djalma geus pada tarérang, ka RATOÉ HARISBAJA teh, geus pèrtela mihatoer, eta doa oetoesan tadi, dibawa ngadeuheusan, ka djero kadatoen, djoendjoekkeun titih pisan, sanggeus tamat koe GIRILAJA ka galih, toeloej mindél sakédap.

110. Sanggeus kitoe milihah ka Patih, bapa Patih geura parentahan, kapètèngan pradjoerit teh, toeloej bae ngaroeroeg, ka Soemédang sabab geus sidik, HARISBAJA ajana, toeloej bae tèm-poeh, masing sanakta, gagaman, Soemédang teh wantoening nagara leutik, sadjongdjongan ge bédah.

111. Tapi oerang leuwih hade titih, GEUSAN OELOEN disoeratan heula, ditanja sakarèpna teh, naha karèpna taloek, djeung njang-gakeun deui Nji Poetri, lamoen niat ngalawan, geus tangtoe di-

témpoeh, oelah sambat kaniaja, moal boeroeng hangke ranehna disiksik, keur hakaneun boeaja.

112. Ti dieu noe mawa soerat tadi, tjampoer bae djeung balad noe rea, montong baréng datangna teh, balad mah koedoe toenggoe, sabalikna oetoesan tadi, noe mawa soerat tea, moen si GEUSAN OELOEN, teu talok séréh bongkokan, toeloelj témpoeh sing datang ka hoerak-barik, saeusining Soemédang.

113. Ngadagona oelah djaoeh teuing, tina sisi dajuehna Soemédang, soepaja teu meunang tempo, pikeun njoempoet maroeboes, GIRILAJA tamat ngalahir, toeloelj Patih marentah, noe baris ngaroeroeg, gantjangna djoeng pada 'nangkat, teu katjatoer didjalanna geus narépi, ka pangrandéngan teu.

114. Suharita djalan leutik roempil, gédena ge ngan oekoer sata-pak, ngan anoe rada rata teh, toeroet sisi Tjimanoeuk, geus ti dinja balad pradjoerit, mapaj tjai ka girang, sisina Tjimanoeuk, millhan noe rada lempar, ka Tjipeles moemana geus narépi, di dinja manggih lempar.

115. Toeloelj mapaj ganti sisi tjai, énja eta Tjipeles ka girang, ti dinja balad² teh, kandég koe Goenoeng Batoe, noe rarenges loehoer ngadingding, kabéh pada naréba, ngeureunan loemakoe, pada njeun pamondokan, sakadarna pernahna di sisi tjai, pada ngasokeun badan.

116. Marondokna kakara sapeuting, doemadakan meh kabéh moeriang, rea noe ngadadak paeh, toeloelj pada pahiboet, sakoeatna pada arindit njarinkahna ti dinja, bari malitjatoer tangtoe ieu teh gogodan, tah ti dinja anoe népi ka kiwari, diséboet ngaran Godang.

117. Kotjap anoe mawa soerat tadi, teu ngarandég téroes ka Soemédang, toeloelj disanggakeun bae, soerat ka GEUSAN OELOEN, geus diaos oengéling toelis, henteu kaoengél pandjang, tapi énggeus tangtoe, koekoeh atawana pasrah, tjaritakeun ka noe mawa soerat kami, GEUSAN OELOEN dawoehna.

118. Ajeuna mah maneh geura balik, heg bedjakeun ka si GIRILAJA, beurang peuting 'ge didago, lamoen niat ngaroeroeg, tanda énja anak lalaki, montong rek ngadoe balad, koe kami ditoenggoe, oetoesan teh geus bral moelang, katjatoerkeun ki SAJANGHAWOE tjaringtjing, sareh gens meunang bedja.

119. Ti Tjirbéon geus datang pradjoerit, noe rek némpeoh nagara Soemédang, tapi ajeuna ngadago, di dinja kararoempoel, kapéténgan

para përdjoerit, ki SAJANGHAWOE kotjap, toeloj bae njamoer, neang anoe ngoempoel tea, manehna teh ngadjadikeun aki-aki, anoe geus ripoeh pisan.

120. Katjatoerkeun geus gok bae panggih, balad Tjirbon noe keur ngoempoel tea, pok nanja SAJANGHAWOE teh, naha mana ngaroempoel, lëbah dieu tëmplat noe soeni, naha teu nareangan, noe deukeut ka lëmboer, diwalon koe wadya balad, jamoen aki teu njaho di ieu kami, sabatoer wadya balad.

121. Ti Tjirëbon noe rek nëmpoeh djoerit, rek ngëkësëk pangeusi Soemëdang, sina boerak-barik kabeh, komo si GEUSAN OELOEN rek diwëdjëk djeung didjédjéwing, kadenge aromongna koe ki SAJANGHAWOE, toeloj indit lalaoenan, SAJANGHAWOE leumpangna teh api², ripoeh rarampajakan.

122. Koendang iteuk koe awi sapasi, sanggeus djaoeh ti noe ngoempoel tea, toeloj gagantjangan bae, marëk ka GEUSAN OELOEN, troes oendjoekan salakoe tadi, jen ratoesan baladna, ti Tjirëbon ngoempoel, goegnendoekan têngah djalan, djeung manehna njamoer djiga aki², djeung barina tatanja.

123. Aromongna wadya balad tadi, kaemijoekkeun taja noe kallwat, GEUSAN OELOEN mindël bëngong, pamikir SAJANGHAWOE, Goestina teh Soemëlang galih, SAJANGHAWOE oendjoekan, agoeng nja panoehoen, montong rek Soemëlang manah, rehing bade oerang teh direroeg djoerit, koe balad GIRILAJA.

124. Nadjan tambah baladna përdjoerit, asa teu gimir boeloe salambar, dikëtroëkkeun sa Tjirëbon, bareto noe njaroesoel, geuning kabeh malaboer miris, abdi nëda djadna, soemëdja ditëmpoeh, noe bade ngaroerog tea, oelah kantos ka dieu aja noe nëni, sina kaboer baroerak.

125. Pilahirna GEUSAN OELOEN Aki, koeu hanteu alang-koe-mapalang, nja përtjaja ka Aki teh, ngan koedoe mawa batoer, oerang koedoe lakoe djeung titih, da njanangan mah nista, tjatoer SAJANGHAWOE, sinarëng gadoeh panëdja, hade mëlak handjoelang djadi përtawis, ahdi teh nja goemëlar.

DOERMA.

126. Oenamina eta teh tangkal handjoelang, katingali koe Goesti, araloem daoenna, atawa paeh pisan, eta teh djadi përtawis, kasoran përang, moesoeh noe oenggoel djoerit.

127. Tapi lamoen handjoeang teh bélégrén, montong soemélang galih, oelah koerang djad, abdi masih goemélar, SAJANGHAWOE njémbah indit, njiar handjoeang, teu lila énggeus manggih.

128. SAJANGHAWOE mélakkeun tangkal handjoeang, reudjeung diati-ati, teu aja noe ningal, di aloen-aloen pisan, wantoening keur lakoe démit, geus kitoe mangkar, baris mapag ngadjoerit.

129. Diбарéngan koe batoer 'iloeanana, pada dangdanan djoerit, nja eta NANGGANAN, rawoeh Ki KONDANGHAPA, TERONGPEOT kitoe deuih, geus bral mariang, datang ka oeroet tadi.

130. Katjatoerkeun geus prak bae taroeng pérang, teu silihtauja deul, djalma noe opatan, dihoeroep koe ratoesan, tapi hénteu pisan singsir, nadjan opatan, pada maraték adji.

131. Wédoek banjoe kabédasan hallmoenan, moen dikadek satjat. Ipoet saharita, sakitoe djadjatenna, balad Tjirébon manéh, noengtoetan loempat, mulahoer boerak-barik.

132. Boerakna teh ngidoel ngoelon ngaler ugetan, hantén bae dibéhrik, opat kapéténgan, SAJANGHAWOE NANGGANAN, djeung anoe doean deul, énggeus papisah, moesoehna dibéhrik.

133. Doea tiloe poé harita pérangna, pada tatjan haralik, kotjap ki NANGGANAN, pangheulana molangna, toeloej oendjoekan ka Goesti, lakoena pérang, moesoehna kabor nitris.

134. Mariksakeun Aki SAJANGHAWOE mana, walonna doeka Goesti, sareh pipisahan, waktos ngalawan pérang, tiloe dintén tiloe wéngi, teu pisan tépang, djadjah pada ngadjoerit.

135. Pilahirna GEUSAN OELOEN ka NANGGANAN, soegan katémpeoh djoerit, walon ki NANGGANAN, doeka Goesti di manangan batoer noe doea deui, radjeun katingal, dina waktos ngadjoerit.

136. GEUSAN OELOEN ngadangoe hatoer NANGGANAN, bangét manahna sédih, djadi di manahna, Ki SAJANGHAWOE tiwas, ngan eta andélan djoerit, ajeuna tiwas, 'na rek koemaha deui.

137. GEUSAN OELOEN njaer RATOE HARISBAJA, pok ngalahir ka ra, eulis oerang tiwas, Ki SAJANGHAWOE tilar, teu timoe ichtiar deui, taja andélan, atoeh tjilaka diri.

138. Taja lian hajoe oerang gantjang ingkah, maroeboes ka noe boeni, walon HARISBAJA, abdi ngiringan pisan, GEUSAN OELOEN njaer Patih, dawoehanana, harajoe bapa Patih.

139. Aradjakan kabeh djalma sanagara, oerang pada arindit, ninggalkeun nagara, hawa saradja-banda, oerang moeboes ka noe boeni, oerang ichtlar, soegan noelak balai.

140. Rehna Aki SAJANGHAWOE katiwasan, maot katilih djoerit, geus taja andélan, kadjabana ti eta, walonna Kial Putih, sadajadaja, ngiring sakarsa Goesti.

141. Katjatoerkeun ti Koetamaja baroedal, nandjak ka leuweung sami, di djaman harita, teu atjan dingaranan, tjara saperti kiwari, nélah ngaranna, Dajeuhloehoer nagari.

142. GEUSAN OELOEN lali kana përdjangdjian, SAJANGHAWOE satadi, geus njeun tangara, tangkal handjoeang tea, oepami masih walagri, montong soemélang, përtawis oenggoel djoerit.

143. Geus broel mangkat sapangeusi Koetamaja, sabogana diringkid, ti dinja përrahna, ka kidoel mengkol ngetan, narandjak di Pasirreungit, téroes ka wetan, sami mareuntas tjai.

144. Ari anoe dinaksoed didjoegdjoeg tea, soekoe goenoeng RANGGANIS, anoe pangwetanna, reh loehoer momonggorna, diséboet koe noe kiwari, nja kaboejoetan, mashoer ka mana-mëndi.

145. Ari eta noe diséboet boeboejoetan, sipatna Batoetjoeri, nangtoeng tjara tihang, kawas ti djaman Boeda, népi ka djaman kiwari, taja robahna, ngadég di poentjak pasir.

146. Gantjangna teh teu katjatoer didjalanna, GEUSAN OELOEN geus soemping, soemélang manahna, reh RATOE HARISBAJA, ngandégna geus doea sasih, waktoe harita, toer njorang djalan roempil.

147. Tapi RATOE HARISBAJA berag pisan, kotjapkeun abdi, pangeusi nagara, sakabeh geus daratang, djeung ngirid saanak rabi, pada bébénah, baris énggonna tjitjing.

148. Hanteu lila geus djadi roepa nagara, nadjan taringgoel roempil, tina kapërloean, geus diatoer ditafa, boemi menak abdi, komo lébétna, pantés boemi boepati.

149. Katjatoerkeun malikan deui tjarita, ki SAJANGHAWOE tadi, keur waktos pèrangna, oenggoel pisan gagahna, moesoehna kaboeur mariris, hantèm dioedag, teu wèleh ngabèbèrik.

150. Kjal SAJANGHAWOE ngarandég ngoedagna, tina katjida teuing, djaoeh ti oeroetna, tadi mimiti pèrang, toeloj hahakan tarik, dagoan Djawa, noeroestoendjoeng djédjèrih.

SINOM.

151. Eta djadi sasakala, oeroet SAJANGHAWOE tadi, hahaka i ka moesoehna, noe dioedag maboer miris, nérina ka kiwari, aja lémboer disarèboet, ngaranna Dago-Djawa, pitjatoeran nini aki, di Soemédang mashoer kitoe riwajaina.

152. Ngébatkeun ieu tjarita, ki SAJANGHAWOE teh tadi, ngarandég eureun di dinja, koe manehna teh kapikir, ajeuna anggoer balik, tanpa goena sèdih kalboe, sakieu dihaakan, taja anoe balik deui, ti dinja teh SAJANGHAWOE téros moelang.

153. Bari neangan batoerna, dipapaj dilik-lik, dina oeroet taroeng pèrang, bari gégèroan tarik, bari dilik-lik, ka noe boeni ka noe singkoer, pikirna palangsiang, pada kasasar ngadjoerit, hantèm njaksrak djeung bari bingbang pikirna.

154. SAJANGHAWOE henteu njangka, jen batoerna geus baralik, panjangkana katiwasan, soegan lajonna kapanggih, djeung dihantèm disoengsi, di noe boeni di noe singkoer, sanggeus wèleh reangan. SAJANGHAWOE datang pikir, leuwih hade kani gartjang hae moelang.

155. Tina geus wèleh neangan, rek dioendjoekkeun ka Goesti, toeloj SAJANGHAWOE mangkat, henteu wèleh alak-lik, ka kana djeung ka kiri, nja eta ngilikan batoer, bari djeung gégèroan, gantjangna bae geus nèpi, kaget bengong ningal dajeh Koeta naja.

156. Kageteun kabina-bina, pikirna teh asa ngimpi, djeung nendjoan imah², kosong sépi roentang-ranting, taja djalma sahidji, alak-lik ngaler ngidoel, toeloj DJAJAPERKOSA, ingéteun djangdjina tadi, énggeus njeun tatanda tangkal handjoeanz.

157. Ti dinja toeloj diteang, ieu lila geus oeh kapanggih, eta teh tangkal handjoean, bélégèran hiroep hoerip, ti dinja teh kapikir, tajohna teh GEUSAN OELOEN, ieu ningali handjoean, teu ngandéleun kana djangdji, abong² ka djalma bangsa oerakan.

158. Manehna datang pikiran, kakara manehna indit, nendjo oeroet djalma boedal, mapaj ka kanan ka kiri, taksiranana sidik, pang kosong pada maroeboes, paranna ngidoel ngetan, hantem dipapaj disoengsi, djeung papanggih djalma anoe lalar-liwat.

159. Ti dinja meunang tjarita, di goenoeng geus ngadeg nagri, noe boedal ti Koetamaja, beuki lila beuki sidik, ti dinja ganti pikir, SAJANGHAWOE datang napsoe, leumpangna beuki gantjang, teu karasa djalan roempil, katjatoerkeun ka Dajeuh Loehoer geus datang.

160. Toeloj bae ngadeuheusan, GEUSAN OELOEN eukeur tjalik, dideuheusan koe batoerna, GEUSAN OELOEN kaget galih, barang ret katingali, toeloj digoepaj disaoer, kotjap djol ka pajoenan, lahirna bagea Aki, SAJANGHAWOE toengkoel henteu ngawalonan.

161. Ngan toeloj bae oendjoekan, koe naon margina Goesti, mana ngallh ti nagara, ka noe loehoer ka noe soeni, djeung saktieu raroempil, pilahirna GEUSAN OELOEN, nja dalah dikoemaha, ichtiar salamet diri, mending moeboes ti batan badan tjilaka.

162. Sanggeus koela meunang bedja, jen Aki kasamboet djoerit, teu aja deul andelan, kadjaba Aki pribadi, toeloj bae ngagidir, awakna ki SAJANGHAWOE, djeung bari pjoendjoekna, kapan abdi teh geus djangdji, njeun tawis tatanda tangkal handjoeng.

163. Oepami eta handjoeng, noe didamel tawis tadi, roeboeh atawana perang, komo moen paeh sakali, eta pertawis abdi, katoran paeh koe moesoeh, tatapi kaget pisan, bareng dongkap beh kapanggih, beh ditingal nagara geus boerakrakan.

164. Bëngong bae sadjongdjonan, teu aja djalma sahidji, koe hajang nanja sababna, dajeuh kosong roentang-ranting, ti dinja datang pikir, boa handjoeng teh roeboeh, toeloj bae diteang, bareng beh estoe walagri hanteu robah hiroep bëlëgeran pisan.

165. 'Na koemaha katingalna, koe Goesti waktue satadi, GEUSAN OELOEN pilahirna, kami nja poho teh teuing, djeung kaboeroe kapanggih, djeung batoer Aki noe tiloe, noe tadi babarëngan, ti dieu rek mapag djoerit, sadatangna koe kami gantjang ditanja.

166. Aki SAJANGHAWOE mana, mana henteu bareng balik, pihatoer Aki NANGGANAN, soemoehoen doedoeka Goesti, reh tiloe opat wëngi, abdi henteu pisan tepoeng, dina samemeh moelang, sarëng batoer disaroengsi, di lalahan dina oeroet perang tea.

167. Ieu koe batoer tiloan, wéleh bae teu kapanggih, manawina katiwasan, paeh katitih koe djoerit, bangkena disamboeni, saakal-akalna moesoeh, kami teh kaget pisan, bangét nja ngahélas ati, ngalénggérék saroepe anoe kasima.

168. Leungit pikiran ichtiar, sarehing teu aja deui, anoe didjleun andélan, kadjaba Aki pribadi, ti dinja datang pikir, anggoer goernagirbe moeboes, ngingétkeun santosana, moesoeh noe garagah sakti, tangtoe pisan ngaboeroe ka Koetamaja.

169. Harita teh Ki NANGGANAN, aja di pajoeneun Goesti, ti dinja DJAJAPERKOSA, napsoe awakna ngagidir, ngédjat djeung njaboet badi, djeung ngarontok bari noemboek, nêwékan Ki NANGGANAN, geus teu bisa hoedang deui, Ki NANGGANAN toeloej paeh babar pisan.

170. GEUSAN OELOEN djéngkar ngédjat, djeung ladjéng ngoentjikeun boemi, ajeuna noe katjarita, Aki SAJANGHAWOE indit, kawas anoe teu eling, bari ngomong toeroen tjadoe, watés ieu ngawoela, moal rek ngawoela deui, noe boemela henteu pisan katarima.

171. Sakieu nja ngabelaan, sosoroh ngalaboeh pati, anggoer ngaogoe NANGGANAN, manoesa bohong djédjérij, ngomongna bari tjeurik, bari leumpangna teh ngidoel, ieu teh panganggeusan, moal rek ngawoela deui, ka doenoengan noe teu boga panarima.

172. SAJANGHAWOE bari leumpang, ngawah napsoe liwat saking, majitna Aki NANGGANAN pinoeh kabaloer koe gélih, kabeh pada tjareurik, reudjeung pada ngagoegoeloeng, noe araja di dinja, geus teu katjatoerkeun deui, Ki NANGGANAN majitna geus dikaloat.

173. Ari Ki DJAJAPERKOSA, tonggoj atna teh sédih, tapi henteu katjarita, manehna méréhah tjitjing, ngan tajohna teu pati, djaoehna ti Dajeuh Loehoer, samalah katjarita, wasiatra wanti-wanti, talatahna ka sakoer anak-intjoena.

174. Pokna lamoen aing adjal, toeroetkeun pamenta aing, koeboer deukeut kaboejoetan, rada beh kaler saeutik, djeung mangke majit aing, dikoeboerna sina dioek, oelah sina nangkarak, sabab aing henteu soedi, njanghoeloean ka lèbah oeroet doenoengan.

175. Sarehna ti Kaboejoetan, ngaler ka koelon saeutik, kana palèbah boemina, doenoenganana noe tadi, djeung talatahna deui, papagon ka anak intjoe, lamoen mangke daratang, djarah ka koeboeran aing, papatjoean oelah make tjara Djawa.

176. Anoe kaséboet batikan, totopong atawa samping, karembong djeung salianna, anoe kangaranan batik, koe sabab aing idjid, ka Djawa Tjirébon moesoeh, saha anoe ngamaha, ka teu papagon aing, seg rasakeun mangke aja babalésna.

177. Nēpi ka djaman ajeuna, tara aja anoe wani, lamoen djarah ka makamna, Aki SAJANGHAWOE tadi, make ka ngaran batik. Koedoe bangsa noe ditinoen, tapi djaman ajeuna, noe daratang menak koering. lain djarah ka makam DJAJAPERKOSA.

178. Makamna DJAJAPERKOSA, ropana estoe pasagi, teu siga makam noe rea, tētēngerna ge ngan hidji, babasan malawading. tanda dikoeboerna dioek, saktioe tjaritana, Aki SAJANGHAWOE tadi, teu katjatoer aja toeroen-manoeroenna.

DANGDANGGOELA.

179. Katjatoerkeun noe keur pada sédih, GIRILAJA rawoeh ponggawana, saeusi nagri Tjirébon, rehna geus kapioendjoek, koe baladna para pērdjoerit, noe kakara daratang, maréntas ngaroeroeg, ngaroeroegan Koetamaja, noe hariroep pada malaboer mariris, noe paeh pirang-pirang.

180. Koe GIRILAJA énggeus kagalih, nadjan hantēm njeun tatamplokan, koe sapangeusi Tjirébon, Koetamaja diroeroeg, nadjan oentoeng tapi kagalih, njeun tjoea manahna, nadjan geus karéboet, tapi eta HARISBAJA, nadjan geulis reh papisah énggeus lami. ajana di noe lian.

181. Moal pégat mangke tjoea galih, HARISBAJA masih tédak SOENAN, lain awewe noe hade, lakoena hina noesoed, wani tega tinggal salaki, hina taja kawirang, GIRILAJA njaoer, ka anoe ngadareuheusan, praponggawa rawoeh Pangoeloe djeung Patih. dawoehan GIRILAJA.

182. Ajeuna mah koe kami kapikir, moal owél koe si HARISBAJA, awewe noe goreng hate, ngan ingét ka SINOEHOEN, di Mataram anoe maparin, ngaranna ge gandjaran, ti KANGDJENG SINOEHOEN, pērtanda kami kamanah, koemawoela ngaranna pangkat Bopati, tanpa raos katjida.

183. Lamoen hēnteu kami goesak-gasik, teu oendjoekan sakoer kadjadian, soemélang meunang bébendon, siga teu sēmbah noehoen, gandjaranna hanteu dipoesti, toer eta HARISBAJA, alona SINOEHOEN, noe ngadeuheus baréng njémbah, djeung taroengkoel atina pada sarédih, wélaseun ka Goestina.

184. Pihatoerna Pangoeloe djeung Patih, kasinggihan pisan sadawoehan, awon teu kacendjoek bae, oengélna kitab hoekoem, ménggah lampah djalma Moeslimin, oepami awewena, ka saiaki noesoed, nadjan sabraha lilana, lamoen hanteu ditalak mah koe salaki, masih tétép tikahna.

185. Pilahirna ka Kial Patih, ajeuna mah rek oendjoekan heula, Patih geura milih bae, djalmana anoe tjoekoep, baris mawa soerat ti kami, ka SINOEHOEN Mataram, sina téroes ladjoe, moelangna mawa wangsoelan, gantjangna teh noe mawa soerat geus indit, teu kotjap di djalanna.

186. Ka karaton Mataram geus népl, sadatangna aja anoe namna, eta oetoesan Tjirébon, kacendjoek ka SINOEHOEN, djeung soeratna bawana tadi, geus diaos soeratna, koe SOENAN kamaphoem, kanténan ngangrès galihna, gantjangna teh oetoesan Tjirébon tadi, geus ditimbangan moelang.

187. Koe SINOEHOEN sarta dipaparin, doea soerat bawaeun manehna, keur ka Boepati Tjirébon, oetoesan téroes ladjoe, ka Tjirébon geus datang deul, énggeus tangtoe moelanan, lampah moelang-wangsoel, kébatna leu tjarita, gantjangna teh doea soerat geus katampl, koe PANGRAN GIRILAJA.

188. Ma'loemna teh soerat anoe hidji, noe toedjoel ka PANGRAN GIRILAJA, jen SINOEHOEN geus mangartos, njeun nganggrésna kalboe, pilahirna montong dipikir, tangtoe papasten tea, ti ALLAH noe Agoeng, djaba kitoe eta soerat, anoe hidji deul nja soerat ti kami, kirimkeun ka Soemédang.

189. Toeloej njaoer Pangoeloe djeung Patih, pilahirna PANGRAN GIRILAJA hade Pangoeloe koe maneh, mawa soerat SINOEHOEN, oetamana maneh pribadi, mérloekeun mawa kitab, fasal bangsa hoekoem, lamoen GEUSAN OELOEN Islám, koedoe toeroet sa-oengéling hadís dalli, anging moen masih Boeda.

190. Gantjangna teh Pangoeloe geus indit, ti Tjirébon ka Nagri Soemédang, djadi tambah soesahna teh, koedoe nandjak ka Goenoeng, seseleket djalanna roempil, harita mimitina, ngaran Dajeuh-Loehoer, toeloej bae ngadeuheusan, gantjangna teh koe GEUSAN OELOEN ditampl, reh geus loma tadina.

191. Toeloej bae soerat SOENAN tadi, disanggakeun sanggeusing katjandak, koe GEUSAN OELOEN diaos, saoenina ka mafhoem,

pandjang teuing lamoen diwintjik, hal RATOE HARISBAJA, ka salaki noesoed, oelah djadi papandjangan, ajeuna mah koe maneh tikah sakali, tapi beuli talakna.

192. Koe Pangoeloe disamboengan deui, koe pitoetoer saoenining kitab, koe GEUSAN OELOEN kahartos, toeloelj bae ngadawoeh, ka Pangoeloe koela geus ngarti, arek badami heula, djeung sabatoerbatoer, ti dinja salasaoeran praponggawa Pangoeloe reudjeung Papatih, tjindékna geus koempoelan.

193. GEUSAN OELOEN milahir ka Patih, bapa Patih koedoe saraksian, rawoeh Pangoeloe Tjirëbon, sarehna koela ngingoe, istri anoe boga salaki, Nji RATOE HARISBAJA, ka salaki noesoed, geus ninggalkeun salakina, teu poeroeneun manehna teh balik deui, hajang tètëp di koela.

194. Ti ajeuna kaola teh djangdji, saraksian koe sakoer noe aja, rawoeh Pangoeloe Tjirëbon, reh HARISBAJA noesoed, tanpa pamit tuggal salaki, saajeuna manehna, noe masih kakoeroeng, koe tikahna GIRILAJA, mambrih lëpas tina tikahna salaki, rek dibeuli talakna.

195. Tapi lain dibeull koe doeit, dibeulina nja eta koe tanah, ti Soemëdang ngetan-ngaler, kidoel sirah Tjiloetoeng, toeroet sisi waloengan tjai, nëpi ka moearana, tëpoeng djeung Tjimanoeck, ngaler tëroes ka sagara, satadina watës tanah tapiswring, Tjirëbon djeung Soemëdang.

196. Ti kidoelna ti watës Tjikidjing, ngaler nandjak ka Goenoeng Tjirëmaj, tëroes ka Goenoeng Koromong, ngaler tëroes ka laoet, mengkol ngoelon sisi basisir, ti koelon sapandjangna, Tjiloetoeng, Tjimanoeck, ningal boektina ajeuna, eta tanah pameuli talak noe tadi, nja eta Madjalëngka.

197. Saafdeeling anoe lima district, kitoe tjatoer riwayat Soemëdang, kotjap Pangoeloe Tjirëbon, tina geus hasil maksoed, toeloelj bae pamitan balik, teu kotjap di djalanna, ajeuna katjatoer, GIRILAJA ngadagoan, ngarëp-ngarëp teu pëgat beurang djeung peuting, Pangoeloe teh datangna.

198. Pangoeloe teh tadi memeh indit, ti Tjirëbon ka nagri Soemëdang, bangët atina teh sëber, mikir njampeurkeun moesoeh, rasana teh sosoroh pati, tapi ari djadina, katangan moedjoer, saroea djeung oenggoel përang, alahbatan ngaroëboeng ngabojong Poetri, Pangoeloe teh rasana.

199. GIRILAJA harita keur lirgguh, ret ningali Pangoeloe djol datang, kalangkoeng manahna kaget, bêngong ningal Pangoeloe, Pangoeloe teh njêmbah ngabakti, gantjangna dipariksa, toeloej kaploendjoek, dina salakoe-lampahna, ka Soemêdarg nêpi kana ninggang hasil, nja eta kanoegrahana.

200. GIRILAJA bangêt soeka galih, meunang tanah sakitoe lègana, tambah djadjahan Tjirèbon, tina kaliwat moedjoer, toeloej bae Kiai Patih, ngoempoelkeun ponggawana, di pajoeneun RATOË, gantjangna teh didawoehan, sakabehna tjara noe disêboet tadi, Tjirèbon tambah lèga.

201. Sigeug anoe eukeur soeka galih, GIRILAJA awit mangguh doeka, sareh garwana ngalolos, saajeuna geus lipoer, sakoemaha kasêboet tadi, doeka gantina soeka, tjatoerna pitoetoer, ajeuna noe katjarita, GEUSAN OELOEN geus têtêp soegema galih, ngagarwa HARISBAJA.

202. Aja anoe katjatoerkeun deui, RADEN EMAS PANTJAWARA tea, noe tinggaleun di Tjirèbon, geus lila toeloej njoesoel, ka rakana noemoetkeun ngalih, harita HARISBAJA, geus di Dajeuh-Loehoer, PANTJAWARA mangguh gènah, boemen-boemen têtêp hênteu moelih deui, malah tédak toemédak.

203. Aja anoe dibalikan deui, RATOË HARISBAJA sasoempingna, ka Soemêdang eukeur bobot, sabarita ka sêboet, ngandégna teh geus doea sasih, tina geus rada lawas, djadi ninggang waktoe, itoengan noe ngandég tea, ladjèng babar wiloedjèng anoe pinanggih, djeung pamégat poetrana.

204. GEUSAN OELOEN langkoeng soeka galih, kitoe deui RATOË HARISBAJA, dimongmong moerangkalih teh, anggépna GEUSAN OELOEN, pangraosna poetra pribadi, mangke dina ageungna namina disêboet, RADEN SOERIADIWANGSA, katjarita GEUSAN OELOEN lami-lami, poetraan baranahan.

205. Ari poetra noe sêpoeu pribadi, énja eta poetra HARISBAJA, di ahirna noe ngagéntos, kang rama GEUSAN OELOEN, kaloenggoehan djadi Boepati, noeroen djénèngannana, nja eta disêboet, PANGRAN KOESOEMAHDINATA, énja eta ngaganti djadi Boepati, sawapatna ramana.

206. Lambat-lambat djoemênèng Boepati, GEUSAN OELOEN nêpi ka sêpoeuna, katjatoer tjindékna bae, GEUSAN OELOEN teh

poepoes, doegi adjal di djaman lahir, nja kitoe HARISBAJA, katjatoer geus poepoes, teu padjaeoh ti rakana, ninggang kana basa awet laki rabi, nēpi kapanganggeusan.

ASMARANDANA.

207. Makam GEUSAN OELOEN tadi, rawoeh makam HARISBAJA, teu padjaeoh tēmpatna teh, saban aja anoe djarah, gampang ka doeanana, oeroet kota Dajeuh Loehoer, nja eta di dinja pisan.

208. Ajeuna malikan deui, noeroet oenina sadjarah, garwana GEUSAN OELOEN teh, kakotjapkeun aja doea, disēboet djēnēnganna, nami nji MAS GEDENG WAROE, poetra SOENAN PADA tea.

209. Ti dinja poetraan deui, pamégēt oge poetrana, anoe mangke achirna teh, anoe ngaganti rakana, Boepati di Soemēdang, dina sadjarah disēboet, PANGRAN RANGGA GEDE tea.

210. Poetra GEUSAN OELOEN tadi, noe aja dina sadjarah, hēnteu dikotjapkeun kabeh, tatapi tēdak-toemēdak, rea pisan roedajna, ieu mah anoe ditjatoer, ngan eta bae noe doea.

211. Ari rakana noe tadi, noe ti RATOE HARISBAJA, teu lila djoemēnēngna teh, mitoeroet tjaritaan mah, wapatna di Mataram, keur seseba ka SINOEHOEN, djeung ninggalkeun doea poetra.

212. Doeanana poetra istri, hēnteu moelang ka Soemēdang, tangtoe aja roendajna teh, sareh PANGERAN Soemēdang, kotjapna di Mataram, diplasih koe SINOEHOEN, kongas kagagahanana.

213. Dalah nēpi ka kiwari, hēnteu pēgat tjaritana, djeung kasēboet makamna teh, di desa Bēmbēm ajana, rea noe pada djarah, koe oerang dinja disēboet, makamna ka-Soemēdangan.

214. Rea pangagoeng tingali, di Solo reudjeung di Djogdja, eta PANGRAN Soemēdang teh, wapatna nja di Mataram, nalika djaman koena, eta riwayat saestoe, pantēs lamoen dipertjaja.

215. Ajeuna malikan deui, Boepatina di Soemēdang, Kangdjēng PANGRAN RANGGA GEDE, geus poetraan baranahan, djeung lami djoemēnēngna, ngalihna ka Dajeuh Loehoer, ka wetaneun Koetamaja.

216. Nagarana sisi tjai, lëga lempar lalahanna, kakoerilingan Tjipeles, rapët ka kota ajeuna, sabeulah kaler-wetan, malah ka-toeng kaasoe, sisina kota ajeuna.

217. Ajeuna mallkan deui, soepaja sakabeh tërang, satrati babad Tjirëbon, teu bisa ladjoe djalanna, koeloneun lëmboer Godang, kapëgat koe Goenoeng Batoe, djeung ngadadak maroeriang.

218. Ari Goenoeng Batoe tadi, nja Goenoeng Tjarioe tea, nëpi ka sisi Tjipeles, sakoeloneun lëmboer Godang, dalah djaman ajeuna, koe djëlëma disarëboet, jen sangët loba djoerigna.

219. Malah-malah geus kaboekti, tjaritana noe ajeuna, dina sawaktöe bareto, taen lima poeloeh doea, baris didjieun djalan, mimiti ti Karang-samboeng, anoe tëröes ka Soemëdang.

220. Tatapi teu koengsi djadi, dina samangsa harita, timbanganana Goepërmen, teu atjan përelöe pisan, tatapi di taenan sareboe dalapan ratoes, djeung toedjoe poeloeh salapan.

221. Harita dipadjoe deui, nëoeskeun ngaganti djalan, ncé ti Tjohggeang ka Tomo, diatoer koe Watersëtlat, noeroet djalan baheula, nJORANG ka Goenoeng Tjarioe, deukeut lëmboer Godang tea.

222. Nagarana sisi tjai, lëga lempar lalahanna, ajeunana Tëgal-kalong, rapët ka kota ajeuna, sabeulah kaler-wetan, malah kaitceng kaasoe, sisina kota ajeuna.

223. Watës ieu noe digoerit, ari babad Soemëdang mah, djadi masih pandjang keneh, ari ieu babakoena, soepaja pada tërang, asal tédak GEUSAN OELOEN, ieu babad digoeritna.

224. Beunang Dalëm Adipati, Aria Martanagara, pangarang ieu babad teh, minangka njeun poesaka, tingaleun poetra-wajah, ngajoeh barkating loeloehoer, tédak-toemëdak Soemëdang.

225. Pepeling tamat ngagoerit, ngarang babadna Soemëdang, noedjoe dina dintën Sënen, boelan Februari tanggal, gënëpwelas tahöenna, sareboe salapan ratoes, doea poeloeh di Soemëdang.


39. DAJEUH MADJAPAIT.

Kawas sakoer bangsa oerang mah moal pati aja noe bireuk, jen djaman baheula di Poelo Djawa, aja hidji karadjaan Djawa-Hindoe anoe gède kablna-bina, katjeloek ka awoen², kawentar ka mantjanagara, nja eta karadjaan Madjapait; bawahanana gède moal sabarana, leutik moal sabaraha, ti kapoeloan Hindia-Wetan ajeuna.


Dajeuhna eta karadjaan ngaranna Madjapait oge: ajana teu pati djaoeh ti dajeuh Modjokerto ajeuna, kira² lèbah desu Troewoelan. Eta dajeuh diadégkeunana dina taohen 1294 koe Pangeran WIDJAJA, anoe di achir djoemèneng radja di dinja, wawanglna Radja KERTARADJASA. Dajeuh Madjapait téroes-toeméroes djadi dajeuh karadjaan népi ka taohen 1400; ti sémét harita dajeuh karadjaan dipindahkeun, lain di Madjapait. Dina taohen 1365 noe djoemèneng radja di Madjapait, kakasihna HAJAM WOEROEK, nja andjeunna radja Madjapait anoe pangmashoerna kaagoenganana. Di Madjapait aja pirang² aloen², loba tjandina djeung rea karaton². Tapi noe ajeuna aja keneh patilasanana ngan: Wringin Lawang djeung Badjang Ratoe; Iian ti eta patilasan tjandi-tjandina, nja eta Tjandi Kèdaton, Tikoes, Brahoe d. s. t.

Kabeh-djeunakeun, lantaran kersana Kangdjéng Dalém Modjokerto, loba deui patilasan² eta dajeuh anoe kapanggih deui, kajaning: pirang² titlimgsa, oeroet tembok koeta sakoerling dajeuh djeung koeboeran radja-radjana. Eta kabeh diampihan di museum di Modjokerto.

Ari anoe kabawah ka karadjaan Madjapait salianna Poelo Djawa, nja eta: Tambilan ajana di Laoet Tjina beulah kidoel — Siantan djeung Djemadja (Kapoeloan Anambas) di laoet eta keneh — Boengoeran, Sérasan, Soebi djeung Poelo Laoet (Kapoeloan Natoena) di laoet eta keneh — Tioman (Timoan), Poelo Tinggi djeung Pamanggilan atawa Pamanggih (sawetaneun Malaka basisir wetan) — Poelo Karimata (koeloneun Borneo) — Blitong (Bliton) djeung Bangka — Lingga, Rio, Bintan djeung Boelang (Kapoeloan Rio djeung Lingga) — Sambas, Mampawah, Soekadana, Kotawaringin, Bandjarmasin, Pasir, Koetel djeung Berou (Borneo) — Djambi, Palembang, Pasesi (Soematra) — Oedjoeng Tanah (Kaaup Romlia di Malaka) — Bandah (Kapoeloan Banda) — Seram (Ceram) — Larantoeika (Flores) — Rima djeung Soembawa — Salaparang (Lombok) — Bali djeung Balangbangan (Djawa Wetan). Noeroetkeun tjek kaol Djawa loba deui radja² anoe taloek bajar oepéti ka Madjapait, nja eta: Radja Singapoera, Indragiri (Soematra), Broenel (Borneo), Kapoeloan Soeloe, Manila, Ternate, Timor, Ende (Flores), Gowa djeung Makasar (Celebes). Kitoe deui di karadjaan Ménangkébo, teu meunang hén-teu koedoe aja oerang Djawa noe dihadja dipindahkeun ka dinja.



Kantor hitjara, aja eta kantor karésidenan di Batawi.



SI DIAGOER mariën kabaoluetan di Kota-Jurien Batawi

40. ENDOG ANOE ANEH.

Lamoen oerang ngadenge noe njêboetkeun „ëndog”. sok toeloej bae ingêt kana bangsa manoeek, da eta anoe sok ngarëndog teh; tapi salian ti manoeek oge rea deul bangsa sato anoe sok ngarëndog, kajaning: boehaja, oraj, toke, pënjoe, toetoet, bangkong djeung roepa² taga (insecten).

Boehaja ana ngëndog dina sakalina 20 nëpl ka 60 siki, gédena saroea djeung ñndog soang. Bisana mëgar lain koe disileungleuman koe indoengna, tapi koe panasna panonpoë bae.

Ari pënjoe dina sakalina ngëndogna blasana leuwih ti 100 siki; eta ñndog koe manehna sok dikoeboer koe keusik di basisir. Dëmi pëtana: samemeh ngëndog teh ngëdoek keusik heula, njeun logak; toeloej ngëndog di dinja; geus kitoe toeloej disaeuran deul koe keusik, ti dinja leos ditinggalkeun. Djërona eta koeboer ñndog teh nëpl ka 1½ M.

Dëmi akal toekang nareangan ñndog pënjoe pikeun nganjahokeun tëmplat ñndog tea, kieu: Oepama manehna neuleu aja pënjoe keur ngëndog, geuwat nantjêbkeun rokrak di deukeut tëmplat eta; ñngke dimana sipënjoe geus indit ti dinja, gantjang keusik anoe deukeut kana rokrak tea dikoekeuj; mimindëngna ñndog tea sok kapanggih. Ari biasana pënjoe teh ngarëndogna sok ti peuting di sisi basisir. Dina mëñëran tjaang boelan toekang neangan ñndog naroeoeban maneh di basisir, ngawaskeun pënjoe noe rek ngarëndog, soepaja bisa nantjêbkeun tëtëngër tea; djadi dimana noe boga ñndog geus indit, babari neangan tëmplatna.

Endog oraj roepana sëmoe ngënjod, bangoenna lonjod, bisana mëgar koe panasna panonpoë. Aja oge oraj noe sok noemplan ñndogna, sapërti: oraj santja; tah eta mah ñndogna teh disileungleuman koe maneh. Koe noe palintër geus dipariksa, jen dina mangsana njileungleum panasna awak oraj tea tetela nambahan.

Bangsa toetoet, sawareh mah, kajaning anoe gédena nëpl ka 20 c.M., ana ñndogan teh, ñndogna sok sagëde ñndog manoeek garedja.

Ari kana ñndog bangkong mah kawas moal aja anoe bireuk, sarerea oge geus maranggihan, dëmi ahengna eta boeroej, nja eta anakna, bët boentoetan sarta roepana teu harib² ka indoeng ka bapa, mingpër kana laeok. Lila² bidjil soekoe, boentoet tea leungit, nja bleg bae patoet indoeng roepa bapa teh lombong.

Pirang² bangsa sato anoe sok pirang² ñndoganana, kajaning: bangsa laeok, bangkong, koekoepoe, pënjoe d.s.t. Ngan oentoeng bae bët tara mëgar kabeh.

Laoek kabeljauw ngëndogna dina saemoerna hiroep teh népi ka 7 joeta; lamoen éndog sakabeh kabeljauw djeung laoek lianna malégar kabeh sarta hariroep deui népi ka géde, meureum moal lila oge laoet anoe sakitoe légana teh pinoe kabeh.

Oepama kabeh anak-intjoe koekoepoe hidji hiroep kabeh, dina sadjéro tiloe taheen, eta koekoepoe hidji tadi tea, geus djadi 1 000 000 000 (sareboe joeta) koekoepoe; koekoepoe sakitoe reana, eta, bisa mindingan tjahaja panonpoé datang ka moékan hidji kota géde. Hadena joetra² laoek lalémboet, koekoepoe, koeja d.s.t. sok dihakan koe sato sedjen. Djadi alam noe goemélar ieu salliana ngadjaga bae, socpaja oelah aja anoe leuwih tina pérloena.

41. TJINJOESOE OEJAH DI GOROBOGAN.

Di afdeeling Gorobogan (karésidenan Samarang) aja hidji district, ngaranna Kradenan, pakémitanana Koewoe. Hénteu djaoeh ti dinja aja leutak ngaboerial, katélahna Blédoeg. Témplat anoe aja tjinjoesoean tea bangoenna meh boeleud bënëp sapérti cirkel djeung moendjoekoel loehoerna 3 M.; ari straalna eta boeleudan aja satengah pal. Roepana leutak anoe ngaboerial biroe atawa siga timah, sarta salliana inggeung bae djeung heuleut 20 atawa 30 M. poendjoekoel! moendjoekoel kira aja 1 M. mah loehoerna, bélétoek kitoe, leutakna moenggah njébrot. Gas anoe katembongna bodas siga haseup méjtjat-méjtjatkeun eta leutak népi ka aja anoe 5 à 6 M. djaoehna, ana ragrag ninggang kana leutak anoe ngampar tea, térang sorana kadenge koe oerang tinggaréplak. Anoe pang-njatjasna katembongna di doea témplat.

Eta témplat, taneuhna saheubeulna baseuh bae lantaran gas anoe tingbélétoek baritoe tea djeung koe tjai anoe rémbés, sarta teu beunang ditintjak, da béje teuing; koe sabab eta koe djélema² diarakalan sakoerilingna eta moemoenggang make sasag koe awi, mambrih beunang ditintjak keur djalan; ari ka beh téngah mah, soemawonna kana poseurna témplat noe tingpélétoes tea, teu aja noe bisa. Déml eta leutak anoe maloentjrat, eta, taneuh ti loear bae, ari anoe ti djéro mah ngan gas djeung tjai tea bae.

Tjaina rasana asin, sabab aja oejahna. Eta tjai koe oerang dinja sok didjarieun oejah. Ari pétana ngala tjaina kieu: Eta tjai dikotjarkeun kana soesoemoeran, atawa lamoen teu kitoe dikamallirkeun ditandean koe antjak géde noe didjieun koe awi bebekan ditangkarakkeun, djadi tjai teh ngaroempiang dina hebekana; di mana katodjo koe panonpoé tjaina njamboeang djadi saab, noe tinggal ngan oejahna bae dina awi tea; njokotanana oejah disendokan, toeloej didjaroéal. Dina satahoenna teu meunang njeun

oejah leuwih ti 40 000 pikoel. Ari anoe meunang njeun oejah di dinja ngan sapoeloh desa. Ngadjoealna oejah ti dinja ngan kaldinan di addeeling Górobogan bae djeung di sawclara tempat di karésidenan Soerakarta.

42. HAL KAPERTJAJAAN KA DOKTOR.

Oerang Priboemi lolobana tatjan pèrtjaja keneh bae ka bangsa doktor teh, geus poegoeh deui ari tjara oerang lémboer mah noe djaraoeh ka doktor, montong ditjaritakeun deui, moal² atjan njarahoëun jen ari doktor teh watjis kana bab panjakit; sangkaanana meureun ari doktor teh, kitoe bae pangabisana teh saroea djeung doekoen di pilémboeran. Malah loba pisan anoe boga pangira, pangabisana doktor sahandapeun doekoen kampoeng, ana ngoebaran teh tara² atjan didjampean; kawoewoeh deui oerang lémboer teu njarahoëun di ngaranna oebar-oebar anoe dipake koe doktor, naon boa eta teh.

Koe hal eta geus teu ngandél bae oerang lémboer mah ka doktor teh.

Atoeh ari bangsa Priboemi teu palértjaja ka doktor kitoe mah, koemaha pingartieunana kana goenana kasehatan badan, padahal „kasehatan badan teh, eta, hal anoe pangperloe-perloena dina hiroep oerang”. Saha² anoe sehat badan, eta sasat boga modal pikeun meuli kahajangna. Djalma anoe saemoer-oemoer gering bae, eta leuwih sangsara ti batan anoe malarat.

Ari pèta-pètana doktor ngadjalankeun kawadjlban, henteu perloe dipédar di dieu, anoe perloe dietjeskeun teh, eta, koemaha pètana oerang Priboemi dina kataradjang gering, soepaja meunang pi-toeloeng anoe goena keur dirina pribadi djeung bisa narik batoer anoe tatjan ngarandél ka doktor.

Lamoen aja djéléma kataradjang gering, koedoe geuwat ngadeuheus ka doktor; di dinja koe doktor baris dipariksa panjakitna sarta baris dipaparln oebarna anoe matih. Sagala papatah djeung parentah doktor koedoe ditoeroetkeun, karana ngan doktor anoe oeninga bènér kana sabab-sababna eta kasakit, djeung oeninga kana pioebareunana.

Djéléma anoe bisa tjageur deui, netlakeun jen anggahotana geus bérésih deui, teu aja bibit panjakitan. Manehna koedoe iktiar ngadjaga kasehatanana, soepaja oelah népi ka katérap deui panjakit. Démi tarekahna pikeun ngadjaga kasehatan badan teh: kadaharan koedoe hade, papakean moedoe bérésih. Saha² anoe ngalampahkeun kitoe, eta noedoeheun jen manehna ngandél kana pangatoeran doktor. Tah, mana salahna paham doktor dina lébah dinja?

Aja deui anoe përløe ditoerøet teh, nja eta pantrangan ti doktor anoe keur ngadjalankeun kawadjabana, misilna: anoe gëring ngan meunang dahar kaduahan anoe hade bae anoe ditoedoeheun koe doktor, lian ti eta teu meunang. Eta pantrangan teh gawena ngan keur ngadjaga soepaja anoe gëring oelah tjilaka; karana pantrang teh aja manpaatna, nja eta mere koeat ka noe gëring. Koe hal eta, hadena mah sakoer anoe dipantrang kitoe teh koedoe narøerøet, oelah aja anoe moengpang, da keur miara awak. Lamoen teu noeroet teh tetela nakër eta djëlëma ëmboeng miara awak; saha' anoe teu miara awak, sok mindëng meunang panjakit.

Ari noe gëring mah geus poegoeh deui, përløe kabina-bina noeroet-keun pantrangan doktor teh, leuwih manan anoe tjageur, sabab awakna boga kasakit. Dalah pikeun anoe tjageur oge, oelah bae ngalanggar pantrangan doktor teh.

Përkara ieu oge, përløe dipalikir koe sarerea, naha pangatoeran doktor kitoe teh hade atawa hënteu?

Djëlëma anoe koerang pangartina tina hal ngadahar oebar, tara dipikir deui pitoedoehe sing djëlëma oge didahar bae, oenggal poë goenta-ganti oebar, taja hidji anoe aja toeloengna, anggoer kasakitna beuki madjoe. Di mana geus kitoe, geus pajah, geus beak harëpan, kakara menta dioebaran koe doktor. Koemaha ana pok teh ngaromong, madjar: geuning doktor teh teu pira pangabisana, teu sabaraha toeloengna, bët teu tereh tjageur dioebaran koe doktor oge. Eta kaliroe, naha bët dipikir jen eta noe gëring teh dibawana ka doktor sanggeus pajah katjida, sanggeusna meh teu bisa tjageur deui atawa memang geus euweuh oebaraneunana deui; tjoba lamoen dipasrahkeunana ka doktor barang kataradjang pisan mah koe kasakitna atawa samemeh pajah, tangtoe anoe gëring tereh tjageur deui.

Aja oge djëlëma anoe dipërgasi koe përgasi beunang njeunna sorangan, kajaning koe tjengek dibëbëk toeloëj ditinjoeh koe tjal, tëroes diinoem; atawa anoe didjjeunna papagan sambodja digodog; eta përgasi doeanana oge gëde mamalana.

Aja deui anoe moeriang panas dimandian, pikirna: panas lamoen ditjajan tangtoe tiis. Oepama ngarasa tariris toeloëj mojan, mambrih panas. Pëta kitoe teh lain bae euweuh mangpaatna, tapi mamalana gëde deuih.

Sok aja djëlëma anoe mikir kieu: djoeragan doktor marentahna, koedoe dahar pel kina sapoë doea kali, sakali-kalina 3 siki; ah anggoersi rek 6 siki bae sakalina, ambeh tereh tjageur. Teu njahoan manehna, jen lobana oebar teh beunang nimbang noeroetkeun kapërloeanana djeung hadena; ana loba teuing matak djadi mamala; ana saeutik teuing koerang toeloengna.

Koe sabab eta dina hal ngadahar oebar, koedoe tigin pisan nja noeroetkeun parentah doktor: waktoena, lobana oebar oelah rek diobah.

Masing ingét jen anoe bisa ngoebaran kasakit teh, ngan djéléma anoe paham bènér bae kana hal elmoena, teu beda tjara noe rek menta pangngomeankeun landjam koedoe ka pandaj, oelah ka kamasan, sabab dina oeroesan landjam pandaj leuwih p.ntér ti batan kamasan. Koe sabab eta lamoen oerang kataradjang gering, koedoe gantjang njoehoenkeun oebar ka doktor; oepama ouweuh doktor, nja moni dikoemahakeun, hade oerang ichtlar njlar oebar sorangan, ari kitoe mah sakalleun pan'akit biasa, tjaraning: moeriang, batoek, koerap djeung sapapadana.

Saha² anoe noeroetkeun papatah doktor, beunang diséboetkeun geus ngarti kana kapérloean dina hiroepna, karana kasehatan badan teh ngadatangan kasénangan.

43. RADEN AJOE POEDJANINGRAT

Djoeragan AJOE POEDJANINGRAT garwa-padmi Kangdjöng ADIPATI SOETADININGRAT, Boepati Serang marhoem.

Ajeuna andjeunna geus joeswa 95 taohen leuwih, tapi masih gétol keneh bae kana didamél, soemawonna hal ngoeroes djeung ngabérésihan parabol boemi, eta kalangénanana ti keurna anoni keneh. Basa andjeunna masih keneh linggih di kaboepaten, meh oenggal boelan bae atoeran mérénahkeunana parabol boemi dirobah, sarta pantés bae, da iasa tea mapantésna djeung mapaesna. Andjeunna kagoengun hidji pangango noe latjan llahar di oerang Priboemi, nja eta bérseka katjida, ahli bēbērēsih; boemi katoet parabolna pantjaraken, nja kitoe deui pakarangan teu beunang pisan aja kotor-kotor. Ngatoerna boeboeleudan anoe dipélakan roepa¹ kembang, ngatoer pot di pajoen djeung di pakarangan, kabeh beres djeung pantés, djadi pamoedjian bangsa Eropa. Andjeunna iasa natamoe djeung sēnēng deuih kana natamoe teh. Pasosore sok loba toean², njonja² djeung nona² anoe aramēngan ka kaboepaten, maen cricket djeung sallanna, nēpi ka rea anoe taroenangan sarta tēroes datang ka ngadjodona.

Nēpi ka ajeuna, sakitoe geus sēpoehnya teh, andjeunna masih keneh bae sok didamél koe andjeun, ngatoer djeung ngoeroes kē-kēmbangan tara ngandélkeun ka rentjang bae, nja kitoe deui njiramna mindēng sok koe andjeun; kawasna geus teu iasa bae nganggoer¹ teh, da boektina taja pisan tjalikna, aja bae anoe dipi-

damél téh; sagoegah koelém téroes bae didamél; njiram kembang tea, ngabérésihan pantjaraken (meubel), ngabérésihan piring djeung gélas tea, atawa salian ti eta. Loembranna bangsa oerang mah, soemawonna di plkampong, dalah di kapala oge, ngoembah piring atawa gélas téh sok koe léboe; djoeragan A Joe mah salilana oge koe saboen bae.

Ari eta djoeragan AJOE POEDJANINGRAT téh toeroenan menak Bantén estoe:

Ramana djénenganana Toebagoes MAHMOED, Toebagoes MAHMOED poeta Toebagoes ARIA HASAN, toeroenan Soeltan MA'ALI AHMAD. Toebagoes ARIA HASAN kagoengan geureuha ka Ratoe FATIMAH poetrana Pangeran DJAJA KOESOEMANINGRAT, poetrana Soeltan DJAEN'OESSALIHIN, anoe katélah Soeltan Agoeng Kasémén tea.

Démi ti iboe toeroenan ti Soeltan ABOENASIR ABDOELKAHAR, anoe katélah Soeltan Hadji.

44. DANGDANGGOELA LAOET KIDOEL (').

Laet kidoel kabéh katingali,
Ngémbat paoel kawas dina gambar.
Ari ret ka tébéh kaler,
Batawi ngaroenggoenok,
Laetna mah teu katingali,
Oekoer lébah-lébahna,
Sémoe² biroe,
Ari ret ka kaler-wetan,
Goenoeng Gède djiga noe ngadjakan balik,
Méh bae kaploehan.

Matak waas patjampoer djeung sédih,
Goenoeng-goenoeng kabéh narembongan,
Goenoeng Pangrango ngadjogo,
Bangoen noe diharoedoem,
Ngadagoan noe tatjan soempling.
Njérl doemeh dítillar,
Mani aloem ngoejoeng,
Ngoejoeng woejoeng karoengroengan,
Ngan didjieun Pangrango tjitjiren nagri,
Nagara Padjadjaran.

(') Kintoonan djoeragan Kalipah Apo, Bandoeng.



Raden Ajoe POEDJANINGRAT.

Padjadjaran tilas Siliwangi,
Wawangina noe kari ajeuna,
Ajeuna nja dajeuh Bogor,
Batoetoelisna kantoen,
Kantoen liwoeng djaradi pikir,
Mikir noe disadana,
Hanteu soeroed liwoeng,
Teuteuleuman kokodjajan,
Di Tjilwoeng noendjang ngidoel Siliwangi,
Noeoes di Pamojanaan.

Pamojanaan djadi tēpiswiring,
Dajeuh maneuh nagara baheula,
Tjirina nja Goenoeng Gēde,
Kiwari nja Tjilandjoer,
Kaler-wetan sadjadjar deui,
Djiga Goenoeng Mandala,
Mandalana hajoe,
Hajoe soteh hajoe poelang,
Langlang-lingling dina loehoer mega miring,
Njangsang di mega malang.

Rēg ngarandēg lēbah Goenoeng Poetri,
Dēmahdoehoer dajeuh Pantjatēngah,
Direret ngabengbreng koneng,
Goenoeng Tjoepoe ngarioeng,
Kawas anoe eukeur badami,
Rawang sagala herang,
Parongpong ka Bandoeng,
Boerangrang noe ngarangrangan,
Parahoena nangkoeb nēpi ka kiwari,
Teu djadi lalajaran.

Ngan didjieun tjiri toenggoel nagri,
Dajeuh Bandoeng sirahna Priangan,
Oeroet noe rek paparahan,
Ngabēndoeng Tjikapoendoeng,
Poendoeng soteh bongan teu djadi,
Teu djadi lalajaran,
Hanteu toeloes ngaloen,
Sang Koeriang kabeurangan,
Sangoep mēndēt Tjitaroem toetas sapeuting,
Tjidra tina soebaja.

Kiwarina pérmana ngaboekti,
Patilasan tapak noe baheula,
Djadi basa djadi omong,
Bandoeng heurin koe tangtoeng,
Toenggoel pajoeng indoengna nagri,
Pada hajang ngioehan,
Noe deukeut noe djaoch,
Loba anoe kapanasan,
Riab loenta anoe ka mana ka mēndi,
Tinggal dajeuh maneuhna.

Aja deui anoe katingali,
Matak waas Goenoeng Tampoomas,
Tembong tengtong rawas katon,
Dina soekoena goenoeng,
Aja dajeuh noe katingali,
Dajeuh naon ngaranna,
Dirioeng koe goenoeng,
Goenoeng ti koelon ti wetan,
Sēmoena teh patapan anoe sarakti,
Nawing tjadasna bodas.

Saer Raden moal salah deui,
Noe katembong dajeuhna Soemédang,
Koetamaja hedjo-lemok,
Dajeuh galoedra ngoepoek,
Pangoepoekan poetra djeung poetri,
Soemdang sokawajana,
Tjarek sindir pantoen,
Sok ngawoela ka wajahna,
Ngapak ngapoeng kapindingan indoengpeuting,
Kalanat mega bodas.

Kari itoe noe sahidji deui,
Tembong katon djeg Goenoeng Tjirémaj,
Tajohna dajeuh Tjirébon,
Rēboen-rēboen hallmoen,
Samar-samar noe katingali,
Tjirébon saka domas,
Djatining rahajoe,
Tilas patjarémanana,
Ngaloehoeran rénting sagède papanting,
Réntang tjara bangbara.

Mipir-mipir dina katoembiri,
Mapaj njoekang dina kilat pandjang,
Awor dina mega hedjo,
Goenoeng patingparéntel,
Pasir-pasir di sakoerling,
Tembong ti mega malang,
Kabeh mere sémoe,
Sagara mangoendjar-ngoendjar,
Anoe ngapoeng soemiriwik batan walik,
Djeg heulang pateuh djangdjang.

Soemiriwing angin ngahariring,
Rarandégan Raden pangapoengna,
Ngadongdon noe kaplomong,
Naloetoer noe katjatoer,
Ngilik-ngilik geusan keur ngantjik,
Anggang 'mo boeroeng datang,
Djaoeh wande tjoendoek,
Tembong daoen kalapana,
Tingaroelang oesik katébak koe angin,
Dajeuh di Padjadjaran.

Kidoel-wetan katingali deul,
Rémëng-rémëng djeg Goenoeng Tjikoeraj,
Ngadaweung sémoe noe ngantos,
Tjiltjiren dajeuh Garoet,
Pangiroetan ka noe teu soemping,
Soemping oeroet patoeraj,
Ngamangoengan loengsoer,
Nagara di pameungpeukan,
Leuleuj eureun ningali ka Kandangwési,
Bongan Galoeh kabandan.

Saoer Dewi geuning aja deul,
Teu kabihang keur di mega malang,
Nembongan kawas noe ambon,
Horeng Goenoeng Galoenggoeng,
Patilasan Galoeh noe moelih,
Soeka kari doekana,
Poerana di pajoen,
Kahalangan koe Tjiwoelan,
Rëg ngarandëg kairid koe Tjimawati,
Loejoeh-lajah keusikna.

Panggoejangan panggoejangan koering,
 Panggoejangan panggoejangan oerang,
 Oerang noe keur ngalalakon,
 Lalakon noe keur ngaloen,
 Pada-pada boga pamanggih,
 Pada boga tjarita,
 Pada boga galoer;
 Gok amprok djeung sasamana,
 Mararantoen aja noe pait noe amis,
 Baralik kari ngaran.

45. R. A. ARIA KOESOEMA DI NINGRAT.

Kangdjéng Raden Adipati Aria KOESOEMA DI NINGRAT,
 Bopati Tjiamis marhoem, anoe koe oerang Tjiamis katélah
 Kangdjéng Préboe, atawa Kangdjéng Sawérégl; kenging noegraha
 R. O. N. L., G. M. ojeung G. S. Awit djoeménéng Bopati dina
 taheen 1839, gadjihna f 500.

Dina djaman harita teu atjan aja iskola, andjeunna saaja-aja
 dladjar di boemi bae.

Di taheen 1828, nja eta dina joeswa 17 taheen, harita djénénganana
 Raden DJAJANAGARA, mimiti andjeunna njépéng damél Goe-
 pérnemen, djadi Djoeroetoelis-Kaboepaten Galoeh, kenging gadjih
 f 10. Sallan ti ngadjalankeun kadjoeroetoelisan, andjeunna nga-
 bantoe ngoeroes ngadamél pabrik-nila di Tjiamis 6 bak, Pandjaloe
 1 bak, Kawali 3 bak djeung di Rantjah 2 bak.

Dina boelan Januari 1831 diangkat kana Lekman 3e, Komandan
 pèrdjoerit afdeeling Galoeh, henteu kenging gadjih, ngan dipaparin
 sawah 12 baec sarta teu kédah majar padjég.

Koe bisloeit Goepérnemen 16 Mei 1831 No. 1 dilirenkeun (honorable
 ontslaan) opat boelan lilana.

Koe bisloeit Kangdjéng Toean Bésar Goepérnoer-Djendral 25 Sep-
 tember 1831 No. 1 didjoengdjoeng kana Hoofd Gecommitteerde kébon
 taroem di afdeeling Galoeh, sarta dipaparin gélaran Toeménggoeng,
 djadi Raden Toeménggoeng DJAJANAGARA, kenging gadjih f 75.
 Dina taheen 1835 andjeunna ditimbangan ngadamél 3 pabrik-nila.

Koe bisloeit Kangdjéng Toean Bésar Goepérnoer-Djendral 27 De-
 cember 1837 géntos djénéngan Raden Toeménggoeng KOESOEMA
 DI NATA.

Koe bisloeit Kangdjéng Toean Bésar Goepérnoer-Djendral 9 Maart
 1839 didjoengdjoeng kana Bopati Galoeh, kenging gadjih f 500;
 dina taheen eta keneh andjeunna midamél solokan Goedawang
 sarta moeka sawah légana 2640 baec.



R. A. ARIA KOESJEMA DI NINGRAT,
Kangdjeng Dalèm Tjiantis marhoem.

Di taheen 1842 ngadamél deui solokan Tandjoengmangoe; taheen 1844 solokan Tjikatomas djeung Tjimandala djeung seer-seerna.

Koe bisloelit Kangdjéng Toeán Bésar Minister van Staat 9 Desember 1847 No. 3, dipaparin noegraha gélaran ARIA djadi Raden Toeménggoeng Aria KOESOEMA DI NATA.

Dina taheen 1848 andjeunna njaréngan midamél 3 panggilingan kopi, anoe diséboet Brazilliansch koffie bereiding.

Taheen 1849 midamél djalan-géde ti Goenoeng Tjandana, distrik Pandjaloe ka distrik Kawali téroes parat ka distrik Bandjar (Priangan).

Koe bisloelit Kangdjéng Toeán Bésar Minister van Staat 7 Mei 1849 No. 2 ditambah gadjihna f 100, djadi f 600.

Koe bisloelit Kangdjéng Toeán Bésar Minister van Staat 10 Mei 1851, L^a I, 1, dipasihhan noegraha gélar ADIPATI, diséboet Raden Adipati Aria KOESOEMA DI NATA.

Koe bisloelit Kangdjéng Toeán Bésar Minister van Staat 23 Augustus 1851 L^a I 1, géntos djénéngan KOESOEMA DI NINGRAT, diséboet Raden Adipati Aria KOESOEMA DI NINGRAT.

Koe bisloelit Kangdjéng Toeán Bésar Goepérnoer-Djendral 23 Januari 1855 ditimbangan ngawoeroek doea Pangeran poetra Soeltan Sambas, nja eta Pangeran SAPIJOEDIN djeung Pangeran SARI-POEDIN, noe ajeuna djoeméhéng Soeltan di Sambas.

Di taheen 1862 midamél solokan Tjihampaloeng (Mangoendiredja) di distrik Rantjah, sarta moeka sawah légena 2400 bae.

Koe bisloelit Kangdjéng Toeán Bésar Goepérnoer-Djendral 20 April 1865 No. 15, dipasihhan noegraha Madali Emas katoet rantajna émas.

Koe bisloelit Goepérnénen 1 October 1867 ditambah gadjihna f 500, djadi f 1100.

Di taheen 1871 ditimbangan deui ngawoeroek doea Pangeran ti Djalle of Matan, Pontianak, nja eta Pangeran HIDAJAT djeung Pangeran TAMDJID.

Koe bisloelit Kangdjéng Toeán Bésar Goepérnoer-Djendral 6 Februari 1874 No. 1, dipasihhan noegraha Pajoeng-Koenig.

Koe bisloelit Sri Maharadja 13 Februari 1878 No. 7, dipasihhan noegraha Ridder Orde van den Nederlandschen Leeuw.

Dina taheen 1886 wapat dina joeswa 72 taheen.

Djadi ilana ngasta damél Goepérnénen 55 taheen.

Tina hal pétna ngeujeuk nagara, nja kitoe deui hal kagétolanana djeung binangkina ngasta damél ngamadjoekeun abdi-abdi, istoe mashoer pisan.

Sallan ti ahli didamél, andjeunna loba kaoeningana hal basa. Loba pisan pangagoeng Erop aoeu heméng manahna ningali andjeunna iasa basa Walanda, toer hénteu sakola teu naon. estoe ngan koe

kaleukeunanana bae diadjar maos boekoe-boekoe djeung soerat-kabar Walanda digendeng koe woordenboek. Salian ti lasa basa Walanda, andjeunna tingali oge basa Parasman saeutik-eutikeun. Loba bangsa Eropa anoe sasaoeran ka andjeunna koe basa Walanda, tapi ari andjeunna mah sok ngawalon koe Malajoe bae. Tina kapintéranana, loba pangangoeng Walanda anoe malaparin tawis-sotja ka andjeunna roepa² barang anoe araneh djeung marahal hargana.

Dina taheun 1888 Toean Mr. H. D. LEVIJSSOBU NORMAN, rengrengan Kamèr di nagri Walanda geus ngarang hidji boekoe, anoe njarioskeun oge hal jasana djeung kasatiaan andjeunna ka Goepèrnèmen.

Kira pidoea-tahoeneun deui kana wapat, andjeunna ngadamél makam anoe santosa katjida, ngaranna Goenoeng Sirnajasa.

Keurna djoemènhèng keneh, sanggeus kabupaten roeboeh koe angin, andjeunna boemen² di Sèlagangga, pernahna sakidoeleun kabupaten, djaoehna kira² saparapat pal. Pèta-pètana eta boemi, panggoeng sarta gèbjog kabeh; ti pajoen dikarantjang koe oekiran. Sagala anoe aja di boemi djeung di pakarangan, boh pépélakanana atawa saeeng-saeeng djeung lianna ti eta, kabeh aja hartina djadi pér-lambang. Malah andjeunna midamél kélir koe kai dioekir; dina eta kélir kabeh noegraha ti Goepèrnèmen djeung sakabeh tawissotja ti para pangagoeng dilajakeun.


Andjeunna ngadamél patamanan, disèboetna Djambansari, paranti kèmpélan djeung sèpoe² dina oenggal poè Ahad isoek²; di dinja aja papan anoe ditoellisan tèmbang kinanti:

Djamban tinakdir Jang Agoeng,
Tjaina tamba panjakit,
Amal djariah kaola,
Bopati Galoeh Tjiamis,
Arja Koesoema di Ningrat,
Médali Mas, Pajoeng-Koening.

Ari ajeuna gédong Sèlagangga djeung Djambansari tea, geus roentag, ngan kari tilas-tilasna bae.

46. TJADOE ATAWA BOEJOET.

Djaman ajeuna henteu pati loba menak² Soenda anoe roemawat sarta goemati kana kasoesastran Soenda, soemawonna bangsa noman anoe ariasa basa Walanda mah, arang langka pisan anoe résèp ngoelik basana teh. Ari djaman kapoengkoer mah loba pisan para bopati djeung menak-menak, anoe kèrèsa ngaroelik kasoesastran, ngadji djinisna basa, ngadjoedjoet galoerna tèmboeng, awas waspada kana kasoendaanana.



Goenoeng Siraajusa, nama Dalèn Tjiantis marhoent tea.

Djaman harita loba para bopati anoe kërësa njêratkeun pamëndakna koe basa Soenda, malah rea anoe téroes dikintoenkeun ka Bataviaasch Genootschap van kunsten en wetenschappen. Saperti Kangdjéng Dalém Aria KOESOEMA DI NINGRAT, Bopati Tjiamis anoe marhoem anoe katjéloek bangkit tea, geus ngintoenkeun karangan hal Tjadoe djeung boejoet ka genootschap. Eusina eta karangan loba anoe hade dikanjahokeun koe oerang Soenda. Koe sabab eta ieu di handap ditoeliskeun; sarta basana hënteu aja anoe dirobah, ditoeroet sa-koemaha asalna.

1.

Tjadoe dahar laeok moending boele. Oerang desa Banagara, noe asal desa eta, geus prah rea noe boejoet dahar laeok moending boele. Asal-asalna ditêrangkeun koe aki Badjra Koesoemah; Praboe Tadji Malela keurna orok ditinggalkeun di dajeuuh, kadatangan moesoeh sedjen, sakabeh djalma, awewe lalaki, boebar pada moeboes. Bawaning goegoep loempat ti lëmboer, rasana ngais orok; barang datang ka leuweung, horeng noe dialis teh loeloempang. Klira² meunang 2--3 peuting pada marolang ka dajeuuh; orok geus teu kasampak, dipagarkeun dibawa koe moesoeh. Lawas² eta orok kapanggih ti leuweung, keur disoesoean koe moending boele. Ti watës harita toeroenan eta nêpi ka ajeuna tjadoe dahar laeok moending boele, kitoe deul mêrgasa atawa meuntjit.

2.

Tjadoe ngingoe manoeek titiran. Tjarita Aki Djamaroen. Oerang desa Sadananja aja noe boejoet tjadoe ngingoe titiran. Asalna bogoh ngala titiran. dipake kasab didjoealan. Ari pakakasna toeloep. Eta djalma panonna petjak sabeulah. Dina sahidji waktoe ngadodoho manoeek titiran dina kai, rek diteloep, eta djalma tatanggahan diisingan manoeek titiran. Tai titiran ringgang kana panonna noe petjak; eta panon djadi beunta sarta awas. Ti dinja moelang; datang ka imah ragrag suoer, sakoer anak² poetoe ti watës ajeuna, oelah rek mêrgasa titiran.

3.

Tjadoe mëlak djeung dahar handjéli djeung émbe hideung. Tjarita Aki Soerawidjaja. Asal-asalna djaman masih dahar handjéli karoehoenna, kaitoeng kaja, ngaleuitan handjéli. Dina sahidji waktoe istrina ka leuit, koe sabab adatna handjéli tea lesang, barang ditintjak handjélina miléj, djalmana

tilélép kakoeboer koe handjéli datang ka paeh. Lila teu kapanggih, rek waktoena ka leuit laja noe nganjahoankeun. Gehger leungiteun istri, kapanggih koe émbe hideung ti kolong leuit, diletakan gélihna. Barang dloedoelekeun handjélina ti leuit beh kapanggih istriina geus paeh. Ti dinja ragrag saer tjadoe dahar handjéli djeung laeok émbe hideung.

4.

Tjadoe dahar laeok loebang. Oerang desa Panjingkiran rea noe tjadoe dahar loebang. Asal-asalna bahenla karoehoenna dibélédig moesoeh, kapékat koe tjal géde, soesah teu bisa meuntas. Teu koengsi lila beh tembong aja tjoekangan sarta géde, saroea djeung tangkal kalapa; seug dipake njoekang koe sarerea.

Keur njaroe kang tjoekangna tembong tetela jen loebang géde. Baréng moesoeh datang ka sisl tjal, tjoekangna teu tembong. Ragrag saer tjadoe dahar sarta mérgasa loebang.

5.

Tjadoe diarakkeun keur waktoe dikariakeun. Toeroenan Pasirpandjang, kaboepaten Soekapoera. Asal tina karoeroehoenna ngawinkeun poetrana dirame-rame sakoemaha adat noe ngarendengkeun. Dina poëan rendengan eta poetrana diarakkeun; nganggo toetoenggangan, dihadé-hadé diembrang-embrang. Baréng keur diidérkeun di aloen-aloen toetoengganganana disambér gélap, panganten noe nitihan toetoenggangan doeanana babar pisan paeh. Satoengtoengna ngoeroes majit, iboena kagoengan saer, satoeroen-toeroen andjeunna noe dikariakeun oelah diarakkeun.

6.

Tjadoe ngala kembang kananga. Di desa Leuwihalang aja noe tjadoe ngala kembang kananga. Asalna karoehoenna boga hidji anak lalaki rek disoendatan. Geus moegoehkeun poë, eta boedak noe rek disoendatan naek kana tangkal kananga, ragrag babar pisan. Ti dinja indoeng bapana boga omong satoeroenan manehna tjadoe naek kana tangkal kananga.

7.

Tjadoe boga bokor perak, kérés saboek intén, karembong tjinde, tjongtjot sangoe beureum. Toeroenan Pasirpandjang bawah Soekapoera; karoehoenna kaltoeng kaja boga hadjat ngawinkeun sarta toeloef dilstrenan koe noe djadi

gégèden dajauh. Sameuntas istrenan, koempoelan para sèpoe¹ sakadang-warga sarta mawa katoeangan miwah sangoe sapiambèk-sapiambèkna. Barèng saderekna panganten noe diistrenan diboeka toempéngna sangoe beureum. lahiran panganten: Eh! kakang horeng beureum! Manahna rakana nilarsa saer kitoe indit narik doehoeng saboek intèn panganten indit deui, barang ngalengkah tikaridjèt koe beulitan tjinde, nintjak bokor perak, tisoledat, gédèbloeg roeboeh, toeloelj ditoejoeng koe rakana ditèwèk koe kérés saboek intèn, babar pisan paeh. Sameuntas gehger ngoeroes majit, ramana njaer toeroen tjadoe boga bokor perak satjara sabatoerna tadi.

8.

Tjadoe njeun sarta boga imah panggoeng. Toeroenan desa Tjibodas-hilir. Awit ti kiai Toeménggoeng Wiranangga; waktoe djadi wakil bopati Tjiamis. Moelih seba ti Mataram, dibahanan koe Soeltan hidji piagém angkatan bopati Banagara sarta diwakilan ngadawoehkeun ka para abdi Banagara noedoeheun noe djadi bopati gébrahkeun piagém angkatanana. Barèng datang ka boemi panggoeng, piagém digéntos oengélna, andjeunna noe djoeménèng bopati. Kalampah geus didawoehkeun, oengéling piagém pada miarsa jen andjeunna noe djoeménèng bopati di Banagara. Lila-lila piagém noe estoe ti Mataram ragrag ka kolong boemi kapanggih koe noe toegoer; oerang Banagara, ngaran aki Pawindon. Barèng geus népi ka oesoemna diganti, aki Pawindon balik tina patoegoeran, soerat noe timoe ti kolong dibawa dibikeun ka noe boga, nja noe diangkat Raden Pandji Aria Djajanagara.

Bra! angkat ka Mataram, dipihatoer ka Soeltan tindakna kiai Toeménggoeng Wiranangga, dina waktoe seba pépékan prabopati, dipariksa katranganana katoeran kiai Toeménggoeng Wiranangga masih paisoe, reh Raden Pandji Aria Djajanagara teu katingalieun, sèbab diboenikeun koe Pangeran Panémbahan. Ti dinja Toeménggoeng Wiranangga rek dihoekoem pati, disoehoenkeun keur (*) boepati Banagara, kapasihkeun.

Sasoempingna ti Mataram kiai Toeménggoeng Wiranangga ragrag saer, satoeroenan andjeunna tjadoe kagoengan imah panggoeng.

9.

Tjadoe ngingoe koeda dawoek-bang sarta make apoés kadali kanteh beureum. Asal ti Sang Adipati Panaekan, boepati Galoeh waktoena dibradjag koe mértoeana, Pra-

(*) Koedoc, „koe”soeroepna mah, sanes keur.
Poeradirédja.

boe di Moentoer nitihan koeda dawoek-bang, make apoes kadall kanteu beureum. Noe matak dibradjag, margi dipiténah koe garwa, nami Njai Mas Nataboemi, nja eta poetrana Praboe di Moentoer, noe dipigarwa koe Sang Dipati Pamoeakan. Ti dinja ramana Praboe di Galoeh Tjipta Përmana kagoengán saer, tjadoe kagoengan koeda dawoek-bang sarta kadali apoes kanteu beureum.

10.

Tjadoe mëlak pare beureum, dahar mah hade. Oerang desa Sadananja aja noe tjadoe mëlak pare beureum. Asal-asalna karoehoenna boga anak aweue geulis, kawëntarkeun ka nagara. Rek dlsëllr koe Ratoe, si boedak teu daekeun, dipaksa koe piwarangan. Si boedak loempat ka hoema diteangan koe indoeng-bapana sarta djeung piwarangan, wêleh teu kapanggih. Bapana dibawa koe piwarangan dihatoerkeun ka Ratoe magar moenikeun anakna, toeloj diberok. Saoetjoelna tina siksaan moelang ka lëmboer, anakna kasampak geus datang, ditanja: Njamoeni ti mana? Omongna: Njamoeni dina pare beureum „ongkoh bapa ge kadeulen koe kaola tingkaroreh neangan di dinja!” Bapana ragrag omong: „Ajeuna satoeroen-toeroen aling oelah deut mëlak pare beureum dene si matak diares.

11.

Boejoet ninoen kasang. Toeroenan Tjihodas, Tjiamis. Asal karoehoenna istri binangkit sangkir ngeujeuk. Dina hidji waktos tjarogena angkat djaoeh, arina soempling kasampak istrina keur ninoen kasang. Dina piseureungan aja soerat ngagoler, ditërka soerat bobogohan. Teu dipariksa deut, tjarogena kaboeroe napsoe, noe keur ninoen djédak ditêwék, babar pisan. Ari geus reureuh napsoe, soerat dibatja, horeng soerat ti andjeunna oengël soemona. Ti dinja andjeunna ragrag saer, satoeroenan oelah rek ninoen kasang.

12.

Tjadoe make tangkal kalapa. Aja hidji djalma ngaran Mastal, imah-imah di desa Tjikongeng, tjadoe make tangkal kalapa. Kawit baheulana pakolotanana boga hidji anak lalaki leutik, keur sila di bale, tihang tangkal kalapa eunjeuh. anakna naradjang ka bapana, aja sahidji peso ngagoler keuna ka boedak, katoeblës têngah leungeunna, babar pisan paeh. Diteloengan koe doeloerna, eta doeloerna katjoegak koe haroepat kalapa, babar pisan paeh. Ti dinja bapana ragrag omong, tjadoe boga imah bale ditihangan tangkal kalapa.

13.

Tjadoe noear tangkal kondang sarta njatoe boeahna. Aja hidji djalma ngaran Karsiah, imah-imah di desa Tjikoneng, tjadoe noear tangkal kondang sarta njatoe boeahna. Kawit lampah pakolotanana baheula djaman pèpèrang moeboes ka leuweung kana doengoes, aja tangkal kondang, njalindoeng kana tangkal kondang gède, diteangan koe brandal teu kapanggih, brandalna leumpang djaoeh tina tangkal kondang. Balik ka imahna. Ti dinja ngoempoekeun batoer-batoerna menta disaksian tjadoe noear tangkal kondang sarta njatoe boeahna.

14.

Tjadoe njatoe djengkol. Sahidji djalma ngaran Nangga, imah-imah di Tjikoneng, tjadoe njatoe djengkol. Kawit lampah pakolotanana baheula boga anak hidji, heuki pisan djengkol, toeloj ngala djengkol di leuweung. Sanggeusing ngala djengkol, dihandapeunana njatoean djengkol, gantjangna djengkoleun sampe pèh. Diteangan koe bapana kapanggih handapeun tangkal djengkol geus pèh, toeloj dibawa ka imahna, balik dieroeskeun manjina. Ti dinja bapana ragrag omong, satoeroen-toeroenan manehna tjadoe njatoe djengkol.

15.

Tjadoe njatoe laeok lele sarta koeloer. Sahidji djalma ngaran Amboe Baros, imah-imah di Tjikoneng, tjadoe njatoe lele sarta boeah koeloer. Kawit lampah pakolotanana baheula djaman pèpèrang maroeboes ka leuweung ka noe bala; di noe bala aja tangkal koeloer sarta di handapna aja tjaloebakan tjai. Manehna naek kana tangkal koeloer tjitjing dina dahanna di loehoer, diboeroe brandal datang kana tjaloebakan, manggih lele keur ngoemis. Eta brandal kapègat koe laeok, toeloj maroeloengan laeok, geus maroeloengan, toeloj baroedal. Sanggeus boedal brandal manehna toeroen ka handap balik ka imahna. Ti dinja manehna ragrag omong menta saksi, tjadoe njatoe lele sarta boeah koeloer.

16.

Tjadoe ngokos atawa nèda hoeloe hajam. Aja hidji djalma ngaran Askiam, imah-imah di Tjikoneng, tjadoe njatoe hoeloe hajam. Kawit lampah pakolotanana nikahkeun anakna, datang ti masigit ngarioeng sidèkah dalahar. Panganten lalaki njoren kèris brodjol ngarendeng djeung panganten istri, katema

ngarendeng koe adina panganten istri; kabeukina hoeloe hajam, geuwat dpinggéskeun hoeloe hajam teh, pek dikokos sampe boetjat; polo njerot ka soesoe atjeukna panganten istri, toeloej disesoet koe silke adina, geus kitoe panganten lalaki njaboet kãris toeloej di-těwék keuna ka adina sampe paeh, Ti dinja manehna ngahoelěng, toeloej bae něwék maneh, geus ngalondjor tiloe majit. Ti dinja ramana ngalahir menta disaksian, satoeroen-toeroen andjeunna tjadoe ngokos hoeloe hajam.

17.

Tjadoe paparahoean. Sahidji djalma Asnawi, imah-imah di Tjikoneng, tjadoe toempak parahoe. Kawit lampah pakolotanana, baheula dibawa koe hadjo, dibawa ka těngah sagara. Bawaning koe teu bětah, ti dinja mikir, gantjangna kaloear tina parahoe, manggih sahidji kai noe dipake djalan mینگgat sampe bisa handjat ka darat; toeloej gantjang balik ka imah; sadatang balik ka imah, menta disaksian, satoeroen-toeroen kaola tjadoe paparahoean.

18.

Tjadoe njandoeng. Sahidji djalma ngaran Raksa Widjaja, koewoe Wanasigra, tjadoe njandoeng. Kawit lampah pakolotanana baheula njandoeng djadi karoeksakan, sarta barang beak, awak oge teu walagri. Ti dinja dipitjeun, tinggal hidji, karasa kakara slamět, toeloej bae menta disaksian, satoeroen-toeroen manehna tjadoe njandoeng.

19.

Tjadoe make samping barong. Sahidji djalma ngaran Lamdji, imah-imah di desa Tjikoneng, tjadoe samping batik barong. Kawit lampah pakolotanana, baheula djaman pěpěrang taroeng djeung brandal, kagoeběd koe samping barong teu koengsi paeh bisa keneh hiroep. Geus tjageur kaloear kasaoeran menta disaksian, watěs ajeuna tjadoe make samping barong satoeroen-toeroenanana.

20.

Boejoet něda laeok měntjěk. Sahidji djalma ngaran Bapa Ipoel, imah-imah di Tjikoneng, boejoet něda laeok měntjěk. Kawit pakolotanana baheula djaman pěpěrang moeboes ka leuweung ka noe bala. Di boeroe koe brandal, ti noe bala bidjil hidji měntjěk, tjek brandal: „Moal aja djalmaan, denesi aja kidang bidjil”. Bran-

dal toeloef barallk deui. Ti dinja baridjil tina doengoes, balik ka imahna, menta disaksian satoeroenan manehna tjadoe néda laeok méntjék.

47. AKSARA W.

Di Nagri Walanda aja hidji goeroe anoe mashoer kabina-bina kapintéranana hal ngatik boedak, sasaoer-saorna ditaroeroet pisan koe soegri anoe naréda timbangan ka andjeunna hal ngatik boedak. Sarta lain saeutik iboe-rama anoe saroemping ka andjeunna, néda nasehatna hal ngoeroes poetrana. Malah Kangdjéng Radja pisan mariksakeun ka eta goeroe, koedoe koemaha Ratoe Poetri Juliana diatikna.

Saha atoe anoe tatjan naringali bentang?

Tangtos sadaja oge parantos.

Nja kitoe deui sadaja anoe bérélmoe tangtos aroeningaeun ka JAN LIGTHART. Tah, sakitoe kamashoeranana djénénganana eta toean teh.

Goeroe anoe ditjaritakeun tadi di loehoer teh, nja eta toean JAN LIGTHART tea.

Andjeunna geus njarioskeun hidji kadjadian anoe teu sapira, istoe hal sapopoé pisan; tapi moenggoeh keur anoe arahli tapakoer, soemawonna keur noe djadi iboe djeung rama, anoe rēsép ngatik poetrana, nja eta anoe aroeningaeun jen di boedak teh aja bibit galb anoe goemilang bibit kamoeljaan manoesa, bibit anoe koedoe disiram dibajoean koe kolot, pambrih djadi raharjaning djagat, — tah keur pantar kitoe mah, eta lalakon aneh kabina-bina.

Kieu tjariosanana eta toean:

Dina hidji mangsa, sakabeh djéléma, sarerea pada ka dara-jauh. Ti soeklakna ti sikloekna, ti tēriswiring mani méroel ngaleut ngeungkeuj ngabandaleut, ngémbat² njatang-pinang, lir oepama tjai bandjir noe ngotjor ka kota, ngeujeumbeu ngaliwat sasak djeung djalan-géde ngoempoel ka poeseur dajeuh, toeloef ngalioeh tjara poelékan leuwi.

Beuki deukeut oerang ka dajeuh, djalma beuki nojek, toengtoengna djog andjog ka poeseur dajeuh, ka aloen-aloen boeleud, mani oetěj djéléma padésék pasédék-sédék, ngoempoel pageje djadi gandoean géde, oejék taja tjitjingna, reok nengah reok njisi. tingaraleut ngarěj tjara loeloet noe ngagoendoek.

Hirita ménéran aja pesta, dajeuh dipapasan koe damar-sewoe népi ka baranang siang; ari noe pangaloesna, nja di aloen-aloen tea.

djeung di djalan toko-toko anoe make billk gēdah ti hareupna, mani mabra.

Djéléma kabeh njalampeurkeun moro tjaang, tjara bakatna si-
raroe bidjil ti peuting.

Meureun harita ngan koering sorangan anoe sabalikna ti djéléma
rea. Sorot anoe tingtjorolot, sinar anoe galoemēbjar mawoer man-
tjoer mantja warna, tjahaja anoe tingpalontjorong, eta kabeh,
harita, hēnteu matak kasēngsrēm, koering leumpang ngan
sorangan pisan ngadjaoehan hareudang bajeungjang, watēk loba
djéléma; koering neangan tēmpat anoe sēpi soenjaroeri, anoe poēk
médēm taja tjahaja, ka kampoeng anoe baloeboeroeh,
djaoeh aja di sisi dajeh.

Harita di dinja leuwih poēk ti sasari. Lian ti lanteran-djalan
taja deui tjaang². Waroeng djeung toko² laleutik taja anoe njeu-
ngeut damar, sabab nadjan diseungeutan lampoe oge moal aja anoe
barangbeuli. Toeroeg² noe nokona ka darajeh deuih.

Imah² hēnteu aja noe alagring tjara sasari, istoe tjarakoeum
ajeuna mah, ngan aja hidji-doea anoe djandelana tjelak² rada
tjaraang, meureun nini² djeung aki² taroenggoe imah, hēnteu ka-
roeteun ka dajeh, atawa aja noe gēring soegan mah.

Rasa hate koering tiis djēmpling sirna katjida. Lēbah dieu djēmpe
kabina-bina. Langkah oge nēpi ka kadenge koe sorangan, ngi-
tjiplik sada aja noe noetoerkeun. Lēbah popoēkna pisan koering
tanggah ka langit, toeh! mani baranang bentang, tingkarl-
tjeup. Na aja aloes langit hideung sēmoe² biroe ditarapang koe
bērlian mangjoeta-joeta. Sinarna kalanggēngan tjaangna
bawana njēnjēs tiis moenggah njērēsēp. Ni'mat Allah!

Toeloej koering mengkol ka djalan-djadjahan. Toeh! beh djaoeh
tjelak² aja damar kawasna aja dalapan atawa salapan! ka-
tembong tingkarētīp. Dipasang dina hareup imah. Damar-sewoe,
geuning!

Ieu mah damar-sewoe teh damar-tifseun, dipasang di sisi djalan-
sēpi.

Toeloej koe koering disampeurkeun.

Euleuh, horeng teh aksara W geuning, koe kai ditjet beureum. Ti
loehoer make tjēmpor-bēling opat, ti tēngah tiloe, ti handap doea.
Djadi kabehna aja salapan. Enja hēnteu loba te mah tjēmporna.
tapi hoeroengna araloes, tjaang. Kawoewoeh taja tjaang seljen
anoe ngoengkoelan deuih, da di dinja euweuh lampoe gas atawa
listrik. Estoe pangpoendjoelna, radjana!

Loehoereun W tea make pēlēngkoeng doea koe bandera, sarta
dipapaesan koe dangdaoenan, djeung toengtoengna kentja-katoehoe
make ditjangreud koe oranje, didasikeun.

Ari handapeun W, — W damar-sewoe tea, deukeut lawang, aja
hidji boedak lalaki kira oemoer 10 taoen, dioek dina korsī: ngan

sorangan pisan di noe sakitoe wépluu, handapeun damar-sewoe anoe sakitoe tjakoeumna.

Koering ngarandég, ngawaskeun eta damar-sewoe.

Koredjat eta boedak teh tina korsina, tjég kana itsuk panjang. Koleweng! dlég nangtoeng gigireun koering.

Ret neuleu damar-sewoe téa, ret deui ka koering. Moal boa ngarép² koering ngomong, kawasna bae hajangeun dipoedji damar-sewoena. Koe sabab eta pok koering ngomong: „Na aja W aloes² teuing! djeung koe araloes hoeroengna!”

Barang koering geus ngomong kitoe, pok boedak teh tjatjarita, sora boedak noe bentes tea, mentjrang pinoeh koe kasoetjar atil boedak, ngeunah ni'mat kabina-bina kadengena. Soemawonna keur anoe geus karagoengan poetra mah. Koe koering dirégépkeun pisan tjarita boedak teh.

Eta W teh, beunangna sorangan dibantoean koe bapana. Mimitina meuli bebekan kai, toeloej disaroegoe koe doeaan, beunang njoegoe dipotongan noeroet oekoeran; pek dipasang, nja djadi W. Eta W teh géde pisan, katjiri basa diteundeun dina meuja, toengtoengna narogag tina sisi meuja. „Toeh, geuning sakitoe djangkoengna, meh sami saréng koering”.

Aja bangoen noe reueus² teuing eta boedak neuleu djeunna pribadi, mousmeus rat dideuleu, meusmeus ret dideuleu.

Geura, toeh! mimitina koe manehna ditjet beureum. Toeloej koe bapa dilangan keur tempat ngagantoeunkeunana. Ema mangga-poetkeun banderana, koe mésiu. Itoe dasina, toeh! itoe kentjaka-toehoe, eta oge beunang éma keneh.

„Oedjang!” tjeuk koering dina hate, 'na mana bagdja-bagdja teuing, maneh”.

Pasosore tjémporna koe bapa ditérápkeun, toeloej diseungcut. Toeh! aja tjaang.

Ari bapa ka mana? Bapa djeung éma ka darajeuh, baladjo raramean. Adina noe awewe oge miloe. Ari manehna mah henteu, tangtoe bae moal miloe. Da keur pinoeh koe kasoekaan. Kamégahan koe damar-sewoe djeunna pribadi.

Naha manehna ngan sorangan pisan di imah? Hih, henteu. Nini aja di djéro, keur gegelehean. Geus kolot pisan. Tapi tadi mah, sore keneh, miloe nilik W tea; nini oge résépeun nakér. Aloes pisan, tjénah.

Eta kabeh koe boedak tea ditjaritakeun ka koering. Sabab katendjoéun koe manehna, jen koering hajang njaho saha noe njeun eta W sakitoe aloesna, djeung miloe résép deuih. Pangirana koering teh heran neuleu kaaloesan W-na tea. Teu njahoéun jen koering résép ka manehna, djeung meunang ni'mat ti manehna. Rasana, naon manehna mah? Pilakadar 'ge boe-

dak! Tapi itoe mah W, leuh aja aloes! Eta toean oge mlloe rësép!
Barang koering indit ti dinja, balik deul ka kota, manehna nangtoeng keneh bae nilik W-na tea. Tapi ngan sakeudeung, toeloj deui dloek dina korsina deukeut W-na tea, W anoena, beunang njeunna pribadi dibantoean koe bapa.

Samemeh koering mengkol, koering ngalleuk heula, neuleu W tea. Boedak teu geus teu katembong; tapi damar-sewoena ting-tjarelak dikoebéng koe poék djeung sèpi.

Toeloef koering madjoe ka kota. Pikir koering teu lesot? Naha dina peuting ieu, loba kitoe anoe meunang kaboengahan djeung kani'matan anoe sok itoe léléhna, hartida tégés soeka anoe saestoena tjara eta boedak? Kaboengah noe estoe djeung sirna tea ieu mah. Doemeh eta W teh djieunna pribadi, istoening anoena, djeung taja anoe ngoengkoelan deuih aloesna, -- naha eta teh lain babonna kaboengahan anoe soetji?

Naha atoeah ari oerang bët sok rea-rea teuing polah! Geuning toengtoengna mah, mindéng pisan kaboengahan hate sok kaasoeapan ratjoen koe panastren djeung katjédih.

Beuki poék, beuki poék anoe njaangan eta djalan sèpi teh ngan kari lantera bae. Lèbah popoékna koering tanggah, bentang baranang di langit. Sungkan njatjas tembongna, eta bentang perloe aja poék, lir kasoekaan eta boedak noe keur sirna di noe sèpi tea.

48. TJATJANDRAN.

Mo' bisa tinggal pamëta,
Nadjan ti panggawe njingkir;
Djeung kasampoernan manoesa,
Geus hano bisa katépi,
Moen ngan tatapa noempi,
Toer teu aja anoe loepoet,
Nadjan sakédép netra,
Tina panggawening diri.
Pamaksaning koedratna manoesa mëta.

Ngan panggawe moedoe iklas,
Eta ti tana teh leuwih.
Koe hal eta wadjib mëta,
Panggawe iklas noe wëning,
Noeroet wadjibing lahir,
Sabab noe molah djeung loeloes,
Mëta tanpa pangarah.
Eta djalan anoe jakti,
Lémpéng létjéng andjog kana kasampoernan.

Bhagawat-gita.

49. DONGENG-DONGENG NOE ARANEH (1).

a. SASAMBATNA GALATIK.

Doeh manoesa mahloek loehoeng,
Noe pangmoeljana saboemi,
Moega sing njata waspada,
Manoesa djeung manoeek sami,
Sasami toenggal kahanan,
Ngan toemërapna noe lain.

Bët adigoeng koemaloengkoeng.
Ngédirkeun pintër bërboedi,
Angkeuhan gagah-përkosa,
Wënang ngamilik saboemi,
Sakarëp sawë nang-wë nang,
Njiksa manoeek sato leutik.

Kami teu soeka saestoe,
Teu soeka rasaning utl,
Da oerang papada oemat,
Kagoengan Noe Maha Soetji,
Taja noe moerba wisesa,
Noe kawasa namoeng Goesti.

Allah Anoe Maha Agoeng,
Noe ngajoega pati-hoerip,
Kërsana kapan kinarja,
Saeusning boemi-langit,
Kabeh teu dibe da-beda,
Nadjan djirim gëde-leutik.

Manoesa tinakdir loehoer,
Leuwih binangkit bërboedi,
Poendjoel ti sasama hewan,
Geus komo ti manoeek leutik,
Geus tangtoe bae meunangna,
Panalar boedi pamilih.

Nanging poma mangka emoet,
Jen manoesa mahloek leuwih,
Pangaoeban sato-hewan,
Manoeek² eusi boemi,
Anoe liar njiar hakan,
Matjok sakoer noe kapanggih.

(1) Asalna tina basa Djawa, karangan Mas Djolhari Hardjohatirodjo.

Tindak-tandoek noe toemandoek,
Oelah ngan nganteur napsoe dir,
Sakarëp pamawa hawa,
Hawaning panggoda ati,
Masing emoet sato-hewan,
Koedoe njatoe tall-hoerip.

Lamoen djalma neuleu manoeek,
Noe eunteup njlar rëdjëki,
Oetjla-atjlo njlar hakan,
Këbat bae njokot bédil,
Gagah djeg taja kaglia,
Teu aing senapati.

Kawanina ngan ngamosoeh,
Sato hina manoeek leutik,
Komo moen parëng manggihan,
Di sawah manoeek keur mipit,
Sosoak djeung djoegroeh-djigrah,
Njingsfeunan lir bëbëgig.

Tah polah manoesa kitoe,
Parandene kadjeun teuing,
Dapon ënja manoeek salah,
Mipit pare matak roegi,
Saḥab geus kitoe loembrahna,
Anoe goreng dipildjid.

Djalma tëlëngës kalangkoeng,
Euweuh kawčlas kaasih,
Manoeek hihër paboerëntjaj,
Dikëprokan djeung gëgëbrig,
Ngoëlbëng di awang-awang,
Hajang njatoe hënteu manggih.

Nadjan kami teu panoedjoe,
Tapi kitoe mah kaharti,
Da poegoeh manoeek noe salah,
Matak roeksak matak roegi,
Noe tëlëngës saestoe mah,
Njoempit manoeek noe teu sisip.

Moen manoesa neuleu manoeek,
Noe keur boengah soeka ati,
Doepang-dëpong lalaoenan,

Dibèbènr ngetjeng soempit,
Noe diarah sènanng-sènanng,
Njahona geus tidjoempalik.

Manoesa kabèh ge hasoed,
Ngan ngarah pati noe leutik,
Ja Allah noe sipat Rahman,
Manoesa hianat teuing,
Njiar akal djeung tarekah,
Karèpna ngan djoellig-dèngki.

Deudeuh teuing, deudeuh teuing,
Ja Allah, ja Rasoel'oellah,
Geuning èndog ditjarokot,
Dipalingan koe manoesa,
Dipake kaoelinan,
Teungteuingeun abong poendjoel,
Sok siga naon moen mègar.

Disarada tingjaritjt.
Heug koe aing dipakanan,
Oenggal poè beuki gède,
Engkena barisa njaba,
Njiar hakan sorangan,
Dipatjok dibawa ngapoeng,
Karasa teuing karasa.

Naha kanlaja teuing,
Itoe geuning ditalian,
Soekoena pageuh dipangrod,
Adoeh njawa pileuleujan,
Deudeuh-deudeuh èmh oedjang,
Takdir maneh kadar indoeng,
Njorang balai mamala.

Doeh Goesti Noe Maha Soetji,
Abdi nèda pangampoera,
Sarèng moegi mihawatos,
Kèrsa ngabalik manoesa,
Masing gadoeh kawélas,
Wélas ka papada mahloek,
Anoe koemélip di doenja.

Goesti hènteu klat teuing,
Ningal manoeuk ditalian,
Hibèr teu kaer ditjéntok,

Dikeukeupeul disangsara,
Dipake kaoelinan,
Adoeh itoe moenggah tjingkoed,
Soekoena potong noe kentja.

Manoek maneh montong tjeurik,
Sangga koe sabar tawékal,
Sanadjan népl ka paeh,
Poma oelah rek sasambat,
Sing panténg nja panéda,
Ginéléng golong ngagoeloeng,
Eninging tingal sanjata.

Dibajoean ati wéning,
Koe tarima djeung nalangsa,
Roemasa djadi panggendeng,
Pasrah kana bagdja awak,
Pértjaja djadi daja,
Pértjaja adli Jang Agoeng,
Kabéh noe toemiba rahmat.

Noe ngarang samboeng pihatoer,
Ka nonoman djalér-istri,
Larapkeun kana sallra,
Sasambalna noe prihatin,
Raskeun mangka karasa,
Noe laip noe nandang njéri.

Pihatoer rinakit kidoeng,
Koemaha rasaning ati,
Moen oerang anoe njandangna,
Tjatjakan ngau oekoer njanding,
Sakieu soemeredetna,
Paoer linoe lir koe hiniis.

Manoesa anoe linoéhoeng,
Ingéfkeun patjosan lali,
Oelah tjara noe kasasar,
Sasir lir teu boga pikir,
Rasakeun mangka karasa,
Adji sing tatas patitis.

Moegi-moegi nja pancehoen,
Dipaparin noegraha sih,
Laksana maksad noe ngarang,
Nonoman pamégét-istri,
Sing moebjar boedi panalar,
Djadi manoesa oetami

6. MAEHAN TJAKTJAK (3).

- Djimin. Di mana bieu tjaktjak teh disadana?
 Abdoel. Itoe, toeh! geuning dina bilik.
 Na arek dikoemahakeun koe maneh?
 Djimin. Rek ditewak. Arek dibebekkeun soengoetna.
 Abdoel. Naha naon péréloena? Bét tjaktjak teu salah teu naon
 koe maneh rek dipaehan.
 Djimin. Aja omong bapa, lamoen manggih tjaktjak poé Djoemaah
 koedoe dibebekkeun soengoetna.
 Abdoel. Lamoen énja bapa maneh mapatahan kitoe, teu kaharti
 koe dewek. Bét kawas djéléma bodo. Djeung make milih
 poé Djoemaah, naon pedahna?
 Djimin. Pang kami hajang ngabebekkeun tjaktjak, djeung milih
 poé Djoemaah, kieu sababna:

Waktoe Kangdjéng Nabi Moehamad dioedag-oedag koe moesoeh. Andjeunna moeboes kana goeha anoe rémbét pisan. Barang Kangdjéng Nabi geus di djéro, aja lantjah ngadon njeun imah dina lawangna. Teu lila toroljol anoe ngaroedag teh. Kabeh bingoeng, ka mana Kangdjéng Nabi léсна. Aja oge anoe boga pangira, meureun Kangdjéng Nabi asoep kana goeha, tapi dimoestahil-moestahil koe batoerna, pamohalan oepama aja djéléma asoep ka dinja dina lawangna ramatan. Eta ramat djadi tanda, jen taja anoe asoep ka goeha. Toeloej bae moesoeh teh areureun hareupeun goeha tea.

Sabot keur kitoe, aja tjaktjak disada dina loehoereun lawang goeha: „pétjak! pétjak tjak tjak!” Kahartina koe moesoeh koedoe ditjaba diasoepan, tangtoe Kangdjéng Nabi di dinja njoempoetna. Tapi barang nareuleu lawang goeha sakitoe rémbétna, teu waranteun; toeloej njokot batoe dibaledogkeun ka djéro goeha; nja keuna kana waos loehoer. Harita Kangdjéng Nabi kapahoeng di djéro goeha meunang pirang² lilana teu toeng teu leueut. Barang moesoeh geus hoedal ti dinja, toeloej Andjeunna médal; kaoninga koe Andjeunna aja tjaktjak ngénggon di loehoereun lawang goeha, dianggap jen eta tjaktjak anoe noedoeheun ka moesoeh tea; nja toeloej Andjeunna pèrsapa: „Eh, oemat aing kabeh! lamoen maneh manggih tjaktjak dina poé Djoemaah, koedoe dibebekkeun soengoetna, sabab eta tjaktjak geus njeun doersila ka kami, nja eta noedoeheun ka moesoeh”.

(4) Asalna tina basa Djawa, karangan Mas Djohari Hardjohatmedjo.

Tah kitoe tjarita bapa ka kami!

Noe matak ti sémét harita, lamoen dewek dina poé Djoemaah manggih tjaktjak, sok toeloj ditewak dibebek-keun soengoetna.

Abdoel. Naha bét milih poé Djoemaah?

Djimin. Noe matak koedoe poé Djoemaah, sabab basa Kangdjéng Nabi kabaledog waosna tea, poé Djoemaah.

Abdoel. Pikaseurieun eta tjarita teh. Naha maneh teu njaho, kaasoeup kana pabohongan omong bapa maneh kitoe teh.

Hadena bae tatjan pek dipaehanana eta tjaktjak teh. Lamoen énggeus, matak karoenja katjida; teu salah teu naon dipaehan.

Djimin. Baroek pabohongan? Bohong koemaha, 'Doel? Kapan dosana tetela, noedoehkeun ka moesoeh.

Abdoel. Oelah waka heuras kitoe 'Min, koedoe sareh atoe. Geura dewek rek nanja: naha aja sabaraha harita tjaktjak anoe aja di loehoereun lawang goeha teh? Djeung naha eta tjaktjak anoe arek dipaehan koe silaing, harita miloe disada, kitoe?

Djimin. Tjaktjakna ngan hidji. Djeung geus tangtloe tjaktjak leu mah henteu miloe disada, da itoe mah djaman baheula.

Abdoel. Atoeh naha aja tjaktjak teu toeah teu dosa, bét arek dipaehan koe maneh? Geura pikir, oepama aja anoe boga dosa maehan, lain anoe dihoekoem teh ngan eta bae noe maehan tea saerang, tara djeung doeloerna atawa barajana?

Djimin. Djadi pendekna mah maneh teh teu pértjaja ka saer sépoe?

Abdoel. Hih, poegoeh bae ngandél mah, tapi ka noe bènér. Ari tjarita maneh mah teu asoeup kana nalar. Nadjan saer sépoe oge ari teu bènér mah, teu koedoe digoegoe. Sabalikna, omongan deungeun anoe bènér koe oerang koedoe digoegoe. Dewek henteu rek njalahkeun ka maneh, ngan pamenta dewek, ka hareup, sagala lakoe koedoe dipikir heula oelah sok toetoeroet moending bae.

Pikir koe maneh, lamoen eta tjaktjak koe maneh tadi dipaehan, maneh maehan sato anoe tanpa dosa.

Djimin. Bènér omong maneh, 'Doel. Aing moal deul-deul boga pikir hajang nganlaja sato.

Abdoel. Soekoer katjida, maneh boga pikir kitoe.

c. HAJAM ADOE DJEUNG OETJING.

Aja hidji djéléma ngaranna Bapa Doersila, boga hajam adoe sahidji, oetjing hidji. Ari anoe pangdinangna-nengnena hajam adoe

tea, si Gënding ngaranna, sabab eta hajam nja aloes nja meunangan deuih; boeloena noe diséboet a bang-panatas tea, nja eta beureum, dada hideung mëlës, djangdjangna sélap bodas, lantjoerna doeanana bodas, panonna émas ngora, pamatoek djeung soekoena bodas, sikhna silih rante sarta soekoena ngélir beureum bradja géni tea, nandakeun jen matih; awakna neros tjara bangoen djantoeng toer péngkoeh deuih. Ana keur ngéntjar di boeroean boeloena katodjo koe panonpoë herang sémoe hinjaj, komo lamoen manehna kikiplik sélap djangdjangna ngaborelax. Estoe matak loetjoe matak deungdeuleueun.

Anoe sok ngadoekeunana bobotoh kahot Pa Samintèn, toempangna poeloehan, sarta mennangna geus poeloehan kali. Fendek eta hajam-hajam mogok, malah beunang oge diséboet garoeng. Pa Doersila katjida njaahna ka si Gënding, estoe dimemenan pisan, tara leuh koerang hakan, leuwih dipérloekeun manan keur manehna pribadi. Tapi ari si Gones mah, oetjingna tea, tara pati dioeroes, sakitoe boeloe tiloe oge. Aja diparaban aja hén-teu. Minlèng pisan si Gones kapaksa sok maling dengdeng atawa laeok, da geus tiloe poë teu diparab-paraban, datang ka meh langlajuseun. Koemaha ana kapanggih koe Pa Doersila, si Gones maling laeok, mani di-peupeuhan saténgah paeh.

Dina hidji poë si Gënding dikéntjar di boeroean, beu atoeuh geus lain dikieuna bae manehna bangoen anoe soekaf teuing, kikiplik ngong kongkorongok, dèrègdèg ngoedag bikang, djantèng ngong kongkorongok. Sorana pondok tapi beuneur. Harita si Gones aja di dinja, toeloeh manehna njampeurkeun ka si Gënding, pok ngomong kieu bar! ngalèngis:

„Emh, hajam! pantès maneh mah rek soeka seuri oge, da sakitoe diasihna koe djoeragan. Geura ari tjara kami mah, koemaha piboengaheunana. Maneh oge njaho pribadi, kaboga kami mah euweuh deui ngan sèdih djeung prihatin. Tara teuing dioeroes koe djoeragan. Padahal tjek bawa rasa gède pitoeloeng kami ka djoeragan, kami ngadjaga beurit djeung oetjing tatangga. Tjatjak lamoen euweuh kami meureun katoeangan djoeragan beak djeung pangang-gona roeksak koe beurat digégèt. Tapi nadjan kitoe oge hakan kami tara dioeroes. Oepama kami langlajuseun, sok kapaksa kami njolong kahakanan, koemaha ana katingali koe djoeragan, mani di-hantèm diteunggeulan népi ka lès-lésan kapaeahan, padahal teu sapira anoe dipaling teh. Noe matak tjek kami mah papada ngawoela oge, maneh mah estoe ngeunah, dahar mandi dioeroes, ari kana gawe tara pisan dipérédih’.

Barang si Gënding ngadenge omong oetjing kitoe, gantjang ngawalon:

„Oetjing! eta omong maneh kitoe, aja oge bènèrna, nja eta kami dipikaasih koe djoeragan. Tapi ari madjah kami sénang ngahénang-

ngahëning mah, etu salah. Enja ari hakan mah dioeroes, estoe taja kakoerang, tapi oetjing! gawe kami beunang disëboetkeun ngadjoeal pati. Geura pek bae koe maneh pikir oetjing, dina kami noedjoe diadoekeun, beunang disëboet kami koedoe meakkeun tanaga, koedoe doeg hoeloe pët njawa, pambrihna euweuh deul ngarah njoekakeun manah doenoengan, nja djoeragan teh asih ka kami. Ari mëntas diadoe awak kami mani ratja pinoeh koe tatoes, sarta pirang² lilana kakara tjageur deui. Tapi ari djoeragan euweuh pisan ras-rasanana, mindëng pisan tatoes kami tatjan tjageur bënër geus koedoe diadoe deui, da aja anoe ngaroerog. Tah, leu ilikan djawer kami geuning gëthian keneh, da anjar 'tas diadoe. Parandene kitoe kami teu gënah nja ati, boa isoekan atawa pageto geus koedoe diadoe deui. Geura oetjing pikir koe maneh, naha hiroep tjara kitoe teh ngeunah? Lamoen kami teu naroeuhkeun oemoer, ngawoela koe ngadjoeal pati, moal ënja koe djoeragan dipikaheman. Koe sabab eta, nadjan kami dipikaasih oge koe noe djadi doenoengan, ngarasa teu koeat ngawoela ka djoeragan ajeuna. Lamoen djoeragan anggër bae kitoe, ngahantëm bae ngadoekeun kami, tangtoe kami moal lila deui nja oemoer. Koe hal eta, maneh koedoe narima kana takdir diri bagdja awak sorangan, sabab nadjan maneh tara dioeroes oge, hiroep maneh kaasoepp oentoeng.

Wëkas kami ka maneh, oetjing! poma oelah aja toeroenan maneh anoe hajang kapake koe manoesa, sabab sato anoe koëmawoela teh, madjan ngawoela popohoan nëpi ka lali rabi tegang pati oge; geus moal ënja meunang panarima ti djoeraganana.

Saënjana ti batan hiroep kieu tjara kami ajeuna, mënding dipoenjoet bae nja oemoer koe Noe Kawasa”.

Barang hajam ngomong kitoe, panonna ngalalimba, toeloej sa-sambat kieu:

Kinanti panglipoeur bingoeng,
Moega sing djadi pepeling,
Kaniaja doeh djoeragan,
Panoehoen koering ka Goesti,
Goesti noe Maha Kawasa,
Nëda hampoeaning Goesti.

Wëlas Goesti noe kasoehoen,
Anoe dipoedja pinoedji,
Siang-wéngi ditëtëda,
Abdi noe nandang prihatin,
Disiksa dikaniaja,
Nandang papa djeung kanjëri.

Ja Allah Goesti pakoeloen,
Enggeus teu kiat nja diri,
Moegi aja silih hampoera,
Mënding dipoendoet nja hoerip,
Teu kiat koe rara wirang,
Abong bagdja millk diri.

Oetjing sobat, doeh sadoeloer,
Sing awas wasis patitis,
Millk diri bagdja awak,
Oelah kapintjoet katarik,
Hajang dlasih koe djalma,
Tambah soesah roeksak diri.

Barang oetjing ngadenge hajum-adoe tea sasambat kitoe, manehna
asa kaseoat nja ati, njëri peurih asa ngarakatjak, miloe tjeurik
ngabangingik:

Kasmaran teuing nja ati,
Teu koeat ngampët kaseoat,
Njëlëkit ieu njeleket,
Dirasa beuki karasa,
Gënding mitraning mitra,
Ditjatoer njeredet paoer,
Paoer asa dikesetan.

Eta omong maneh Gënding,
'Moen kadenge koe noe rea,
Meureun kabeh raheut hate,
Njëri mariloe nalangsa,
Tangtoe kabeh nënëda,
Ka Goesti noe Maha Agoeng,
Nëda agoeng kamoerahan.

Nadjan peurih nadjan njëri,
Ngarasoela djeung nalangsa,
Kapan geus takdir Jang Manon,
Djadi mahloek noe elehan,
Pangeujeub alam doenja,
Salawasna ngan kawëngkoe,
Kaparentah koe manoesa.

'Moen manoesa anoe leuwih,
Koe Goesti noe moerbeng alam,
Teu digandjar wëning hate.

Sabar adil palamarta,
Wélas ka machloek Allah,
Tangloena toeloej-toemoeloej,
Tjilaka salalawasna.

Ari moenggoeh anoe boekti,
Manoesa kabeh saroea,
Sok tara njaah ka sato,
Dianggap barang pakakas,
Tara ngarasa lara,
Prihatin nalangsa ngoengoen,
Disiksa sawénang-wénang.

Emh Gënding mitra noe dalit,
Bênér moemoedji nénéda,
Moega² manoesa teh,
Diboeka sanoebarina,
Kami miloe ngado'a,
Moega kaboel nja panoehoen,
Anoe témén-tinéménan.

Saha noe njaho di takdir,
Djaga oerang meunang bagdja,
Meunang kamoeljan kamoekten,
Kadar teu beunang dikira,
Kérsa Anoe Kawasa,
Djéléma tan kénéa wéroeh,
Hal boelak-balukna djaman.

Meugeus Gënding, meugeus Gënding,
Oerang oelah rek nalangsa,
Koedoe pasrah ka papasten,
Ngan oerang koedoe ihtiar,
Nénéda reudjeung iklas,
Kami amit rek loemakoe,
Balangsiar njlar hakan.

50. DOEA POTRET BEUNANG MILIH NOE NGAGARALEUH.

Anoe kapilih koe noe ngaraleuh Volksalmanak 1920, soepaja potretna diasoepekeun kana alménak 1921, noe panglobana meunang sora aja tiloean, nja eta:

1. Raden O. S. Tjokroaminoto;
2. Toean Abdoel Moelis;
3. Mas Wedono Dwidjosewojo.

Tapi lantaran Raden O. S. Tjokroaminoto teu kersaeun ngintoer-keun potretna ka Bale Poestaka, djadi anoe diasopkeun potretna kana ieu alménak: ngan potret Toean Abdoel Moelis djeung potret Djoeragan Dwidjosewojo bae.

Bale Poestaka ngahatoerkeun noehoen ka Toean Abdoel Moelis djeung Djoeragan Dwidjosewojo, reh kérésa ngintoenkeun potret andjeunna keur asopkeuneun kana ieu alménak.

51. MAS PIRNGADI.

TOEKANG-GAMBAR BANGSA PRIBOEMI.

Dina soerat² kabar Walanda loba anoe njéboetkeun, jen ti sapésna Raden Saleh poenoes, beunang diséboetkeun euweuh Ceui oerang Priboemi anoe diadjar énja² kana ngagambar. Eta lérés pisan kitoe. Tapi ka beh-dieunakeun, mimiti aja deui bangsa oerang anoe rarésép dialadjar ngagambar. Ngan tatjan loba anoe djadi bae.

Ajeuna geus aja anoe kasohor, nja eta Mas Pirngadi.

Meureun geus rea anoe ngadarancoe hal Mas Pirngadi ngiring toean Jasper ngoemisi karadjinan oerang Priboemi.

Ari kasohorna pisan mah andjeunna teh tina ngagambar „land-schap" Hindia. Loba pisan gambar beunang eta toekang gambar anoe dipintonkeun di Kunstkring di Batawi, sarta loba pisan anoe digaralchuh koe toean-toean anoe saréneug kana bangsa kabinang-kitan.

Mas Pirngadi asal oerang Banjoemas. Mimiti andjeunna ngamagang di Pasoeroean; lila-lila diangkat kana Mantri Oeloe; tina Mantri Oeloe djadi Mantri Kadafer. Harita beuki tembong kapintéranana kana ngagambar, népi ka ditjandak koe toean Jasper kana ngoemisi karadjinan oerang Priboemi tea.

Andjeunna toeloes ka Batawi; népi ka ajeuna llinggihna di Rogor.

Ieu di handap diasopkeun lezingna di Bogor dina boelan Agustus 1920.

Tina hal gambar.

Samemeh djisim koering njarioskeun hal gambar, bade njarioskeun heula paedahna saréng pérloena aksara saréng angka.

Doepi hartosna aksara atanapi angka, oepami djisim koering henteu lépat, henteu aja sanes kadjabi ti gambar keneh bae.

namoeng gambar sora; sapertos: H. eta henteu sanes ti gambarna sora: H., saréng saladjéngna.

Nja kitoe deul angka henteu sanes kadjabi gambar bilangan.

Doepi paedahna aksara atanapi angka manawi sadaja oge parantos aroeninga, namoeng soepados térang pisan, bade ditjaroskeun sapertos di handap ieu:

Paedahna aksara atanapi angka teh, nja eta pikeun njatétan sadaja pérkara, tjarios atanapi elmoe (wetenschappen), saréng sadjabi ti eta, soepados éngke di djaman achir, pikeun anak-intjoe atanapi tjanggah oerang sadajana, iasa térang, koemaha kaaajaanana djaman oerang ajeuna, anoe henteu kalampahan koe maranehanana.

Koemaha intjoe-boejoet atanapi tjanggah oerang bisaeunana térang kanjaanana djaman oerang ajeuna, koe eta gambar-gambar sora atanapi angka teh? Jaktos ari moal bisa térang atanapi moal tjékap tea mah, saopami ngan gambar sora atanapi angka bae mah woengkoel, du kédah disaréngan koe basa, saréng didamél boekoe.

Ari basa tea, nja eta pérkoempoelan gambar-gambar sora atanapi angka, anoe parantos ditangtoskeun hartosna; kajaning: SAGARA, NAGARA, saréng sadjabi ti eta.

Koe hal eta, pérloe pisan oerang teh koedoe njaho kana aksara atanapi bisa njeun gambar sora saréng angka, soemawontén gambar loembrah mah.

Gambar loembrah, atanapi gambar biasa, henteu sanes hartosna, kadjabi ti aksara. Anamoeng aksara anoe noedoehkeun hidji barang saréng disératna langkoéng térang, sapertos: gambarna medja, gambar korsi, saréng saladjéngna, sami bae saréng njébat aksara MEDJA, saréng KORSI oepami loembrah mah.

Oepami hojong oeninga naon hartosna gambar, eta, teu aja sanes kadjabi ti tjoret atanapi goerat² anoe diroepikeun barang. Doepi hartosna goerat, nja eta pakoempoelan titik-titik, anoe didjadjarkeun dongkap ka henteu katawls toemboena atanapi antarana, ti titik kahidji ka noe sanes.

Bangsa Europa saréng bangsa sanes kadjabl bangsa Arab, henteu kintén mérloekunnana saréng ngadjianana kana hal gambar, margi ngemoetkeun kana kapérloeana. Ari tawisna, loba témpat² anoe baroga Pakoempoelan Gambar (Kunstkring). Malah di dieu oge, di Bogor, aja.

Doepi bangsa Arab, noe mawi henteu mérloekueun kana hal gambar, koe pangintén djisim koering, oepami henteu lépat, koe margi kasébat dina, kitab², doeka naon wastana eta kitab teh, koering hilap deul, njébatkeun jen gambar teh haram pikeun bangsa Islam mah; nja eta dawoehan K. N. Moehammad s.a.w. Doepi margina kieu:

Di djaman baheula, dina djaman Kanabian samemehna K. N. Moehammad, di tanah Banisrail, djéléma² pada njarémbah ka bérhala, roepi djéjdjélémaan (artja), roepa safo saréng sadjabi ti eta, ari noe didamélina batoe atanapi Kai. Eta bérhala dianggépna kawasa, sapértos ALLAH. Koemargi eta, disémbah-sémbah slang-wéngi, samalah garadoeh pangintén hiroepna oge, nja koe bérhala tea; maranehanana hénteu ngarandéleun kana ajana Allah, sarta hénteu pértjaja ka ALLAH. Noe mawi-lérés pisan, kérsana Kangdjéng Nabi Moehammad, ngadawoehkeun jen gambar-gambar haram; margi nja eta bokbilih aja oematna saréng kaomna anoe njarémbah ka bérhala tea, saréng hénteu pértjaja ka Allah. Koe margi eta koe Arab noe aralim, soemawonna anoe kéntjéng ngalampahkeunnana Agama, hénteu nganggo dipikir deul, saréng hénteu nganggo dibedakeun deul, gambar saréng artja atanapi bérhala, noe aja teh moeng haram bae. Soemawonna baris bangsa oerang mah (oerang Djawa atanapi Soenda) anoe memang agama toetoeoeti tea, hénteu kintén bae sieuneunana kana eta basa „haram”. Noe mawi bangsa oerang sakitoe moendoerna tina hal gagambaran, koe pangintén djisim koering hénteu sanes margina, moeng tina katarik koe basa haram tea bae.

Nanging reh ajeuna oerang sadaja parantos térang sabab-sababna, saréng oerang teh parantos térang, jen hénteu aja deul anoe kawasa di doenja kadjabi ti Allah, sanes bérhala tea, tjara oerang Banisrail, kawoewoeh deul kapan hal gambar teh sakitoe pérloen: sapértos anoe parantos ditérangkeun koe djisim koering di pajoen: naha oerang teh koedoe sieun keneh bae, koe eta, basa? Saréng ningal kana omongna hidji toekang gambar Leonardo Davinci: „Saha-saha anoe ngadjlan kana Kunst, gambar atanapi naon bae karadjinan, anoe didamélina koe panangan, eta kenging didamé? tjtjiren, jen eta djéléma Beschaafd”, koe margi eta tjing atoeh, oerang teh sabisa-bisa, koedoe pada ngeureujeuh, oerang oedag eta karadjinan teh, anoe sakitoe pérloena, saréng sakitoe saena. Malah mandar oerang teh bisa tjampoer saréng bangsa Europa.

Dina soerat kabar „HET VADERLAND” 29 April 1912, KOLO-NIAALWEEKBLAD saréng SOERABAJAASCH NIEUWSBLAD: tahoen eta keneh, pada njarébatkeun kieu:

„Na den dood van den bekenden Raden Saleh, die veel dierenfiguren geschilderd heeft en wiens in het Rijksmuseum te Amsterdam aanwezig stuk „Gevecht op leven en dood tusschen een buffel en twee tijgers” in het boek Neerlands Indië in kleuren is gereproduceerd, heeft de schilderkunst onder de Inlanders van den Archipel geen ernstige beoefenaren gehad”. Doe i pisoendaeunana koe kintén² kieu:

„Saparantosna Raden Saleh poepoes, nja eta toekang gambar anoe kasohor tea, anoe sok ngagambar sasatoan, malah didamé-

lanana aja noe disimpén di Rijksmuseum Amsterdam, nja eta gambar banteng dihoeroep koe macoeng doea, geuning dina boekoe Neerlands Indië digambarkeun make tjet. Ti sémét harita, oerang Priboemi di tanah kapoeloan Hindia hēnteu aja anoe diadjar énja-énja kana ngagambar".

Djadi parantos tērang pisan, jen ti saparantosna Raden Saleh poepoes, oerang Priboemi kenging pamojok sanes bangsa, disēboetkeun hēnteu daraekeun diadjar ngagambar, padahal ari topek mah, sarerea oge aroeninga, kapan bangsa oerang teh loba anoe baroga. Malah koe bangsa Walanda oge kaaroeningaeun, boektina dina sērat kabar „DE HOFSTAD" tanggal 4 Mei 1912, parantos dipoedji kieu: „Wie Indiërs heeft zien teekenen weet hoe verwonderlijk knap en accuraat zij daarin zijn".

Doepi pisoendaeunana kintēn-kintēn bae kieu: „Saha-saha noe geus tingali pētana oerang Hindia ngagambar, tangtoe heran tina pintērna djeung apikna ngagambarna noe digambar".

Memang eta kētjap anoe kitoe teh lērēs pisan, hēnteu aja fēpatna, malah djisim koering parantos ningal pribadi, jen bangsa oerang seueur pisan anoe memang aja dasarna baris gagambaran; amoeng nja eta tjatjadna teh sok bosēnan sarēng sok émboeng hese.

Koe margi eta, pancihoen djisim koering ka sadajana djoeragan, anoe lalinggih di dieu, soepados kērsa niroe adatna oerang asing sarēng kédah noeroet paribasa Inggris, anoe pokna kieu:

„Never sit down in repining

For where is a will there is a way.

Hartosna kintēn² kieu:

Oelah sok eieh koe hese, margina di mana aja karēp, di dinja aja djalan.

Bisi kirang mantēpna, atoeh oerang njandak deun saksi ti dawoeh Nabi: „WADJIDA WADJIDAHOE".

**52. HIKAJAT NGANGGO DANGDING BASA SOENDA
BANTEN PARAHANG, TJARIOS KAAJAAN DI
KABOEPATEN LEBAK SARENG SERANG.
DIDJENENGKEUN.**

ASMARA SRI ANGGA (1).

I.

1. Dangdangoela anoe djadi kawit, njarioskeun tempat oesoel-asal, damélan Kandjeng Boepatos, noe djadi toenggoel pajoeng, pangaoeban sadaja abdi, ngéreh hing kota Serang, asmana noe mashoer, awit njépéng padamélan, doegi kana ginandjar titél dipati, Raden Soetadningrat.

2. Djisim abdi geus nampa pilahir, kadawoehan ngarang ieu témbang, nanging estoe maksa bae, lain koe sébab timoe, njarioskeun djeung mawi dangding, ari anoe ditilad, basana malajoe, sim abdi noe kédah njérat, ngaran nélah poen Hadji Moehamad Bakri, basa eukeur di Mèkah.

3. Titimangsa keur dikarang dangding, tanggal lima December sasihna, poekoel tiloe dintén Sèner, nja mangsa ieu tohoen, noe katélah tahoen masihi, hidjrah Djéng Nabi Isa, sewoe dlanan ratoes, djeung salapan poeloeh doea, doepi babad noe bade dikarang dangding, ieu kawitanana.

4. Anoe médal tina hate bérsih, panénéda ka sakoer noe matja, djeung ka noe ngadangoe bae, tjarita noe kaséboet, sadajana samoegi-moegi, teu djadi doeka manah, koe margi geus tangtoe, saha-saha oge moal, panggih anoe kérsaeun ditjéla diri, djeung njéla ka andjeunna.

5. Tina eta koela aja pikir, keur moedjikeun tempat oesoel-asal, rama iboe keur bareto, sarta koela nja kitoe, oesoel-asal ka doenja lahir, galibing paribasa, djalma oerang goenoeng, énja eta kleu pokna, oesoel-asal ngalahir bali ngadjadi, nja di apdeling Lèbak.

6. District Sadjra nalika keur leutik, koela ngiring lampah iboe rama, pindah ka lian apdeleng, di dinja heubeul matoeh, énja eta dajeh Tjaringin, djéng rama pilénggahna, Patih ladjoe toeloef, pindah ka dajeh Pandeglang, njandak pangkat pilénggah djénéng boepati, ari koela harita.

7. Kira oemoer doea wélas warsi, malah henga njékél pagawean, hanteu pisan-pisan poho, ka lahirna karoehoen, masih oge tiasa

(1) Mètik tina Tijdschrift Taal-, Land- en Volkenkunde, anoe dikaloeuarkeun koe Bataviaasch Genootschap van Kunsten en Wetenschappen.

nilik, ka tilas kalahiran, djeung përsanak tēpoeng, ingët basa keur mangsana, tahoen opat poeloeh lima henga nēpi, ka opat poeloeh slapan.

8. Kota lēbak kala eta ngalih, ngababakan damēl kota anjar, ti Lēbak ngaralih kabeh, ka dajeh Waroenggoenoeng, sadajana para prijaji, kantēnan toean², mangsa eta langkoeng, loetjoe djeung leuweung-leuweungna, katendjona masli araloes teh teuing, ti dinja deui pindah.

9. Damēl kota ngababakan deui, dajeh eta harita ditisar, dawoehan Kangdjēng Goepërmen, ngalih ka Rangkasbitoeng, pirang³ tahoen teu nilik, ka tempat kalahiran, marga rea oedoer, tina tambah-tambah pangkat, beuki tambah tangoengan noe djadi wadjab, didjalankeun koe koela.

10. Dina mangsa keur tahoen masihi, toedjoe poeloeh gēnep pangkat koela, djēng boepati apdeleng, Pandeglang hidji waktōe, kenging titah djalan ngoemisi, tanah noe sēboet erfpacht, di sahidji goenoeng, di ngaranan Goenoeng Poentang, district Sadjra noe di dinja mēlak kopi, tosan Van Delden tea.

11. Njoehoen tambah arek moeka deui, tanah noe ditēda rek diboekna, Goenoeng Endoet ngaranna teh, koela nja soenggoeh-soenggoeh, ngadjoengdjoengkeun timbalan goesti, sapërka mistina, kadoeana woewoeh, tambah sēnang soeka boengah, bade nilik ka oeroet ball ngadjadi, ti dinja koela mlang.

12. Sarēng tosan Controleur Willem Linn, dongkapna ka Rangkasbitoeng kota, hanteu ladjoe mondok bae, isoekna karek toeloef, kapeutingan nja mondok deui, di kawadanan Sadjra, isoek karek ladjoe, ngadjoegdjoeug ka Goenoeng Poentang, ngandjrēk deul di toean Van Delden meuting, doea wēngi lilana.

13. Boemi toean sakalangoeng asri, rea-rea piikeun kasēnangan, imah papan siga tembok, moetoeh pisan araloes, malah sami djeung di Batawi, saēnggeusna mariksa, ngaran Goenoeng Endoet, balik moelang kapeutingan, dina oeroet nja ēnggon ball ngadjadi, ingët djaman keur boedak.

II.

14. Kasmaran pabeoer sēdih, sadjēroning pipikiran, nalangsa djaman bareto, oeroet koela ngalih alam, kalahiran di dinja, toempah darah kandjēng boe, kasondong deul harita.

15. Basa ngalih ka Tjaringin, sēpoe pangkat djadi dēmang, ajeuna ngaranna sedjen, kaganti ngaran Wadana, sēpoe ti pangkat eta, ngalih ka Tjaringin moendjoeuk, njandak pangkat kapatihan.

16. Nja pandjang ana digoerit, isoekna ti dinja angkat, sarēng tosan Controleur teh, ka kota apdeling Lēbak, teu toeloef poē eta, nja mondok di Rangkasbitoeng, isoek karek balik moelang.

17. Kala eta noe kapanggih, koe koela di dajauh Lëbak, teu atjan diavoer sae, malah aloen-aloen kota, eurih noe matak bala, djeung djarëblog rea loempoer, di djalan poetëran kota.

18. Malah kaso djararadi, leuweung rea noe raroesak, tégul anggar mereketet, paroetih këmbang eurihna, leuweung taja rasmina, lemboer paboeliksak koesoet, rea tanah anggar bëra.

19. Matak djadi sëdih ati, hamba-hamba oerang desa, kolot boedak pada bongoh, achirna keur dina boelan. October tanggal lima, sarewoe dalapan ratoes, djeung toedjoeuh poeloeh dalapan.

20. Koela dikërsakeun ngiring, Kandjëng Tocan Riden Metman, ka kidoel këdah miderek, sëpeksi afdeeling Lëbak, angkat di Pandégëlang, wantji djam poekoel sapoeloeh, mondok di kaboepatian.

21. Di dinja teh doea peuting, isoek tanggal toedjoeuh angkat, ngiring Kandjëng Tocan Riden, Ijeung toean Assistent pisan, sarëng Kandjëng Dalëmna, Raden Soeta Angoen-angoen, dongkap ka Goenoeng Kantjana.

22. Di dinja mondok sawëngi, nganggo imah kawadanan, sarëng djalan-djalan oge, harita ka Goenoeng Dadap, ka boemi toean tanah, Huldekooper Lëbaksioeh, kota district masih bala.

23. Ngan aja imah sabidji, imah kawadanan tea, djeung djoe-roetoelisna bae, isoekna poekoel salapan, angkat deui ti dinja, djëboelna ka Tjipalaboeh, imah Assistent-Wadana.

24. Tëroes ladjoë ka Mallingping, mondok doea wëngi heula, sarëng di dinja sapoë, moetër-moetër pakampoengan, ka sabehulah koelonna, di tanggal sawëlas isoek, angkat djalan raramean.

25. Angkatna noeroet pasisir, sënang manah sarerea, poegoeh rea noe ditendjo, koemaha onam galibna, di kikisik laoetan, rësik setra moetoeh aloes, djeung nendjo ombak sagara.

26. Sadajana noe ngariring, leumpang tjara pëlësiran, pada soeka-soeka hate, sareh ngiringkeun bandara, djlog dongkap ka Tjihara, mondok sawëngi ngoeloewoet, di imah ka-Assistenan.

27. Imah tihang tantjëh awi, hanteu make dioempakan, amparan paloepoeh bae, aboes angin bilik tjarang, pajah tiris katjida, ari hateup daoen tëpoes, isoek tanggal doeawëlas.

28. Ti dinja seg angkat deui, djalan malipir laoetan, tjara keur kamari bae, oeroet ngoeloewoet kapoenah, koe leumpang nendjo ombak, goemëldëg tingdjalëgoer, ombak galëde katjida.

29. Njabrang moehara Tjisih, Tjipagër ënggeus kaliwat, toeloeh make djalan sedjen, nëroes ka leuweung gamea, ka goeha Patoe-goeran, nëpi ka Bajah dilitoeng, oekoeran tilloewëlas pal.

30. Isoekna bral angkat deui, bënërr tanggal tilloewëlas, di djalan teu kintën tjape, dongkap ka lemboer Sawarna, anggangna salapan pal, tanggal opatwëlas matoeh, soemëdja boehoeroe badak.

31. Karana di dinja teuing, rea badak djeung garalak, watir ka

...
kapeung aja noe ka lëmboer, lamoen badak teu poetrían.

32. Isoek-isoek angkat deui, bënér tanggal gënèpwélas, noedjoe lëmboer Tjibareno, Kandjéng Ridsen mariosan, watés tanah Priangan, djeung ningali boedak lëmboer, anoe ditaném tjatjar.

33. Tanggal toedjoehwélas masih, aja di lëmboer Sawarna, sédja moeroe badak keneh, di tanggal salapanwélas, angkat balik ka Bajah, dina tanggal doeapoeloh, nja masih aja di Bajah.

34. Di dinja kërsa ningali, boekoe padjég tanah-tanah, saréng di dinja marios, boedak noe ditaném tjatjar, tanggal salikoer angkat, ka Malingping sédja wangsoel, ngaliwat deui Tjihara.

35. Mondok deui di Malingping, tanggal doeapoelohdoea, bari djeung ngeureunan tjape, Kandjéng Ridsen kërsa ningal, pillëmboeran di dinja, dina tanggal tiloelkoer, angkat ka Goenoeng Kantjana.

36. Di dinja njare sawéngi, tanggal doeapoelohopat, isoekna tanggal salawe, angkat ti Goenoeng Kantjana, soemédja balik moelang, djoegdjoeg dajeh Rangkasbitoeng, téroes balik ka Pandeglang.

37. Kangdjéng Ridsen ladjéng moelih, ka kadaton dajeh Serang, teu noe disérat kabéh, përdjalanan sadajana, basa eukeur harita, térang pisan geus diatoer, dina dangding basa soenda.

III.

38. Sinom ngagéntosan témbang, harita njata teh teuing, ra-roesak leuweung-leuweungna, paribasa nini aki, aja séboetan galib, lapoer araloesna goenoeng, moesna alas geugeuda, sébab ditjatjar didamping, boesak-basik pikeun noe leutik ngahoema.

39. Satahoen kadoea pindah, eta oge beunang djadi, noe leutik sakahajangna, sébab koerang pangawatir, pikeun maratoeh tjitjing, noenggoe pagawean përlöe, karana kabéh djalma, make kumoerahan nagri, tapi tonggoj noe leutik tinggal miskinna.

40. Imah² sadajana, masih tétép sabihari, aja omong paribasa, diséboetkeun sër-moerti, tanapi eoera-sandi, moen hoeboera ka madoer, ngoembara ka samarna, matoeh tjitjing di Tjisih, njeun imah di loehoer sëmper gënahna.

41. Sawah² tinggal bëra, tina kaboerangan tjal, pahoemaan teu digarap, noe leutik sakarép diri, barang di taoen achir, sareboe dalapan ratoes, toedjoe poeloh salapan, djoel dongkap toean koe-misi, ti Batawi toean Sëpektor tanëman.

42. Mariosan hamba-hamba, noe koerang hakan mariskin, di eta afdeeling Lëbak, djeung ingët basa ka boeri, di boelan Maart indit, sareboe dalapan ratoes, dalapan poeloh slapan, nendjo lelang sédja meuli, barang-barang Controleur Goenoeng Kantjana.

43. Ka Tjibloek nja djalanna, térosna ka Sindangnjair, ka Wa-loekoe nja ladjoena, djlog ka djalan gède népi, harita geus mimiti, lémboer djeung djalan diatoer, leungit pamake koena, koemaha blasa tadi, djalan-djalan térosan leutik digombrang.

44. Jen bëndara rek ngalintang, didjalan kaso djeung curih, karek pada digombrangan, harita djalan geus radjin, résik beunang ngarikil, gill sapandjangna aloes, barang ka kawadanan, ditendjo geus lain deui, reudjeung basa ngiring Kandjéng Resden Metman.

45. Geus diatoer imah, malah djiga kota nagri, sakabehna soeng-soehoenan, limas koeméréb djeung bilik, geus dilaboer paroetiki, pérbot imah medja bangkoe, korsi kénap pigoerah, koemaha imah prijaji, soemawonna ari imah kawadanan.

46. Reudjeung sakabeh ganggana, djalan poetéran ngoeriling, résik taja koetjwana, lain tina aneh leuwih, tapi heran sakali, jen ingét basa kapoengkoer, aja sakitoe beda, djeung heran koe marariskin, bararisa njeun imah gégédongan.

47. Jen keur ditimbang heubeulna, sapoeloeh tahoen ka boeri, noe kaséboet tadi tea, basa eukeur koena ngiring, Kangdjéng Resden gépeksi, teu seep pikir mélléngoe, kabidjaksanuanna, noe djadi pamasa nagri, pamarentah ka sadaja hamba-hamba.

48. Teu sabaraha heubeulna djeung tambah djalma garinding, semoe noe taja kasesah, djeung basa tahoen masehi, noe prantos ka boeri, di tahoen salapan poeloeh, ping doea poeloeh doea, October koela geus nilik, di dajehna basa raramean pesta.

49. Pesta Kangdjéng Boepatina, nampi koernia hoepati, koela harita di dinja, génép poé génép peuting, ari ditilik deui, kota dajeh Rangkasbitoe, résik teu kira-kira, taja koetjiva seutik, aloen-aloen djoekoetna kakalabangan.

50. Djampang panggoeng ngararambat, dipake koe kapaléti, baris koeda laloesa, singgétna beda teh teuing, djeung basa noe ka boeri, di tahoen-tahoen kapoengkoer, djiga babakan anjar, aja mata' loetjoe teuing, noe marentah djiga ngagajoe tawangan.

IV.

51. Kinanti ngagéntos lagoe, ngagéntos ploendjoek ulah, basa ngagajoe tawangan, sasmita kembang kinanti, aja noe ngaréboet paham, poen derek abdi pribadi.

52. Poen Wadana noe geus pënsoen, saréng prantos djau hidji, nami poen Soetradilaga, méméh katjida teuing, baugét hanteu saroejoe, tawang sasmita kinanti.

53. Pokna salah lamoen kitoe, jen timbangan noe herboedi, eta ngagajoe tawangan, ngagajoe jen basa boemi, tégésna ngarawel tea, tawangan nja loehoer langit.

54. Awang-awang noe teu woedjoer, ngaranna ge djoer-latip,

pake sasmitaning tĕmbang, rek salin lagoe kinanti, djiga ngagajoeah tawangan, heg tjoba ana dipikir.

55. Awang-awang taja woedjoed, dirawel nja moal hasil, taja beubeunanganana, halna eta ngoeroes nagri, poegoeah sakitoe boektina, sampoerna sagala djadi.

56. Djisim abdi pok ngawangsoel, akang mah kleu 'na plkir, eta ngagajoeah tawangan, apan ĕnja moal hasil, da teu aja dat sipatna, ngaranna ge djohar-latip.

57. Eta njatana mah kitoe, sasmita tĕmbang kinanti, djiga ngagajoeah tawangan, apan da poegoeah geus boekti, Kandjĕng bandara di dinja, ngoeroeskeun sagala djadi.

58. Teu aja kabĕt saramboet, anoe djadi halang-haling, tjara ngagajoeah tawangan, sakĕrsana kabeh boekti, saborong anoe la-mpad, akang geus njoehoenkeun warti.

59. Wangsoelan mana teh kitoe, timbalan Kangdjĕng Dipati, rek naon inake pusea, mana-mana oge boekti, lamoen dipikir noe ĕnja, koedrat iradat Jang Widl.

60. Anoe awon anoe aloes, koe lampah anoe bĕrboedi, tĕmahwadi bidjaksana, karahardjanna geus jakin, moelana di alam doenja, sok roegĕl manggih histori.

61. Nĕe tanpa nalar teu poegoeah, kabeh bae noe kapanggih, ditarik ka kagorengan, eta oge bisa djadi, lamoen anoe bidjaksana, kasalamĕtan noe pasti.

62. Geus eta oelah parĕboet, matak djadi soesah ati, djongdjon slh pada ichtiar, noe djadi salamĕt diri, sapoek adi reudjeung kaka, tl lahir doegi ka batin.

63. Poegoeah moen boektina woedjoed, di dajauh di kota district, di onderdistrict di desa, sagala djadi djeung rasmi, saniskara pagawean, saralin kawas dibalik.

64. Noeloekkeun anoe kapoengkoer, tapi teu pandjang dipikir, hal karĕsikan dajuehna, ngan koela nitenan deui, djalma oerang pakidoelan, Goenoeng Kantjana Malingplng.

65. Noe nongton ka Rangkasbitoeng, pabaoer pagilinggisik, djeung oerang kota dajuehna, reudjeung Pandeglang Tjaringin, rea oge oerang Serang, tatapi meh kapahili.

66. Lamoen tadina teu wawoeh, tina oerang kidoel ginding, bĕrĕsih pakeannana, aja noe make erlodji, ngan saeutik katjlrina, bĕkĕlna dibĕbĕd oepih.

67. Djeung boeboentĕlan sambajoet, poetih ngan sakitoe tjiri, ari feo karamean, pesta djĕnĕng adipati, geus madkoer dina karangan, anoe dilagoekkeun dangding.

68. Kenging Kangdjĕng Rangkasbitoeng, harita dikarang dangding, djeung dina lian poĕna, koela njarĕngan pĕlĕsir, ka pasangrahan Tjimarga, sapandjang djalan ningali.

69. Sapandjang djalan dĕatoer, imah dilaboer paroetih, djeung

dibangoen gégédongan, rea-rea koela moedji, dina sadjéroning manah, tina bawaning parangling.

70. Leuweung-leuweung lëmboer², lëmboer djiga onderdistrict, djalan kapapaj soesoekan, rea sawah tadah djadi, tarikan soengupanana, sampalan katindh tjal.

71. Djadi sawah tanah lintoeh, aboesna tarikan deul, rea kaboekti hasilna, teu kintèn saréng atil, para abdi oerang desa, badan laloels bérésih.

72. Ieu kabeh noe diséboet, kira-kira moal djadi, moen lain parentah paksa, tapi saréng titi soerti, soesila sabar darana, karek dlahirna djadi.

73. Dipérloekeun dikoekeodoe, sagala barang noe wadjib, sarta mitoeroet atoeran, heerendienst anoe sadjati, pikeun sadajana djaima, noe mampoeh djeung pintér boedi.

74. Tapi hanteu djadi tjoekoep, ka hamba ahli patani, noe bodo koerang ingétan, jen teu make tata titi, atawa sandi oepaja, noe sampoerna beunang mikir.

75. Djeung satengah dikoekeodoe, dipaksa sahingga djadi, neangan pikeun boektina, kasalamétan pra abdi, sadajana oerang desa, midjil tina sédih ati.

V.

76. Tëmbang midjil ngagéntos kinanti, njamboengkeun tjarlos, sasih October kaping salawe, mangsa tahoen anoe katawis, hidjrah Kangdjéng Nabi, sreboe diapan ratoes.

77. Salapan poeloeh doea masihi, di Rangkasbitoeng teh, ditangtoskeun ngadamél karasmen, ngabéh koeda djeung tentoonstelling, tèmpat noe dipilih, lëbah Waroenggoenoeng.

78. Dintèn Senen poekoel toedjoeh endjing, sasih eta kneh, kaping doea-poeloeh-opatna teh, koela bral ti Serang sarimbit, ningal tilas lami, kota Rangkasbitoeng.

79. Népi ka palëbah onderdistrict, Waroenggoenoeng liren, di tèmpat pangadoean koeda beh, katingalna langkoeng rérésik, përhlasan netjis, sagala diatoer.

80. Di djéro ban aja panggoeng leutik, tèmpatna President, Sekretaris koemisaris oge, anoe ngoeroes reudjeung noe njaksi, dina hidji-hidji, koeda noe diadoe.

81. Sawetaneun panggoeng noe sahidji, istal koeda beres, didjérona geus dieusi kabeh, koeda djaro saréng prijaji, koedana laloels, wantoe koeda adoe.

82. Lëbah pasar handapeun waringin, aja saeung gëde, pikeun tèmpat barang noe araneh, pakoempoelan ti mana-mëndi, anoe soeka ngiring, damélan di kampoeng.

83. Seep kabéh teu koengsi kaboedi, ana beh katendjo, përhlasan

teuing araraneh, ngadjadikeun takédjoet ati, koe kakara manggih, ajeuna saemoer.

84. Teu kalakon koe djaman bihari, nanging harita teh, ntjan mangsana di eta poë, geus roep bae ti mana-mëndi, awewe lalaki, geus koempoel bariboe.

85. Noe laladjo sami rek ningali, koela nitah naros, noe ti mana anoe daratang teh, piendoekna djaler djeung istri, padjaboengan abdi, noe datang ti kidoel.

86. Ti Goenoengkantjana ti Malingping, djeung ti Tjibareno, anggagna noe saratoes pal geus beh, daratang poegoeh ti Tjaringin, ti Pandeglang deui, ti Serang geus djéboel.

87. Teu ditjatoer noe dareukeut njanding, sanggeus koela nendjo, saniskara padamelan aneh, sadian pikeun noe tjalik, koela angkat deui, noedjoe Rangkasbitoe.

88. Ngiring Kangdjeng Toean Ritsden tjalik, ngersakeun rek mondok, keur di djalan koela heran bae, tina teuing koe pararangling, toeloj koela manggih, sahidji goegoeroeng.

89. Soesoekanna bareto geus djadi, basa eukeur tempo, Kangdjeng Boepati anoe soemareh, geus ka rachmatoelah nja moeish, pokna para abdi, ngaranna teh kitoe.

90. Bendoenganna ngaran paksa nagri, rea tégal kaso, tégal eurih djadi sawah kabeh, nanging djondjon pra abdi-abdi, hanteu senang ati, rasa disoesoeroeng.

91. Migawena reudjeung paksa diri, hanteu beunang aso, saénjana ngaran noe tégès teh, énja eta soesoekan tjai, ngaran „Kartanégri“, noe hartina kitoe.

92. Basa Karta „salamét ti blat, rahajoena tonggoj, basa négri „nja nagara oge“, singgétna mah salamét nagri, teu aja balai, salamét rahajoe.

93. Kalérésan eta nenggél teuing, asma noe bareto, Kandjeng Dalém anoe geus soemareh, Kandjeng Rahaden Adipati, Karta Natanégri, noe parantos moepoes.

94. Sanggeus wapat Kandjeng Adipati, tégésna geus maot, eta solokan teh iloe paeh, énggeus sababaraha lamé, mangsa ieu djadi, deul tambah hiroep.

95. Tina koela iloe soeka ati, basa eukeur nendjo, eta tjai anoe tadi paeh, mangsa ieu kadjait deui, koela moeka topi, njalamét-keun soekoer.

VI.

96. Pangkoer ajeuna kasérat, rehna eta sélekan djadi deui, beunang diharép geus tangtoe, matak djadi raharaja, ka sadaja Boempoetra oerang lémbouer, noe kasorang koe soesoekan, moal wande pare djadi.

97. Ti dinja téroes ka kota, Rangkasbitoeng moedji soekoer ka Goesti, rea panendjo noe asoep, kana pikiran koela, pikeun tambah salamétna Rangkasbitoeng, koela mondok di boemina, Kandjeng Dalém Adipati.

98. Dina doea poë koela, oenggal isoek satengah gënëp bidjil, népi kana poekoel toedjoe, koela pépélésiran, djalan-djalan moeter kota Rangkasbitoeng, nendjoan djalan poetéran, saléga kota teu kari.

99. Oepama jen diladjoer mah, lampah koela koerang leuwih saeutik, lima pal boa mah langkoeng, kabeh djalan poetéran, nonggong koeja téngahna rada moendjoekoel, eta pangintén kaola, beunang ngoeroeg doea kali.

100. Djeung disawoer sapandjangna, koe karikil batoe anoe la-leutik, sisina dilémpéng djoekoet, siga djoekoet domdoman, beunang mabad ditendjona moetoch, alces, sapandjangna dipagéran, kajoe hirup geus djaradi.

101. Sadajana ditahangan, 'na simpangan pikeun loe usoep bidjil, sakoer djalan oenggal toengtoeng, atawana tikoengan, diajakeun gardoena teuing laloetjoe, djeung sakabeh imah-imah, lipét sabarna kali.

102. Kaaloesan imah-imah, jen ditimbang ti asal basa taul, keur tahoen salapan poeloeh, saréng meh teu katara, mana misk'in mana noe kaitoeng mampoeh, toeloj mikir deul koela, koemaha beunangna djadi.

103. Lamoen hanteu sasoenggoehna, reudjeung paksa marentah para abdi, ninggalkeun sakoer noe périoé, oepama 'moen kitoe mah, nadjan reudjeung peurih peudji énggeus tangtóc, Boemipoetra mliampahan, oge tina sébab adjrih.

104. Tapi dina sabalikna, koe ingétan koela dipikil deul, koemaha da apan woengkoel, sawah-sawah kaboeka, anoe tadi buréra ajeuna tjoekoel, pélak pare tambah-tambah, madjoe hanteu koerang tjai.

105. Djoeng angkat bae kaola, keur neangan alamat anoe pasti, nitah batoer njogok loemboeng, kabeh aja euslan, malah rea parona noe masih pinoeh, alamat teu koerang téda, mégat sénang para abdi.

VII.

106. Pangkoer géntos ajeuna témbang magatroé, harita beh aja sapi, kawasna sapi teh ma'loem, jen kaola mikir-mikir, tetela neuleu pasémon.

107. Kana sandi oepaja koela saestoe, tanda jen sapi ngarti pokna awon kapioendjoek, abdi njoehoen moegi-moegi, salaja noe matah helok.

108. Dimanahan koe gampang langkoeng diaoeh, krantén mangsa kiwari, para abdi oerang lémbouer, hanteu soesah noe dibeuli, moerah pare bonteng djagong.

109. Boga imah aja sawah leuit pinoeh, gamparan apan tingali, pare di dieu di ditoe, noe dipélak djararadi, rata dirambet diojoe,

110. Sami sarèng sanes afdeeling nja kitoe, sawahna geus masing, dipélakan pare indjoek, moenggoeh pamanggih sim abdi, di dieu taja noe awon.

111. Pélak pare rata sarèng tambah madjoe, nja kitoe di sedjen district, satjépéngan Bantén kidoel, tangtos jen Kandjéng ningali, kanténan langkoeng ti hekok.

112. District Sadjra, Lébak sarèng Rangkasbitoeng, Paroengkoedjang, Mallingping, eta anoe langkoeng aloes, jen ditimbang kota district, djeung ondérna matak kerok.

113. Tina sami imah-imahna araloes, soehoenan diwoewoeng goeling, limas koemoeréb salaloe, dilaboer njetjes paroetih, djalan teu aja noe awon.

114. Keri kanan dibabad roebak doea roe, dina saloeareun gili, mana-mana énggon soewoeng, pamégatan badak dèngki poegoech pamégatan meong.

115. Dangét leu taja kalnggis saramboet, di eta tèmpat noe tadi, marga parantos diatoer, imah laloetjoe teh teuing, koemambang mana noe nendje.

VIII.

116. Maskoemambang ti pakdoelan djol soemping, doepi pangarasana, ngèrsakeun dikarang dangding, noeloefkeun noe keur sendjoekan.

117. Madak Kandjéng kirang pèrtjantén ka abdi, soemangga tingalan, gamparan djéngkar sépeksi, mariosan kadistrikan.

118. Djawab koela kana pioendjoekan sapi, heh sapi jen énja, kitoe dipikir koe kami, tempo toean Assistentna.

119. Kandjéng Toean Van Dijk keur di dieu tjalik, djeung Kandjéng Dalémna, djénéngan dina bisioet, Toemgoeng Prawira Koesoema.

120. Reudjeung tempo Kandjéng Assistentna deui, toean Pino tea, sarta djeung Kandjéng Boepati, noe ajeuna Istirachat.

121. Toeménggoeng Soeta Angoen-Angoen Boepati, eta doenan, hanteu nganggo sipat rachim, mlderek ka tata koena.

122. Djaman Kandjéng Soeltan Bantén naon sapi, maneh atjan matja, kitab ngaran goeret-garis, diltémbangkeun basa Soenda.

123. Kawas-kawas karek ajeuna pinanggih, Kandjéng Assistentna, toean Van der Ven bérboedi, sarta arif bidjaksana.

124. Kandjéng Dalém djénéng Raden Adipati, Soerja Nataningrat, noe milampahkeun kiwari, nganggo sipat rachim moelja.

125. Ari para Kandjéng anoe geus kaboeri, nganggo sipat rachman, pok sapi mioendjoek deui, abdi Dalém henteu térang.

126. Kana sipat rachman saréng sipat rachim, moegi loentoer manah, njoehoenkeun piwédjang abdi, bade ngartoskeun estoena.
127. Tina eta sapapandjang djalan sapi, koe koela harita, beak dibere pangarti, tégésna noe sipat rachman.
128. Enja eta kamoerahan soetji ati, soepaja abdina, timoe kasenangan diri, sakabehna Boemipoetra.
129. Teu dititah hese tjape banting diri, dipérik sasawah, dipérik neangan hasil, dipéridh imah tanggana.
130. Soepajana aloes pakarangan bérsili, titah résik djalan, pi-keun anoe wara-wiri, imoet moetjoeng leumpang séngang.

IX.

131. Kémbang pitjoeng maskoemambang geus kapoengkoer, sipat rachim eta, wélas asihing noe géde, ka abdina kolot boedak sadajana.
132. Lamoen sapi atjan mangarti noe tangtoe, kanjataanana, kieu pisan misilna teh, saopama hidji djé'ema somahan.
133. Boga anak sanggeus kira meunang oemoer, satahoen satengah, di boeroean oelin bae, malah galib babasaan kémbang latar.
134. Tina sébab boedak mah sok kasrak-koesroek, teu aja ba-boean, djadi panjakitna koreng, malah pinoeh koe radang sakoedjoer badan.
135. Djeung moetiktik beuteungna koe tjatjing pinoeh, boedak énggeus pajah, matana ge semoe paor, heg indoengna geuwat naheur tjal panas.
136. Eta boedak dimandian sore-lsoek, géten diroercean, ditjoe-bitan korengna teh, boedak tjeurik gégéroan djédjéritan.
137. Tonggoj bae koe indoeng hanteu digoegoe, malah ditambahan, koe oear peurih nereptep, beuki woewoeh tjeurik rosa djeung njarekan.
138. Ajoeh-ajoeah ajam-djadah monjet bédoen, djitangkoék tjia, indoeng ditjakar di gegel, tonggoj bae lain ngewa beuki njaah.
139. Boedak tjeurik djédjéritan adoeh?, si bapana njéniak, marah ratana molotot, djeung mantoean bapana miloe njékéjan.
140. Ari indoeng djongdjon noe poerah ngabandjoer, bapa deul njéntak, njékéina barl dipéntjet, boedak marah ka bapa malik njarekan.
141. Mata tjia ajam-djadah mioe?, tji bapa njarekan, naon dca aing bangol, bapa seuri kaloetjon djeung tambah njaah.
142. Sianak teh leungit sieunna ka sépoeah, tina kanjérian djeung paléng djadina poho, népi kana kito? ge lain dihadja.
143. Sanggeus dimandian ditanggahkeun nginoem, ngoebaran tja-tjingna, noe rasana pahit letek, alahmanan barata wal, saina.

143. Eta anan teuing karasana ripoen, geus repeh tjeurikna, bari ingnak-inghak bae, eureun tjeurik eurih-eurihan ngaranna.

145. Koe indoengna dilahoen dilais toeloelj, malah ditëmbangan, bari djeung digeong-geong, boedak sënang reup hees dina aisan.

X.

146. Doerma dongkap ajeuna poetjoeng ditilar, eta si boedak tadi, noe malarat badan, arina geus tjageur mah, radang moesna tjatjing leungit, koema rasana, saha noe ngeunah pikir.

147. Badan lintoeh panjakitna moesna ilang, tinggal sënang nja diri, sënang plikiran, nja boektina ajeuna, djalma awewe lalaki, kolot djeung boedak, dina ieu afdeeling.

148. Kolot boedak awewe lalaki sënang, imah boeroean rësik, mahmoer pare beas, samalah ka Pandeglang, saban Sënen saban Chemis, ngabroel noe dagang, beas baratoes kampil.

149. Palëmboeran rame sarta araloesna, djeung rame dagang tani, koe bidjaksanana, noe agoeng kota Lëbak, tapi tadina noe leutik rasana soesah, migawe sëdih pikir.

150. Oeroet soesah ajeuna ripoeh geus poenah, soesah anoe ka boeri, diparentah poeas, malarat karasana, ajeunana moeling-moe-ling, tinggal sënanana, sakabeh para abdi.

151. Sapi bëngong barina djeung këtjap-këtjap, djiga neureujan tjaj, kawas baranghakan, toeloelj deul ditanja, naon maneh njaho sapi, oesoel-asalna, Kandjeng pamasa nagri.

152. Basa eukeur rek njeun kasadjahtraan, di saloeur afdeeling, sapi pioendjoekna, noen soemoehoen teu tërang, sim abdi teu pisan ngarti, asal-moelana, nanging jen Kandjeng mambrih.

153. Katërangan soemangga angkat laksana, djalan-djalan ngoeriling, neangan pasëpah, ti dinja koela miang, noeroet piloeoehna sapi, njiar pasëpah hanten lila kapanggih.

154. Anoe kira-kira aja kanjahona, barang koela papanggih, awit koela nanja, naon pasëpoh bisa, ngabedjaan anoe tasdik, asal-asalna, bëndara ieu nagri.

155. Ngadjalankeun saniskara kahadean, dina ieu afdeeling, sabab ënggeus njata, tërang samata-mata, oepama migawe toelis, njeun-na kitab, sababaraha djilid.

156. Awitna teh eta noelis kitab, ngan make hoeroef hidji, sabab geus karoehan, eukeur dina heubeulna, ti sapoeleoh tahoen leuwih, anoe bërjalan, tambah-bërtambah deul.

157. Tapi dina sadjeroning opat lima, tahoen ka ieu nëpi, tambah karahardjan, djeung tambah kaaloesan, sadjero ieu afdeeling, lipët-lipëtan, pok wangsoelan kiai.

158. Noen soemoehoen kaofa awon oendjoekan, pangoeaning noe

kapanggih, ti asal moelana, kantenan prantos aja, katawis jen diraradjin afdeeling Lëbak, nanging teu atjan djadi.

159. Karek nëmbe aja oge sawatara, malah kalima district, nja sakitoe pisan, karek sakadar chadjat, atjan radjin dirérésik, noe mangka sënang, lambangsari kadangding.

XI.

160. Poepoeh lumbang noe kasërat, tiba-tiba sanggeus dongkap, Kangdjëng Assistent ajeuna, Toean Van der Ven djëmëngan, ari Kangdjëng Boepatina, Dalëm Soer'a Nata Ningrat, oenggal tahoen tambah-tambah, rahardja afdeeling Lëbak.

161. Nanging abdi teu tiasa, mioendjoek hidji-hidjina, namoeng manawi-manawa, tina sabab bidjaksana, anoe agoeng sadoeana, boektina kieu djadina, koemaha noe parantosan, kaoeningan pandjënëngan.

162. Ti dinja koela wangsoelan, beh pasëpoeh ari eta, pasal kabidjaksanaan, geus koedoe ka sadajana, jen lahir di alam doenja, paribasa noe bërakal, bërboedi ingëtan limpap, djoemblahna opat përkara.

163. Anoe nërangkeun boektina ieu koela ngabedjaan:

- A. mlkir dina hatena,
- B. ngadoega koe pangrasa.
- C. awas mata kapala,
- D. ngintip koe dedengean.

Naon anoe kaoeninga, tangtoe woedjoed di achirna.

164. Atas kanjataanana, jen pasëpoeh teu tiasa, make noe sakitoe eta, koemaha pasëpoeh bisa, njëboetkeun di alam doenja, angin sakoeliah djagat, ajeuna koela tjarita, kieu ti asal-moelana.

165. Noe djadi pameunang koela, geus toemanja ka sadaja, ka djalma noe ngalampahan, kana noe opat përkara, jen pasëpoeh ënja soeka, njaho katëanganana, ieu sahidji-hidjina, noe mioendjoek ka kaoela.

166. Hidji abdi noe geus njaba, datang ka ieu nagara, geus njarita keur mangsana, basa tahoen noe kaloeang, dalapan poeloh dalapan, keur moela-moela kaasta, ieu di afdeeling Lëbak, Kangdjëng Assistent ajeuna.

167. Ngadenge omong di loear, Kangdjëng Boepati ajeuna, ka Kangdjëng toean oendjoekar, kanjaan imah², di ieu afdeeling Lëbak, hanteu aja antarana, hidji-hidji djeung lianna, rapët tëpocng soesoehoenan.

168. Ngan saeutik palataran, di toekang djeung diboeroean, nadjan Kangdjëng diparentah, soepajana pakarangan, bararësih

saheubeulna, 'mo hasil bisa djadina, sabab migawena soesah, asring jen timoe katrangan.

169. Noe koedoe meunang hoekoeman, hanteu timoe katérangan, saha anoe koedoe salah, sabab teu aja watésna, hidji² anoe boga, anoe koedoe ngarésikan, kokotoran pakarangan, da taja watés tjirina.

170. Tina eta asring pisan, kadjadian Boemipoetra, meunang soesah panggih bahla, kajaning tahoen kaloeang, keur dalapan poeloh tea, népi ka tahoen hareupna, kabeh sasalad moeriang, panas tiris sangêt pisan.

171. Babari pisan noelaran, ka noe rea reudjeung hebat, sakabehna djalma², dina eta hidji desa, keuna koe panjakit panas, tandana tjek djalma rea, dina lémboer Selapandjang, district Rangkasbitoeng pisan.

172. Tjatjah djiwana moeriang, paraeh kabeh teu aja, tina panjakit sasalad, djeung di llian-llian desa, masing-masing kadjadian, chabarna afdeeling Lëbak, leuwih koerang noe kabilang, sabéias rewoe reana.

173. Sarta kadjaba ti dinja, meh bae rek saheubeulna, kadjadian lamoen aja, hidji imah kahoeroean, meakkeun saloeur desa, tina sébab balengketna, soesah métakeun toeloengan, témah toempés sadajana.

174. Saparantos Kangdjëng Toean, ngadangoekeun ploendjoekna, sakoemaha pihatoerna, Kangdjëng Boepati harita, nadjan langkoeng përtjantëna, tapi tina hidjaksana, atjan ngadjalankeun titah, henga dimanah heulaan.

175. Malah satahoen heubeulna, marios djeung ningal-ningal, koemaha chal kaajaan, di tanah afdeeling Lëbak, nitenan koe andjeun pisan, tahoen dapan poeloh dapan, koela meunang bedja térang, dina hidji pakoempoelan.

176. Bërhimpoeuan sadajana, singgëtna ènggeus moefacat, përojog dimimitian, dioeroes oepama aja, hidji lémboer kahoeroean, koedoe diatoer sampoerna, tjara di tanah Priangan, aloes manis katendjona.

XII.

177. Dangdanggoela katëmbangkeun deui, Kangdjëng Toean aja pliahirna, kieu pangandikana teh, tjoba saja mamoehoen, soepaja Raden Adipati, bikin soeatoe gambar, biar terang betoel, satoe kar matjem atoeran, akan pola jang misti teratoer nanti, bikin boeat semoewa.

178. Wedana dan prijaji², soepajalah masing-masing pegang, ltoe gambar akan tjonto, pola soepaja tahoe, dengan bisa djalankan

ini, la mengatoer desa, radjin dengan bagoes, ti watës mangsa harita, wët hanteu sabaraha lamina deui, lëmboer katjilakaan.

179. Enja eta lëmboer Bodjong lëdis, kahoeroean district leu pisan, sim abdi neuleu koe maneh, djeung pagen eta tahoen, oge geus kadjadian deui, lëmboer noe kahoeroean, deui district tiloe, rengse teu aja noe tinggal, Enja eta Sadjra Lëbak djeung Maling-ping, oenggal katjilakaan.

180. Ladjëng bae Kangdjëng Adipati, sarëng Kangdjëng Assis-tenna pisan, angkat ka dinja marios, djeung njandak gambar toeloef, dipëtakeun koemaha misti, kitoe kieu këdahna, mistina diaoer, kitoe pandoeuga djeung kira, djsim abdi nanging, jen pinanggih sisip, njanggakeun kalëpatan.

181. Boekti pisan achirna pinanggih, kadjadian saprantos ki-toena, pilëmboeran noe bareto, tilas anoe kahoeroe, aja woedjoeë dibangoen radjin, sae atoeranana, ditendjona aloes, sarëng deuf Boemipoetra, noe parantos kadjadian sënang pikir, tina atoeran anjar.

182. Toeloef anoe sanes para abdi, pikirna teh nangtoekeun sadaja, katjilakaan eta teh, dongkap ti noe kapoengkoer, noe atoeran tjara bihari, djadi pra hamba-hamba, rea noe kapintjoet, hara-jangeun naroeoetan, tjara leu atoeran djaman kiwari, sarëng katambah-tambah.

183. Kaseroeng koe radjining prijaji, noe parantos narampë dawoehan, ti Kangdjëng Assistent Ridsen, djeung Kangdjëng Rangkasbitoeng, eta model noe langkoeng gampil, dilaksanakeun-ana, sarta lamoen-lamoen, aja hidji doea djalma, di lëmboerna noe moengpang teu pati rapih, hanteu daek noeroetan.

184. Kangdjëng Toeän djeung Kangdjëng Boepati, pilahirna ka kabeh ambtenaar, mana-mana noe teu daek, oelah dikoedoe-koedoe dipapaksa dimisti-misti, los koemaha di dinja, anu hanteu sanggoep, tatapi dëmi achirna, eta djalma anoe teu daekeun tadi, wët ngolah koe manehna.

185. Pada gadoeh pikir kalingboeri, timboel napsoe noeroet ka noe rea, sadjro doea tahoen rengse, koe prijaji diaoer, karaan djeung teu di geuing, djalma kokolot desa, noe di toeroet saer, wëdunge sakoer tjarekna, mirëmpeogan manehna djeung sënggoeh ati, kabeh oeroesan desa.

186. Malah-malah manehna pribadi, nëda idin rek ngarobah desa, ka prijaji noe djadi sen, ngarasa lëmboer koesoet, sëdja noeroet ka noe raradjin, tjara lëmboer noe lian, noe atoeran baroe, rëng-gang hidji djeung lianna, sarta aja napsoe manehna pribadi. ngadamël përhijasan.

187. Djiga-djiga ëmhoengeun teh teuing, kaelehkeun koe batoer noe rea, tégësna ëmboeng dipojok, lian bae noe poegoeh, tjtjing matoeh di kota nagri, malahan sadajana, Roemipoetra kitoe, di